МАЙ ДУГ

МАЙ ДУГ

УÆРÆСЕЙЫ АДÆМТЫ ИУДЗИНАДЫ АЗ



11
2026

11
2026

Алы адæмæн дæр йæ национ фидæн æнгом баст у йæ национ культурæйы рæзтыл. Кæд национ культурæ аив æмæ тыхджын уа, кæд барджынæй цæуа иннæ национ культурæты рæгъы, уæд ахæм культурæйы хицауæн æнæмæнг уыдзæн национ фидæн.

НАФИ





НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

Главный редактор
ХЕТАГУРОВА Оксана Нодаровна

Редакция
Заместитель главного редактора – Альбина КЕЛОЕВА
Шеф-редактор – Диана АЛБОРОВА
Редактор отдела прозы – Юрий ГАБАРАЕВ
Редактор отдела поэзии и драматургии – Батрадз КАСАЕВ
Редактор отдела критики и публицистики – Тамерлан ТЕХОВ

Редакционный совет
Борис ХОЗИЕВ, Станислав КАДЗАЕВ,
Клавдия ДЖУСОЕВА,
Анатолий КУСРАЕВ, Анжела КУДЗОЕВА,
Руслан БЗАРОВ, Зелим ВАТАЕВ

Владикавказ,
2026



11
2026

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал мыхуыры цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

Сæйраг редактор
ХЕТÆГКАТЫ Оксанæ

Редакци
Сæйраг редакторы хæдивæг – КЪЕЛОЙТЫ Альбинæ
Шеф-редактор – ÆЛБОРТЫ Дианæ
Прозæйы хайады редактор – ГÆБÆРАТЫ Юри
Поэзи æмæ драматургийы хайады редактор – КАСАТЫ Батрадз
Критикæ æмæ публицистикæйы хайады редактор – ТЪЕХТЫ Тамерлан

Редакцион совет
ХОЗИТЫ Барис, КЪАДЗАТЫ Станислав,
ДЖУСОЙТЫ Клавæ,
КЪУСРАТЫ Анатоли, КУЫДЗОЙТЫ Анжелæ,
БЗАРТЫ Руслан, УАТАТЫ Зелим

Дзæуджыхъæу,
2026

НОМЫРЫ ИС:

ÆМДУГОНЫ ХЪУЫДЫТÆ

Валери ЛАТЫНИН. «Уæ курдиат рæзæд нæ литературæйы кад æмæ радæн!» 5

ПРОЗÆ ÆМÆ ПОЭЗИ

Николай ИВАНОВ. Уæларвон зæдтæ. *Радзырд* 11

Маринæ САВВИНЫХ. *Æмдзæвгæтæ* 26

Амир МАКОЕВ. Сыгъзæрин апельсинтæ. *Радзырд* 30

Танзиля ЗУМАКУЛОВА. *Æмдзæвгæтæ* 40

Асламбек ТУГУЗОВ. *Æмдзæвгæтæ* 44

Наталья МИХАЛЕВА-САЙА. Лауыз. *Æцæг цау* 49

Сабигат МАГОМЕДОВА. Чызджы дзыккуйы сусæгдзинад. *Радзырд* 58

«МАХ ДУГ»-ы РАВДЫСТ

Гаджимурад РАДЖАБОВ. Дыууæ мады. *Радзырдтæ* 65

Рафис КУРБАН. *Æмдзæвгæтæ* 70

Игорь ПОПОВ. *Æмдзæвгæтæ* 73

АГЪНАТЫ Гæстæн. Цымыдис сывæллон. *Радзырд* 78

Хаджисмель АДЖИБЕКОВ. *Æмдзæвгæтæ* 88

Мунир КУНАФИН. Иузæрдион. *Радзырд* 92

Риммæ ХАНИНОВА. Цирхъ – хъайтарæн. *Радзырд* 121

Аллæ ЧОТЧАЕВА. *Æмдзæвгæтæ* 129

Зураб БЕМУРЗОВ. Раздæхын. *Радзырд* 132

Иса КАПАЕВ. Карабатыр. *Радзырд* 143

КАВКАЗАГ АДÆМТЫ АРГЪÆУТТÆ 151

Лашин. *Кæсгон аргъау* 151

Хан æмæ зондджын чызг. *Авайраг (солиаг) аргъау* 154

Фынæй джигит. *Цæцæйнаг аргъау* 155

МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ 159

ÆМДУГОНЫ ХЪУЫДЫТÆ



«УÆ КУРДИАТ РÆЗÆД НÆ ЛИТЕРАТУРÆЙЫ КАД ÆМÆ РАДÆН!»

2025 азы декабры Президент Владимир Путин бафыста Уæрæсейы Федерацийы адæмты иудзинады аз расидыны тыххæй Указ. Уыимæ сæрмагондæй фæнысан кодта, ныртæккæйы уавæрты нациты ‘хсæн иудзинад кæй у паддзахад бахъахъхъæнынæн æмæ йæ дарддæры рæстæн фадæттæ аразынæн сæйрагдæр уагæвæрдтæй иу.

Æппæт хъæугæ мадзæлттæ дæр царды рауадзынæн цы организацион комитет арæзт æрцыд, уый уæнгтæ систы Уæрæсейы Президенты Администрацийы разамонæджы фыццаг хæдивæг Сергей Кириенко, Хицауады Сæрдары хæдивæг Татьянæ Голикова, паддзахады Президенты æххуысгæнæг, Уæрæсейы Фысджыты цæдисы фыццаг секретарь Владимир Мединский, культурæйы министр Ольгæ Любимова æмæ æндæр бæрнон

куспжытæ. Уыдон райстой сæхимæ алы адæмыхæттыты бирæвæрсыг культурæ æмæ æвзæгты парахатдзинадæн, удварны хæзнатæ ма сафынæн ахъаз уæвыны, граждайнаг химбарынад фидар кæныны хæс.

Уæрæсейы адæмты иудзинады азы райдайæнимæ йæ тыхы бацыд 2036 азы онг æххæссæг Паддзахадон национ политикæйы ног стратеги дæр. Йæ сæйраг хæс у граждайнаг æхсæнады нациты ‘хсæн ахастдзинæдты къабазы æмгуыстады принциптæ бæлвырд кæнын. Бындур сæвæрдæуыд ног бæрæгбæттæн дæр – 30 апрель сси Уæрæсейы бынæттон чысыл адæмыхæттыты бон, номдзыд авайраг поэт Расул Гамзатовы райгуырæн бон – 8 сентябрь та – Уæрæсейы адæмты мадæлон æвзæгты бон.

Бæрæгбоны мадзæлттæ райдыдтой Мæскуыйы рухсадон марафон «Россия – семья семей»-йæ, уый фæстæ сарæзтæуыд бирæ регионалон фестивальтæ, концерттæ, конкурстæ, фембæлдытæ, равдыстытæ, дзыллон-хабархæссæг фæрæзты мыхуыргонд æрцыд бирæ æрмæг.

Иугæнæг нысаниуæгимæ ахадгæ куыст кæны Уæрæсейы Фыспжыты цæдис. Цы алы нациты минæвар фыспжыты æрбангом кодта, уыдон сæ райгуырæн бæстæйы истори хорз зонынц, дуг нын нæ размæ цы домæнтæ æвæры, уый æнкъарынц. Нациты ‘хсæн иудзинад сын гæххæттыл фыст ныхас нæу, фæлæ сын амоны æцæг æмзонд-æнгом уæвын æмæ уый руаджы æддагон знæгты фæндиаг ма фæуын. Ам адæймаджы зæрдыл æрбалæууы VII æнусы Болгарийы раздзæуæг Номдзыд хан Кубраты ныстуан йæ фондз фыртæн. Византийы азфыссæг Феофан Исповедник куыд радзырдта, афтæмæй Кубрат, йæ адзал æрхæццæ, уый куы бамбæрста, уæд уисты баст æрбахæссын кодта æмæ йæ фыртæн загъта, цæмæй сæ алчи дæр бацархайа йæ асæттыныл. Нæ сын бантыст, æмæ уæд йæхæдæг бастæй систа иу уис æмæ йæ æнцонтæй асаста: «Федтат, уисты баст уæ иуæн дæр асæттын нæ бакуымдта, иунæг уис та æдых зæронд лæг дæр æрбасаста. Афтæ царды дæр: цалынмæ болгайрæгтæ æнгом уой, уæдмæ сыл фæуæлахиз уæвæн нæй, фæкъордтæ-къордтæ сты, зæгъгæ, уæд сæ знаг ныддæрæн кæндзæн». Ахæм мидисимæ зонды ныхæстæ

баззад ирон адæмон сфæлдыстады дæр, æмæ уый æвдисæн у хъуыстгонд скифтæ æмæ аланты фæдонты дардмæуынаг зондæн, кæрæдзиимæ æмæ сæ алыварс цæрæг адæмтимæ хæлар ахастытæ дарынмæ тырнындзинадæн…

Чырыстон диныл хæст ханы ныстуаны рæстдзинад та Уæрæсейы скондмæ бацæуæг адæмыхæттытæн зонды хос иу æмæ дыууæ хатты нæ фæци. Византийы император Ираклι I дзуар 619 азы кæуыл бафтыдта, уыцы Кубрат Цæгат Кавказмæ æмæ Азовмæ бацæуæнтæм Чырыстийы дзырд æрхаста, Уæрæсе йын йæ дин куы райста, уымæй дзæвгар раздæр. Фыццаг уыриссаг сыгъдæджытæ-тухитæ æвзарджытæ дæр кънйаз Владимиры кæстæр фырттæ Борис æмæ Глеб дзæгъæлы нæ систы. Гуыргæ та йын ракодтой йæ болгайраг бинойнаг, хан Кубраты бындарæй.

Дины, дворянты, зæхкусджыты, къупецæгты æмæ алы адæмты минæвæртты иудзинады руаджы бантыст 1612 азы Мæскуы польшæйаг ныббырсджытæй ссæрибар кæнын. Уæдæ Европæйы адæмыхæттытæ дæр иумæйаг æвзаг нæ ардтой æмæ зонды ныхæсты æмбæлæг уистау иугæйттæй æнцонтæй састысты Наполеоны, уый фæстæ та Гитлеры æфсондзы бын. Бирæнацион, иумæйаг хъысмæтæй баст Уæрæсе, уый фæстæ – Советон Цæдис та знагыл фæуæлахиз сты кæронмæ йæ йæ ратæдзæн Париж æмæ Берлины ныддæрæн кæнгæйæ.

Уæрæсейы хъысмæтыл бæрнондзинад, кад æмæ æфсæддон хæсыл иузæрдион уæвыны руаджы рацыдысты адыгаг поэт, хъæбатыр хæстон Хусен Андрухаевы уд æмæ зæрдæйæ, «Уырыссæгтæ знагæн нæ сæттынц», зæгъгæ, уыцы ныхæстæ. Фашисттæ йыл æрхъула сты, æмæ уацары ма бахауыны тыххæй йæхи схæцын кодта. Уый æнкъарæнтæй æххæстæй фæхайджын æмæ ахæм сгуыхтдзинад равдыста Сæрмагонд æфсæддон операцийы Уæрæсейы фыццаг Хъæбатыр, лакты адæмыхатты намысджын хъæбул Нурмагомед Гаджимагомедов дæр. Куыд рабæрæг, афтæмæй фыста æмдзæвгæтæ дæр.

Уæрæсейы Фысджыты цæдисы сæ нæмттæ æмæ сгуыхтытæн стыр кад ис. Хусен Андрухаевы бюст фендзыстут организаци-

йы офисы, мæскуыйаг фысджыты къорд ын бабæрæг кодта йæ цырт Луганскы Адæмон Республикæйы, Нурмагомед Гаджимагомедов та йæ мæлæты фæстæ ист æрцыд Фысджыты цæдисмæ, йæ номыл уынгтæ ис Донецк æмæ Махачкалайы. Цæгат Кавказы ацы æмæ бирæ æндæр æхсарджын хъæбулты тыххæй ныффыстæуыд æмдзæвгæтæ, поэмæтæ, прозаикон æмæ аивадон-публицистон уацмыстæ.

Сæрмагонд æфсæддон операцийы райдайæнæй фæстæмæ фысджытæй бирæтæ сфæлдыстадон десантты скондты уыдысты тохы быдыры, госпитальты æмæ æфсæддон хæйтты, цæмæй сæ поэзи æмæ прозæйы радзурой, нæ райгуырæн бæстæмæ та нын чи лæбуры, уыцы æбæрнон европæйаг политиктимæ тохы йæ цардыл нæ ауæрдæг бæгъатырты тыххæй. Ныридæгæн не сфæлдыстадон цæдис рауагъта дæсгай æмбырдгæндтæ æмæ антологитæ: «Позывной – Россия», «Мы с вами, братья!», «За други своя», «Нам мужества не занимать» æмæ ма Донбассы цауты архайджытæн сæхи чингуытæ дæр. Равдыстам сæ Чингуыты дунеон армукъаты Мæскуы æмæ Бетъырбухы, хорзæхджынгонд æрцыдысты премитæ æмæ дипломтæй.

Æхсæнады иудзинад æмæ Фыдыбæстæ хъахъхъæныны хъуыддагмæ аив дзырды дæснытæ бавæрæн æрмæст се сфæлдыстадæй нæ хæссынц. Уæрæсейы Фысджыты цæдисы 25 уæнджы бархийæ сты Сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджыты рæнхъыты. Авдæй дзы бацараефтыд сты. Цæдисы секретарь, поэт æмæ публицист Андрей Полубота дзæвгар рæстæг нымад уыд æбæрæгæй сæфтыл. Йæ мæлæты фæстæ хорзæхджынгонд æрцыд Лæгдзинады орденæй, нæ Цæдисы Мæскуыйы области организаци та расидт йæ номыл гом литературон преми. Декабры йæ фыццаг хатт ратдзысты Фыдыбæстæ хъахъхъæнджыты тыххæй хуыздæр уацмысты автор поэттæ æмæ прозаиктæн.

Адæмты иудзинады аз Фысджыты цæдисы арæзт æрцыд Уæрæсейы адæмты национ литературæты хатдзæгтæгæнæн конференци. Уый размæ ацыдысты регионты ‘хсæн конференцитæ, æмæ уым æрдзырдæуыд чингуытæ уадзыны, аивадон

тælмацтæ кæныны, критикæйы уавæры, национ республикæтæй авторты уацмысты парахатдзинады æмæ æндæр актуалон фарстатыл. Литературæйы алы жанрты хуыздæр уацмыстæй арæзт æрцыдысты электрон альманахтæ, иумæйаг альманах та рухс федта литературон журнал «Москва»-йы сæрмагонд рауагъды хуызы.

Национ авторты ног тælмацты чингуытæ рацыдысты Цæдисы регионалон хайæдты Астраханы, Дагестаны, Кæсæг-Балхъары, Комийы… Цалдæр авторы æмæ тælмацгæнæджы систы Национ литературон преми «Слово»-йы, Александр Чаковскийы номыл Æппæтуæрæсеон литературон преми «Гипер Текст»-ы регионалон премиты лауреаттæ. Æнтыстджынæй сæ куыст кодтой литературон фестивальтæ Мурманскы, Читайы, Якутийы, Донецкы адæмон республикæйы, Цæгат æмæ Хуссар Ирыстоны.

Сæрмагондæй фæнысангæнинаг у Поэзийы дунеон фестиваль «Ирон фæндыр». Йæ арæзджытæ – Уæрæсейы Фысджыты цæдисы цæгатирыстойнаг хайады сæрдар Хозиты Барис æмæ поэзийы секцийы разамонæг Баситы Зælинæ – бацæттæ кодтой æмæ рауагътой «Ирон поэзийы антологи» уырыссаг æвзагмæ тælмацгондæй. Уымæй уæлдай ма ирон фысджытæ сæ мадæлон æвзагмæ раивтой Цæдисы правленийы бæрнон секретарь Николай Ивановы прозæйы чиныг, цæцæйнаг фыссæг æмæ æхсæнадон архайæг Аламахад Ельсаевы афоризмты æмбырдгонд, Цæцæны Республикæйы фыццаг сæргълæууæг Ахмат-Хаджи Кадыровы æмдзæвгæтæ æмæ уырыссаг поэт æмæ литературæиртасæг Нинæ Поповайы поэзи.

Фестивалы фæлгæты байгом Поэзийы театр дæр. Йæ бæстыхай йын цыбыр рæстæгмæ сарæзта æмæ алцæмæй дæр сифтонг кодта зындгонд амалхъом æмæ меценат Мæрзойты Тамерлан.

Поэзийы театр Уæрæсейы горæттæй уыд æрмæст Махачкалайы, ныр фæзынд Дзæуджыхъæуы дæр æмæ æвæджиауы ахъаззаг уыдзæн æрыгон национ поэтты курдиат райхалынæн.

Фестиваль арæзджытæ ма загътой, иннæ аз кæй сæххæст кæндзысты æндæр ахсджиаг социалон проект – рухс фендзæн чиныг

«Баллада о Героях». Советон дуджы фæстæ Цæгат æмæ Хуссар Ирыстоны фæзынд 26 Уæрæсейы Хъæбатыры. Се сгуыхтыты тыххæй чиныджы автортæ радзурдзысты поэзийы æвзагæй.

Зонын, Уæрæсейы Фысджыты цæдисы цæгатирыстойнаг хайады фидар ныфс кæй у литературон-аивадон æмæ æхсæнадон-политикон журнал «Мах дуг». Тынг æхсызгон мын у, Уæрæсейы адæмты иудзинады азы кадæн йæ кусджытæ сæйраг редактор Хетæгкаты Оксанæйы разамындæй, уæ къухы цы сæрмагонд номыр ис, уый кæй бацæттæ кодтой. Бакæсдзыстут дзы нæ Цæдисы алы адæмты минæвар уæнгты уацмыстæ ирон æвзагмæ тæлмацгондæй. Уырыссæгтæ Николай Иванов æмæ Маринæ Саввиных, кæсгон Амир Макоев, балхъайраг Танзиля Зумакулова, цæцæйнаг Асламбек Тугузов, якутаг Наталья Михалева-Сайа, авайраг Сабигат Магомедова, тætæйраг Рафис Курбан, ногъайаг Иса Капаев, хъалмыхъхъаг Риммæ Ханинова, бирæ æндæр поэттæ æмæ прозаиктæ «иронау сдзырдтой», æмæ уымæй тæлмацгæнынады скъолайы традицитæ дæр фæфидардæр сты, хæлардзинады тæгтæ дæр нæ кæрæдзийыл ноджы æнгомдæр бабастой.

«Мах дуг» æмæ йæ автортæ рæстмæ уæнт, сæ курдиат рæзæд нæ литературæйы кад æмæ радæн! Кусæм иумæ дарддæр дæр фидæнмæ раст историон фæндаг гæрдыныл, цæмæй цæра æмæ дидинæг кала нæ Райгуырæн Уæрæсе!

Валери ЛАТЫНИН,
Уæрæсейы Фысджыты цæдисы правленийы
секретариаты бæрнон секретары хæдивæг
национ литературæтæ æмæ аивадон тæлмацы фарстаты



Николай ИВАНОВ

1956

Уырыссаг прозаик, публицист, драматург, æфсæддон журналист.

Райгуырд Брянскы областы хъæу Страчовойы.

1977 азы каст фæцис Львовскы æфсæддон-политикон уæлдæр училищейы журналистикæйы факультет.

1985 азы ссис журнал «Советский воин»-ы уацхæссæг, 1991 – 1993 азты – йæ сæйраг редактор. Уыд газет «Налоговая полиция»-йы сæйраг редактор.

1992 азæй у Уæрæсейы Фыдджыты цæдисы уæнг. 2018 – 2025 азты уыд йæ сæрдар, 2025 азæй та – сæрдары хæдивæг.

Йæ фыццаг прозаикон уацмыс мыхуыры рацыд 1978 азы.

У 30 чиныгæй фылдæры автор (прозæ, драматурги). Куыд хæстон журналист уыд Афганистаны, Цæцæны, Цхинвалы, Донбассы, Сирийы. Архайдта æфсæддон операциты.

Хорзæхджынгонд у Хæлардзинады æмæ «За службу Родине в Вооруженных силах»-ы ордентæй, майдан «За отвагу»-йæ.

Цæры Мæскуыйы.

Николай ИВАНОВ

УÆЛАРВОН ЗÆДТÆ

Радзырд

Æхсæнгарз кæмæ ис, ахæм адæймагæн йæ хæдзарыдаргæ дзабыртæ байсыны фæнд мацæй тыххæй скæнут.

– Æмбал капитан, цом!

– Æз отпусчы дæн, – Костя йæ мидбылты бахудт сержантмæ, æгæрыстæмæй йæ фатеры къæсæрæй бахизын дæр нæ бауагъта. – Знон мын санаторимæ командир йæхи къухæй…

– Машинæ бынæй ис.

Æмæ фæнды лифты уæд! Фæнды хæдтæхæг уæд. Æфсады баивæн нæй æрмæстдæр финансты хицауæн, уымæн дæр æрмæстдæр уый тыххæй, æфснайæн банчы йæ къухфысты халдих кæй ис.

– Мæ бæсты Сергей баззад.

– Сергейæн æмбырд кæнæм фæйнæ 100 сомы йе ‘фсæры тыххæй – рестораны кæйдæр усы æрбадæнтыл æрхæцтытæ кодта. Командир нæ дæумæ…

– Æз Глебимæ дæн! – Костя, акъоппы иунæгæй баззайæгау дарддæр архайдта йæхи бахъахъхъæныныл.

О, йæ фыртимæ уыд. Фырты йæ хъазæнтæй не ‘вдæлд. Йе ‘мкъай та Маришкæимæ поликлиникæйы ис, растæндæр санаторимæ гæххæттытæ æмбырд кæныныл сты. Раст у, ис ын усы мад, фæлæ уый сихорæй раздæр не ‘рбацæудзæн. Сержант æмæ командиры куыдфæнды тынг ма бафæнда, уæддæр сын дзы ницы рауайдзæн.

– Загътой мын, æнæ уымæй, дам, куыннæ ‘рбацæуай.

Кæд ма усы мадæй æвзæрдæр уыдзæн, уæд уый хъуамæ уа, отпусчы фыццаг бон дæм кæнынмæ кæй æрбарвитой, уый. Йæ мобилон телефон кæй ахицæн кодта, уый дæр ын ницы фæахъаз.

– Тили-бом, тили-бом, загорелся кошкин дом. Вж-ж-ж! – Глеб йæ уæрджытыл æрбабырыд зынгхуыссынгæнæн машинæ тæргæ. Уазæгыл йæ цæстæнгас æрхаста. Йæ фыдæй уæлдæр лæууæг кæй нæу, уый фенгæйæ радта, хъомыл адæймаджы зонд дæр кæй хъуамæ ма ‘рцахса, ахæм фарст:

– Баба, дыццæджы хæдфæстæ, æцæгæйдæр, сентябрь æрбалæудзæн?

– Раст тæккæ абон æрбалæууыд, Глеб. Хъазгæ кæн.

– Вж-ж-ж! Тили-бом, тили-бом!

– Уым, тæккæдæр скъолайы, – 1-æм сентябрь фехъусгæйæ, сержант иучысыл раргом кодта, æвæстиатæй йæ цæй тыххæй рарвыстой, уыцы сусæгдзинад, – сывæллæтты райстой амынæты. Бирæ сты.

Афтæ зæрдиагæй цы хибахъахъхъæнæн акъопп скъахта, уый разынд змисæй: æрызгъæлд, йæ быны фесты хæдзарыдаргæ дзабыртæ æмæ санатори. Эх, Сергей, Сергей, дæ къухтæ куыд уæгъдибар разындысты? Хæдæхс сын фаг нæу?

– Æмбæрстгонд у. Цæуын.

Сержант йæ сæр разыйы тылд бакодта, фæлæ пырх акъопп дзæгъæл нæ ныууагъта, уæддæр йæ хъус дардта гом дуармæ.

Нырмадæр йæ зæронд номæй «фæдисы чумæдан» кæй хонынц, уыцы дзаумæтты хызын Костя дысонизæр æнцойзæрдæйæ хуыйæн машинæйы фæстæмæ нывзылдта. Фæстæмæ йæ йе ‘фцæгготæй ласгæ! Науæд куыд æрæгмæ иу кæны йæ мобилон телефон! Уыйбæрц рæстæгмæ гæнæн уыдис Глебæн хæдон бахуыйæн! Æгънæджытæ æфснайæн къоппы шоколад къафетт. «Ласточка»… Ныр та йе ‘мкъай нæ исы телефон. Йæ усы мадæн та ахæм пробкæты хуыздæр уыдзæн цъылыныл тæхын!

– Æмбал капитан!..

Костяйы зæрдыл æрбалæууыд, майор кæй нæу. Фæлæ цы бакæна, «Кошкин дом» чи хуыссын кæны, уыцы фыртæн? Глеб, гæнæн ис, хъуыддаг фæцæхджындæр кæныны охыл баиу кæна газы пецы канфорæ æмæ балкъонмæ асæррæтт кæна зынгхуыссынгæнæн хæрдмæтæхджытæм фæсидынмæ...

– Глеб, æз æмæ ды нæлгоймæгтæ стæм?

– Мах стæм нæлгоймæгтæ, – ædзынæг алæууыд хъазæн салдаты фарсмæ. Цæсты зулæй амыдта, чи йæм нымдзаст, уыцы сержантæн: уыныс, мæ фыдмæ куыд хъусын хъæуы!

– Уæдæ хæстæй ахъазæм? – загъта Костя йæ фыртæн, дарæсауындзæныл йæ дзаумæттæ тагъд-тагъд æвзаргæйæ. Йе ‘фцæгготыл хуыд ауындзæны иу кæрон кæмæн сыскъуыд, уыцы къурткæ йæхæдæг æрбырыд бынмæ...

– Ахъазæм. Бамбæхсон?

– Нæ, абон ды уыдзынæ... амынæты. Æз уал нырма уæртæ уыцы æмбал сержантимæ ацæудзынæн, æвзæр лæгты иууылдæр скуынæг кæндзынæн, стæй фæстæмæ æрбаздæхдзынæн æмæ дæ ссæрибар

кæндзынæн. Æмæ иумæ бахæрдзыстæм мæнæ ацы къафетт, – радта Глебмæ «Ласточка».

Йæ хъусджын батинкæтæ сæрфинаг бæргæ уыдысты, фæлæ сын ницы уыдзæн: бæрæг куыд у, афтæмæй сæ æрттивынмæ нæ равдæлдзæн.

– Æмæ мын æмбæхст камерæ балæвар кæндзынæ? – йæ фыд уыцы хъазты йæхи пайда кæй уыны, уый бафиппайгæйæ, хинвæндыл ныххæцыд Глеб.

– Цæмæн дæ хъæуы?

Рон, кепкæ.

Цæттæ у.

– Æз æй Ног азы назбæласыл æрцауындздзынæн, цæмæй фенон, Митын Дада куыд æрбацæудзæн, уый!

Сихоры фæстæ йæ усы мад куы ‘рбацыд, уæд, кæй байрæджы кодта, уымæй йæхи сраст кæныны охыл дуары цурæй нызгъæлста рæвдауæн дзырдтæ. Фæлæ йæ, кæй ницы уынæр æм райхъуыст, уый тасы баппæрста, æмæ, йæ дзабыртæ тагъд-тагъд феппаргæйæ, бæгъæввадæй балæууыд сывæллæтты хатæны дуарыл. Æмæ, уынгæг ад ын чи скодта, уыцы кофтæ ласгæ-ласын йæхи дуары фæлгæтыл бынмæ æруагъта: хатæны, хъармгæнæнмæ хъадамантæй бастæй пъолыл фынæй кодта йæ хъæбулы хъæбул, йæ хæдон зынгæ дæр нал кодта ордентæ æмæ майдантæй. Йæ фарсмæ къусы хæринаг æмæ доны кружкæ, Глебæн йæ иу армы уыд, кæмæй акъæмс кодта, уыцы къафетт. Уаты бæстастæу уыд гæххæтты гæбаз цыдæр фыстытимæ æмæ хъадаманты дæгъæл, фæлæ йæм разынд æрмæстдæр телефонмæ баххæссыны хъару, ноль æмæ дыууæйыл ныххæцын, стæй та æртæйыл дæр.

– Йæ ныййарæджы бартæ йын ист æрцæуæнт æмæ ахст æрцæуæд! – йæ цæнгтæ мæсты тылд кодта, милицæйы хæдфæстæ управленийæ чи æрбамидæг, уыцы чиновникгонд сылгоймаг, цыма кæлæнгæнæгау йæ къандзолы дыстæй калдысты уыйбæрц журналисттæ – уайтагъд сæ къамисæнты къæрцц-къæрцц ссыдис. Глеб, йæ майданты дзыгъал-мыгъулимæ йæ къæхтæ тылдта уæлдæфы, дæгъæлимæ йæм чи бацыд, уыцы милиционерыл:

– Мæн мæ фыд ссæрибар кæндзæн. Афардæг ут иууылдæр.

– Уый дын хъомылад. Уый дын, – усы мад сидтис алкæмæ дæр æвдисæнтæй балæууынмæ, къулыл хуыд чи уыд, уыцы сывæдæгмæ

амонгæйæ дæр. – Ахæм амалæй хъавы йæ чызджы дзы фæиртæст кæнынмæ. Ноджы ма йæ баргæ дæр скодта былты æмвæзадæй, цæмæй йæм ма сæххæсса. Æнæхсæст!

Милиционерты къорды хистæр цыма раст йæхи усы мадæй фехъуыста уыцы зонгæ ныхас. Цæваг галы каст ма кодта, æмæ йæ фарсмæ лæууæг лейтенант йæ цæнгтæ стылдта – кыс-кыс, цæугæ-цæугæ ардыгæй. Нæдæр усы мад, нæдæр управленийæ æрбацæуæг сылгоймаджы бафæндыд сæхи æцæгæлæтты бынаты сæвæрын, фæлæ сæ лейтенант йæ риуыгуыдыр æмæ фæйнæрдæм ныппакагонд къухтæй бульдозеры хъомысджын кардæй ахафæгау дуары къуындæг фæлгæтæй æддæмæ ассыдта.

Хатæны баззайæг хистæр лейтенант йæ цæст фæныкъуылдта уацайрагмæ, пъолыл йæ фарсмæ æрхуыссыд сæрæй-сæрмæ.

– Дæ бон хорз, хæстон.

– Дæ бон хорз.

– Дæ хорзæхтæ мæ зæрдæмæ цæуынц.

– Уыдон, ноджы ма иу дадайы размæ чи цард, уыцы дадайы сты.

– Де стыр фыдыфыд.

– Мæнæ уый дæр мæ ахæм æнайы у, – Глеб йæ галиу уæхскыл уæлдæр схæцыд: йе стыр дадайы хæстон хорзæхты сæрмæ цæхæртæ калдта майдан «Мад-хъайтар».

– Диссаджы ивгъуыд дын ис, æфсымæр, – хистæр лейтенант ацархайдта йæ мидбылхудт амбæхсыныл. Йæ къух æм бадаргъ кодта базонгæйы охыл. Глеб дæр æм йæ сæрибар къух аввæрдта. Кæй йыл æууæнды, уый фæхатгæйæ, милиционер æввахсдæр бабадт хъармгæнæнмæ, йæ фæсонтæй йыл банцой кодта.

– Мæнæн дæр уыдзæн хорзæхтæ! – фæндфидарæй загъта Глеб, йæ фарсмæ æрбадгæйæ.

– Ууыл дызæрдыг дæр нæ кæнын, – æнкъардæй загъта милиционер, лæппуйæн йæ фидæн ныв кæнгæйæ: сабибонты кæй хъæбысы фæбадæм, уыдон нын свæййынц цæвиттойнаг дæр. Хатæнмæ чи бакаст, тарцъæх медицинон сæрмагонд уæлæдарæс кæуыл уыд, уыцы къаннæджытæгонд лæгæн къухæй ацамыдта – сымах ам ницы хъуыддаг ис. Афæлвæрдта «террористмæ» телефонæй адзурыныл, цæмæй йын уавæр хуыздæр бамбарын кæна, фæлæ йæ къух æнæразыйæ ауыгъта: – Фæлæ дæ фыд кæм хъуамæ уа, æфсымæр?

Костя хуыссыд цавæрдæр смаггæнаг къанауы, йæ къæбутæй саст доны хæтæлы кæроныл æнцой кæнгæйæ. Хæтæлæй лæдæрст дон æмæ тагъд йе

‘фцæгготмæ. Æмæ кæд хæстон заманы ахæм æндонвидар фæтк ис: нæмгуытæй кæм бамбæхстæ, уым бандзыг у, цалынмæ цæрыс, уæдмæ, уæддæр йе ‘фцæгготы чи тагъд, уыцы æртæхтæ ахæм æнæзæрдæхцон уыдысты, æмæ Костя йæ сæр хæтæлæй аиуварс кодта. Сымæры тæф чи кодта, уыцы згæхæццæ дон ныр та тагъд йæ риуыл, æртæхтæ згъæрхæдоныл пырх кодтой æмæ схъиудтой йæ цæсгоммæ, фæлæ йын уый, йе ‘фцæгготы кæлæг тæдзынæгимæ абаргæйæ, афтæ æнæуынон нæ уыд.

Ныр ын фадат фæцис аулæфын æмæ йæхимæ æрцæуынæн. Знаг милмæ исы, кæм ахаудтæ, уыцы бынат, ды та арвы цъæхæй дæхи рæвдауыс. Мæнæ ныр хуры тæвдæй фæлурс у, кæсы йæм десантон хуызивд хæдоны хуызæн. Йæхицæн дæр у ног балхæныны афон…

Цъыкк-цъыкк... Дон, мырбарæнау, амоны змæлынады иугъæдон ритм. Скъолайы кæрты æмбонды рæбынмæ. Ам кæнæ хъуамæ бафæлварай зæххы бынты фæндаг акъахыныл, кæнæ цæттæввонг уай йæ сæрты агæпп кæнынмæ. Уый афтæ, æндæр амал куы нал уа, уæд – скъолайы хъазуат абырстæй исын куы бахъæуа, алы уысм дæр кæйдæр царды аргъ куы уа, уæд.

Цъыкк-цъыкк-цъыкк...

Костя, йæ къахæнгуылдзтæ, сæхи сын ферваэзын кæныны охыл дзабыры мидæг кæрæдзимæ балхъивгæйæ, йæ къахы фындз къанауæй хæрдмæ сдардта. Йæ къах базмæлын кодта, милмæ ист кæмæн у, уый хъусдард раздахыны охыл. Æви террористты ‘рдыгæй уый тæрсынгæнæн æхст уыд, æмæ йæм топпы кæсæнæй ничи кæсы? Скъолайы ис æртын террористы бæрц, æмæ, кæй зæгъын æй хъæуы, агъуысты алфамбылайыл æнæхъæнæй нæ аххæсдзысты. Æмæ дзы кæд рæстдзæвин сбадын кодтой, уæд та? Йæ сæр ын куы фæхуынкъ кæна, уæд, хъыгагæн, куыд у, цы у, уымæн дзуапп раттæг нал уыдзæн. Фæлтау къæхтæй афæлвардзæн, уыдон ма, сæрæй хъауджыдæр, дыууæ уæддæр сты…

Сабырдзинад. Скъолайы алыварс чи æрæмбырд, уыдоны марой куынæ хъуысид, уæд. Æмæ бæласыл та йæ сæры скомкоммæ ауыгъдæй лæууы, уацарæй раирвæзын кæмæн бантыст, фæлæ къалиу кæй ацахста, ахæм бæрæгбоны дымст шар. Ууыл дæр, куыд трагедийыл, афтæ æртæ боны цæуы. Хурмæ бампылдзæн, йæ мидæг цы уæлдæф ис, уый цардау ацæудзæн. Куыд кæнынц сывæллæттæ спортзалы ахæм æнтæф æмæ къуындæджы? Глебкæ æмæ йын Маришкæ уым уыдаиккой, ууыл хъуыды акæнынæй дæр тарст. Иунæг уыцы тасы тыххæй дæр дæн-

дагæй бахсыдтаид, йæ разы чи ærлæууыдаид, уыдоны хурхысæртæ. Сырды хъæуы скæрдæнтæ кæнын. Бирæгътæ тæрсынц ærмæстдæр бирæгъмарджытæй. Æмæ уый суыдзæн ахæм.

Костя хæтæлы бынæй йæ сæр айста, дæлгоммæ ærхуыссыд, йæхицæн æвæндонæй цъыфдзасты пъæразмæстæй хуыссæнуат скæнгæйæ. Æмбонды онг гом тыгъдады уыдзæн дыууын метры бæрц, бæрцæй цалдæр гæппы. Фæлæ уыцы дæрддзæгыл бахъæудзæн ærмæстдæр гуыбыныцъарыл бырын – тагъд цъыкк-цъыккæй нæ, фæлæ, цас гæнæн ис, уыйбæрц сындæг æмæ æнæбафиппайгæйæ. Уый сабыр дуджы кæсдзысты мидбылхудгæ уынджы згъорæг афицермæ, фæлæ хæстон рæстæджы та – сонт тасимæ. Æмæ уымæн та куыдфæндыйæ дæр æруадзæн нæй, уæд террористтæ марын райдайдзысты, уацары сæм чи ис, уыдоны. Уымæ гæсгæ ничи фæнд кæны искæй штурмæй исын. Алкæмæ дæр хъуамæ разына быхсондзинад. Ærмæстдæр баныхæстæ, æндæр ницы. Æмæ кæд исчи фена йæ фазыл бырæг хæстоны, уæд уадз æмæ йæ мидбылты бахудæд мæнгвæдæгыл ærбахæцгæйæ: сабыр знаг тасдзинад нæ гуырын кæны.

Уæдæ Костяйæн абырыны йеддæмæ ницыуал фæрæз ис, æмбонды онг дæрддзæг æвзаргæйæ. Раст зæгъгæйæ, командир ныфс æвæрдта уыцы рæстæг террористты æргом активон баныхæстæм аздахынæй…

Цæй гъа, афон у! Абырыд.

Æхсты хъæр нæ райхъуыст, уыйхыгъд цавæрдæр цъаммар абадт Костяйы бæрзæйыл. Сдудыдта йын, фæлæ къухæн уырзы бæрц дæр уæлæмæ сисæн нæй, нæ йæ асурдзынæ. Йæ чъылдым цъæх арт суагъта хуры дзæгæрæг тæвд æмæ æхсты хъæрмæ æнхъæлмæ кæсынæй. Куы райхъуыса, уæд алцæмæй цъаммардæр уыдзæн, йæхи бахизæн ын кæй нæй: нæмыг тæхгæ дæр уый тыххæй кæны, цæмæй баурома, цыдæриддæр змæлы, уый. Æниу Костя змæлгæ нæ кæны, уый миллиметргай йæхи ивазы æмбондмæ. Уый та йæм нырма нæ зыны, йæ цæстытæ йын æхгæнынц хус кæрдæджы хæлттæ æмæ йæ цæстыхаутыл ærцауындзæгуæвæг хиды ærтæхтæ. Фæлæ йын йæ сæр батилæн дæр нæй, ис ын ærмæстдæр цæст фæныкъулæн. Цы бацис уыцы шар та бæласыл, йæхи ма уромы? Фидар лæуу, мæ зынаргъ, ма ærтæбæкк у. Æмæ ма атæх. Ныртæккæ афтæмæй дæр арвыл тынг уынгæг у, чи æрæмбырд, уыцы зæдтæй. Диссаг, иунæг хатт уæддæр не ‘рæмбырд уыдзысты уæларвон хæстон тыхы хуызы, цæмæй уыцы урс-урсид æмвæтæнæй знаджы ныццæвой? Уæле ærмæст халæттæ цæмæн тæхынц?

– Хъуахъхъ!

Ныхъхъуахъхъ кодта. Никæдæм атахстысты хæдмæлхортæ. Зæххæй та хъуысы хъæрзын, иу уысм дæр æнæ банцайгæйæ. Сабитæм ахасты историйы амæй ælгъагдæр ницыма æрцыд. Бæрæгбонвæлыст скъолайы кæртмæ бабырс, сывæллæттæн сæ цæстыты раз сæ фыдты фехс, иууылдæр сæ спортзалмæ батæр æртынградусон тæвды æмæ сæ уым дар æнæ дон, æнæ рухсæй. Ахæм цъаммæртты лыстæг къуыхтæ скæн…

Æнцад. Цæстытæ байгом кæн. Æрсабыр у. Дæхи истæуылтыл фæкæн. Кæннод æнкъарæнтæ нуæртты атондзысты. Уый цавæр цъаммар бабырыд æфцæгготы бын? Ныр æй бæрзæйæ згъæрхæдонмæ бацъист кæн!

– Хъуахъхъ-хъуахъхъ.

Цъыкк-цъыккы раивта халæтты уаст. Декорациты диссаджы фæивд. Фæлæ дон, кæд згæ дон у, уæддæр цард у. Халоны бауаст цы нысан кæны, уый зындгонд у сывæллæтты аргъæуттæй. Уæлдайдæр та, Костя йæ фазыл кæдæм фæбыры, уым чындзæхсæвмæ нæ цæуы, мыййаг. Къорд æрфидар абырсынæн æппæт гæнæнуæвæг бынæтты, Костяйæн, куыд уæларвон зædæн, командиры «цæст бауарзта» агъуысты тæккæ кæройнагдæр къуым. Йæ хæс бæлвырд уыд: цалынмæ иннæтæ сæйраг бацæуæнты уавæр æндыгъд кæной, уæдмæ хъуамæ аирвæза скъолайы къæлидортыл æмæ смидæг уа спортзалы. Æмæ уым, бынаты, æхст йæхимæ раздахгæйæ, террористтæн ма ратта баскетболæй хъазæн пурти æппарæн тæлыйыл ауыгъд бомбæ сræмудзыны фадат.

Фаг у, размæ.

Хъуахъхъ-хъуахъхъ-хъуахъхъ...

Нæ-нæ, æгæр цырд нæ, гæнæн уæвгæйæ, – хиуылхæцгæйæ. Уымæйдæр, къуыдыркалм кæй бахсыдта, уыцы гæды бæласы сыфтæры ауонæй кæсгæйæ, йæ цæстыты акомкоммæ Бресты фидарау слæууыд агуыридурæй амад æмбонд. Ау, ратдзысты йын абырыны фадат? Æви фæстаг сантиметры æрбахæцдзысты мæнгвæдæгыл? Раджы кæддæр, Костяйы сæрибаргæнджыты къордмæ нысан кæнгæйæ, командир банысан кодта:

– Ацы бынатæн ма, æмбал лейтенант, уæлæмхасæн ном дæр ис – уæларвон зæд. Цыфæнды ма æрцæуа, уæддæр дæуæн дæ уд дзæнæты ис, уымæн æмæ, адæмы сæрибар кæнгæйæ, фыццаг дæхæдæг цæуыс нæмыджы дзыхмæ.

Æрмæст астæуыстæгыл куынæ сæмбæлид…

Костя бамыр. Амард. Уый нæу сæрмагонд нысаниуæджы къорды хæстон, нæу уæларвон зæд. Уый у кæрæдзийыл нындæдзæг сыфтæрты кæри.

Зæххы обау. Бæласы кæлдым. Террористæн тас ницæмæй у. Амынæтты тыххæй Глебимæ сæ хъазæн ныхас куыд æнæджелбетт рауад…

Ныр ын, хъæндилы згъæрхæдонæй кæронмæ бацъист кæнгæйæ, чи ссæрибар, уыцы къубал ивазæгау акодта Бресты фидармæ. Уыцырдæм анцад йе уæнгтыл дæр. Йæ уæраг судзаг рыстæй сдудыдта. Авг? Æрæгмæ байгас уыдзæн… Ноджы ма… Ноджы ма… Рогæй, æдыхстæй, тадзгæ-баргæ. Фæлæ банкъардта ахæм тæф, цыма фысты дзугмæ бахауд. Баззад ма йын иу асæррæтты бæрц дæрддзæг. Хъæуы æрмæст уæраг æрбакъæдз кæнын, быцæу æрцаразын. Нæ, хуыздæр уыдзæн галиу. Рахиз рисгæ кæны: авгæй лыг у, æвæццæгæн авгын мигænæны саст уыд. Милмæ йæ чи систа, уыимæ сын фæйнæ секундæй фылдæр рæстæг нæ уыдзæн. Чи кæй? Кæсагау аныгъуылын æви зæрватыккау ацъыллинг кæнын…

Æнцад!!!

– Æнцад, загътон, – басыбар-сыбур кодта Костя, зæхх суанг æмбонды онг кæмæй æмбæрзт уыд, уыцы фысы бæркъатæй йæ фындз аиуварс кæныныл архайгæйæ.

Хъæуы, хъæуы æнцад хуыссын. Цы хæс ын уыд, уый нæ ивта – нæ хъæуы бандитты сызнæт кæнын. Куыд дæ уым, сырх шар? Фидар лæууыс? Гъемæ мах дæр лæууæм фидар. Æмæ райдайдзыстæм хилын. Къахфындзтæ зæхмæ ныббыцæу кæнгæйæ, гæнæн ис, размæ абырай армыдзаг бæркъаты бæрц. Куыд дард дæ, куыд, Бресты фидар. Стæй дæм фæндаг дæр уардитæй фæлыст нæу.

Цæй, цæуылнæ æхсыс, ælгъаг цыдæр? Иууыл дарддæр фæзилæн æнæ хъусдардæй ныууагътаиккой, уый гæнæн нæй. Цы ныхъхъус сты халæттæ дæр? Цы уыдзæн, уымæ æнхъæлмæ кæсынц? Уыдонмæ, кæй зæгъын æй хъæуы, уæлейæ кæсгæйæ, уаваер хуыздæр зыны. Хъæндил та кæд разынд æвдудон, уæддæр быры æфцæгготы бын. Ам хъуыддаг хи фервæзын кæныныл у, чидæртæ та кæйдæр бæрзæйæ хъавынц, куыд комкоммæ, афтæ ахæсгæ æмбарынадимæ дæр. Фæлæ стæй мæлын уый хъæудзæн, рæхуыстдзæфæй, иууыл ныллæгдæр артмæ. Æви йын фæтæригъæд кæндзæн? Куыдфæнды ма уа, уæддæр иу милмæ ист сты. Уый та, чи йæм ныхъхъавыд, уый бынаты куы уаид, уæд афонмæ схæцыдаид хæдæхсыл, кæд æй фæнды фæцарæхсын, уæд…

Фæцарæхст!

Райхъуыст цыбыр рад, фæлæ фæндфидар æхсты хъæр. Уымæн æмæ фехстæуыд комкоммæ.

Ærмæст агъуыстæй æддæмæ нæ, йæ мидæг. Ævзæр у. Уый нысан кæны, террористтæ ма ноджы кæйдæр кæй фехстой. Гæнæн ис, афтæ бакодтаиккой, Костяйæн къулмæ баирвæзынæн фаг рæстæг раттыны охыл фæстæмæфæстæмæгæнæг командиры фыдæнæн. Ærмæст æнæхъуаджы куынæ фæуид, ærмæст бомбæмæ куы баирвæзид.

Фæлæ йæ сæр ныридæгæн æмбонды аууон ис. Ау, баирвæздзæн? Ныр хъуамæ цадæггай бангом уа æмбондмæ. Фæрсæрдæм, цæмæй йæ буарæй фылдæр хай бацæуа сисамады æмбæрц. Уый дын гъе! Æхст нæ фæцыд. Фæлæ чи зыдта! Гæнæн ис къух ауигъын: æвæццæгæн æм сæхиуæттæй чидæр йæ хъус дардта дардмæкæсæнæй æмæ командирæн хъусын кодта, йæ бынат куыд ивта, уый тыххæй. Æмæ йын ныр фадат фæцис йе ‘фцæгготæй хъæндилы раппарынæн æмæ йæ æппæт пролетарон æнæуынондзинадæй йæ ирвæзынгæнæг агуыридурыл байсæрдынæн! Æви йæ ауадздзæн, иугæр ныфс бавæрдта, уæд?

Костя уыцы зæрдиагæй ныццыкк кодта йæ хурмæсыгъд бæрзæй, аууæрста йæ æмæ джихæй аззад – йе ‘нгуылдзты ‘хсæн уыд, иуæрдыгæй чи сыскъуыд, уыцы ауындзæны кæрон. О-о! Фæлтау хъæндил куы разындаид! Йæ туг ын цас фæнуæзта!

Йæхæдæг дæр бануазид дыууæ-æртæ-цыппар литры уазал дон. Куыд фæразынц сывæллæттæ æнæ донæй æртæ суткæйы? О зæдтæ, зæдтæ, кæд уæ бон нæу æфсад саразын æмæ хæстон дарæс скæнын, уæд къæвда уæддæр рауадзут уæ арвхæтæнтæй. Сом байрæджы уыдзæн…

Бынты бакъахынæй ныфсбавæрæн нæй. Уæдæ æмбонды цыргъ æфсæйнæгты дæр не ‘ртасын кæндзынæ. Баззад ма иунæг фæрæз. Йæ сæрты басæррæтт кæнын.

Æввахсдæр æм цы рудзынг ис, уымæн йе ‘вгтæ саст сты – уый хорз у. Фæлгæт нарæг кæй у, уый – æвзæр, бахъæудзæн æй уæхскæй ныссæттын. Къласы рæбынæй иу зæгæлыл знæт дзедзырой кодта плакат. Кæцы кълас у? Бынæттон цæрджытæ йын цы схемæ сныв кодтой, уый йæ хъуыдыйы уыд Костяйæн, æмæ йæ ныр бахъуыд йæ бæрзæй æрзилыны сæр, цæмæй йæ бакастаид: «Уырыссаг æвзаджы зонындзинæдтæ, арæхстдзинæдтæ æмæ фæлтæрддзинæдтæн аргъ кæныны нормæтæ». Раст у, уырыссаг æвзаг æмæ литературæйы кълас. Хъеллаугæнæг плакаты сæрмæ иконæтау ауыгъд уыдысты фыспжыты портреттæ, уыдон дæр нæ аирвæзтысты æнæ фыдбылызæй: Пушкин «фæмард» нæмыг комкоммæ йæ сæрыл сæмбæлыны фæстиуæгæн, Толс-

тойæн хæдæхсы нæмгуытæ радæй ацыдысты йæ риуыл, Гоголæн нал уыд йæ иу уæхск. Уый та сæм рæууæнкау йæ дзабыры фындз æвдыста.

Фæлæ ныр хъæуы æнхъæлмæ кæсын. Хъуамæ баныхас кæной, хъуамæ уыцы æнæадæймагонтæн сæ сæрты карчы зонды бæрц уæддæр баззайа, цæмæй ма бавналой сабитæм.

Нæ сæм баззад.

Тыхджын рæмыгъд стыдта спортзалы агъуыст, раст уыцы уысм Костя басæррæтт кодта æмбонды сæрты. Авджы цъæлтæ ма кæуыл аззад, уыцы фæлгæт йе уæхскæй басаста. Цыдæр, куыд æй фæндыд, афтæ нæ рауад, йæ басæррæтт сæйраг гæпп нæ разынд, æмæ йæ ныр бахъуыд æхстытæ, цъæхахст, фæздæг æмæ авджы цъæлтæй æмыдзаг къæлидоры згъорыны сæр.

Æппæты фыццаг йæ разы фæцис, чи никъкъæдзтæ, ахæм чысыл чызг. Йæ хъæбысмæ йæ сисгæйæ æмæ йæ йæхицæй бамбæрзгæйæ, Костя йæхи аппæрста ахизæны ‘рдæм, сывæллæтты ‘хсæн æндæрпланетæйæгтæ – гуливертау сæ къорды хæстонтæ кæм зындысты. Царæй хаудысты судзгæ фæйнæджытæ, иу дзы Костяйы æрæййæфтаид, къæбицмæ ахизæн дуары фæлгæты куынæ балæууыдаид, уæд. Кæсгæ йæм афтæ фæкодта æви æцæгæй æфтæ уыд, фæлæ йæм, стыр хæринаггæнæн аджы сæры бынæй кастысты сабийы цæстытæ. Гæнæн уыд, йæ цæстытыл ауадаид, кæнæ, æвæццæгæн, афтæ уыдаид, фæлæ агыл æркалдысты судзгæ æндзæлмттæ, йæ сæрыл ын æрæнцайгæйæ.

Йæ цæнгтыл кæй хаста, уыцы чызг схъæрзыдта, æмæ Къостя, хъуыды дæр нал акодта, афтæмæй арты ‘взæгты ‘хсæнты азгъордта дарддæр.

... – Гыцци, риссынц! – фæхъæр кодта Глеб, мад ын йæ цæстытæ йе ‘нгуылдзтæй куы бамбæрзта, уæд. Йæхи атыдта æмæ пъолыл æрбадт телевизормæ кæсынмæ.

Кинонывы дæр æвдыстой, салдæттæ бæгънæг æмæ тугæйдзаг сывæллæтты кæцæй скъæфтой, уыцы судзгæ скъола. Уыдонмæ, хъæргæнгæ, лыгъдысты адæм, алырдыгæй хъуыстис æхстытæ, æмæ Глебы зæрдæ тасæй бамæгуыр: уым алцы дæр зындис, æцæгæй куыд вæййы, афтæ. Æмæ, цы нæ вæййы, зæгъгæ, йæ хъазæнты ‘хсæнæй райста, цыдæриддæр æм танктæ æмæ бронетранспортертæ уыдис, уыдон, телевизоры раз сæ æрдæгкъæлæтауæй равæрдта – махуæттæн баххуыс кæнын хъæуы. Скаст йæ мады цæстытæм: раст бакодтон?

– Уым ис, уæ фыд уым ис, – къухæй ацамыдта уый экранмæ, æмæ Глеб ныфсæнхъæлцау йæ цæст ахаста, кæйфæнды ферваезын кæнынмæ

дæр, фыццаграды йæ фыды, цæттæввонг чи уыд, йæ уыцы ‘фсадыл. Чи зоны ма йын ис, йæ дадайы хорзæхтæ кæуыл конд сты, уыцы къандзол хæстмæ скæныны рæстæг дæр?

Къæбицæй цырæгътимæ æрбалыгъд нана. Йæ фæдыл, йæ сабион уæлмонц æнкъарæнтæй цæмæйдæр знæтæй, йæ уидыгимæ æрбазгъордта Маринæ. Къулыл сывæдæг куы ауыдта, уæд ыл йæхи ныццавта. Фæлæ йæм къулмæ æнгом лæууын цымыдисаг нæ фæкаст, æмæ, йæ мидбынаты цæхгæр ныззилгæйæ, фæстæмæ ныййарц, æрдæгхæрдæй кæй фæуагъта, уыцы хаймæ.

– Уый уым ис, уым. Уый æнæмæнг уыдзæн уым, – æдыхæй, йæ цæстытæ экранæй нæ исгæйæ, сыбар-сыбур кодта сæ мад.

Нана йæ сæр тылдта азымджынау, телевизоры фарсмæ мæнæуæй йедзаг агуывзæ æрæвæрдта, цырагъ дзы æрсагъта æмæ йæ ссыгъта. Цырагъы рухс бамбæрзта экраны æмбис, баиу скъолайы мидæг судзгæ арты æвзæгтимæ. Глебы фæндыд, «Кошкины дом»-ы хæрз æнцонæй кæмæй ахуыссын кæны, уыцы зынгхуыссынгæнæн машинæмæ азгъорын, фæлæ уыцы уысм йæ цæнгтыл мæллæг саби чызджы рацæйхæсгæ ауыдта йæ фыды.

– Баба! – фыр цинæй ныхъхъæр кодта Глеб. Йæ баба ис телевизоры! – Маришкæ, тагъддæр, уæртæ баба!

Мад дæр æй ауыдта, йæхи экранмæ баппæрста. Уæлдæфы базмæлдæй цырагъы судзгæ æвзаг æрмынæг, фæстæмæ ма йæхиуыл схæцыдаид, уый тых æм нал разынд æмæ æндахы уæлæ баззад æрттиваг тæппæй. Хуызтæ иууылдæр анигъуылдысты урс-ærвхуыз фæздæджы фæлмы. Æмæ кæд сæ дыууæ дæр архайдтой уыцы фæлмæй фервæзыныл, уæддæр бабайы цæсгом разынд арыды хуызæнæй. Уый-иу уысмæй-уысммæ акаст фæстæмæ, цыма искæй арты гуылфæны фæуагъта, уыйау, æмæ йын куыддæр чызджы йæ къухтæй айстой, афтæ телевизорæй ракаст Глебмæ æмæ фæстæмæ смидæг сырх-сырхид арты æвзæгты æмæ сау-урс фæздæджы къуыбылæйтты гуылфæны. Уыцы арт цырагъау ахуыссынмæ нæ хъавыд, æмæ, йæ фыд куыддæр скъолайы фæаууон, афтæ уæлейæ ærхауд судзгæ уæладзæн, хæрдмæ милуангай стъæлфæнтæ суадзгæйæ. Ныртæккæ дæр ма Глебыл чи хæцыд, уыцы мад уадидæгæн ærдыдæгътæ æмæ, хæстон танкты фæтк ныппырх кæнгæйæ, ахауд пъолыл.

– Нана! – ныхъхъæр кодта Глеб, ныр йæхæдæг дæр фыр тасæй йæ цæстытæ сæхгæнгæйæ.

Чи ‘рхауд, уыцы уæладзæн бацавта Костяйы къæхтæ, æмæ уый

дæлгоммæ ахауд авджы сæстыты уæлæ. Спортзалæй нырмадæр хъуыст тыхст хъæртæ, фæлæ уый, йæ къæхтыл слæугæйæ, йæхи аппæрста хæринаггæнæнмæ, агтæм. Арты судзгæ æвзæгты ‘хсæн калын райдыдта, агтыл чи ‘рхауд, уыцы судзгæ фæйнæджытæ, æмæ йыл раст уыцы рæстæг суагъдæуыд, афтæ бирæ кæмæ æнхъæлмæ каст, уыцы нæмгуыты рад. Чъылдымæрдыгæй.

Йе згъæрхæдон цыма хъæсдарæг уыд æмæ йæ цалдæр дзæбуджы æмцæф ныккодтой, цыма йæ цонг дæр ахауд – кæд æй Костя йæ уæлæ федта, уæддæр. Къултæ ныдздзой-дзой кодтой, æмæ, цæмæй, цалынмæ йын аджы сæр байгом кæнын бантыса, уæдмæ йæ зонд ма фесафа, уый тыххæй Костя ныззæмбыдта йæ хъæлæсы дзаг. Иу къухæн хæринаггæнæн аджы æмдымбыл æндон сæр æгæр уæззау разынд, фæлæ йæ уый сриуыгъта йе уæхскæй. Гераклау систа, арты æвзæгтæ кæуыл хъазыдысты, уыцы аджы сæр, арвæн йæхи йæ зæдтимæ сисæгау. Куыд тынг сæ куырдта къæвда! Аджы талынг æмæ тæвд хуылфæй та йæм кастысты чысыл лæппуйы æрдæгхуыст, æрдæгцъынд цæстытæ. Уыцы æмтъеры фæлмы йæ тыххæйты уынгæйæ, Костя басыбар-сыбур кодта:

– Сбыр.

Лæппу змæлгæ дæр нæ фæкодта. Уымæ нал уыд базмæлыны фаг хъару дæр, уый йæхи бакодта удмарæг тæвд, арт æмæ æхстыты бар. Уый бафæллад царды сæрвæлтау тохæй, уымæн æмæ, кæд ныридæгæн уыйас сабимæ ахæм фыдæвзарæнтæ хауы, уæд ма цæмæ ис æнхъæлмæ кæсæн разæй? Цæстытæ гом кæнынæй цъынд æнцондæрæй кæнынц. Иу хорз у, æмæ талынджы нæ…

Костяйы ма бахъуыд ноджы иу Геракл фестыны сæр, цæмæй аджы сæр аппара. Уый сбыцæу судзгæ уæладзæнмæ, фæлæ йæхæдæг сæрибар уыд, æмæ Костя нывнæлдта лæппумæ. Æнгуылдзтæ бæгънæг уæхсчытыл ницæуыл хæст кодтой, æмæ уæд йæхæдæг дæр ныххауд аджы мидæг. Цæф цонджы нæ бафæндыд æдде баззайын, æмæ ацыд йæ хицауы фæдыл, уымæй, тæвд аджы хуылфы цы кадавар фезмæлæн бынат уыд, уый ноджы фæуынгæгдæр кæнгæйæ. Бынат та дзы лæппуйæн йæхи фаг дæр нæ уыд, æмæ Костя, æнæ цæфæй йын чи баззад, уыцы Гераклы уæхскæй лæппуйы раппæрста æддæмæ.

Йæхи фаг ма йæм баззад хæрз чысыл хъару. Бынмæ йыл сæдæ тоннæйæ уæз кодта йæ цæф къух, фæлæ ма æгæрыстæмæй бафæрæзта уый дæр йæ риуы онг сивазын. Баззад ма йын фæстаг фæлвæрдæн уæлдæф æрæмбырд кæнын, фæлæ раст уыцы рæстæг æрхауд ноджы

иу уæладзæн. Уый хæрз æнцонæй, раст хъулæй хъазтау, æрриуыгъта аджы сæры, уый æппæт йæ хъомысæй ныххауд сæрмагонд нысаниуæджы хæстоны фæсонтыл, ныббынæй кодта Костяйы дæр æмæ йæ уды дæр, уæларвон зæдтæ дæр не систы, афтæмæй.

... Изæрæрдæм скъолайыл уарын райдыдта. Сælфынæгæй, иугай æртæхтæй нæ – къæртайæ калæгау, æрмæст судзгæ арты нæ хуыссын кодта, фæлæ æхсидæвты скъуыдты бамбæхсæг стъæлфæнты дæр. Æмæ уыимæ иумæ æхсадта, чи фæмард, уыцы сабиты фæстаг зæххон фæдтæ дæр.

Милиционертæ, сæхи пæлæзты стухгæйæ, архайдтой, цалынмæ нæ баталынг, уæдмæ трагедийы бынаты алыварс урс-сырх хæххытæ арæзтадон лентæ аивазыныл – райсом минæсгарджытæ, слестгæнджытæ агурдзысты, чи не схæцыд, ахæм рæмудзæн æрмæджытæ. Цымыдисгæнджытæ дзы нæ уыд, скъолайы алыварс æрмæстдæр рацу-бацу кодтой уыцы зондфесафджытæй баззайæг сау ауудæттæ. Фæлæ æгæрыстæмæй се ‘намонддзинадимæ æмызмæлдгæнæг ауудæтты ‘хсæн дæр бæрæг дардта скъолайы ‘рдæм хъавгæ цæуæг чысыл лæппу. Йæ фыд-иу æй, йæ фæдыл цæугæйæ, рæстæгæй-рæстæгмæ æрурæдта, йе уæхскмæ йын бавналгæйæ, фæлæ уымæй лæппу кодта æрмæстдæр ныфсджындæр, æмæ, йæ цæстытæй афтид каст кæнгæйæ, дарддæр цыд уыцы æнагъæддаджы бынатмæ.

– Нæ хъæуы, Азæмæт. Цом хæдзармæ, хъæбул, – домдта дзы фыд.

Дохтыртæ дзырдтой, психологтæ фæдзæхстой, йæхæдæг дæр æмбæрста, лæппуйæн гæнæн кæй нæй, кæй фæстиуæгæн байгомыг, уыцы фыдæвзарæнтæ уæлæнгай истæмæйты дæр йæ зæрдыл лæууын кæнын. Райсом æй Мæскуымæ арвитдзысты клиникæмæ, фæлæ абон æнæхъæн изæр Азæмæт йæхи æппæрста уынгмæ, йæхи ивæзта скъолайы ‘рдæм.

– Ærлæуут, ærлæуут. Уырдæм гæнæн нæй, – баурæдта сæ бæласы бынæй йæ дон тæдзгæ рахизæг милиционер. Бæласыл хъеллау кодта, уый размæйы бæрæгбон-трагеди зæрдыл чи лæууын кодта, уыцы сырх-сырхид дымст шар.

– Мæ фырт уым уыд. Æнæхъæн изæр мæ тыхласæгау кæны уырдæм цыдæр мын фенын кæнынмæ, – фыд посты лæууæджы раз йæ къухтæ фæйнæрдæм акодта: æмбарын æй, гæнæн кæй нæй. Фæлæ йæ фырты тыххæй ныр цæттæ уыд алцы дæр бакæнынмæ.

Хъахъхъæнæг, лæппумæ бакæсгæйæ, æмæ йын йæ хъысмæт цытæ бавзарын кодта, уыдон йæ цæстытыл ауайын кæнгæйæ, арф ныуулæфыд, йæ сæр ын рæвдаугæ ærлæгъз кодта. Йæ цæстæнгас фæйнæ-

рдæм ахаста; куы йæ бауырныдта, йæ хистæртæй йæ ничи уыны, уæд фыццаг къахдзæф йæхæдæг акодта, хуылыдз æвзалы æмæ рæмудзæн æрмæджы тæф кæмæй калд, уыцы скъолайы ‘рдæм:

– Ærмæстдæр мемæ. Æмæ хъавгæ. Цы ранмæ йæ фæнды?

Лæппу тæрсгæ-ризгæйæ йæ цæст ахаста сау цæссыг лæмарæг къул-тыл, стæй раздæр хæринаггæнæны ‘рдæм ацамыдта сæрæй, уым та, кæддæр сырх чи уыд, ныр та арт æмæ фæздæгæй сау ала чи адардта, йæ тæлыбылыл «1-аг хæринаг» фыст кæмæн уыд, уыцы дынджыр агмæ.

– Ды уым æмбæхст уыдтæ? Йæ хуылфы? – бамбæрста йæ фыд.

Лæппу йæ сæр батылдта, фæлæ дарддæр йæ амонæн æнгуылдзæй амыдта, цалдæр æндзалмы кæуыл ныффæлдæхтысты, уыцы аджы сæрмæ. Йæ фыд æмæ милиционер тыххæйты схæцыдысты аджы сæрыл æмæ йæ уайтагъд иуварс аппæрстой: аджы хуылфы йæ туджы амæстæй хуыссыд сæрмагонд нысаниуæджы къорды хæстон, æмæ фыццаг фæкастæй зын бамбаræн уыд, удæгас у æви мард…

...Цæмæдæр гæсгæ сывæллæтты рæвдауæндоны хъомылгæнæгæй нæ, фæлæ «Тагъд æххуыс»-ы чи куыста, уыцы къаннæджытæгонд зæронд дохтыр рынчыны сынтæджы уæлхъус бадти, цалынмæ уый, кæд фыр адæргæй, уæддæр не ‘рфынæй, уæдмæ. Цæстæй ацамыдта, йæ фарсмæ æндзыгæй бадæг, знон сын сæ бригадæмæ йæхи æмæ хъармгæнæнмæ хъадамантæй баст хъæбулыхъæбулы тыххæй чи фæдзырдта, уыцы сылгоймагæн: уадз афынæй кæна. Арæхстгай сæмбырд кодта йæ «фæдисы чумæдан». Алфамбылайыл йæ цæст ахаста, цыма йын хæдзары уæвджытæ кæронмæ нымад нæ фесты, уыйау æмæ бафарста ныллæг хъæлæсæй:

– Æмæ кæм ис уæ Аникæ-хæстон?

Цæстæй йын ацамындæуыд сывæллæтты хатæнмæ.

Глеб, цæмæй бæрзонддæр уыдаид, уый тыххæй лæууыд балкъонмæ ахизæн къæсæрыл, йæ иу къухæй хæцыд санитарон машинæйыл, иннæмæй дардæй зынæг стъалымæ дардта шоколад къафетт:

– Уый дæуæн, баба. Айс æй. Æз дзы æрмæстдæр хæрз чысыл къæмс акодтон. Ærмæстдæр йæ кæрон. Фæлæ дæм уæддæр фæхæццæ уыдзæн, афтæ нæу? Айс æй. Æмæ мæн кæд æцæгæлон лæг фервæзын кодта, уæддæр ды æрыздæх фæстæмæ.

Уырыссаг æвзагæй ГÆБÆРАТЫ Юрийы тæлмац



Маринæ САВВИНЫХ

1956

Уырыссаг поэт, прозаик, публицист.

Райгуырд Красноярскы. Уым каст фæци педагогон институт. У Красноярскы литературон лицейы фыццаг директор, 2007 азæй та – Красноярскы литературон журнал «День и ночь»-ы сæйраг редактор. 1995 азы мыхуыры рацыд йе ‘мдзæвгæты фыццаг æмбырдгонд «Фамильное серебро». У 11 чиныджы автор. Ныффыста бирæ иртасæн уацтæ нырыккон уырыссаг фысджыты сфæлдыстады тыххæй.

Хорзæхджынгонд у Достоевскийы I къæпхæны орденæй, Васили Шукшины майданæй, литературон форум «Золотой Витязь»-ы хæрзиуæгæй, Виктор Астафьевы фонды премийæ.

У газет «Поэтоград»-ы, журнал «Дети ра»-йы лауреат. Сергей Бехтеевы номыл поэзи æмæ прозæйы цыбыр формæйы дунеон конкурсы уæлахиздзау. XXI æнусы Фысджыты æппæтдунеон цæдисы президиумы, УФ-йы Фысджытæ цæдисы, Иерусалимы Фысджыты цæдисы, Æппæтдунеон ПЕН-клубы æмæ журналистикæйы æхсæнэтникон гильдийы уæнг. Красноярскы культурæйы сгуыхт кусæг.

Цæры Красноярскы.

Маринæ САВВИНЫХ

АВДÆНЫ ЗАРÆГ

Уадз, уый мæ аууон басгуыхæд æрмæст.
Мæ арм... мæ рæнхъ... къæвдайы хъæр сыфтæрыл...
Мæйрухсы хъæлæс суадоны къæсæрыл,
Мæ рудзынг-авгыл... Уый уыдзынæн æз.
Мæ хъæлæс у æмыр, фæлæ цæрдуд.
Йæ уаз сыр-сыр – мæ пæлæзы фæччийау...
Ысулæфтау... Рæвдауæг мады риуау...
Цыма дæ гени мидбылты фæхудт...
Мæ рухс æхсæвы фæлмимæ дæ уд
Йæ уаз хъæбысы батухдзæни хъавгæ.
Дæ адджын фын мæ зарæджы бар бакæ,
Уыдзынæ уарзон сабийау рæвдыд.

* * *

Дуртæ, дзурут мемæ!
ГЁТЕ

Ыстджыты къазнайы, æдзард уидæгты арфы
Гуыр-гуыр æрвнæрды цæлхъау абухы, æхсиды...
Кæрдæджы хæлттæн дурты гуыбыны – сæ тарф фын,
Сæ уаз, сæ сусæг зарæг тар аууæттæ уафынц,
Лæдæрсы мыл сæ рис, кæугæ-худгæ мæм сидынц.

Мæ арм тæдзы, кæлы, сыфтæр куыд калы къутæр,
Раст идæдзы фæччийыл... уардихуыз гæрæнтæ...
Ærдынцарты цыргъфындз... сызгъæринæфцæг рухс дзуар...
О мармæрты нывæрзæнты уылæнтæ...

О дидинджыты сау, ыздыхсы калмау цалхыл...
Фынджы хистæр Хуыцаумæ карз сæнæй куывта:
«Хæрзаудæн фæкæнæнт Уасджырджийау махыл
Йæ мармæрæй Васо, йæ бронзæйæ Къоста!»

Уырыссаг æвзагæй МАМЫКЪАТЫ Хъазыбеджы сæрибар тæлмац



Нывгæнæг Васили Суриковы цыртдзæвæн. Красноярск

УЫРЫССАГ ÆМБИСÆНДТÆ

- ✓ Æвæд лæг куы амæла, – куыдз дæр ыл нæ ниудзæн.
- ✓ Уæлæдарæс счъизийæ йæ ногæй хъахъхъæн, дæ ном та – æвзонгæй.
- ✓ Йæхиуыл чи ауæрды, Хуыцау дæр – ууыл.
- ✓ Хуыцау радта – Хуыцау айста.
- ✓ Дыууын азмæ хъару нæй æмæ нæ уыдзæн; æртын азмæ зонд нæй æмæ нæ уыдзæн; цыппор азмæ ус нæй æмæ нæ уыдзæн.
- ✓ Кæсæгтæ змæст доны æнцон ахсæн у.
- ✓ Æнус цæр – æнус ахуырдзау у.
- ✓ Бирæгътæй тæрсыс – хъæдмæ ма цу.
- ✓ Дæ хъæлæсы цы аирвæзт, уый пайда у.
- ✓ Æххормаг гуыбын ахуырмæ къуырма у.
- ✓ Сæрды дæ дзоныгъ барæвдзытæ кæн, зымæджы та – дæ уæрдон.
- ✓ Лæвар бæх йæ дæндæгтæй не сгарынц.
- ✓ Куыстæн – рæстæг, хи ирхæфсынæн – афон.
- ✓ Цард батонын лæгъз быдырыл ауайын нæу.
- ✓ Дыууæ тæрхъусы ахсæг иу дæр не ‘рцахсдзæн.
- ✓ Зæхх у кæхц: цыдæриддæр дзы сæвæрай, уый дзы сисдзынæ.
- ✓ Гогыз хъуыдыты анигъуылд æмæ хъæрмхуыппы стæлфыд.
- ✓ Кас царвæй нæ февзæр уыдзæн.
- ✓ Гуыдырæй дæгъæл тыхджындæр у.
- ✓ Сабыр род дыууæ мады бададта.
- ✓ Хъæд цæгъдынц – лыстытæ фæйнæрдæм схъиуынц.
- ✓ Аивад – æнæтæригъæддзинады ‘мбис.
- ✓ Сыдæй куы мæлай, уæддæр хæрзхъæд мыггаг байтау.
- ✓ Уарзыс бырын, – дзонигъ хæрды ласын дæр уарз.



Амир МАКОЕВ

1963

Кæсгон прозаик. Уæрæсейы Фыдджыты цæдисы уæнг.

Райгуырд Кæсæг-Балхъары Республикæйы горæт Терекы.

1985 азы каст фæци Саратовы механизацийы институт (ныры Саратовы аграрон университет). 2002 азмæ куыста алы рæтты: уыд инженер, амалхъом, УФ-йы Литфонды кæсæг-балхъайраг хайады директоры хæдивæг. 2002 – 2010 азты – Черкесаг æхсæнадæмон ассоциацийы хъуыддæгты разамонæг.

Уæрæсейы алы горæтты уагъд журналты æмæ æмбырдгæндты йын мыхуыры рацыд 50 фылдæр радзырдтæ æмæ уацаутæ. У чингуытæ «В ожидании чуда» æмæ «Возвращенное небо»- йы автор.

Æрыгонæй архайдта грекъаг-ромаг хъæбысхæстæй. Уыд æппæтцæдисон, республикон æмæ æппæтуæрæсеон турнирты чемпион.

Цæры Налцыччы.

Амир МАКОЕВ

СЫГЪЗÆРИН АПЕЛЬСИНТÆ

Радзырд

Рæстæгæй-рæстæгмæ байгом кæнын, сабидуджы æрхæндæг айзæлд кæцæй ракæлы, уыцы сусæгдзинæдты дуар, æмæ мæ кæрдæджы бын фæуæг къахвæндаг акæны рагфынты æмæ, чи нæ сæххæст, уыцы бæллицты дунемæ. Уым æнæзонгæ фæндæгтыл ныдздзæгъæлтæ сты мæ сайд бæллицты æндæргтæ, æдзæрæг хæдзары талынг къуымы сидзæрхуызæй лæзæрынц хъæдæй арæзт бæхтæ æмæ фæлмæн хъæдабæйæ хуыд æрсытæ, æнæркаст паркты рæстæг хæлуарæджы хызы стыхта аргъæутты хъазæн хæдзæртты, рæстæджы хъуына схæцыд хъеллаугæнæнтæ æмæ алыхуызон нывæфтыд гуымирытыл. Уым дымгæмæ нал æнкъуысынц бæлæсты цъуппытæ, хæмпæлгæрдæджы бын фесты æнæзылд дыргъдæттæ. Талынг ныккæнды раджы амард фæстаг мыст, цыдæр фесты хъæлдзæг æмæ æнæмæт дæлзæххон цæрæгойтæ. Кæддæры æнæкæрон денджыз та ныггыццыл чысыл цады йас, æмæ дзы æргъæвстæй ныссагъдысты мæ науты ныссау уæвæг наупæлæзтæ…

Æмæ уым, ме ‘нгæс тынг чи у, ахæм чидæр æрбадт уазал дурын астæрдыл æмæ, мысæнуаты фæйнæрдæм чи нызгъæлæнтæ, уыцы хабæртты ‘хсæн агуры мæ фыццаг цинтæ æмæ хъыгтæ, рохст бæллицтæ æмæ фыццаг хатт кæй банкъардтон, уыцы судзаг рыст.

Уыцы дуне йæм ныр ахæм гыццыл кæсы, цыма, йæ бынатæй æнæ фезмæлгæйæ дæр йæ бон у, йæ сæнтты йын чи агайы, уыцы æцæгæлон зæххытæй алкæмæ дæр къухæй баххæссын, цæугæдæтты фæстæмæ аздахын, талынг арвыл æм дардæй цы стъалытæ зынынц, уыдоны йæ иу арммæ æруидзын æмæ сæ иннæйы æркалын. Мæ хъуырмæ цы удхайраджы цинтæ кæнæ саст ныфсыты рыстæй сваййын, уыцы удæвзарæнтæ та йæм æнусондзинады раз ницæйаг æмæ худæг кæсынц.

Фæлæ уыцы дæлгомвæлдæхт дунейы, чи мæ дзы адард кодта, уыцы азтæм нæ кæсгæйæ, тархъæды арфы цæры иу æнæссæугæ рыст. Уый мыл кæддæриддæр сæмбæлы æнкъард мидбылхудтимæ, æрбады мæ фарсмæ, йæ сæр мæ риуыл æрæвæргæйæ, афынæй вæййы уды хъармæй æнцойдзинад банкъаргæйæ. Стæй иуафон цæмæйдæр фæтæрсæгау йæ улæфт нал райхъуысы, йæ цæссыгтæй, кæугæ кæй кæны, уымæй æфсæрмы кæнгæйæ…

Фæлæ кæцæйдæр тæрхъусы дзæмбыты хостау скъуыддзæгтæй райхъуысы гуымсæджы бæрæгбонхуыз уынæр, дард кæцæйдæр хъуысы уæзласæнты уасын, зынгхуыссынгæнæн машинæты сиренæтæ. Талынг арвы кæрæттæ ныррухс вæййынц, райхъуысынц æнæцудгæ хъазæн хæстонты гæрæхтæ æмæ «ура» хъæргæнгæ абырсынц размæ. Дунемæ ногæй здæхын райдыдтой йæ хуызтæ, дыргъдæттæ дидинæг акалдтой, мæ уат байдзаг цъиуты цъыбар-цъыбур æмæ дидинджыты æмхæццæ хæрздæфæй. Сихорафоны цагъд ныккодтой мæсгуытыл конд зæронд сахæттæ, хæстон наутæ æмæ бæлæгътыл суагътой хуры тынтæм тæмæн æрттывд кæнæг наупæлæзтæ, сармадзантæ дæр æмæхст кæнынц дард бæстæтæм абалц кæныны нысанæн. Разæй – цымыдисаг æмæ æнæкæрон цард.

Дуне мæм, æцæгæйдæр, каст æнусон, æмæ бæрæг нæу, уыцы фарст дæр мæм кæд æмæ цæмæн фæзынд. Уый мæ хъуыдыйы райгуырд парчы ауоны бадгæйæ сæлдæджы фæстæ цæппузыртæ калæг адджын дон нуазгæйæ, æмæ мæм мæ фыд цыдæрхуызон æнахуыр каст æрбакодта – ома æгæр раджы мын уыд æнусондзинады фарстатыл хъуыды кæнын æви, Хуыцау йæ зонæг, чи бауагъта саби лæппуйы сæры ахæм хъуыдытæ. Афтæ уыдаид æви уфтæ, уæддæр æй бахъуыд дзуапп раттын: «О, мæ лæппу, мах не ‘ппæт дæр цæрдзыстæм кæддæриддæр. Зæхх? Зæхх дæр, мæ лæппу, æнусон у». Æмæ уæд раргом кодтон мæ тас: гæнæн кæй ис, зæхх дыууæ хайыл адих уа, уый размæ кæй æвдыстой, уыцы кинонывы куыд уыд, афтæ. Стыр скъуыды хаудысты хæдтулгæтæ, хæдзæрттæ, адæм æмæ цæрæгойтæ. «Баба, æмæ, зæгъæм, ды куыстмæ ацыдтæ, æмæ мах хицæнтæй аззадыстæм уыцы скъуыды фæйнæфарс?..» – «Æз хид сараздзынæн æмæ ахиздзынæн дæу æмæ дæ мадмæ. Æмæ сæлхæр ныхæстæ мауал кæн».

Диссаг, фæлæ мæ сæлхæр ныхæстæ рауадысты рагзагъдау. Мæ дуне æмбисыл адих, æмæ нæ зонын, уый фылдæр кæй аххос уыд – мæ фыды æви мæ мады. Нæ, мæ фыдæн ныр йæ бон нал уыд хид саразын æмæ махмæ рацæуын. Се ‘хсæн цы къардиу фæзынд, уый æвирхъаудæр æмæ арфдæр разынд, æмæ сæ Дун-дунейы хидтæ дæр нал баиу кодтаиккой. Уымæн мæ фены фадат уыдис æрмæстдæр нысангонд бонтæ æмæ сахæтты.

Æз æмæ мæ мад цардыстæм æндæр (тынг хъæздыг) бинонтимæ, æмæ цæмæдæр гæсгæ йæ алы æрбацыдæй дæр знæт кодтой иууылдæр,

уælдайдæр – мæ мад. Уымæй хызт йæ моймæ, уымæй та, мæ фыд кулдуары цур иу минут алæууыдаид, уый дæр чи нæ быхста, уыцы æнæввæрсон мадмæ. Уый мæ фыды хуыдта гæвзыкк, гомгуыбын, кæцыйæн йæ бон нæ бацис йæ бинонты, куыд æмбæлы, афтæ дарыны фаг æхца бакусын, æмæ йæ зонадон куыстытæ та иууылдæр сты æнæхъуаджы, иугæр ын сыл бирæ æхца ничи фиды, уæд. Зæронд ус мælæты райгонд нæ уыд йæ фыртæй дæр, йæ цæстытæ йын къахта, алфамбылайы уыйбæрц хорз æмæ рæсугъд чызджыты цур йæ ныййарджыты табуйаг хæдзармæ æд сывæллон сылгоймаджы кæй æркодта, уый тыххæй.

Æппæт уыдæттæ мæ фыд зыдта æмæ-иу йæхицæн бынат нал ардта, цалынмæ мыл мæ дарæс скодтаиккой æмæ йæм рацыдаин, уæдмæ. Æз мæ фыдимæ хæрз æнцонтæй хызтæн денджызы, митæмбæрзт хæхты сæрты, хызтыстæм мигъæврæгъты сæрмæ æмæ уыдтам, къæвдайы царддæттæг цыхцырджытæ донæй куыд æфсæстой, цæст кæуыл не ‘ххæссыд, уыцы тархъæдты. Мах æнæнхъæлæджы февзæрдыстæм кæмдæр планетæйы кæрон кæлæны рухсæй фæлыст паддзахæдты, æмбæлдыстæм куы хæларзæрдæ хæстон-уæйгуытыл, куы дынджыр уасæгыл бадæг даргъбоцъоджын хæрамзæрдæ дæлæмæдзыдтыл. Æнæсæрфат цоппай кодтам тæссаг лабиринтты уымæл балкъæтты хæзна агурæг, æмæ-иу исты куы ссардтам, уæд ма-иу нæ къæхты фæрцы тыххæй раирвæзтыстæм æгъатыр фæдылдзутæй.

Дуне-иу мæ алфамбылайы райгас æрмæстдæр мæ фыды радзырдтæй, æмæ-иу æндæр цæйдæрты та аныгъуылдтæн æнахуыр зондхæццæгæнæг уаваеры, æмæ удæвдæрзæг æрхæндæджы æнхъæлмæ кастæн, ногæй та мæм кæд æрбацæудзæн, уыцы бонмæ.

Мæ мысынад лыстæггай нæ ахсы уыцы фæстаг изæры æрцæугæ хабæрттæ – кæнæ азты бирæнымæцæй лæмæгъ ныцци æмæ сæрæй фæиппæрд, кæннод та йæ нæ фæнды, æнæ уымæй дæр мæ чи æвдæрзы, уыцы дудгæбоны рыст схъауын. Мысынад æфсæрмгæнгæ йе ‘ргом иннæрдæм аздахы, цыма мæ фæрстытæм нымдæй йе уæхсчытæ кæрæдзимæ фелхъивы, ома уыдæттæ раджы уыдысты, уæдæй цас рæстæг рацыд, алцы не ‘рлæудзæн дæ зæрдыл, стæй æз æмæ ды уæд нырма æгæр æвзонг уыдыстæм. Стæй дæ мад æмæ дæ дыккаг фыд ам ницы азымджын сты, ды сæ бæрæг кæныс, уыдон дæ уарзынц – цы ма хъæуы æндæр адæймаджы? Æмæ дæхицæй фæсур уыцы рыст – йемæ хъæбысхъæбыс кæй бадтæ, уый тыххæй? – уадз йæ царды кой кæнæд хъæды

арфы йæхи фæндиаг, зымæгмæ æхсæртæ æмæ гагадыргътæ æмбырд кæнгæйæ. Æмæ мауал цу уыцы хæлæддзæгтæм – цы дзы федтай?

Мысæнуатимæ уæззау æмæ æнæзæрдæхцон ныхасæй цадæггай цæсты раз сысты, уæд кæм цардыстæм, уыцы хæдзар, стыр пролетарон фыссæджы номыл уынджы. Тротуары фæйнæфарс ногæй ныссагъдæуыд бæлæстæ, судзынц рухсытæ, æгæрыстæмæй быронкалæнтæ дæр сæвæрдтой фæхсбандæтты фарсмæ, æмæ æнусмæ талынджы анигъуылæг горæты сæрмæ цыбыр рæстæгмæ сзындысты мæй æмæ стъалытæ.

Æз уынын, мæ фыды æндæрг нæ кулдуæрттæм куыд æввахс кæны. Мæнæ гъе, бæрзонд æмæ къæсхуыр, иудадзыг ын сабыр, æгæрыстæмæй иппæрд цæстæнгас, æрбацæуы дæвдæгæвæрд дурастæрдыл дуары цурмæ æмæ ныххæцыд дзæнгæрæгыл. Уым та, уыцы стыр хæдзары, дæн æз, мæ хъандзалджын хъазæнты иууылдæр сифтындзгæйæ, цæмæй сæ, æнæуынон мын чи у, уыцы зæронд усы фыдæнæн хатæны иууыл иумæ скусын кæнон. Фæлæ мæнмæ хъуысы æхцон хъæлæс: «Бахатыр мын кæнут, æмбарын æй, рæстæгыл кæй не ‘рбацыдтæн, фæлæ райсом цæугæ кæнын, хъæуы мæ мæ фыртæн цыдæр ахсджиаг ныхас зæгъын, иу сахаты бæрц атезгъо кæндзыстæм æмæ æрбаздæхдзыстæм». Мæ мад ын мæстыйæ дзуры, ныр æнафон кæй у, стæй мæ нырма æндæрæбон кæй федта. Уый та йын йæ рæвдаугæ аив хъæлæсæй: «Тынг мæ фæнды йæ фенын, ды йæ хорз куы ‘мбарыс, мæнæн уый йеддæмæ ацы дунейыл кæй ничи ис». Æз æм расæррæтт кодтон хатæнæй, æмæ уырдыгæй та хъуысы дыууæрдæмкæнæг хъазæн машинæты иугъæдон хъыррыст æмæ ниугæ уынæр. Мæ мад дыууæ къухæй йæ сæрыл ныххæцыд: «О Хуыцау, тагъд сæрра уыдзынæн!» – æмæ фæлидзы мæ хатæнмæ. Мах æм не ‘нхъæлмæ кæсæм, къурткæ æмæ худ райстам дарæсауындзæнæй æмæ сабыргай ахызтыстæм уынгмæ.

Афтæ нæм кæсы, цыма ацы дунейыл ничи ис мах йеддæмæ. Мах цæуæм, дынджыртæ æмæ амонджынтæ, нæ сæртæ стъалытыл ныдзæвынц, фæззыгон дзæгъæлхæтæг дымгæйы нæ дзыппытæм сурæм, æмæ нæ уырны, уырдыгæй йын раирвæзæн кæй нал ис. Тротуараей куы ахызтыстæм, уæд нæ къæхтæ арæхстгайдæр исын райдыдтам, цæмæй ма хъыгдарæм, сæхи фынæй кæнынмæ чи цæттæ кæны, уыцы къаннæг адæймæгты æнцойад, нæ дзабырты бынтæй хæрз æнцонæй мурзгъæлæн кæнæм хæхты, денджызтæ æмæ фурдты бынтондæр

ницæмæ дараем, æмæ ам та – оххай-гъе, мæ лæппу, уый дыууæ гигантæй цы бакуыстам?! – аскъуыдтам электрон рухсы телтæ, афæлдæхтам телцæджындзтæ. Кæрæдзийы къухтыл ныххæцгæйæ, лидзæм, фæсте нæ сурынц æддæбæстаг хъæддаг адæмы хъæстæ фаттæ, залиаг кæлмыты артуадзæг цæхæрулæфт, сæ фынæйæ райхъалуæвæг æвирхъау цæрæгойты удмарæг ниуд. Æмæ уым, дуне кæм фæуд кæны, уыцы ран фæзылдыстæм цавæрдæр рухсдзыд фæзилæны æмæ февзæрдыстæм, мæ фыд мæ раздæр кæдæм никуы бакодта, ахæм алæмæты быдыры. Нæræзты цæуынц æнусон фæндаггонты фæздæгхуыз æндæргтæ. «Уыныс, мæ лæппу: мæнæ дын Дон Кихот æмæ Санчо Панса, уæртæ уый та Гамлет, æз дæ нырма йемæ базонгæ кæндзынæн. Уæртæ дын уый та Одиссей, æнхъæл дæн, базыдтай йæ, бирæ цыдæртæ дын дзы фæдзырдтон».

Фæлладæй æрбадтыстæм дуртыл, мæ фыд йæ къухтæ йæ дзыппыты фæцавта: «Уый дын гъе, куыд мæ ферох, апельсинтæ дын рахастон, æмæ мæ ферох. Цыппар йеддæмæ не сты, фæлæ-ма сæм ракæс, куыд ставд сты. Кæс-ма, хъæбул: мæйы рухсмæ афтæ зынынц, цыма сыгъзæринæй сты, айс, бахæр». Æз нæ разы кæнын – ис нæм, ацы тæккæ мæ нæ хъæуы. Уый мæм кæсы зæрдæсастæй: «Хорз, хæдзармæ куы цæуай, уæд дын сæ ратдзынæн». Дзæвгар рæстæджы дæргъы бадт æнæдзургæйæ, стæй уæддæр йæхи нæ баурæдта: «Кæсыс, ды дæр райдыдтай афтæ дзурын «нæхимæ». Куыд зын у, хъæбул, уыцы ныхас хъусын. Куыд тынг мæ фæндыд æппæт дæр ногæй райдайын. Махæн ма хъуамæ чызг дæр уыдаид, дæуæн хо, рухсмæ фæзынын ын куы бантыстаид, уæд нæ царды алцы дæр æндæрхуызон уыдаид, фæлæ дæ мады нæ бафæндыд, уый йæ… нæ йæ хъуыд». Æз ын мæ фæлвых зондæй цингæнгæ аппæлыдтæн, хо мын кæй уыдзæн, уый – гыцци загъта. Уый йæ сæрыл дыууæ къухæй ныххæцыд, афтæмæй бадгæйæ баззад цасдæр рæстæг.

Талынг быдыры мæм йæ цæсгом нæ зынд. Æз дæр ницы дзурын, кæсын, æхсæвы тарæй чи рахизы, уыцы цæстылуайгæ æндæргтæм. Уæртæ рацæуы зæронд лæг, йæ сæр бынмæ æруагъта, афтæмæй, йæ фæдыл хилæгау кæны хъазæнхъул, сæ дыууæ дæр цæмæйдæр фæллад æмæ фыдæфхæрд. Сæ фæдыл цæуы адæмы бардз, разæй цæуджытæй иуæн йæ сæрыл цыдæр æнахуыр æрттывд кæны. Фæзынд æнæмæт нæлгоймаг хæрæгыл бадгæйæ, йæ сæр сарыхъы тыхт… Мæ фыд мæм

йе ‘ргом раздæхта: «О, кæсгæ ма кæныс, уыдоныл нырма бирæ хæттыты сæмбæлдзынæ дæ царды дæргъы». Уый йæхи цæттæ кæны мемæ, ахсджиагыл кæй нымайы, ахæм ныхасмæ: «Зоныс, æз хъуамæ райсом ацæуон, коммерсант суæвынмæ æрхъавыдтæн. Зоныс, æхца бакусын хъæуы, æниу уый – базар кæнын – мæ хъуыддаг нæу, бынтондæр ын ницы æмбарын. Ацæудзынæн, куыд фæзæгъынц, фæсденджызон бæстæтæм, æрхæсдзынæн дын, ам уынгæ дæр кæй никуы фæкодтой, ахæм лæвæрттæ. Æз алцы дæр дæу тыххæй аразын. Дæуæн алцы дæр хъуамæ уа мæнæй, æз дæ фыд дæн, æмбарыс æй? Ме ‘хцатæ уыдзысты сыгъдæг, уыдон дæ стæй схъарм кæндзысты. Æмæ зоныс, дæ дыккаг фыдмæ та цавæр æхца ис? Ох, ды йæ куы зонис, уыдон цавæр æхцатæ сты. Фæлæ дæ мадæн уæлдай нæу, уымæн, æмбарыс æй, уæлдай нæу. Ды йæ зоныс, куы дæм æрбацæуын, уæд алы хатт дæр дæ мад цæмæн сызнæт вæййы? Æз – уый йæ азым у нæ бинонты раз, иудадзыг ын йæ тæригъæдтæ зæрдыл чи лæууын кæны. Афтæ у, хъомыл адæмæн вæййы ахæм азымтæ… Цытæ дын дзурын, цытæ кæнын уый?! Мæ зонд бынтондæр куы фæцыд. Нæ мæ хъуыдис дæуæн æппæт уыдæттæ дзурын. Стæй ды нырма æмбаргæ дæр ницы бакæндзынæ. Уый афтæ – мæхæдæг мæхиимæ. Хатыр. Дæ мад та нын тынг рæсугъд у, уымæ хъуамæ уа бирæ æхца, хъуамæ цæуа аив фæлыстæй, цæра царды дзæбæхæй. Тынг рæсугъд у, уыцы гуылмыз ыл æнæхъуаджы нæ сæрра, æгæрыстæмæй ууыл дæр нæ ахъуыды кодта, бинонты цард кæй халы. Фæлæ ницы кæны, хъæбул, æз æмæ ды алкæуыл дæр фæуæлахиз уыдзыстæм. Æрмæст ды мемæ у, æмæ æз æппæт зынты сæрты дæр ахиздзынæн, æз фæсте ницæмæй фæлæудзынæн, мæнæн дæу йеддæмæ ничи ис. Æмæ æз тагъд æрыздæхдзынæн фæстæмæ».

Сындæггай цæуæм хæдзармæ, нæ нæ фæнды кæрæдзийæ фæхицæн уæвын. Уазал уыд уыцы фæззыгон æхсæв, æмæ мын мæ фыд мæ къухтæ хъарм кодта йæ тæвд æрмтты ‘хсæн. Нæ къахдзæфты уынæр дзæбæх хъуыст, змæлæг кæм нæ уыд, уыцы уынгты. Æз æм мæхи æнгом нылхъывтон, нæ мæ фæнды, ауадзон æй. Æз рæстæг уыйбæрц нæма хатын, нæ йæ ‘мбарын, цас дæргъвæтин уыдзæн, ам куынæ уа, уыцы рæстæг, æмæ тæрсын, бирæ куы уа, уымæй. Мæ фыд æнæдзургæйæ кæдæмдæр хæрдмæ кæсы, стъалытæм, æз та йæм мæхи æнгомæй-æнгомдæр æлхъивын æмæ мæ къухæй æнкъарын, йæ къурткæйы дзыппытæ кæй уæзæй æривæзтысты, уыцы апельсинтæ.

Хæдзары цур нæм æнхъæлмæ кастысты мæ дыккаг фыд æмæ йæ шофыр. Мæ дыккаг фыд лæууыд кулдуары цур æмæ, цас йæ бон уыд, уыйбæрц мæм рæвдаугæ дзырдта: «Тагъддæр хæдзармæ уайгæ, дæ мад йæхицæн бынат нал ары, сымах та уæ зæрдæйы дзæбæхæн тезгъо кæнут æмбисæхсæв». Уый фæлвæрдта мæн мидæмæ бакæныныл, фæлæ æз ныффæрск дæн, уымæн æмæ федтон, шофыр, уыцы æнæхсæст гуымиры мæ фыдмæ кæй бацыд æмæ йæ иуварс кæй акодта. Æз нæ хъуыды кодтон, мæ фыдæн истæмæй тас у, ууыл – уый, мацы рæвдаугæ ныхæстæ мын загътаид, афтæмæй никуы ацыд мæ цурæй. Æмæ æз æнхъæлмæ кастæн ахæм ныхæстæ фехъусынмæ, уæлдайдæр ныр, иугæр цæугæ кæны, уæд. Шофыр æнæуаг лæуд скодта мæ фыды раз: «Цæй, æнæхъуаджы цæмæн хъыгдарыс адæмы, мæгуыр сылгоймаджы алы хатт йæ нуæрттæ халынмæ цæмæн æркæныс, рахицæн дын кодтой бонтæ æмæ сахæттæ, уæд цу уыцы рæстæгмæ гæсгæ». Мæ фыд ракаст йæ иувæрсты: «Лæппутæ, бауадзут мæ, куыд æмбæлы, афтæ мæ фыртæн хæрзæхсæв зæгъын, стæй аныхас кæнæм, уый ницæмæн хъæуы æппæт уыдæттæ хъусын». Æмæ уæд ахъавыд йæ фæрсты ахизын æмæ мæнмæ рацæуын. Æмæ, фæрсæрдæм иу къахдзæф акæнгæйæ, – уыцы къæдзæхыйас лæджы фæрсты ахизын афтæ æнцон нæ уыд – ме ‘рдæм кæсгæйæ йæ цæсгомыл ахъазыд мидбылхудт. Йæхи мæм раивæзта: «Рауай ардæм, мæ лæппу». Фæлæ йын уыцы гуымиры, йæ цонг радаргъ кæнгæйæ, йæ фæндаг ахгæдта: «Хорз лæг, ды не ‘мбарыс, цы дын дзурынц, уый?» Мæ фыды мын уыцы иу риуыгъдæй фæстæмæ (куыд ын загътой, афтæ кодта) афтæ тынг асхуыста, – къæдзæхыйас лæг йæ хъаруйыл нæ бацауæрста – æмæ мæ фыд, йæ къахыл ын фæкæлгæйæ, ахауд. Æмæ уыцы уыцы уыцы æз ауыдтон, йæ дзыппытæй апельсинтæ куыд схаудысты æмæ тротуарыл куыд атылдысты. Æз æм хъуамæ базгъордтаин, фæлæ мын мæ дыккаг фыд мæ бæрзæйыл фæхæцыд æмæ мæ, мæ цæссыджы хуыдуг кæнгæйæ, ласæгау акодта хæдзармæ…

Ныр афтид чи у, уыцы хæдзары къуымты иунæгæй зилын æндæргау. Уæртæ ма: хъандзалифтыгъд тæфдзу йæ рельсытæй фæиппæрд æмæ хидæй цæугæдонмæ атахт. Автокраны фат баныхст цыппаркъуымонтæй арæзт хæдзæртты æмæ сæ ныппырх кодта. Маймулитæ æмæ æхсæрджытæ æндзыгæй баззадысты, йæ хъандзалифтыгъд сæ кæмæн кæм æрлæууыд, ахæм æнæхъола позæты. Сæ уæлæ – дæсгай азты ныббадæг рыг, кæддæр мæнмæ удæгасхуызæй кæмæй кастысты,

уыцы авгын цæстытæ мæрдон хуыз райстой, сæ хъандзалифтындзæнтæ афтæ нызгæ сты, æмæ сын сифтындзæн нал ис.

Стæмхатт ардæм дымгæ æрбафсæры удæгас уд агурæг, къултыл фæхойы хъæдын рудзынгæмбæрзæнты, цæмæдæр гæсгæ фæрафæлдах-бафæлдах кæны пъолыл калд чингуыты сыфтæ, фæлæ дзы йæхицæн цымыдисагæй куы ницы ссары, уæд уайтагъд йæхи айсы. Хаттæй-хатт искæцы хатæнæй райхъуысы мæ мады кæуын. Æз æй ссарын æмæ йæ разы æрбадын: «Гыцци, зæгъ-ма мын, цы ‘рцыдис мæ фыдыл, ардыгæй куы ацыд, уæд?» Уый мæ ныссадзы йæ цæссыгæй арыд цæстытæ: «Ныууадз, ныууадз мæ мæ мæгуырыл, æгъатыр фырт, ау, тынг дæ фæнды мæн кæронмæ амарын?!» Чысыл ма абады, стæй йæ афтид буар æхсæвы мæрдон фæлмы аныгъуылы.

Æмæ та уыцы æгомыг дунейы мæ рыстимæ иунæгæй баззайын. Мах бирæ фæбадæм æнæдзургæйæ, стæй уый дæр сысты, афтæ æнкъард худт бакæны æмæ æнæ уынæрæй ацæуы йæ хъæды арфмæ. Уый йæ зоны, æз ыл кæй никуыуал суæлæхох уыдзынæн.

Мæ фыд та? Куыд хъуамæ уыдаид, афтæ – уый фæстæ райсом йе ‘мбалимæ иу стыр машинæ байдзаг кодтой æхсызгонæй агургæ товарæй æмæ ацыдысты, махæй дард чи уыд, ахæм горæтмæ. Дыууæ къуырийы фæстæ сын сæ машинæ ссардтой æнæзонгæ горæтмæ хæстæг хъæды уадздзаджы, æбæрæг адæймæгтæ йын йæ фæллой равдæлон кодтой æмæ йæ басыгътой. Уымæй уæлдай мæ фыд æмæ йе ‘мбалы тыххæй ничиуал ницы фехъуыста. Дзурынц, зæгъгæ, уæды заман ахæм цаутæ тынг арæх уыдысты, æмæ уыцы бæстæм æнæхонгæйæ æрцæуæг дыууæ коммерсанты мæлæт æрмæстдæр нысангонд æрцыд, чи нæ раргом, ахæм фыдракæнды тыххæй бынæттон фæдагуræн хайады хыгъды.

Æмæ мæ ныр, уыйбæрц азты фæстæ дæр, мæ фыдыл хъуыды кæнгæйæ, æвдæрзы иу хъуыды: ау, йæ цардæй мæ фылдæр чи уарзта æмæ амонды цин æрмæстдæр мæнæй чи ‘нкъардта, уыцы адæймаг фæмард æнæнхъæлæджы фæзынгæ лæгмарты къухæй æмæ æнцойад кæны, кæмдæр фæсвæд ран провинциалон хъæды къохы митхъæпæны бын талф-тулфæй кæй скъахтæуыд, ахæм уæрмы. Æмæ мæнæн, йæ иунæг тугстæгæн, мæ бон нал у исты фæивын, исты сраст кæнын, йæ маст ын искæмæй райсын. Мæ цæстыты раз æнæфæивгæйæ сысты, куыд ахауд, уыцы æнæхъола ныв: йæ цæнгтæ æдыхæй куыд æрхаудтой,

йæ фырт æй ахæм уагæй кæй федта, уымæй банкъаргæ къæмдзæстыг ын уысмы бæрц йæ цæсгомыл куыд ацахстон, йæ къурткæйы тæртты æхгæнæн æмæ, мæнæн кæй æрбахаста, уыцы цыппар апельсины фæйнæрдæм куыд атахстысты. Æмæ мæ фыдæн, рæстæг кæмæн ницыхъом у, мæ уды æндæр искæмæ чи никуы уыд, уыцы æнæссæугæ, æнæсивгæ æнахуыр тæригъæд...

Мæ фыдæй мын чи баззад, уыцы дунейæн цадæггай йæ хуыз ссыд æмæ ныппырх. Æз нал зонын, Дун-дунейы кæрон, æнусон гуымирытимæ алæмæты быдырмæ фæзилæн цы ран ис, уый. Æнæ мæ фыд мæ бон нæу, æнæхъæн дунейыл диссæгтæ агурæг чи зилы, мæхи ахæм гигантæй уынын. Æмæ мæ зæрдыл нал лæууынц, мæ сабибонты афтид уынгты мын чи бацæрдхуыз кæна, ахæм фæдзæхсты ныхæстæ.

Базары цур фæзуатæй цæугæцард кæнæг хъæлдзæг артисттæ сæхи айстой æндæр бæстætæм. Цигайнаг табор, йæ мур-згъæл бамбырд кæнгæйæ, стъалытыл цæуæгау сфардæг талынг арвы къуырфы. Мæ сабибонты æмбæлттæ та, сæ хъазæнтæ змисы ныууадзгæйæ, фæлыгъдысты фæйнæрдæм.

Æнусмæ ам æрбынæттон уыцы фæззыгон уазал æхсæв – мæ фыдимæ нæ фæстаг фембæлды куыд уыд. Æнахуыр фыдуаг дымгæ уынгты мæрзæгау кæны афишæты скъуыдтæ, сæлдæджы къæттаг цъæрттæ, парады фæстæ чи баззад, уыцы тырысатæ æмæ дымст шарты бызгъуыртæ. Æхсæвыгон та фехъуысы, кæуæгау куыд фæниуы тæдзынджыты донцæуæн хæтæлты.

Ацы дуне сафтид, æмæ ам ничиуал цæры. Фæлæ алы хатт дæр, мæ фыдыл куы фæхъуыды кæнын, уæд, ме ‘нгæс тынг чи у, ахæм чидæр нæ хæдзары цур, йæ уæрджытыл лæугæйæ, зæххæй фæуидзы мæйы рухсæй ахуырст сыгъзæрин апельсинтæ.

Уырыссаг æвзагæй ГÆБÆРАТЫ Юрийы тæлмац



Танзиля ЗУМАКУЛОВА

1934

Балхъайраг поэт. Кæсæг-Балхъары æмæ Хъæрæсе-Черкесийы адæмон поэт.

Райгуырд Кæсæг-Балхъары горæт Тырныаузы.

Каст фæцис Максим Горькийы номыл Литературон институты курсытæ. Фыссы балхъайраг æвзагыл. У Эминейы номыл Чувашты национ премийы, Сергей Михалковы номыл литературон премийы лауреат, Сфæлдыстады дунеон академийы академик. Йе 'мдзæвгæты æмбырдгонд «Сокровенность»-ы тыххæй 1977 азы хорзæхджынгонд æрцыд Максим Горькийы номыл паддзахадон премийæ. Владимир Путины уынаффæйæ хорзæхджынгонд æрцыд орден «За заслуги в культуре и искусстве»-йæ. Йе сфæлдыстады ирдæй æвдыст æрцыд йæ адæмы истори, рис, ныфс æмæ хъысмæт, йе стыр уарзондзинад цардмæ.

Танзиляйыл цыд 10 азы, йæ бинонтæ Астæуккаг Азимæ хаст куы æрцыдысты, уæд. Йæ фыццаг æмдзæвгæтæ рухс федтой 1954 азы Киргизийы. Мыхуыры йын рацыд 30 поэтикон æмбырдгондæй фылдæр.

Цæры Налцыччы.

Танзиля ЗУМАКУЛОВА

ДЫУУÆ ÆВЗАДЖЫ

Мæхи æвзаг – æнæбаивгæ, уый мын
Куыд зынаргъ у. Цы нæ дзы и æмбæхст:
Нæ зæхх, нæ арв, нæ фæззæг æмæ зымæг.
Мæхи ‘взагыл мын сулæфт дæр – æмбæрст.

Мæхи æвзаг, уым ивгъуыды хъæлæстæ,
Уым талас хъару рæзгæйæ хъуыстон.
Æнæ чиныг йæ адджындæр ныхæстæ –
Фыццаг «гыцци», стæй «уарзын дæ» – дзырдтон.

Мæхи ‘взагыл – сæ сыбар-сыбур зазтæн,
Йæ уынæр донæн, сыфтæры сыр-сыр.
Куыд-иу ныхъхъуыстон авдæны æз зардмæ,
Мæнмæ ныхъхъусынц дур æмæ быдыр.

Фыдæлтæ нын куы ныууагътой дæу исæн.
Дæу бахъахъхъæнын махæн у нæ хæс.
Фыдæлты ‘взаг! Дæуæй мын нæй фæхицæн,
Ды дæ мæ цард, дæ фæрцы зарын æз.

Фæрнæй цæрæнт Фыдыбæстæ, нæ адæм.
Цæрдуд ныхас куы нал хъусон бынтон,
Уæд фесæфтæн. Цы аргъ уыдзæн мæ цардæн?
Фæлтау уæд дур кæнæ кæрдæг ысуон.

Фæлæ мын ис уырыссаг æвзаг. Царды
Мæхи ‘взагау мæнæн хæстæг уыдзæн.
Цæугæдæттау дыууæ ‘взаджы сæ уады
Мæ зæрдæйы ысиу вæййынц мæнæн.

Æнæ мæхи ‘взаг гоби дæн цыма,
Æнæ уырыссаг – дунемæ къуырма!

* * *

Лæгæн нæ вæййы иу сахат уæлдай –
Бæгуыдæр зонæм аргъ кæнын рæстæгæн.
Йæ фыр æдыхстæй йе ‘мбалмæ, ай-гъай,
Нæ кæсы ‘нхъæлмæ барæг дæр æфцæгыл.

Куынæ фæразай де стыр уаргъ хæссын,
Уæд дын æй исчи уый тыххæй нæ исы,
Æмæ фæллад нæ фæзоны æппын,
Цыма йæ хъару йе уæнгты нæ сысы.

Æххормагæн йæ хус къæбæрæй хатт
Йæ фыр æфсæстæй адæймаг нæ ратты.
Æмбисæхсæвмæ авдæны цур мад,
Хуыссæг нæ хæцы, уый тыххæй нæ бады.

Кæйдæр лæппу уæрæх денджызы дард
Уылæнты астæу топпыхос ысмуды,
Бæрзонд нысанæн уымæн дæтты цард,
Æмæ цæрын дæр нал фæнды йæ уды?

Хъæуынц нæхи нæ сахæттæ. Уæлдай
Кæд кæмæ вæййы хойраг кæнæ хъомыс?
Ды искæмæн цыдæриддæр дæттай, –
Дæхицæй йæ æнæмæнгæй фæтоныс.

Лæгæн у иу цард а зæххыл нывгонд,
Йæ даргъæй дæр дзы бафсæдын нæ зонæм,
Уæддæр æдзух нæ сæр кæнæм нывонд,
Цæмæй нæхи мах адæймæгтæ хонæм.

НЫХАС ХАЙАМИМÆ

Цыфæнды бахæр? Нæ, фæлтау сыдæй мæлдзынæн.
Дзæгъæл дзырд кæн? Фæлтау бынтон æмыр уыдзынæн.

Мæ даргъ фæндагыл цауд æмбæлццонæн фæбыхсон?
Фæлтау мæ иунæгæй æрæййафæд зæры бон.

Дымгæйы цæфтæн царды ныффæрæзтон æгæр дæр,
Цæйнæфæлтау æнцойæн æз равзарон кæйфæнды.

Хайам, дæ рæнхъытæм мæ уарзонад – зæрдæбын,
Поэзийы дæр афтæ: æз алцыппæт нæ кæсын.

Фæнды мæ демæ бануазын, Хайам! Нæ разы –
Уæздан сæн. Зонын æз, цыфæнды ды нæ нуазыс!

Зынаргъдæр, уарзондæр мæнæн цы у, æргом ын
Æз кувын абон демæ, уый «Поэзи» хонын.

Дæуæн дæр нуазын, о Хайам!.. Ныббар, кæй уæндын,
Ныббар, мæхи мæ демæ абарын кæй фæнды.

Дæуимæ, о Хайам, дæуимæ!.. Базыдтон æвзарын:
Мæхи дæр æз, кæс-ма, кæуылфæнды нæ барын!

Уырыссаг æвзагæй БЕТЕТЫ Фатимæйы тæлмац



Асламбек ТУГУЗОВ

1969

Цæцæйнаг поэт, прозаик, тæлмацгæнæг. Цæцæны Республикæйы адæмон фыссæг. Уæрæсейы Фысджыты цæдисы æмæ Кавказы Фысджыты клубы уæнг.

Райгуырд хъæу Закан-Юрты. Уым каст фæци скъола. Æмдзæвгæтæ фыссын райдыдта сабибонты. Йæ фыццаг чиныг «Ночные песни» мыхуыры рацыд 2019 азы. Фæстæдæр фæзындысты йæ иннæ чингуытæ дæр: «Пленник пламенных звезд», «Стихотворения», поэмæтæ «Шейх Мансур», «Алибек-Хаджи», «Кунта-Хаджи». Æрæджы чингуыты тæрхæгыл фæзынд йæ ног поэмæ «Тазит, или Ночные диалоги с Пушкиным».

Уырыссаг æвзагмæ ратæлмац кодта цæцæйнаг литературæйы фысджыты æмæ Къостайы уацмыстæ. Йæ поэмæтæ тæлмацгонд сты ирон, кæсгон, балхъайраг æмæ цæцæйнаг æвзæгтæм. Йæ уацмыстæ мыхуыры цæуынц Уæрæсейы хуыздæр литературон журналты.

У литературон конкурс «Щит и перо»-йы лауреат, журнал «День и ночь»-ы конкурсы уæлахиздзау «Поэзи»-йы хайады. Хорзæхджынгонд у «Серебряное перо»-йы нысанæй. Асламбек Цæцæны Фысджыты цæдисы разамынд дæтты поэзийы секцийæн.

Цæры Грознайы.

Асламбек ТУГУЗОВ

* * *

Кæм райдайы Райгуырæн бæстæ?
Мæнæн та йæ райдиан – афтид,
Самандурæй амад йæ фæрстæ –
Нæ хæдзар – бæлвырддæр зæгъид…

Хъызт зымæджы, уазал æхсæвы
Кæугæйæ куы ссардтон бынат.
Фæстæдæр уый Райгуырæн схуыдтон,
Тыгъд быдыр – цæрыны бынат.

Кæд райдайы уыцы бæллæхæй,
Хæхбæсты нæ мæсыг куы хæлд,
Ныр дæр ма изæрмилты ‘гъдауæй
Æрбазилы судзаггаг зæлд.

Ам дуртæ кæрæдзийыл фидар
Æндадзын, æндадзын рыстæй,
Кæд уырдыгæй разыны фидæн
Нæ бæллæхыл кæугæ тыхстæй.

Кæм райдайы Райгуырæн бæстæ?
Йæ райдиан, йæ кæрон кæм ис?
Мæ фыды уаз ингæн йæ фæстæ
Хæрззылдæй куы кæны фæдис…

Йæ фарсмæ зæрдылдарæн тохæй
Цы хæлддзæгтæ баззади уым,
Ам нæмгуыты æхситт, фыдохæй
Хъысмæтыл ныддæлгом æрхуым...

Кæд, чи зоны, райдайы уымæй,
Мæ фыццаг къахайсты бæллæх
Куы фехъуыста нæмгуыты згъæлдæй,
Куыд бырста мæ цардмæ бæллæх.

Кæм цардвæндаг сæрсæфтмæ схойы,
Уæларвфæздæг бамбæхсы мæй,
Уым зæрдæ фыр цинæй ныххойы,
Æмæ йын нæй уромæн, нæй.

* * *

Атæхдзысты зырнæджытæ, ног арвы цъæх халдзæн сæ хал.
Тæхдзысты зырнæджытæ сабыр æнæкæрон дардмæ.
Æрхаста мын фæззæг сыгъдæг æмæ рухс ныфсы фарн,
Фæзынд та мæм ног ныфс, сыгъдæг бæллиц цардмæ.

Бацæуын дыргъдонмæ. Æхсынцъы судзгæ æрхуыйау калы цæхæр,
Уæдæ æгæрон у цард, стæй мæлæт дæр у иудадзыг раст.
Тагъд фезмæлдзæн фæндыры æрдын, æрзилдзæни кафгæ уæрæх,
Хураефсæст сыфтæр дæр зилгæ мæ сæрмæ сараздзæн хъазт.

Мæ тохвæллад бæстæйы сæрмæ цъæх арвыл фæд уадзгæ
Æвзист дыууæ халау сæ нысанмæ тындзгæ тæхынц ‘мæ тæхынц.
Дыргъдоны дарддæр цæуын. Мырткæйы тугхуыз нуазгæ,
Уæртæ фæткъуыты уæзæй къалиутæ цыма сæттынц.

Ницы мæ хъæуы, æрмæстдæр арвы ныгуылгæ рухс,
Дæу æмæ ме ‘хсæн æнкъарæн æхсидгæ куыд кæна уæлдæр,
Уды ахæрæнтæ, ног ныфсы цæхæр, уæлтæмæн куыд цæрой æнус,
Рухс, фылдæр рухс куыд цæуа, æфсымæр, ныфсы рухс фылдæр.

* * *

Æз æвæлмон дæн, ацæугæ бонæн йæ фæстæ
Нал фæлгæсын, зæрæхсиды тынтæ мын фесты нымад.
Дæ иузæрдионæй, мæ амонд, фæцардтæн æдæрсгæ,
Хъæбысдзаг дын ‘ртыдтон – нæ кæрты цы сирен æрзад...

Цард бонгай фæвæййы, цырен артæй сихсийы зæрдæ,
Азтæ бирæгъты къордтæ ‘мæ балтæй æнæвгъау бырсынц.
Зонын, нæ уарзтай мæ кары зæрондхуыз æвзартæ,
Мæ ивгъуыды бонтæ мæ удыл сындзытау тыхсынц

Ногдыгъд æхсыræн йæ урсы боны рухс цъæх æртайы,
Ауудетты рухсæй та райхъуысы мæргътæн сæ зард.

Хатыр мын уæд, сирень! Зæрдæ дæ хæрздæфæй райы,
Ницавæр сиренæй барæсугъд афтæ мæ цард.

* * *

Ацæуы? Нæ, нæ ацæуы ницы,
Ницы нæ ацæудзæн никæд.
Рудзгуыты бынмæ йæхицæн
Зары, ныххуды, у хивæнд…

Хатгай фыр тыхстæй ныккæрзы,
Тар æхсæв йемæ хъæрзы.
Урс-урсид базырты ‘ндзæвдæй
Сау зæххы уæлцъар мæрзы.

Мæнæ фæтæген цырагъмæ æрттивы,
Урс гæххæттæй мæм бырсы,
Ивгъуыды сагъæстæ ссивы
Æмæ мæ сæ растæй фæрсы.

Уыцы артхуыз æгъуысгæ фыдтарæй
Ивгъуыды стыр хъаст бырсы,
Диссæгты дзуринаг цардæй
Уды сыгъдæг ран фыссы.

Саби кæрдзыны муримæ
Йæ хæдзары дуармæ лæууы.
Арвы фæтæн цъæх мæнимæ
Ног æнусау хуыздæрмæ бæллы.

Ацæуы? Нæ, нæ ацæуы ницы,
Ницы нæ ацæудзæн никæд.
Мад йæ къæсæрæй хъавгæ æрхизы
Дзуры хъæбулмæ – хивæнд у, хивæнд…

Худтæй хуыдуггæнгæ згъоры йæ мадмæ,
Хъавы цыдæр зæгъын ацы фыдцардæн.
Æмæ сæфгæ дунейæн йæ сæрмæ
Айзæлд ныццарауы фидæны радæн.

Уырыссаг æвзагæй КАСАТЫ Батрадзы тæлмац

ЦÆЦÆЙНАГ ÆМБИСÆНДТÆ

- ✓ Хъæздыгдзинадæй зонд нæ балхæндзынæ.
- ✓ Æнæдыргъ бæласыл лæдзджытæ ничи æхсы.
- ✓ Фæндагыл лæдзæг дæр æмбалау у.
- ✓ Бæрзонд тæрсæн иудадзыг дæр дымгæ кæны, сæрæнгуырдæн æдзух уайдзæфтæ кæнынц.
- ✓ Цæст тæппуд у, къух – уæндон.
- ✓ Дыууæ хатты цы загъдæуыд, уый ма суанг куыройы дæр фехъуыстой.
- ✓ Байрæджыгæнæгæн йæ хай гæды бахордта.
- ✓ Нымад лæг æнæ хæлæрттæ нæ вæййы.
- ✓ Хъуг куы адавдæуа, уæд ма хъомдоны дуар фидар æхгæнын худæг у.
- ✓ Дардæй хуыйысæры цагъд хъусын уæлдай æхсызгон у.
- ✓ Фырæфсæсты нæ уырнадта, искуы ма сæххормаг уыдзæн, уый; сыдæймæлæджы та уый нæ уырныдта, æмæ ма искæд йæ фаг бахæрдзæн.
- ✓ Йæ хæрз æфсымæрæй дæр сусæг чи ницы кæны, уый лæг нæу.
- ✓ Кæд исты зæгъинаг дæ, уæд уал раздæр фæстæмæ акæс.
- ✓ Мæлæты тасæй мыст дæр ма фæхæцинаг у.
- ✓ Сындз цыргъæй зайы.
- ✓ Рæсугъд чызг дæрдджын къабайы дæр цæсты рухс у.
- ✓ Æнæ хонæгæй куывды сæмбæлæг хус гуыбынæй раздæхт.
- ✓ Хистæры коммæ чи нæ бакаст, уый арф дзыхъхъы ныххауд.
- ✓ Уазæг кæдæм нæ цæуы, уырдæм æмгæрон дæр нæ цæуы фарн.
- ✓ Магуса йæхи дæргъвæтин рæстæг æхсы æмæ æхсы.
- ✓ Фæлтау уæрцц дæ къухы фæззæджы саджы бæсты.
- ✓ Фæлтау хæстæг сыхаг дард хионы бæсты.



Наталья МИХАЛЁВА-САЙА

1964

Якутаг поэт, прозаик, публицист æмæ тæлмацгæнæг. Уæрæсейы Журналисттæ цæдисы уæнг, Республикæ Сахайы (Якути) адæмон фыссæг.

Райгуырд хъæу Тюбяйы. Каст фæцис Хабаровскы Культурæйы паддзахадон институт.

Йе 'мдзæвгæты фыццаг æмбырдгонд «Тыллыы» («Цветение») мыхуыры рацыд 1994 азы.

Джиппы йын рауагъдæуыд къорд чиныджы. У телефильмты автор, цалдæр хатты хорзæхджынгонд æрцыд Республикæйы ахадгæ премитæй.

Кусы телеравдыст «Саха суола»-йы («Сахайы фæндаг») сæйраг редакторæй Национ сæрмагонд компани «Саха»-йы.

Дыууæ улусæн (районæн) у сæ цытджын гражданин.

Наталья МИХАЛЕВА-САЙА

ЛАУЫЗ

Æцæг цау

Циу уыцы хæст, цы, цытæ дзы цæуы æмæ куыдæй, уыдæттæ авдаздзыд лæппу Туллучы саби зонд нæ ахсы. Æмæ йæм уыцы мидуавæр худинаг кæсы, тыхсын æй кæны.

Фæлæ йæ бынтон удаист иу тызмæг лæг фæкæны – раст æй цыма сæ хъæумæ хæст æрбарвыста адæмыл тас æфтауынмæ. Æмæ уый дæр, сæрдар, уæлбæхæй хъæр сисы, чидæриддæр ыл фембæлы, уыдоныл. Цыдæр æнахуыр адæмæй – немыцæй – тæрсын кæны æппæты дæр æмæ сæ алы хæсты бын фæкæны, науæд, дам, махмæ дæр æрбагуылф кæндзысты уыцы немыц бæстыл арт æндзаргæйæ.

Ау, æнæкæрон тайгайыл дæр, уый дæр ын бакомдзæн басудзын?! Æмæ дзы уæд уым, хæстæн йæ тæккæ цæхæры, афонмæ сау æвзалы нæ баисты йæ фыд Дохсун, йæ мадыфсымæр Тирегэ æмæ зындгонд зарæггæнæг Чоргулла…

Туллук уыцы уæззау хъуыдытæй бынтон куы стæрсы, уæд бабæллы, æмæ бындз куы фестид. Æмæ йæ хæсты æгъатыр арт куынæ баййафид, уый дзы арвы кæрæттæм лыгъд куы ратта, уæд… Фæлæуу, фæлæуу, æмæ уæд йæ рынчын мад та? Куыддæр уартæ сæ къуыбырты рагъæй уыцы арты ‘взæгтæ æрбазыной, афтæ мады дзоныгъыл сбадын кæндзæн æмæ уæд æцæг лыгъд ратдзæн тайгайы фалæмæ дæр ма …

Цы тæригъæдгæнаг цæстытæй йæм фæкæсы мад, уый йæ гыццыл хъæбысы дзаг сугтæ куы ‘рбахæссы уынгæй, арт куы скæны сæ нылласт пецы, уæларт æрхуы цайдан куы сæвæры æмæ, дон куы рафыцы, уæд ын сæ рæсугъд дидинджытæфтыд цайцымæн къусы тæвд дон цайы бæсты куы фæдæтты, уæд…

Цалынмæ ма сæм ссад баззад, уæдмæ-иу ын мад амыдта, донхæццæ кас куыд кæнгæ у, уый – æмæ-иу дзы тыхныхъуырдтытæ скодта, стæй та-иу йæ сæр æнæбонæй базыл æрхаудта… Уæддæр-иу Туллукæн чысылтæ фехсызгон: йæ мадæн цыдæр ахъаз фæцис. О, фæлæ ныр сæ рæбыны, мыстытæ цæмæ бахъавой, уый дæр нал ис, уый…

Иуахæмы сæ бабæрæг кодта мады хæлар сылгоймаг, цыдæр мæгуыр хуын сын æрбахаста. Куы цыд, уæд цæссыгдзаг цæстытимæ, лæппуйы пыхцыл сæр лæгъзытæ кæнгæйæ, дзырдта ризгæ хъæлæсыуагæй,

зæгъгæ, мур дæр уæм хæринаджы хъæстæйæ куы ницыуал уа, уæдиу Тохтобулатæм дæхи байс – цады фале куы цæрынц, зондзынæ йæ. Уыдонмæ хæдзардарæг дыууæ хъуджы ис æмæ… æмæ…

Æрхæццæ уыцы æнæбайрайгæ бон дæр, æмæ сæм скомдзаг куы ницыуал баззад. Раст дын сæм тæккæ уыцы тыхст-уырыд сахатыл сæрдар йæ сæрыл сæ дуар куы ‘рбахæссид, йæ хъæртæ йæ разæй куы фæуиккой, афтæмæй:

– А-гъа, ссардта уæлгоммæ хуыссынæн рæстæг! Фронтæн та – мучъи?! Ноджы ма рæхджы зæхх бынтондæр стæфсдзæн æмæ – хортауæнтæ, ай та мын йæхи адаргъ кодта!

Æрæджиау фæкомкоммæ сабимæ:

– А-гъа! Уый та дын суинаг хæстон! Гъы, гъы, æмæ куыд у, Дохсуны байзæддаг, дæ фыд цал немыцаджы барвыста уырдæм?

– Нæ зонын…

– Лæг дæ ныридæгæн – цумайы лæдзæг. Хортауæнты дæм фæсиддзынæн, – æмæ федде, дуар йæ фæстæ ныггуыпп ласгæйæ.

Туллук йæхирдæм фæцис: цæуылнæ йæ зоны, йæ фыд Дохсун цал знаджы барвыста мæрдтæм, уый. Сæрдарæн, исынц дзы фыстæджытæ æви куыд, зæгъгæ, уæд уыдонæй загъта «нæ», фæлæ йæ уый та, æвæццæгæн, афтæ банхъæлдтаид, æмæ Дохсун иу немыцаджы дæр боны рухсæй ænæ хай нæ фæкодта…

Нæй, нæ фæцарæхст сæрдарæн нывыл дзуапп раттынмæ.

…Хæсты райдианмæ бирæ нал хъуыд, афтæмæй сæм уазæгуаты æрбацыд зарæггæнæг Чоргулла. Бадт пецы дзыхмæ, йæ къæхтæ кæрæдзийыл сæвæрдта æмæ уыцы зæрдæбынæй райдыдта зарын рагон хъæбатыры тохы тыххæй. Туллук æмæ сæ сыхаг лæппутæ сæ дзыхтæ ныххæлиу кодтой, афтæ зæрдиагæй хъуыстой бæгъатыр Рухс куыд хæцыд хæйрæджыты паддзахы минæваримæ æмæ йыл куыд фæуæлахиз, уымæ.

Немыц чи сты, уыдон дæр раст хæйрæджыты Паддзахы хæстонтæ уыдзысты, æндæр уæдæ адæмау адæмæй сты – гъемæ Дохсун дæр семæ Рухсау хæсты бацыд æмæ сæ æгъатырæй дæрæн кæны, уæдæ нæ кæндзæн!

Фысгæ та сæм уымæн нæ кæндзæн, æмæ гæххæттыл фыссын хъæуы, гæххæтт та дын хæсты пиллон артæн быхсы – басудзы сау сыгъдæй, æндæр дын Дохсун йæ иунæг бындармæ ænæ фысгæ лæууыд…

– Æццæй, афтæ нæу, æна? Æмæ хæст арт куынæ ‘фтауид алырдæм дæр, уæд-иу мæ фыды гæххæттын фыстæджытæ нæ басудзиккой. Нæ? Раст хъуыды кæнын?

Мад ын цыдæр дзуапп раттыныл афæлтæрæнтæ кодта, фæлæ æрмæст йæ риуы хæр-хæр хъуыст. Æрæджиау дзы райхъуыст:

– Хъуг… ныз… ныззад сæ хъуг… Дыкк… ды…ккаг, – сфæрæзта тыххæй-фыдæй æмæ цыма йæ мидбылты худгæ дæр бакодта.

Туллук æй раст бамбæрста: мад цыдæр æгъдауæй йæ мидзæрдæйы базыдта, Тохтобулты дыккаг хъуг дæр кæй ныззад æмæ йæ уыдонмæ æрвиты, уартæ йын йæ хорз хæлар сылгоймаг куыд фæдзæхста, раст афтæ. Гъемæ йын æнæ фæцæугæ нæй уæдæ.

Йæ къæхтыл саджы цармæй хуыд хъарм бæрзондхъусджын торбасатæ скодта, ноджы скодта йæ фыды кæрц. Æгæр стыр ын уыд, æмæ йыл уæлдæр схæцыд æмæ йæ астæу гæрз бæндæнæй нылвæста. Æрсагъта ма йæ сæрыл якутаг цъупгонд худ æмæ ныр цæттæ уыд зымæгон тæссаг фæндагыл цæуынмæ.

Апрель бæргæ ралæууыд, фæлæ уый митмæ нымады нæ уыд – урс-урсидæй хурмæ æрттывта æмæ йын йæ цæстытæ къахта. Туллук йæ къухаууонæй акаст ихсалд цады фаллаг былгæронмæ. О, иу хæдзары сæрæй дзы фæздæг калд, æнæ ратас-батас хæрдмæ æмраст цыд – хорз боныхъæды нысан.

Лæппу æнцад алæууыд, алырдæмты йæ цæстæнгас ахаста: басæттын ыл хъæуы, цады иувæрсты цæуын ын кæй нæ бантысдзæн, ууыл. Æмæ уæд комкоммæ фæраст нарæг къахвæндагыл – бæрæг дардта, ууылты ма цæуджытæ кæй уыд лæппуйы размæ, уый.

Æмæ йыл цыд æрлæууæрлæугæнгæ чысыл сæрæнгуырд, æнæбары бæлццон. Куы та-иу æрлæууыд йæ фæллад суадзынмæ, уæд-иу æм афтæ фæкаст, цыма йæ былтыл ауад тæвд лабырыкы – тымбыл лауызы – адджын тæф. Æдзынæгдæр ныккаст фаллаг былгæронмæ æмæ фæныфсджындæр: хæлар æрттывдæй æрттывтой Тохтобулты хæдзары рудзгуытæ зымæгон хурмæ. Æмæ йæ бауырныдта, уым ыл кæй бацин кæндзысты, сæ хъарм пецы фарсмæ йæ кæй сбадын кæндзысты, дæхи схъарм кæн, зæгъгæ. Уый уал раздæр, стæй йæ йæ фæзынды нысанæй бафæрсдзысты кæнæ та – нæ: цы йæ бамбарын хъуыд, исты комдзаг курæг сæм кæй фæцыд фалейæ, уый. Сыдæй мæлæг лæппу…

Дыууæ дуцгæ хъуджы сæм куы фæзынд, уæд Тохтобулы бинонтæ бынтон куыд хъуамæ ма бацардхуыз уыдаиккой!

Семæ цæргæйæ, бабинойнаг сæ дард хæстæг, æвирхъау уæнгдыхы хицау, хæстмæ та йæм уый тыххæй нæ фæсидтысты, æмæ сæрæй бынтон рæвдз кæй нæ уыд. Тынг æххуыс сын уыд алы хуызты дæр, уæлдайдæр сын сæ фос кæй аирвæзын кодта, уый тыххæй.

О, фæлæ бинонтæ дæр дзæвгар уыдысты, æмæ сæ йæ гуыбыны тæригъæды бацæуын ай-гъай никæй фæндыд. Уый дын хæдзары хицауы зæронд мад, чындзытæ, сæ хæстдзауты устытæ æд иуæй иннæ къаннæгдæр бирæ цотимæ. Æмæ сæрæн Симиир, Тохтобулы бинойнаг, нæй, зæгъгæ, уæд сæ дуцгæ хъуццытимæ дæр раууатмæ ‘рцыдаиккой – арт кæмæй фæзæгъынц, раст ахæм сылгоймаг.

Уырыссаг пецы уæлхъус архайгæйæ, Симиир сурвых кодта лауызтæ æмæ сæ рæдзæгъд амадта – сæ ас лæгтæ æмæ чындзытæ колхозы куыстытæй нырма рæхджы нæ зындзысты.

Сывæллæттæ даргъ фæйнæгæй бандоныл кæрæдзимæ ‘нгом рабадтысты æмæ сæ хæдзары хицауы алы фезмæлд хъахъхъæнынц, кæд сын фæйнæ тæвд лауызы аваерид – мæнæ йеды хуызæн куы у, мæнæ – аргъæутты цæрæг бæркадкъух Аан Аланчаны. Фæлæ Симииры уыдоны мæт нæй…

Æрмæст æххормаг гуыбынæй куыд ис быхсæн уыцы адджын тæфæн, ногфых тæвд лауызтæй æнхъæвзæгæн? Комыдæттæ ивылдау куы згъорынц æмæ згъорынц – ныхъуырын дæр сæ куынæуал фæразынц, изæр та ма дард куы у, колхоз адæмы сæ къонатæм кæд рауадзы, уыцы сахат.

Дæрдтыл зылд стыр тæбæгъы бæрзонд куы сцъуп сты, уæд æй Симиир сæ фынджы астæу æрæвæрдта, стæй йæ байзæддæгты хистæрæн фæдзæхсы:

– Аанчик, цалынмæ æз хъомдонæй нæ раздæхон, уæдмæ, хъусыс, лауызтæм мачи бавналæд! Изæрмæ бабыхсут, бирæ йæм нал баззад, уæд уын байуардзынæн фæйнæ иуы, кусæг хистæртæн та дыгæйттæ фæтчы.

Се стыр мад куы фæаууон, уæд сывæллæттæ иугай стын байдыдтой æмæ фынджы алыварс цоппайгæнджытау зилдух кæнынц лауызтæй сæ цæстытæ нæ тонгæйæ.

Аанчик æрбацæуæн дуары сæрмæ дыдагъы тъыст уис æриста æмæ

фынджы цур дзæхст кæнынмæ ærлæууыд. Сабийы æххормаг гуыбын фæразон цы тас, цы ‘фсармæй разына, фæлæ фыццагдæр лауызтæм чи бауæндыд райсынмæ дзы, уый чысыл къухыл уисы ахъаззаг дзæхст куы сæмбæлд, уæд æй бамбæрстой, Ааничик сæ кæй никæуыл бацауæрддзæн, уый. Гъемæ ма сын уый баззад, æмæ сæ комыдæттæ ныхъуырын.

Уыцы рæстæг дын сæ дуар, мæгуыры хъинц ныккæнгæйæ, байгом ærдæгмæ, æмæ дзы фæрсæрдæм æрбазынд чысыл лæппу стыр лæджы кæрцы куырисау бæндæнæй бастæй. Æрбазынд уал, стæй æрбахызт, дуар ахгæдта æмæ сагъдауæй лæууы, йæ цæстытæ лауызты кæрийыл ныссадзгæйæ æмæ йæ комыдæттæ ныхъуыргæйæ. Сывæллæтты хистæр лæппу йæ базыдта: цады фаллаг фарсаг Туллукчан – фарон уалдзæг иумæ хъазыдысты къуыбырæй галы цармæй скъуыддзагыл бырынтæй.

– Мидæгдæр рацу, Туллукчан, – загъта йын фæлмæн хъæлæсæй Ааничик, стæй йын йæ дысыл рахæцыд.

Æрхъуыды йæ кодта, уыцы ирдæй ærлæууыд йæ зæрдыл. О, о, фарон уыд уый: къуыбырæй куыд бырыд, афтæ йе ‘рмкъух ахауд, æмæ йын æм ацы чысыл лæппу ссыд æмæ йын æй дæлæмæ ‘рхаста, цыдæр къæмдзæстыг хуызы йын æй радта… Чызджы зæрдæ ænæнхъæлæджы срыст, нылхъывта фыр тæригъæдæй Туллукчанæн – йе стонг гуыбын æй кæй фæцæуын кодта цады сæрты, уый йын цы бамбарын хъуыд…

Ааничикы зæрдыл ærбалæууыдысты ænайы ныхæстæ: «Хистæртæн – фæйнæ дыууæйы, сывæллæттæн – фæйнæ иуы». Лауызты цæнды астæуæй раласта, иннæтæй йæм сæвджындæр кæцы лауыз фæкаст, уый – изæрæй йæхи хай – æмæ йæ лæппуйы къухты фæцавта.

Туллук æм дисгæнгæ цæстытæй каст, стæй сысмудæгау кодта лауызмæ, йæхи ма тыххæй-фыдæй баурæдта ныррус дзы кæнынæй, стæй куыддæр æррадзæфау фæхъæр ласта æмæ дуар йæ сæрыл ахаста. Сывæллæттæй дæр цыдæр хъæддаг хъæртæ сирвæзт: ау, уый та куыд, уый, æмæ фаллагфарсаг лæппуйæн ænæхъæн лауыз радих кæн! Ааничикæн йæхи хай фæуæд, æмæ сыдæй мæлæд ардыгæй райсоммæ! Стæй йæм дзы Симиир бадæтдзæн, бæрæг æм уыдзæн!

Æрмæстдæр цады астæу ærлæууыд лæппу, тых улæфт кодта – йæ рахиз артæн срыст згъоргæйæ. Егъау тымбыл хур, сырх-сырхид, ауындзæгау лæууыд раст сæ хæдзары сæрмæ. Æмæ раст уыцы хурау

тымбыл уыд йæ лауыз дæр. Йæ роны йæ кæй дардта, уый руаджы ма хъæрмуст уыд. Æмæ йæ афтæмæй, хъæрмустæй фæхæццæ кæндзæн йæ мадмæ – куы йæ бахæра, уæд йæ рустæ фæсырх уыдзысты, тых æм фæзындзæн æмæ ма суанг сынтæгæй дæр æрхиздзæн. О, нæ йын æй комдзæн, дæхæдæг та куыд, мæ къона, зæгъгæ, æмæ йæ уæд асайдзæн, æз Тохтобулатæм иу ахæм бахордтон, зæгъгæ.

Атындзыдта размæ, фæлæ уайтагъд йæ лæф-лæф ссыд, уæлдæф ын нал фаг кодта, йæ къæхтæ йæ коммæ фаг нал кастысты, цыма йæхи нал сты, фыццаджы рæвдз æмæ æнæзивæгтæ, уыйау. Уæддæр цыди æмæ цыди йе ‘гоммæгæс къæхтæ йæ фæдыл ласæгау. А-гъа, мæнæ сæхи бæрзонд былгæрон, бирæ йæ нал хъæуы, мæнæ фæуæлбыл уæд, æндæр…

Тыхтæй-фыдтæй хилæгау кодта уырдыгыл хæрдмæ, йæхи миты бын цæуылдæр скъуырдта æмæ дæлгоммæ ахауд; феста æмæ цыфæндыйæ дæр цæуа сæхимæ йæ мадмæ йæ хуынимæ, уый æмбойны йæ бон нæ бацис æмæ ма йæ фæлладуадзæгау хуыссыд…

Уæуу, уæлæ арв æмæ мæнæ зæхх! Куыд ын фæразут, куыд ын быхсут йæ тæригъæдтæм куыдфæндыйы цæстæй кæсын, куыд?!

Æви сымахæн уæ риуты риссаг зæрдæты бæсты æндæр цыдæртæ сæвæрдта уе скæнæг, уе сфæлдисæг?

И, райгуырæн зæхх, ау, дæ бон ничердыгæй у уыцы хъæбатыр, фæлæ нырма чысыл сабийæн баххуыс кæнын? Йæ фазыл хæрдмæ быры, йæ рахиз къух æд лауыз бæрзонд дары, хъахъхъæны йæ йæ тыхст рынчын мадæн, нæ йæ хæры ахæм æвæрæз, æвадат сахат дæр, нæ! Уæд дзы хъару бацыдаид æмæ та хæлæггаг цæуынхъом фæуыдаид. О, фæлæ афтидармæй æрлæууа йæ мады раз?!

Кæм дæ ды дæр, фæлмæнзæрдæ, хатыртæгæнæг сыл-хуыцау Аисыт? Æмæ ды дæр, ды, æппæтхъомысджын Тангара-Тенгри?

Нæй удхосгæнæг, тыхтæфтауæг уарзт сымахæрдыгæй дæр, æндæр уæдæ æнахъом – уæлæмæ дæр æмæ дæлæмæ дæр авдаздзыд – Туллук нæ уæлахиз кæнид йæ фыдæвзарæнтыл?!

Æмæ йын æй чи фехъусын кæна, чи йын зæгъа, тæфæрфæс кæнгæйæ, фидар фæлæуу, сæрæнгуырд, суинаг, ды æвдадзы хосау тымбыл, бæзджын, диссаджы хæрзад лауыз кæмæн хæссыс, уый… лæгæн йæ зынаргъдæр удæнцой, йæ фидар ныфс кæй нал ис – нал ын банхъæлмæ каст йæ удыхос лауызмæ дæр, нал. Рухсаг уæд, Хуыцау ын бахатыр кæнæд, цы дунемæ фæцæуæг, уый уазæг уæд…

Туллук адджын фынæй кодта, ноджы ма йæ хъустыл уад, Чоргулла куыд хорз зары, уый. Стæй уыны дзыллæтæ цъæх фæзы, дидинджыты астæу, æнцад хъусынц зарæгмæ. А-гъа, уæртæ йæ мад æмæ фыд дæр, мадыл йæ уарзон кæлмæрзæн, йæ уæлæ бирæ дидинджытæ нывгонд æмæ йын даргъ хаутæ. Йæ рахиз къух æд лауыз бæрзонд сисгæйæ, згъоры цыппæрвадæй уыдонмæ, йæ фæндагыл цы чызджытæ лæууынц урс-урсид фæлысты, бæхы къæдзилæй конд урс бындзыссурæнтæ тилгæйæ, уыдон фæйнæрдæмты алæууынц. Ауыдта Аанчикы дæр – уыдонæй хибарæй лæууы, йæ мидбылты йæм худы; уымæ худы, уымæ, Туллукчанмæ, æмæ йæм даргъ кæны тæнæг стыр тæбæгъ – лауызтæ дзы цъуппамадæй…

Дыккаг бон ын йæ мардыл бамбæлд постхæссæг чызг, сæхи хъæуккаг.

Постхæссæг чызг бынтон фæсагъæссаг, фæсаузæрдæ: фаг уæззау æвзарæн ын нæ вæййы «сау гæххæтт» бадæттын бинонтæм сæ хæстоны тыххæй – фыдуацхæсджыты, дам, кæддæрты раст маргæ дæр кодтой, – фæлæ ныр та ацы сабийы мад Егорова – о, æнхъæлдæн, афтæ у сæ мыггаг, – Мутукчанæн цы зæрдæйæ фехъусын кæна йæ иунæджы æбуалгъы сæфт? Кæм уыди, чи йын радта лауыз, ныры стонг дуджы хæзнаты хæзнадæр. Хæргæ та йæ цæуылнæ бакодта, хæргæ? Кæмæн æй ауæрста? Йæ рынчын мадæн, æндæр уæдæ кæмæн?

Бафæраздзæн, бабыхсдзæн та мады зæрдæ ахæм цæфæн дæр, – мæнæ цы мæгуыр уыдзæн, мæнæ! Стæй йæм цы фыстæг раттын хъæуы – цыппæрдагъон, мыхуыргонд, иннæтау æртæтигъон хуымæтæг гæххæтт нæу – къонверты мидæг ис… О, фæлæ дзы цавæр хъусынгæнинаг ис Мутукчанæн – хъæбатырæй кæй фесгуыхт æмæ йын хæрзиуæг кæй саккаг кодтой – майдан кæнæ та суанг орден дæр! – уый, æви та… æви та… Дохсун Болотович Егоров дæр, хъæбатырæй хæцгæйæ…

Уæлæ арв æмæ мæнæ зæхх, куыд уромут, куыд быхсут уыдонæн дæр та – адæмæн зонгæ ном дæр сын куы нæй, фæлæ цавæрдæр фашисттæ, уæд?!

Æмæ йæхæдæг та, йæхæдæг – кæдмæ фæраза йæ чызгон æнцонæфхæрæн зæрдæ, ахæм куыстæн – нæ уыд постхæссæг, уæд нæ бамбæлдаид ацы æнахъом гуырды салд мардыл дæр. Æниу хæст куынæ уыдаид…

Уырыссаг æвзагæй ГУСАЛТЫ Барисы тæлмац

ЯКУТАГ ÆМБИСÆНДТÆ

- ✓ Ænæ ‘фсонæй кæрдæг дæр нæ сыбар-сыбур кæны.
- ✓ Бæх уæд, æндæр саргъ дæр уыдзæн; кард куы уа, уæд кæрддзæм ссаргæйæ у.
- ✓ Бирæгътæ æмæ сагтæ æмдзæрин не сты.
- ✓ Суанг ма бæлæстæ æмæ кæрдæджытæ дæр алы бæрзæндæн вæййынц.
- ✓ Ацц куы бахъава фæтæхынмæ, уæд дзы бабыз дæр фæсте нæ баззайдзæн.
- ✓ Ницыйæ ницы ратæдзын кæндзынæ – нæдæр царв, нæдæр сылы.
- ✓ Зивæггæнаг уынаффæтæм рæвдз у.
- ✓ Хуылыдз гæрз рон не скъуыйы.
- ✓ Мадзурайæн æдзух зондджын æнхъæл сты.
- ✓ Сойы сæрыл дон не сбаддзæн, мæнг цы у, уый, раст цы у, ууыл бæхбадт не скæндзæн.
- ✓ Удхар лæгæн зонды гуырæн у.
- ✓ «Нæгъ» дурæй – хъæбæрдæр, арвæй – уæлдæр.
- ✓ Хистæрæй зонд райс, æрыгонæй – хæларад.
- ✓ Рæстдзинад сойау кæддæриддæр фæуæлæмæ уыдзæн.
- ✓ Цæргæсы лæппын – цæргæс, халоны лæппын – халон.
- ✓ Кусæгæн – царв, æнцад бадæгæн – фых дон.
- ✓ Куыдз йæ мæлæт æндæр куыдзы дæндæгтæй не ссардзæн.
- ✓ Зæронды нæ, фæлæ фендджыны фæрс.
- ✓ Кæмæн кæм дуды, уым æй сæрфы.
- ✓ Хъус дардæй хъусы, цæст хæстæгмæ уыны.
- ✓ Æрмæстдæр фæсмæлæт счындæуы аккаг аргъ адæймагæн.
- ✓ Хорз лæг йæ уынд, йæ бакастæй дæр бæрæг у.
- ✓ Кусæг лæг никуы фесæфдзæн.



Сабигат МАГОМЕДОВА

1962

Авайраг поэт, прозаик. Уæрæсейы Фыдджыты цæдисы уæнг, Дагестаны Республикæйы культурæйы сгуыхт кусæг.

Райгуырд Дагестаны хъæу Инхокварийы. Каст фæци Дагестаны паддзахадон университет. Кусы Махачкалайы Александр Пушкины номыл чиныгдоны бæстæзонæн хайады сæргълæууæгæй.

Фыццаг хатт йæ уацмыстæ мыхуыры рацыдысты 1979 азы районы газеты. Фыссы уырыссаг æмæ авайраг æвзæгтыл.

Хорзæхджынгонд æрцыд Расул Гамзатовы дунеон премийæ, Александр Пушкины сыгъзæрин майдан «За верность слову и делу»-йæ, Александр Грибоедовы майданæй, Адæмы хæлардзинады кады нысан «Белые журавли России»-йæ æмæ бирæ æндæр кадгæнæнтæй. Йæ уацмысты æвдисы йæ адæмы хъысмæт, йæ уарзондзинад цардмæ. Йе сфæлдыстадæн ын стыр аргъ кодта Расул Гамзатов: «Я с восхищением слежу за творческим ростом поэтессы, радуюсь неповторимости ее поэзии как по форме, так и по содержанию. Много мыслей, много философии в этом малом количестве строк».

Сабигат МАГОМЕДОВА

ЧЫЗДЖЫ ДЗЫККУЙЫ СУСÆГДЗИНАД

Радзырд

Раст цыма арф сæрсæфæны сæрмæ æргуыбыр, уыйау цы къæдзæх лæууыд, ууыл банцой кæнгæйæ, ныхъхъус бирæ цинтæ æмæ мæстытæ фенæг хъæу. Йæ комкоммæ хъæды æрдузы чызджытæ æхсырфтæй кæрдæг карстой, сæ зарæджы зæлтæй æрдзы сабыр æрхæндæг халгæйæ… Бон куыддæр изæрæрдæм акъул, афтæ сæ куыст нывуагътой, се ‘ккойты зноны карст кæрдæгæй æргъæмттæ баппæрстой æмæ къахвæндагыл хъæумæ араст сты. Сæ фæндаг уыд рæгъæд уагъылыйæ сырх-сырхид адарæг къуылдымыл, æмæ уым æрлæууыдысты. Се ‘ргъæмттæ æристой æмæ уагъылытæ тонынмæ фесты. Халисæт, æз хæдзармæ тагъд кæнын, зæгъгæ, гыццыл йæ фæллад æруадзынмæ æд æргъом зæххыл æрбадт.

Чызджытæй йæм иу мидбылты худгæйæ бакаст æмæ сдзырдта: «Дæуæн дæ чындзæхсæв æрбахæстæг, æмæ дæ куыд æвдæла, згъоргæ кæн уæхимæ». Иннæтæ дæр бахудтысты, стæй уагъылыйы къутæрты ‘хсæн фæаууон сты.

Йе ‘мбалы хъазæн ныхасмæ Халисæты цæстытыл ауад, йæ зæрдæйы арф бынат кæмæн уыд, уыцы Хасбулаты сурæт. Бæзæрхыгтæ, хъуыдыдзаст, сау рихитæ аив цæсгом ноджы бакастджындæр кодтой.

Халисæт æцæг тагъд кодта хæдзармæ, фæлæ йæм ныр цæмæндæр йæ бынатæй фезмæлын дæр нал цыд. Зивæг ыл, мыййаг, не ‘ртыхст… Каст хъæды комкоммæ бæзджын къутæртæй æмбæрзт къæдзæхы фахсмæ. Цæстытæ кæрдæгхуыз фæлмы кæйдæр агуырдтой: уым йæ фос хызта Халисæты усгур Хасбулат. Чызг зыдта, æгæр дард у, нæй йын фенæн, фæлæ уæддæр цæстытæ сæхи фæнд тардтой, агуырдтой...

«Уадз, ма йæ фенон, фæлæ уым кæй ис, уый зонын уæддæр… Ехх, ныр сусæгæй бахъуыз, иу каст æм бакæн æмæ фæстæмæ дæр афтæ æнæ сыбырттæй раздæх! Уыцы хохмæ фæндаг, дам, тæссаг у: дæ къах дæ фæсайдта, зæгъгæ, уæд сæрсæфæны смидæг уыдзынæ. Уæддæр ацæуин, нæ фæтæрсин… Фæлæ афтæ не ‘мбæлы», – йæ бæллицты ныгъуылы чызг…

Йæ уæздан хъуыдыты ахæсты уæвгæйæ, Халисæт æмбаргæ дæр нæ бакодта, куыд афынæй, уый.

Цыма уыцы уысммæ æнхъæлмæ каст, уыйау йæ цуры февзæрд сæ

хъæуы ницæйагдæр лæппу Азиз. Уымæн æгас комы иунæг æрдхорд дæр нæ уыд, се стыр хъæуы йæ адæймагыл дæр нæ нымадтой. Минæвæрттæ-иу кæмæ барвыста, уыдонæй дæр ын, æвæццæгæн, уымæн никуы ничи сразы йæ чызджы раттыныл.

Ныр, Халисæты фынæйæ ауынгæйæ, цавæрдæр фыдвæнд йæ сæры хæйрæгау фæмидæг. Мæстæлгъæд худт бакодта. Йæ зылын фындз цы былтæм хæццæ кодта, уыдон фæйнæрдæм аивæзтысты хæрам мидбылхудты. Йæ гыццыл цæстытæ аразгъор-базгъор кодтой. Иуцасдæр алæууыд, цæуылдæр ныхъхъуыды кодта.

Стæй хæстæг бацыд фынæй чызгмæ. Дымгæйæ ризæг сыфау зырзыргæнæг къухæй кæрддзæмæй æрттиваг цыргъ хъама сласта æмæ дзы чызджы сатæгсау дзыкку, риуæй хосы æргъоммæ хъавгæ байсгæйæ, фæлыг кодта.

Халисæт фехъал… Фесхъиудта… Фæкуыддæр…

Азиз, йæ дæрзæг чъизи къухы дзыкку, афтæмæй иуварс агæпп кодта… Чызг, уæхсчытæй æргъом феуæгъд кæнгæйæ, йæхи ныццавта лæппуйыл ælгъыстытимæ:

– Цæмæн, цæмæн мын алыг кодтай мæ дзыкку, ænаккаг?!

Фыр адæргæй йæ йæ уæрджытæ нал баурæдтой, æрхауд. Цæссыгтæ фемæхстысты…

Куыдз йæ амæттагмæ йæхи ныццæвынæввонгæй куыд кæса, афтæ зыхъхъыр дæндагæй уælахизы каст кæны Азиз дæр чызгмæ.

– Ныр ды мæ усаг дæ, – цыма йын стыр цины хабар хъусын кæны, афтæ йын дзуры.

– Амæлын хуыздæр дæумæ фæцæуыны бæсты! – фæхъæр кодта чызг. – Тагъд мын æри мæ дзыкку!

Азиз та йæ хъæлæсы дзаг ныххудт, чызджы цæстытæм комкоммæ ныккаст æмæ йын мæстæймарæгау дзуры:

– Не сразы уыдзынæ, æмæ дын æз дæ дзыкку дæ фыды раз æрæвæрдзынæн. Зæгъдзынæн ын, дæхæдæг æй кæй алыг кодтай æмæ мын æй, кæй мæ уарзыс, ууыл ард хæргæйæ, кæй радтай. Цы хъуамæ фæуай уый фæстæ? – ногæй та ælгъаг худт ныккодта Азиз.

Халисæт фестад, кæрдæджы æргъомæй æхсырф фелвæста, фæлæ уæдмæ лæппу, фыр тæссæй афæлурс, афтæмæй лидзæг фæци.

Бæргæ ма азгъордта чызг йæ фæстæ, фæлæ бамбæрста, нæ йæ баййафдзæн æмæ фæстæмæ раздæхт.

«Цы фæуыдзынæ ныр та ма дæ сæрыстырдзинадимæ?!» – ногæй та æрбайхъуыст Азизы æнæуынон хъæлæс…

Йæ цæссыгтæ ныссæрфта Халисæт æмæ, раст цыма къæвдайæ лидзы, уыйау æрхæндæг æмæ рыстзæрдæйæ атагъд кодта хъæумæ.

«Хорз у, чызджытæ нæ кæй нал æрбаййæфтой уым», – мæстæйдзагæй уыцы иунæг зæрдæлæууæн хъуыды ахсы сæр.

Йæ амондæн ыл фæндагыл ничи амбæлд, хæдзары дæр никæй баййæфта æмæ уæд хъæлæсыдзагæй ныккуыдта. «Зæхх та куыд уромы ахæм æнаккаджы, зæхх?!» – ногæй-ногмæ фæлхат кодта уыцы фарст чызг.

Цæстыты раз та фестад, фидиссаг Азиз ын йæ дзыкку йæ фыдмæ куыд æвдисдзæн, уыцы ныв, æмæ йæ зæрдæ атонынæввонг ссис.

«Амæлын хуыздæр у мæ фыдæн ахæм цæф бавзарын кæныны бæсты! Уæд та йын мæхæдæг радзурин, куыд уыд хъуыддаг, уый? Уыцы æлгъаджы разæй фæуин? Ау, нæ мыл бауурæнддзæн? Фæлæ куыд æрлæууон мæ фыды цур ахæм хабаримæ?» – сæры хæлбурцъ кодтой хъуыдытæ, æмæ та æнæнхъæлæджы фыдбылызæй зæрдæдзæфæй дзыназын райдыдта.

«Ныр куыд уыдзæн, ацы хабæрттæ Хасбулат куы фехъуса, уæд?!» – ног хъуыды æрвæрттывдау цæхæр акалдта сæры…

Иу сахаты бæрц рацыдаид, афтæ уынгæй цыдæр уынæр æрбайхъуыст. Халисæт хъавгæ рахызт балкъонмæ. Ауыдта – адæм тыхстхуызæй тагъд кæнынц кæдæмдæр.

Цы ‘рцыд, зæгъгæ, иу гыццыл læппуйы афарста.

– Азизыл арс йæхи ныццавта, Азиз сæрсæфæнмæ ныххауд æмæ ныппырх, – тарстхуызæй дзуры læппу.

– Куыд?

– Чызджытæ уагъылытæ æмбырд кодтой æмæ федтой, хъæргæнгæ куыд ахауд былæй, уый…

Халисæт ахæм хабарæй дурдзавдау фæци, æнæзмæлгæйæ дзæвгар фæбадт тъахтиныл. Иуæй, хорз у, фыдбылызæй кæй фервæзт, фæлæ уæддæр кæмдæр фæтæригъæд кодта æнаккагæн, ахæм æвирхъау мæлæт æй кæй баййæфта, уый тыххæй.

Цасдæры фæстæ нæлгоймæгтæ мард хъæумæ сынтыл æрбахастой. Сылгоймæгтæ сæ фæстæ цыдысты Азизы хæдзармæ.

Халисæт æвиппайды фестъæлфыд: «Мæ дзыкку, мæ дзыкку йæм куы ссарой, мыййаг! Адæм цы зæгъдзысты? Иууылдæр æй базондзысты – ахæм даргъ сау дзыкку мæнæн ис æрмæст. Хасбулат дæр æй фехъусдзæн!» – ног сагъæсы уацары та бахауд чызг, афтæмæй

æвæндонæй араст мæрдджынты хæдзармæ, – кæд исты бæлвырд хабар базонид йæ дзыккуйы тыххæй.

Фæлæ ницы фехъуыста ахæмæй. Зиан бавæрыны фæстæ дæр ницы райхъуыст, æмæ уæд Халисæт ахъуыды кодта, зæгъгæ, æвæццæгæн, сæрсæфæнмæ хаугæйæ, дзыкку йæ къухæй феуæгъд…

Рацыд рæстæг. Ахицæн Халисæт æмæ Хасбулаты чындзæхсæв. Чындзæхсæвы фæстæ фыццаг æхсæв иунæгæй куы баззадысты, уæд Халисæты кæлмæрзæн йе уæхсчытæм æрхауд. Чызг фæтарст, Хасбулат ын йæ къуырд дзыккутæ куы фена, уымæй æмæ фæтагъд кодта кæлмæрзæн йæ сæрыл акæнынмæ. Фæлæ йæ Хасбулат нæ бауагъта, æрмæст, рæсугъд дзыкку дын уыд, зæгъгæ, сдзырдта.

– Мæхæдæг алыг кодтон мæ дзыкку, – фыр æфсæрмæй асырх, сæр бынмæ æруагъта, афтæмæй йын дзуапп радта Халисæт.

– Ницы кæны, æнæ уымæй дæр тынг рæсугъд дæ! – сдзырдта та Хасбулат, йæ цæстытæ чызджы цæсгомæй нæ исгæйæ…

Рацыд ссæдз азы бæрц. Амонджынæй цардысты Халисæт æмæ Хасбулат. Рахъомыл сын чызг æмæ лæппу. Хасбулат æдзухдæр зæрдæрухсæй здæхт сæ хæдзармæ. Иуахæмы та æхсызгон мидбылхудтимæ бахызт сæ къæсæрæй æмæ рæвдаугæ каст бакодта йæ бинойнагмæ, фæлæ йæ цæссыгдзастæй куы ауыдта, уæд фæкуыддæр. Фæтарст, кæд сывæллæттæй, мыййаг, исчи…

– Тагъддæр дзур, цы хабар у? – сонт фарст æй акодта.

Халисæт ацамыдта, æрыгонæй йын цы рæсугъд дзыкку фесæфт, бирæ маст ын цы дзыкку æрхаста, уымæ.

– А-а-а, кæд дæ цæссыгты аххос уый у, уæд дæ бон у кæуын дарддæр, – худгæйæ сдзырдта лæг.

– Кæм дын уыдис, Хасбулат? Дæ зæронд худы тыхтæй йæ ссардтон.

Хасбулат арф ныуулæфыд æмæ йæ фарсмæ æрбадт.

– Уый мæнмæ уыцы бонæй фæстæмæ ис, Халисæт. Азизæй йæ байстон уæд. Мæ цæст æй аппарын нæ бауарзта, æмæ йæ æмбæхстæй дардтон мæ зæронд худы.

– Ды йæ амардтай? – тарстхуызæй афарста сылгоймаг.

– Мæ бон æй уыд амарын, фæлæ мæ дæ дзыкку бахъыгдардта.

Халисæт æм дисгæнгæ бакаст.

– Уыцы бон хæринаг хæссынмæ рацæйцыдтæн хъæумæ æмæ бинонклæй кастæн, чызджытимæ кæрдæг æхсырфæй кæм карстат, уыр-дæм.

– Стæй?

– Стæй дарддæр федтон, цыдæриддæр æрцыд, уыдæттæ. Чызджытæ уагъылытæ æмбырдгæнгæ куыд ацыдысты, ды куыд æрфынæй дæ, дæ дзыкку дын куыд фæлыг кодта. Афтæ мæм фæкаст уæд, цыма фыр мæстæй акуырм дæн. Мæхæдæг дæр нæ бамбæрстон, уыцы æнаккаг цы нарæг къахвæндагыл цыд, ууыл куыд февзæрдтæн, уый. Ауыдта мæ. Фæтарст, зыр-зыр кæнын райдыдта. «Ды… ды… ме-ме-мæ хæцгæ кæндзынæ?» – фыр тæссæй фæкъæзæнæг, афтæмæй мæ фæрсы. «Хæцгæ Ййын йæ цæсгомыл бату кодтон. Йæ хъама фелвæста. «Аппар дæ хъама, ницæйаг, æз дæм куынæ исын мæ кард!» – фæхъæр ыл кодтон æмæ йын йæ цæсгом ныццавтон. Йæ хъама нæ аппæрста, фæлæ дæ дзыкку йæ дзыппæй фелвæста æмæ йæ зæхмæ фехста. Йæхæдæг, цалынмæ æз дзыкку зæххæй истон, уæдмæ тæрхъусау ныййарц къахвæндагыл.

– Нæ йæ асырдтай?

– Нæ. Дæ дзыкку мæ къухы кæй уыд, уыцы амондæй хингондау фæдæн.

– Уæдæ куыдæй фæмард? Афтæ куы фæзæгъынц, арс, дам, æнæ ‘фсонæй адæймагмæ нæ лæбуры.

– Куыд æрцыд, уый бæлвырд нæ зонын, фæлæ ауыдтон, æвиппайды зæххы скъуыдæй фæзынæгау арс йæ размæ куыд февзæрд æмæ йæ фæстаг къæхтыл куыд алæууыд, уый. Азиз æвирхъау хъæр ныккодта, фæстæмæ йæхи аппæрста, фæлæ йæ, æвæццæгæн, йæ къах фæсайдта, æмæ сæрсæфæнмæ атылд. Афтæ рауад, æмæ дзы мæ бæсты арс мæ маст райста. Цы фыдми бакодта, уымæн æнæнхъæлæджы дзуапп радта.

– Куыд баци дæ бон уал азы мæнæй уыдæттæ æмбæхсын, Хасбулат?!

– Нæ фыццаг æхсæв дын æй зæгъынмæ хъавыдтæн. Фæлæ ды дæ дзыккуйы сусæгдзинад мæнæй æмбæхстай, æмæ дæ æз дæр нал стыхсын кодтон, дæу куыд бафæндыд, афтæмæй йæ ныууагътон.

– Уæдæ мын уæд мæ цæссыгты аргъ æгъатыр мæлæтæй бафыста?

– Тæригъæддаг æмæ æнаккаг ми нæ тайы.

– Мæн, Хасбулат, дæуæй ницы фæндыд æмбæхсын. Фæлæ мæ раст куынæ бамбарай, уымæй фæтарстæн.

– Рæстдзинад зæгъынæй тæрсын нæ хъæуы. Раст цы у, уый куы æмбæхсай, уæд та ахъуыды кæнæн ис, дæу аххос дæр дзы уыд, æвæццæгæн, зæгъгæ.

– Раст дæ, Хасбулат, раст. Сусæгдзинад æмбæхсын уæззау уаргъ у зæрдæйæн.

Уырыссаг æвзагæй БЕЗАТЫ Фаризæйы тæлмац

БРЫТЪИАТЫ ЕЛБЫЗДЫХЪОЙЫ ХЪУЫДЫТÆ

Зонут, ирон адæм: иу зонд – хорз, дыууæ – хъуыздæр, иу тых – тыхджын, дыууæ – тыхджындæр…

Æнгомдæр лæууын хъæуы кæрæдзимæ! Æгас цæуæнт бартæ æмæ рад, æгас цæуæд æфсымæрдзинад иннæ адæмтимæ!

* * *

Адæмы фарн бирæ у, бирæ у адæмы тых, æрмæст се ‘хсæн иудзинад куы уа, уæд. Зæрдиагæй цæуыл ныллæууой, уый баххæст кæндзысты, æрмæст кæрæдзийы ныхас куы ‘мбарой, уæд.

* * *

Адæмы ‘хсæн æфсымæрдзинад куы стыхджын уа, уæд дунейы хицæн æвзæгтæ ницæмæнуал хъæудзысты. Адæм тырндзысты иудзинадмæ, бахъæудзæн сæ иу æвзаг, кæцы уæдмæ уыдзæн цæттæ. Фæлæ уал ныр алчи æрмæст йæхи уарзы; адæм хицæн арæнтæ, хицæн уаг æмæ æвзагмæ уымæн бæллынц. Алчи йæхи уарзы, – адæймаг йæхи кæй хоны, уым зæрдæйы фаг зонд, рæсугъддзинад æмæ уаг куынæ уа, уæд сæ искæцæй райсын æфсæрмы нæ хъæуы. Исгæйæ та сæмбæлдзынæ æндæр адæмыхаттыл, æмæ базондзыстут кæрæдзийы. Хорзæй базынд у æфсымæрдзинадæн йæ райдайæн.

* * *

Дзыллæйы æгъдау адæмæн иумæйаг у, куы æрцахса, уæд дзы нæй аирвæзæн.

* * *

Арвнæрынгæнæг! Цæв! Дæ цæхæртæ бутъро æхсидæвтау айнæгмæ фехсдзынæн. Ризæнт сæ бынæтты дæ фæдонтæ…

* * *

Афон у ныр кæрæдзимæ абоны цæстæй бакæсынæн, афон у зæронд маст ферох кæнынæн, – æрцыд æфсымæрдзинады рæстæг, æрцыд!

* * *

Цæмæй æфсымæрдзинад тыхджындæр уа, цæмæй бар æмæ рад ссарын æнцондæр уа, уый тыххæй адæмтæ сæ дзырд æмæ сæ тых иу кæнынц.

«МАХ ДУГ»-Ы РАВДЫСТ



АДÆМЫ ТЫХ – СÆ ИУДЗИНАДЫ!



Мемориал «Ирыстоны баиу Уæрæсеимæ». Дзæуджыхъæу



«Дзæуджыхъæуы чи уыд, уыцы зындгонд уæрæсейаг фысджытæ».
1-аг хай. Дзæуджыхъæу



Хетæгкаты Къоста. Дзæуджыхъæу



«Дзæуджыхъæуы чи уыд, уыцы зындгонд уæрæсейаг фысджытæ».
2-аг хай. Дзæуджыхъæу




Авайраг поэт Расул Гамзатов. Махачкала



Астæуккаг Хурныгуылæны поэт æмæ хъуыдыгæнæг
Низами Гянджеви. Дербент



Балхъайраг фыссæг Кайсын Кулиев. Налцык




Монумент «Уæрæсеимæ иумæ»-ы хай. Налцык



Хъалмыхъхъаг фыссæг Давид Кугультинов. Элиста



Адæмты хæлардзинады цыртдзæвæн. Черкесск



Горæт Карачаевскы бындурæвæрæг Курман-Али Курджиев. Карачаевск





Адæмы иудзинады фонтан. Мæскуы



Фыссæг Виктор Астафьев. Красноярск



«Красноярскы зæххыл царды тыххæй…» Красноярск



Антон Чехов. Енисейы былгæрон театралон фæзы. Красноярск




Башкортостаны адæмон хъайтар, поэт Салават Юлаев. Уфа



Башкираг фыссæг Мустай Карим. Уфа



Тæтæйраг литературæйы бындурæвæрæг Кул Гали. Ульяновск



Æппæт динты аргъуан – адæмты культурæты иудзинады нысан. Хъазан



Тætæйраг поэт Габдулла Тукай. Хъазан



Тætæйраг поэт Муса Джалиль. Хъазан



Мæзджыд «Цæцæны зæрдæ». Грозна



Адæмты иудзинад. Грозна



Сырх Æфсады командыгæнæг Васили Чапаев. Чебоксартæ



Чувашийы адæмон поэт
Константин Иванов. Чебоксартæ




Сыгъдæг Петр æмæ Феврония.
Чебоксартæ



Якутаг литературæйы бындурæвæрæг Алексей Кулаковский. Якутск



Табуйаг бæлас Аал Луук Мас. Фыдæлтыккон æгъдæутты центр. Якути



Гаджимурад РАДЖАБОВ

1947

Даргинаг поэт, прозаик, публицист. Уæрæсейы Журналисты цæдисы уæнг.

Райгуырд Дагестаны хъæу Дибгашийы. Каст фæцис Дагестаны паддзахадон университет. 40 азæй фылдæр куыста скъолайы ахуыргæнæгæй, фæстæдæр та – директорæй. Ныр у республикон газет «Замана» («Время»)-йы уацхæссæг.

Мыхуыры йын рацыд къорд чиныджы: «Абик» (радзырдтæ уырыссаг æмæ даргинаг æвзæгтыл), «Коньяк в сапоге» (йæ публицистикон æрмæджытæ) æмæ æнд. Фыссы даргинаг æмæ уырыссаг æвзæгтыл.

Æмдзæвгæтæ фыссын райдыдта студенты азты. Æфсады службæ кæнгæйæ уагъта къулы газет, йе 'мдзæвгæтæ мыхуыры цыдысты æфсæддон рауагъдæдты.

Хорзæхджынгонд у Фæллойы Намысы III къæпхæны орденæй, Дагестаны сгуыхт ахуыргæнæджы кадджын номæй. 2009 азы сси конкурс «Уæрæсейы хуыздæр ахуыргæнæг»-ы уæлахиздзау.

Цæры Махачкалайы.

Гаджимурад РАДЖАБОВ

ДЫУУÆ МАДЫ

МАДÆЛ АРС

Ацы хатт цуан кодтам нæ сыхагхъæуккаг зоотехник Ибрагимимæ. Уый дæр дардта цуанон куыйтæ æмæ сæ æппынæдзух æппæлыд, афтæмæй та йæ хæдзарæй иу хуызæнæн куыдзы рæйын никуы райхъуыст. Мемæ уыд мæхи Пират, Ибрагимимæ та – йæ Лайба (даргинаг æвзагæй – «ницæйаг»).

Уыд замманай зымæгон бон. Æндæрæбонæй нырмæ мит нал рауарыд. Ныр цыфæнды æвæлтæрд цуанон дæр раиртæстаид сырды фæдтæ митыл. Арвыл иунæг мигъ дæр нæ зынд, уыд сæгъы цæстау сыгъдæг. Хур йæ тынтæй рæвдыдта хæхты рæбинаг цъуппытæ. Тагъд йæхи ‘рбайсдзæн Чянгуйы лæгътмæ – мах лæууæм йæ тæккæ сæрмæ къæдзæхыл. Хистæртæ куыд дзырдтой, афтæмæй Фыдыбæстæйы Стыр хæсты рæстæг ацы лæгæты æмбæхст уыд дезертир Чянгуй, æмæ йыл афтæмæй йæ ном баззад.

Куыйты къуылдымтыл дæлæмæ рауагътам. Уалынджы Пираты рæйын райхъуыст. Кæсын, æмæ дын уалæ рагъы фаллаг фарс – даргъкъæдзилджын згæхуыз рæсугъд рувас. Ибрагим æй топпæй бахста, фæлæ йыл нæмыг нæ сæмбæлд. Æз æй не ‘хстон: мæ хъыримагæн йæ иу хæтæлы уыд сабантъы, иннæйы та – ставд картец. Уæдæ æндæр куыд, кæд æмæ нæ зæрды уыд хъæддаг хуыйыл цуан кæнын. Куыйтæ рувасы сæ разæй скодтой, æмæ уый дæр хохы фахсыл Калкнийыхъæуы ‘рдæм ныййарц. Афтæ фæтарст, æмæ тагъд рæстæджы ацырдæм нал æрбауæнддзæн. Æнхъæлдæн, нæ цуанæй абон ницыуал рауад.

Уый цы, кæддæрты-иу ацы бынæтты æрсытыл дæр сæмбæлдыстæм. Дзырдтой-иу, амы гыццыл лæгætты сæгуыттæ дæр вæййы. Раст зæгъгæйæ, æз иунæг сæгуытыл дæр ам никæд амбæлдтæн, афтæмæй-иу далæ суадонмæ дæр ныххызтæн æмæ-иу хохы фаллаг фахсмæ ахызтæн.

Мæ хъустыл ауад Ирбрагимы ныллæг хъæлæс: хъæрæй дзурынæй мæ фæдзæхста. Йæ къухæй мын амоны нæ акомкоммæ хохы фахсмæ. Кæсын, æмæ дын уалæ комæй хохы рагъыл арс йæ дыууæ лæппынимæ ссæуы. Арф миты лæппынтæ цæуын нæ фæразынц æмæ тухæнтæ кæнынц. Гыццыл ауайынц æмæ та æрлæууынц. Мад сæм фæстæмæ

фездæхы æмæ сæ йæ фæтæн дзæмбыйæ размæ хъавгæ фесхойы. Афтæ фыццаг сæ иуы бахæццæ кæны нысанæвæрд бынатмæ, стæй иннæмæ фæстæмæ раздæхы æмæ та уый дæр фыццаджы цурмæ, æххуыс ын кæнгæйæ, къуыбылойау батулы. Мад, кæй зæгъын æй хъæуы, фехъуыста топпы гæрах æмæ куыйты рæйын. Гæнæн ис, æмæ мах дæр федта. Тагъд кæнгæйæ йæ лæппынты размæ уымæн схуыста, æмæ сын махæй тарст. Диссаг у ныййарæджы уды конд. Йæхæдæг аирвæздзæн æви нæ, уый бæрæг нæу, æмбары, йæ уд йæ къухы кæй хæссы, уый, фæлæ уæддæр йæ сæр бафснайыны бæсты уæгъд нæ уадзы йæ лæппынты, ирвæзын сæ кæны гæрзифтонг адæмæй. Куыйты мæт æй уыйас нæй.

Мах дæр уæдмæ къæдзæхы бынмæ æрхызтыстæм. Ницы нæ бахъыгдардтаид уыцы стыр бур мадæл арсы багæрах кæнын. Фæлæ нæдæр мæнæн, нæдæр ме ‘мбалæн нæ хъуыдыйы кæрон дæр уый нæ уыд: нæ къух дæр куыд хъуамæ батасыдаид ахæм тæригъæддаг хъуыддаг бакæнынмæ?! Хуыцау бахизæд!

Мах къудзиты фæстæ æрæмбæхстыстæм æмæ сахаты бæрц сусæгæй нæ хъус дардтам «альпинисттæм».

– Уый, æвæццæгæн, Гасаны мадæл арс у, – загъта Ибрагим æмæ мын радзырдта, гунакаринаг лæппу Гасаныл цы ‘рцыд, уый: – Дæс азы рацыдаид ацы цауыл, гунакарыхъæуккаг Гасан хæрæгыл хъæдмæ сугтæ ласынмæ куы ацыд, уымæй. Чъингуйы лæгæты акомкоммæ къæдзæхмæ



куыд бахæццæ, афтæ йæ уым цыдæр æвирхъау стыр æмæ уæззау цæрæгой йæ быны ануæрста. Уæгъд æй не суагъта, цалынмæ цавæрдæр дыууæ гыццыл аууоны Гасаны цæстыты рæзты æндæргтау нæ азгъордтой æмæ нæ фæаууон сты, уæдмæ. Сæй йæ суагъта æмæ йæ къæдзилæй дыууæрдæм хъазгæ бынмæ дугъ систа уырдыджы. Гасан къæдзæхы цæгатварсмæ куы фæкомкоммæ, уæд бæлæсты ‘хсæн ауыдта, мадæл арс йæ къуыбылойы хуызæн дыууæ лæппынимæ раузбаузгæнгæ куыд фæцæйцыдысты, уый, – фæцис йæ радзырд Ибрагим.

Ныр мæнæн дæр мæ зæрдыл æрбалæууыд ацы хабар. Уæд æз районы рынчындоны хуыссыдтæн, æмæ дын мæнæ æрбаластой, уæд иннæтæ куыд дзырдтой, афтæмæй, арс кæй ныттыдта, уыцы лæппу Гасаны. Уый фæстæ куыд рабæрæг, афтæмæй йыл хъæдгæмттæ нæ уыд, æрмæст æнæбары цъæрræмыхстытæ. Рацыд рæстæг, æмæ та Гасан уыцы хъæдмæ уыцы къахвæндагыл уыцы хæрæгыл сугмæ цæуын райдыдта. Арс-иу æм йæ акомккоммæ иннæ къæдзæхы фахсæй иуцасдæр æнцад каст, стæй та-иу фæаууон.

МАДÆЛ ХУЫРГАРК

Уыцы бон цуаны иунæгæй уыдтæн. Раст цыма-иу райсом науæд изæр фæлладуадзæн паркмæ тезгъо кæнынмæ ауадтæн, уыйау мæм ницы каст иунæгæй цуаны ацæуын. Хъæуæй-иу дард цæуинаг куынæ уыдтæн, уæд-иу фæззæг æмæ зымæг дæр хурыскасты кæнæ хурныгуылды размæ тæрхъустыл ацуан кодтон. Колхозы хуымты-иу нæмыгæппарæн рæстæг куы уыд, уæд-иу хæдзарæй сæумæрайсом æнæ мæ цуанонæй рацыдтæн æмæ-иу хуымты баййæфтон тæрхъусты. Сæхимæ-иу хорз фæкастысты колхозы сойтæй.

Радзурын мæ фæнды, иу фæззыгон райсом мыл цы диссаджы цау æрцыд, уый. Нæ хъæуæй гыццыл фалдæр къулаив хохы фахсыл бынмæ фæцæйцыдтæн, зæгъын, тæрхъусты фæтæрсын кæнон, кæд мæ цуан фæрæстмæ уаид. Куыддæр се ‘мбæхст бынæттæй лидзæг фæуой, афтæ сæ багæрæхтæ кæндзынæн. Мæ цуанон уæдмæ рувасы фæдыл адзæгъæл, æмæ æмбæрстон, тагъд кæй нæ фæзындзæн. «Гъемæ йæ, цас æй фæнды, уыйас расур-басур кæнæд. Кæм мæ бахъуыд августы кæрон рувас? Йæ царм дæр не сбæздзæн. Декабрьмæ йæ цард – йæхи бар. Бынтон хуыздæр та – январьмæ науæд февральмæ. Уæд æй мæ къухтæм хъæуы. Ныр та уыцы ницæйаджы тыххæй мæ цуан нæ фехалдзынæн, ардыгæй хурныгуылдмæ цыфæнды цуанон куыдзæй дæр хуыздæр ауадздзынæн дугъы тæрхъусты сæ хуыккæмттæй. Æмæ мын уæд сар сæ сæр кæны», – мæхинымæр хъуыдытæ кодтон.


Топп ифтыгъдæй хæрдмæ хъилæй дарын, афтæмæй уырдыджы æрцæуын. Къутæртæй куыддæр сыбар-сыбур райхъуысы, афтæ йæ бынмæ комкоммæ бахсын. Цырд куынæ фæлæууай, уæд байрæджы: дæ цуан – уæгъды!

Уыцы бон Хуыцауæн бирæ фæкуывтон, фехсыны размæ мæ къудзи-

йы бынмæ бакæсыны хъуыдыйыл кæй бафтыдта, уый тыххæй. Мæн ауынгæйæ, æнæнхъæлæджы къудзийы бынæй хуыргарк, йæ базыртæ айтындзгæйæ, йæхи иуварс аппæрста йæ бынатæй, фæлæ хæрдмæ не стахт. Йæ базыртæ та ног фæхъил кодта æмæ далæ иннæ къудзийы ‘рдæм фезгъоры. Фæлæ хæрдмæ цæуылнæ тæхы, Хуыцау ын базыртæ тæхынæн куы радта, уæд? Мæнæ та ногæй хæрдмæ фесхъиуæгау кодта æмæ иннæ æрдузы æрхауд, цы къудзийы бын уыд, уымæй гыццыл дарддæр, æцæг ныр та йæ рахизварс, цæмæй йæ æз дæр уынон. Хуыссы йæ фарсыл, раст цыма нæмыгдзæф у, уыйау. Рæвдз æм бауадтæн, – уый фестад æмæ та дарддæр рахизæрдæм фæтæхы. Азгъордта, фæлæ та не стахт. Æппынфæстаг бамбæрстон, йæ фæдыл мæ кæй сайы, уый. Æз цъындæмбæхстытæй хъазынæй афæлмæцыдтæн, мæ къух ыл ауыгътон æмæ фæстæмæ раздæхтæн.

«Дæ мæтæй мæлын, мæнæ хуыргарк. Цæр, цас дæ зæрдæ зæгъы, уыйбæрц ацы мæнг дунейы», – загътон мæхинымæр æмæ, фыццаг цы уагъылыйы къудзийы бын амбæлдыстæм, уырдæм бакастæн.

Уым федтон… Сымахмæ гæсгæ цы? Уазалæй кæрæдзиуыл зырзыргæнгæ цы гыццыл лопъози удхъом къуыбылæйттæ бандæгъд, уыдоны. Ныр ма сыл пакъуы дæр нæ рахæцыд. Æллæх, æллæх! «Уый мæ мадæлгарк йæ лæппын цъиутæй иуварс куы сайдта, – ахъуыды кодтон, йæ хинæйдзаг митæ йын бамбаргæйæ. – Уæвгæ, мадæлтæ се ‘ппæт дæр иухуызæн сты».



«Раздæх дæ хæдзармæ, хуыргарк! Дæ хъæбултæ суазал сты!» – фæхъæр ма йæм кодтон фæстæмæ æмæ мæхи уырдыгæй айстон.

Уырыссаг æвзагæй ХЕТÆГКАТЫ Оксанæйы тæлмац



Рафис КУРБАН

1957

Тæтæйраг поэт, прозаик, драматург, тæлмацгæнæг. Татарстаны Республикæйы аивæдты сгуыхт кусæг. Татарстаны Фысджыты цæдисы уæнг.

Райгуырд хъæу Малый Битаманы. Каст фæцис Хъазаны паддзахадон университеты журналистикæйы факультет. У 30 чиныгæй фылдæры автор. 2012 – 2016 азты уыд Татарстаны Фысджыты цæдисы сæрдар.

У Шайхи Маннур, Абдулла Алиш æмæ Фатих Хуснийы номыл литературон премиты лауреат. Хорзæхджынгонд у бирæ майдантæ æмæ Кады гæххæттытæй. Йæ уацмыстæ тæлмацгонд сты бирæ æвзæгтæм.

Æмдзæвгæтæ фыссын райдыдта 8-9-аздзыдæй. 1987 азы рацыд йе 'мдзæвгæты фыццаг æмбырдгонд сывæллæттæн «Где спит баран?»

Йе 'мдзæвгæтæй бирæтæ систы зарджытæ.

Рафис КУРБАН

* * *

Нæ астæу махæн мин фæндаджы тыд,
Æз сыл фæцæудзынæн, дæумæ – мæ цыд.
Нæ бауромдзæн хæхты бæрзонд мæн,
Нæ заууаты ызмис, нæдæр ивылд.

Фæлæ мæ размæ стыр хох нæй мæнæн,
Нæ дих кæны мах денджызы фæтæн.
Æрфæнтау н‘ астæу афæдзтæ лæууынц...
Зæгъ-ма уæдæ, цы чындæуа мæнæн?

ÆНУСОН УАРЗТ

Цы не ‘взара мæ уд,
Кæмфæнды дæр куы уон,
Фæдæттынц мын хъару,
Куы ‘ркæны мыл фыдбон.
Зæрдæйы – хурыскаст,
Къæвдайæ дæр нæу тас –
Мæ уарт – мæ мады каст,
Мæ фыды хъарм ныхас.

Мæ мады цæст кæсы,
Мæ уд куыд уа сыгъдæг,
Мæ фыды дзырд хъуысы –
Мæ фæндагамонæг.
Цъæх арв дæр мæм кæсы
Мæ мады цæстытау.
Сыфтæры хус сыр-сыр –
Мæ фыды ныхæстау.

Фæкуывтой мын фæндон,
Куы ‘рвыстой балцы мæн.
Кæдмæ цæуынхъом уон,
Уæдмæ сæ уарздзынæн.

Мæ зæрдæ сыл у баст,
Дæттынц мæ удæн тавс
Мæ мады фæлмæн каст,
Мæ фыды хъарм ныхас.

ЗÆРОНД БЫЛГÆРÆТТЫ ÆНКЪАРД

Бур, æнкъардхуыз былгæрæттæ –
Сивта адагæн йæ конд.
Бафæлладысты сæ мæтæй,
Сты æрхæндæгæй зæронд.

Джиуынц сабыры æндзыгæй,
Стыр – сæ иунæгады уæз.
«Ам æнкъард у алырдыгæй», –
Райхъуысти кæйдæр хъæлæс.

Мигътæм хох йæ сæр ивазы,
Мæнæ диссаджы бæрзæнд!
Цæугæдонмæ згъоргæ хъазы
Суадон былгæрæтты ‘хсæн.

Уырыссаг æвзагæй ГЕГКИТЫ Сосланы тæлмац



Игорь ПОПОВ

1990

Марийаг поэт, тæлмацгæнæг. Уæрæсейы Фысджыты цæдисы уæнг.

Райгуырд хъæу Чобыковойы. Каст фæци Марий Элы паддзахадон университеты филологи æмæ журналистикæйы факультет. 2017 азæй у литературон журнал «Ончыко»-йы сæйраг редактор.

Мыхуыры йын рацыд æмдзæвгæты æмбырдгонд «Поро эр, ош куэр!» («Доброе утро, белый березняк!») æмæ «Поч омсатым» («Распахни свою дверь»). Марийаг æвзагмæ ратæлмац кодта Михаил Лермонтовы, мордоваг поэт Геннади Гренцовы, венгриаг æмæ белорусаг поэтты æмдзæвгæтæ. Йе 'мдзæвгæтæй бирæтæ абон сты зарджытæ. Йæ уацмыстæ фыссы марийаг æвзагыл. Æмдзæвгæтæ фыссын райдыдта райдайæн кълæсты ахуыргæнгæйæ. Мыхуыры йын цыдысты сывæллæтты республикон газеты.

2020 азы сси Марий Элы Олык Ипайы номыл паддзахадон æрыгæтты премийы лауреат литературæ, аивад æмæ архитектурæйы къабазы.

Цæры Йошкар-Олайы.

Игорь ПОПОВ

* * *

Нæ фестдзынæн дæуæн æз уад,
Уый – рогвад, сабийау – тæнæгсæр.
Уæд иуæрдæм вæййы йæ тахт,
Уæд та æваст – æндæр кæдæмдæр.

Дæуæн нæ басгуыхдзынæн хур, –
Уый бон фæсмигъ йæхи æмбæхсы.
Æхсæв æй ма хъыгдарут мур, –
Йæ фæлмæн лыстæны ныллæсы.

Æхсæв цæхæркалгæ ыстъалы
Æбæрæг ранмæ сисы дугъ,
Сæударыл сæфы арвы малы,
Æмæ йæм нал æххæссы къух.

Æз та æдзух уыдзынæн демæ
Сæумæ уа, бон уа йе æхсæв.
Нæ дыууæ иу уыдзыстæм, гъемæ
Нæ амонд никуы уыдзæн сæфт.

* * *

Хæрзбон, æнуд сахар, хæрзбон,
Мæ хъæумæ ныр мæ фæндаг дарын.
Ныццæвдзæн зæрдæйы кæрон
Зæрдæбын, удрæвдауæг зарын.

Фыр цинæй хосгæрстмæ тæхын,
Хæссынц мæ базыртау мæ къæхтæ.
Æртæхдзаст кæрдæгæн зæгъын:
«Æрвон – дæ дидинты ыздæхтæ».

Куысты куы бафæлмæцын, уæд
Тындзын фыдыуæзæгмæ дардæй.
Æндæр йæ сахармæ тындзæд,
Йæ сахар буц кæнæд йæ зардæй.

Æз та, сæумæйы æртæх æртау
Мæ хосгæрстыл куы ‘рхауа уаз мыр,
Уæд ыл æмдзæвгæйы рæнхъау
Мæ цæвæг адардзынæн дардыл.

Уырыссаг æвзагæй МАМЫКЪАТЫ Хъазыбеджы тæлмац



«Пушкин Онегинимæ» . Марий Эл

МАРИЙАГ ÆМБИСÆНДТÆ

- ✓ Доны кæсаг уæд, æндæр кæсагахсæг фæзындзæн.
- ✓ Цъыдагъы æмварс мыд дæр цъыдагъы тæф кæнын райдайдзæн.
- ✓ Знон мæнгтæ загътай – абон дыл ничиуал бауудзæн.
- ✓ Æхсидав гæххæтты нæ батухдзынæ.
- ✓ Хорз адæймагæн кæйдæр зын дæр маст у.
- ✓ Фыдохы хабæрттæ разæй цæуынц, æхсызгонтæ та – сæ фæстæ.
- ✓ Халон дæр йæ уасынæй разы у.
- ✓ Зондджынты ‘хсæнæй æдылытæ дæр рацæуы.
- ✓ Арт фæтæгенæй нæ ахуыссын кæндзынæ.
- ✓ Арт æндзарæг йæ хуыссынгæнæг нæу.
- ✓ Хъæд – ис, хъæу – ис, уæдæ уæд ис фыдлæг дæр.
- ✓ Рувас йæ къæдзилæй йæ фæд æмбæхсы.
- ✓ Сыф бæласæй дард нæ хауы.
- ✓ Мад табуйаг у.
- ✓ Иугæр райгуырдтæ, уæд дын æнæ мæлгæ нæй.
- ✓ Райгуырын у зын, амæлын æнцон у.
- ✓ Саразæн, сæххæст кæнæн цæмæн нæй, ахæмæй дунейы ницы ис.
- ✓ Иу дзырд стæг сæтты, иннæ йæ ныхасы.
- ✓ Сисы хуынкъæн бахгæнæны амал ис, фæлæ дзых та нæ сæхгæндзынæ.
- ✓ Мыдимæ мыртгæ дæр адджын у.
- ✓ Талф-тулфæй куыст рæстмæ нæ уайы.
- ✓ Хистæры дзырд уæгъды загъд нæу.
- ✓ Уæзбын куыдз счъилтыл хæцы.
- ✓ Цас уæлдæр хизыс, уыйас æрхауынæй тæссагдæр у.
- ✓ Цъиусур æмæ бæлон хæлæрттæ не сты.



АГЪНАТЫ Гæстæн

1943

Прозаик, публицист. Цæгат Ирыстоны адæмон фыссæг, Хетæгкаты Къостайы номыл Паддзахадон премийы лауреат, РЦИ-Аланийы Фысджыты цæдисы раздæры сæрдар.

Райгуырд Хъарман-Сындзыхъæуы. Дæсæм къласы ма куы ахуыр кодта, уæд журнал «Мах дуг»-ы рацыд йæ фыццаг радзырд. Астæуккаг скъолайы фæстæ бацыд Цæгат Ирыстоны педагогон институтмæ, фæлæ йæм дыууæ азы фæстæ фæсидтысты Советон Æфсады рæнхъытæм, æмæ Хæстон-денджызон флоты баслужбæ кодта цыппар азы.

1968 азы йын чингуыты рауагъдад «Ир» ныммыхуыр кодта йæ фыццаг чиныг – «Кæстæр чындз». Уæд Гæстæныл цыд 25 азы. Уыцы аз бацыд Мæскуыйы Максим Горькийы номыл Литературон институтмæ æмæ йæ æнтыстджынæй каст фæцис. Куыста алы бæрнон бынæтты: республикон радиойы уацхæссæг, телеуынынды хистæр редактор (стæй та – йæ сæйраг редактор), журнал «Ногдзау»-ы бæрнон секретарь, журнал «Мах дуг»-ы сæйраг редакторы хæдивæг.

АГЪНАТЫ Гæстæн

ЦЫМЫДИС СЫВÆЛЛОН

Радзырд

Фыд чысыл раздæр йæ кусæн дарæс – фæныкхуыз костюм æмæ нейлон хæдон – раивта.

Фатеры дуарæй куыддæр бахызт, афтæ йæ туфлитæ раласта, æмæ ныр йæ къæхтæ, цыма ахст уыдысты æмæ сæрибармæ раирвæзтысты, афтæ улæфынц.

Сывæллон дæр – æхсæзаздзыд саухил лæппу – æнæбары йæ дарæс ивта. Æвæццæгæн, зивæг кодта кæнæ... Хуыцау йæ зонæг, цы хъуыдытæ йæм уыд – йæ мад ын знон цы хъæбæрцъар чиныг балхæдта (Андерсены фыст у, æнхъæлдæн), уымæ каст. Фыд æм ницы сдзырдта, æрмæст йæ цæстытæ фæтар кодта, æмæ кæрæдзийы бамбæрстой: лæппу йæ дарæс раласта. Цыбыр хæлаф æмæ майкæ скодта. Ахæм рæстæг æрцæудзæн, æмæ йæ буар æвдисын æфсæрмы кæндзæн, сыгъдæг уæлдæфы хъæстæ ма-иу ын кæд рæстæгæй-рæстæгмæ фæуа, æмæ уый дæр сусæгæй, æндæр... Фыды цæстытæ фыртыл æрæнцадысты. Уый, цыма ас адæймаг у, афтæ диваныл бады, йæ иу къах иннæйыл сæвæрдта æмæ чиныгмæ кæсы. Дамгъæтæ иууылдæр зоны.

Лæппу йæ сæрыл схæцыд æмæ айхъуыста. Цæуылдæр сагъæсы аныгъуылд. Сывæллоны хъуыдытæ – аргъæуттæ æмæ фантастикон романтæ – æцæгдзинадæй се ‘хсæн – æнæкæрон тыгъдад.

Фыд ныллæг къæлæтджын бандоныл йæхи фæстæмæ ауагъта. Хæдзарыдаргæ фæлмæн пижамæйы йæ буар улæфы. Куысты афтæ бафæллайы, æмæ йе уæнгтæ фезмæлын нал фæкомынц. Куы йæм иу æрбацæуы, куы – иннæ, æмæ... Адæмимæ зын кусæн у. Æфсин сахатырдæджы фæстæ зындзæн... Æнæ уый хæдзар афтиды хуызæн у.

Æфсин йæ куыстæй Мамсыræй раздæр рацæуы. Виталийы дæр сывæллæтты цæхæрадонæй уый ракæны. Хатгай афæстиат вæййы. Æмæ уæд телефонæй æрбадзуры. Абон дæр æрбадзырдта. Лæг ныуулæфыд. Йæ бинонтимæ ма кæрæдзийы кæд сабаты æмæ хуыцаубоны фенынц, æндæр... Иннæ бонтæ уыдоны не сты: райсомæй ацу æмæ изæрæй фæзын, дæ хъару æмæ дæ зонындзинæдтæ иууылдæр – куыстæн. Æмæ хъуамæ афтæ уа.

Витали диванæй рахызт æмæ рудзынджы цур йæ къахфындзтыл слæууыд, æддæмæ кæсы. Йæ зæрдæ ма, æвæццæгæн, уынгмæ æхсайы. Йæ чысыл цæстытæй ницы аирвæздзæн, уынджы фæцæйцæуа, рудзынгæй кæса – йæ цæстытæ тыбар-тыбур сисынц: хъуамæ алцы дæр фена.

– Витали!

Лæппу диванмæ бацыд æмæ та чиныджы кæсы. Æмбаргæ у: фыд цы зæгъынмæ хъавыд, уый бамбæрста. Мад æй куы Вит фæхоны, куы Виталик, куы та цы – уæлдай митæ, сывæллон халæн ныхæстæ.

Лæг йæ сæры хилтыл йæ армытъæпæн фæстæмæ ахаста. Цалдæр дзы йæ ныхыл æрхауд æмæ, цы сты, уымæй дæс-фынддæс хатты стырдæрæй зынынц. Лæг йæ сæр банкъуыста: йæ сæр фæурс кæны. Фæныкхуыз костюм дæр уымæн балхæдта.

Ныллæг æртæкъахыг стъолыл цалдæр газеты æмæ журналы æвæрд. Лæг газеттæй иу систа. Ныгуылæн бæстæты энергетикон кризис тынгæй-тынгдæр æнхъæвзы. Иуæй-иу буржуазон идеологтæ фæдис кæнынц, капитализм æмæ социализмы ‘хсæн цы арæнтæ ис, уыдон ихсийынц. Нæ, уæ Бæрзонддзинад! Уыдон мæнг бындурыл амад ныхæстæ сты, æхсæнæдты уидæгтæ уæ хуыздæр зонын хъæуы.

Сывæллон та рудзынджы цурмæ бацыд, йæ къахфындзтыл слæууыд æмæ рудзынгæмбæрзæны зыхъхъыræй æддæмæ кæсы. Цы та дзы федта? Фыд сыстад. Цалдæр хомбыл лæппуйы уынджы тротуары астæу сдзыгуыр сты, се ‘хсæн дыууæ хомбылы цæуылдæр хъæræй дзурынц æмæ уыдонмæ кæсынц. Уынджы машинæтæ æмæ адæм дыууæрдæм куынæ кæниккой, уæд сæ хъæлæстæ хъуысиккой, цæуыл быцæу кæнынц, уымæн базонæн уаид – дыккаг уæладзыг зæхмæ уыйас дæрддзæф нæу.

Лæппуты цæсгæмттæ, цас æмбæлы, уымæй сырхдæр зынынц. Æвæццæгæн, искуы ануæзтой – хуры фæстаг тынтæй буар афтæ сырх нæ фæдары. Сæ хъарутæ бавзарынмæ хъавынц. Æмæ уый тыххæй сæрмагонд бынæттæ бæргæ ис – спортивон залтæ æмæ сæ спортивон фæзтæ хонынц.

– Витали, цу æмæ дæ чиныджы кæс.

Фырт йæ фыдмæ сдзагъул кодта. Æнæбары ацыд. Диваныл дæлгоммæ схуыссыд æмæ чиныджы кæсы. Кæсы, зæгъгæ, йæ хъуыдытæ уынджы кæй сты, уый дызæрдыггаг нæу. Сывæллонмæ алцы дæр диссаг

кæсы. Æвæццæгæн, бон-изæрмæ цы дзырдтæ фæзæгъы, уыдонæн сæ фылдæр – фарстаты хуызы.

Мамсыр йæхи нæма ныннадта. Йæ буар цалынмæ доны хъæстæ фæуа, уæдмæ, куыд æмбæлы, афтæ нæ сулæфдзæн.

Лæг хъæрмуст дон йæхиуыл рауагъта. Ах! Цы хорз у. Зæххон дзæнæт. Доны æртæхтæ цырагъы рухсмæ тыбар-тыбур кæнынц.

Мамсыр алы изæр дæр йæхи ныннайы, нымадæй цалдæр минутмæ йæ фæллад фесæфы.

Йæ зæрдыл, тротуары астæу цы лæппутæ сдзыгуыр сты, уыдон æрбалæууыдысты. Кæд сæ милиционертæй исчи фена, уæд – сæ амонд: апырх сæ кæндзæн. Æгъдау чидæриддæр халы, уыдонæн æппындæр хатыр нæ хъæуы.

Хисæрфæн – бæмбæджы хуызæн фæлмæн æмæ рог, риуæй къæхты уæлфæдтæм æххæссы, фæлæ йæ дæ армытъæпæнты æрбалхъив, æмæ нал фæзындзæн – лæджы уæнгтыл дыууæрдæм быры.

Æфсин æрбацæуы, къæсæры цур йæ къæхты уынæр хъуысы. Цъæх ахуырст уæрæх дуар сабыргай байгом. Мыдхуыздзыкку æрыгон сылгоймаг уатмæ æрбахызт. Йæ къухы – сæнтсау чысыл хызын, стъолыл æй æрæвæрдта, йæ алыварсмæ акаст æмæ йæ сæр лæджы гом риуыл æруагъта, йæ цæнгтæ лæджы уæхсчытыл æрæнцадысты.

– Мамсыр, фæллайын байдыдтон.

– Тагъд отпусчы ацæудзыстæм æмæ...

Сылгоймаг лæджы ныхас фескъуыдта:

– Вит кæм и?

– Мидæггаг уаты.

Мад æмæ фыд сæ лæппуйы цурмæ бацыдысты.

– Исты дзы риссы?

– Уынгмæ кæсын æй нæ уадзын, æмæ æрæнкъард, нæ, Витали?

– О.

Лæг æмæ ус ныххудтысты. Хъæрæй, зæрдиагæй. Æнæдзургæйæ кæрæдзийы бамбæрстой: сывæллон диссаг у, чысыл ницы дæр йæ зæрдæмæ арф исы, чысыл ницы дæр æм диссаг кæсы – уыдон дæр Виталийы йæстæ уыдысты æмæ йæ сæхицæй зонынц.

Лæппу та рудзынджы цурмæ бацыд æмæ æддæмæ кæсы.

– Ныртæккæ хыл кæнын райдайдзысты.

Фыд фырты къухыл рахæцыд:

– Чысыл лæппуйæн ахæм æнæгъдау митæм кæсын не ‘мбæлы.

Фырт йæ фыдмæ йæ цæстытæ фæтар кодта: дынджыртæн алцы дæр æмбæлы, чысылтæн – нæ. Ехх!

Æфсин йæ дзаумæттæ аивта æмæ иннæ уатæй рацæуы, йæ хъæлæс йæхицæй фæраздæр.

– Цы уарут?

– Мах – ницы, фæлæ цалдæр лæппуйы сæ уаринаг уæрст нæ фесты æмæ йæ нæ рудзгуыты бын дихтæ кæнынц. Виталийы уыдонмæ кæсын нæ уадзын, æмæ мыл йæ зæрдæ худы.

– А-а, – æфсин цæлгæнæн уатмæ бацыд æмæ йæхицæн цыдæр зары. Лæг лæмбынæгдæр айхъуыста. Хадизæт хæринаг кæнгæйæ æдзухдæр йæхицæн цыдæр фæзары.

Лæг рудзынгæмбæрзæн уæрæхдæр байгом кодта. Уыцы лæппутæм ма иннæ фатертæй дæр кæсынц. Къæлætджын бандоныл йæхи æруагъта. Уьщы дыууæ лæппуйы хыл кæнын райдыдтой. Хыл кæй райдайдзæн, Витали уый цæмæйдæр базыдта. Ныры сывæллæттæ пехуымпартæ сты.

Хъæдындзтæ сойы фыцынц, æмæ сæ адджын тæф æмбудæнтыл æмбæлы.

Витали та рудзынджы цурмæ бацыд, йæ къахфындзтыл слæууыд. Йæ фындз рудзынджы авгыл баныхæст.

– Витали!

– Папæ, дынджырдæр лæппуйы цæсгом тугæй нал зыны.

– Дæ бадæны сбад æмæ чиныджы кæс.

– Тæригъæд у.

– Кæмæ дзурын?! – загъта фыд тызмæгæй. Йæ фырт уыдисны йас нæма у æмæ коммæ нал кæсы, йæхи фæндтæ кæны.

Фырт йæ фыдмæ йæхи сдзагъул кодта, йæ цæстытæ – тар æмæ хъуыддагхуыз.

Мамсыр сыстад. Йæ азты уæз та дзæбæх æнкъары. Цымæ цæмæн? Æвæццæгæн ын йæ фырты тызмæг цæстæнгас хъыг уыди, æмæ уымæн. Афтæ уыдзæн.

Телефоны дзæнгæрæг нызсæлланг кодта. Куысты дзы сфæлмæцыд, хæдзары сулæфдзынæн, зæгъгæ, фæзæгъы, фæлæ йæ ам дæр æнцад нæ уадзынц. Мамсыр хæтæл систа – иу изæр ыл йæ маст куы фæтых уа, уæд æй ратондзæн.

– Хъусын.

– Уыцы чиныг ссардтон, зæгъыс? Бузныг.

– Уæдæ мыл райсом сæмбæлдзæн?

– Куы йæ бакæсон, уæд аныхæстæ кæндзыстæм.

– Бузныг, хæрзæхсæв.

Лæг сабыр къахдзæфтæй мидæггаг уатмæ бацыд. Рæстæг адæймаджы азæй азмæ ног джипы уадзы. Мамсыры цæстытæ уаты къуымты æрзылдысты – ардæм горæты иугæндзон хъæр тынг нæ хъуысы, æндæр, йæ цуры цъæх фæз кæмæн ис, ахæм хæдзары дæр фатер райсид, фæлæ ам сахуыр, æмæ йæ йæ къæхтæ никæдæм хæссынц, стæй зæронд фатертæ уæрæхдæр æмæ райдзастдæр сты.

Мамсыр телевизор баиу кодта æмæ фæлмæн къæлætджыныл сбадт, йæ иу къах иннæйыл сæвæрдта, йæхи фæстæмæ ауагъта. Хатгай телевизормæ бакæсын ницы хъыгдары, фæлæ фылдæр хæттыты йæ цуры бадгæйæ рæстæг дзæгъæлы фесафы. Дзыллæйы аккаг ныхас зæгъын æнцон нæу, дæ дзырд хъуамæ зæрдæйыл æмбæла, уæнгты хиза, адæмы сагъæсыл æфтауа.

Футбол та куы æвдисынц. Лæг сыстад, телевизор ахуыссын кодта.

Витали та йæ къахфындзтыл рудзынджы цурмæ фæцæуы. Æ, гæды рувас. Цымыдисæй æддæмæ кæсы.

Фыд йæ мидбылты бахудт: уый дæр чысылæй Виталийы хуызæн цымыдис уыди, искуыцæй-иу хъæлæба æрбайхъуыст – уайминут-иу уым балæууыд, хылгæнджыты алыварс-иу зылд, суанг ма-иу ыл дзы цæфтæ дæр ауад.

– Папæ! Уыцы лæппуйы цæсгом тугæй нал зыны, йæ хæдон сырх хъулæттæ дары. Йæ къæхтыл ма тыххæй лæууы.

– Æмæ цы?

– Тæригъæд у.

– Дæ хъазæнтæ райс æмæ хъаз.

Сывæллон уæддæр æддæмæ кæсы.

– Витали!

Лæппу рудзынджы тæрхæгæй æнæбары йæхи атыдта, уаты къуыммæ йæ хъазæнты цурмæ бацыд. Хомбыл лæппуты хыл æм диссаг кæсы. Цард æмæ мæлæт æфсымæртæ сты, амонд æмæ æнамонд фæрсæй-фæрстæм цæуынц, æмæ уый йæ зонд нæма ахсы. Куы фæхъомыл уа, уæд алцы дæр бамбардзæн, царды æцæгдзинад базондзæн.

Мамсыр телевизормæ фæкомкоммæ. Æрæджы «Леонардо да Винчийы цард», зæгъгæ, хорз киноныв æвдыстой. Иу нæ, фæлæ йæ цалдæр хатты дæр æмбæлы фенын. Италийы кинематографисттæ гениалон нывгæнæджы хъысмæт æмæ сфæлдыстад хорз равдыстой.

– Мæ паддзæхтæ, æхсæвæр цæттæ у.

Хадизæт Мамсыр æмæ Виталимæ дзуры. Лæг фезмæлыд – нæлгоймæгтæ æцæгдæр паддзæхтæ сты.

– Витали!

– Мæнмæ хæрын нæ цæуы.

– Æз кæмæ дзурын?!

Сывæллонæн йæ рохтæ куы суадзай, уæд бæсты бикъ, комы дæгъæл фестдзæн. Йæхи та рудзынджы цурмæ фæласы, йæ къахфындзтыл фæцæуы, иу сыбыртт, иу стыф дзы нæ хъуысы – маргъæн дæр ма йæ базырты уынæр фæхъуысы.

Бар ын ратт, уæд уайминут уынджы февзæрид, хылгæнджытæм дзагъыр цæстытæй кæсид.

– Папæ, уыцы лæппуйæн йæ сæр йæ риуыл ærдзедзыкка. Папæ, уыцы лæппу ахауд.

Мамсыр æнцад лæууы.

– Папæ, уыцы лæппу цудтытæгæнгæ сыстад, иннæ лæппу та йæ ныццавта, æмæ ахауд, мæгуырæг.

Фыд йæ фырты цонгыл рахæцыд. Хъусыныл æм фæци. Цыма спортивон фæзæй репортаж кодта, афтæ дзæбæх дзырдта. Йæ хъæлæсыуаг кæм ныллæгдæр уыди, кæм – бæрзонддæр, кæм тагъддæр дзырдта, кæм – сабырдæр.

– Цы фестут? – Хадизæт та сæм ногæй дзуры.

Виталийы цæстытæ уынгæй атонын нæ комынц.

– Папæ, уыцы лæппу нал змæлы.

Фыд рудзынгæмбæрзæнты зыхъхъыræй уынгмæ акаст: уыцы лæппу æцæгдæр нал змæлы, ныттымбыл, афтæмæй хуыссы. Йæ алыварс лæлпутæ цыдæртæ дзурынц, къухты змæлдæй кæрæдзийæн цыдæртæ амонынц. Сæ цурты цы адæм цæуы, Мамсыр уыдонæй исчи у, зæгъгæ, – йæхи сæм нæ бауромид, цас йæ хъару у, афтæ сыл æрцæуид, милицæмæ адзурид. Уæвгæ... Æниу, кæд, мыййаг, лæппуйæн йæхи аххос уыд, уæд та? Стæй... Цы йæ хъуыддаг и?

– Цы фестут? Уæ хæринаг ныууазал, – Хадизæт та сæм дзуры.

– Фæцæуæм.

Мамсыр фезмæлыд. Виталийы тыххæй рудзынджы тæрхæгæй ратыдта.

– Папæ, уыцы лæппуйы цур цы лæппутæ лæууыд, уыдон алыгъдысты, æвæццæгæн æй амардтой.

– Ницы йын уыдзæн, мæлдзыг нæу, мыййаг. Йе уæнгты та тых бацæудзæн. Сыстдзæн. Æрыгон адæймагыл цæфтæй фылдæр цы цæуы.

Виталийы цæстытæ ас адæймаджы цæстыты хуызæн сты, æнкъардæй кæсынц. Хылмæ каст æмæ... Æндæр искæм фатер райсын хъæуы. Ам – тæккæ тигъыл, æмæ минутæй-минутмæ – фæндаггон фыдбылызтæ, адæм дæр сæ хыл кæнын ардæм æрбахæссынц. Адæймаг сæм æнæ акæсгæ нæ лæууы, æмæ Мамсыр æмæ Хадизætæн ницы у, фæлæ Витали нырма сывæллон у, йæ зæрдæ – æнцон фæносгæнæн, хъахъхъæнын æй хъæуы.

Фыд йæ къухтæ ныхсадта. Чъизи нæ уыдысты, фæлæ сахуыр æмæ ныр дæр йæ ахуыр нæ фехæлдта.

Бинонтæ хæрынц æнæдзургæйæ. Хатгай лæг æмæ усмæ фынджы цур цыдæр зæгъинæгтæ вæййы, фæлæ сæ фæстæдæрмæ аргъævынц. Хæргæйæ дзурын аив нæу. Кæстæртæ хистæртыл ахуыр кæнынц.

Æппæты разæй хæрд фæци Витали. Ацы хатт ыл хур иннæрдæм рахатт. Рудзынджы цур та фегуырд.

– Папæ, уыцы лæппумæ тагъд æххуысы машинæ æрбацыд.

Фыды æрфгуытæ æрбалхынцъ сты. Æндæр исчи афонмæ йæ фыртмæ смæсты уыдаид.

Хадизæт сыстад. Стъол бафснайдта.

– Атезгъо кæнæм.

– Хорз.

Лæг йæ сахатмæ æркаст. Афон у уынгмæ акæсынæн.

Бинонтæ, их ма уарæд, къæртайæ калæгау къæвда ма сæх-сæх кæнæд, æндæр алы изæр дæр тезгъо кæнынмæ ацæуынц.

Лæг йæ дарæс аивта. Горæты иу сабыр, зæрдæмæдзæугæ бынат нал и. Адæймаг æрдзы стъæлфæн у, афтæмæй йын æрдзæй хай нал и. Йæхæдæг йæхиуыл дурын быру сбыдта, йæхæдæг йæхи дурын агъуды батардта.

Бинонтæ сабат æмæ хуыцаубоны горæтæй сæхи атонынц. Хæхтæм кæнæ хъæдгæрæттæм ацæуынц, донмæ хæстæг æрбынат кæнынц.

Мамсыр ног райгуыры, куыд ферыгондæр вæййы, уый бæлвырд фембары.

– Æз цæттæ дæн.

– Цом уæдæ.

– Витали, цом.

Сывæллон мад æмæ фыды разæй йæхи фæкодта, дуары æдде фæци, гæппытæ æмæ схъиудтытæгæнгæ асинтыл бынмæ азгъордта.

Адæм уынджы дыууæрдæм кæнынц.

Æнæкъæм арв. Æмдымбыл мæй горæты рахиз фарс хæрдмæ фæбыры, фарастуæладзыгон хæдзæрттæй фæуæлдæр. Фæндаджы сæрмæ цырæгътæ судзынц.

Витали тротуары астæу, чысыл раздæр лæппутæ кæм хыл кодтой, уым ærлæууыд æмæ цымыдисæй бынмæ кæсы.

Хадизæт Мамсыры дæларм йæ къух бакодта.

– Сабаты искæдæм ацæудзыстæм.

– Цом Хъобангоммæ.

– Нæ фæлæ – Цæлыччы цадмæ, хъæрмуст сыгъдæг доны нæхи фæнайдзыстæм, кæсæгтæ æрцахсдзыстæм.

Сывæллон фæсте аззад, æмæ мад æмæ фыд æрлæууыдысты. Фыд фæдзырдта:

– Витали!

– Папæ, уыцы лæппуйы тугтæ ныр дæр ма асфальтыл бæрæг дарынц.

– Дæумæ æнхъæлмæ кæсæм, раййаф нæ.

Лæг æмæ ус фæцæуынц. Ныртæккæ сæ Витали раййафдзæн, сæ разæй дæр ма фæуыдзæн.

– Кæсаг уæхстыл сфыц, уæд хæрзад вæййы.

– Æмæ афтæ сфыцдзыстæм.

– Витали, раййаф нæ.

– Парчы, къанау кæм фæсаджил, уырдæм цом, уым адæм къаддæр вæййы.

– Стæй дзы уæлдæф сыгъдæгдæр у.

Лæг æмæ ус, сæ лæппу сæ фæстæ, афтæмæй фæндаджы сæрты бахызтысты.

ИРОН ÆМБИСÆНДТÆ

- ✓ Барон, барон – лæджы фырт, æгæр барон – куыдзы фырт.
- ✓ Йæ мады диттой ничи хоны.
- ✓ Мады фыдæбон ничима бафыста – дæ армы дзыхъхъы йын хъайла куы скæнай, уæд дæр.
- ✓ Ус куы курай, уæд æй йæ мадæй бафæрс.
- ✓ Уарзон – æнæвзаг.
- ✓ Сылгоймаг Сатана дæр уыдис, фæлæ Нарт йæ зондæй цардысты.
- ✓ Усы фарс æмæ арты фарс ласаг сты.
- ✓ Усæмвæнд лæг мæрдтыл нымад у.
- ✓ Хæфсæн йæ læппын – хуры тын.
- ✓ Дæ зæнæджы знаджы хаст скæн, æмæ дын лымæны ад радтой.
- ✓ Бæлас уистагæй тасын кæнын хъæуы.
- ✓ Фыдвæды бæсты – æвæд.
- ✓ Фыды фарн мæрдтæм нæ цæуы.
- ✓ Лæг бонæн диссаг куынæ хъуса, уæд йæ хъустæ хæрæджы хъусты йас кæнынц.
- ✓ Зарæг хъырнæгæй фидауы.
- ✓ Æргом ныхасы къæм нæй.
- ✓ Æргом ныхас хæлардзинад нæ халы.
- ✓ Адæймагæн йе сæфт дæр æмæ йæ амонд дæр йе ‘взагыл баст сты.
- ✓ Дзырдæн мæсыгамайæг Додзийы дурау авд æвæрæны ис.
- ✓ Дзыхджын – бæхджын, æнæдзых – фистæг.
- ✓ Дзыхы хорзæх – Хуыцауы хорзæх.
- ✓ Дзырд нæмыгау у – куы аирвæза, уæд ын æрцахсæн нал ис.
- ✓ Чидæр хæсты уыдис, иннæ та йын йæ хабæрттæ кодта.



Хаджисмель АДЖИБЕКОВ

1953

Абазинаг адæмон поэт, тæлмацгæнæг. Уæрæсейы Фысджыты цæдисы æмæ Журналисты цæдисы уæнг. Хъæрæсе-Черкесийы Республикæйы адæмон поэт.

Райгуырд хъæу Красный Востокы.

Абазинаг æвзагмæ раивта бирæ немыцаг хъуыстгонд фысджыты уацмыстæ. Йæхи æмдзæвгæтæ дæр тæлмацгонд æрцыдысты Уæрæсейы адæмты æвзæгтæм æмæ сфидыдтой антологиты дæр. Ахуыр сæ кæнынц скъолаты.

Уæдæ Хаджисмелæн ис йæхи надвæд (æрмдзæф) абазинаг æвзагзонынады дæр, йæ наукон куыстытыл стыр цымыдисимæ сæмбæлынц кæсджытæ. Æрми йын сты мадæлон æвзаджы æвæрæнтæ æмæ алыхуызон поэтикон мадзæлттæ, æмæ йын уый, бæгуыдæр, ирддæр кæны йæ уацмысты хæдбындурдзинад.

1981 азæй фæстæмæ куыста газет «Коммунизм алашара»-йы («Коммунизмы рухс»). 1989 азæй нырмæ та у Хъæрæсе-Черкесийы радиохъусынады сæйраг редактор.

Хаджисмель АДЖИБЕКОВ

МÆ БÆСТÆЙЫ ЦÆССЫГТÆ

Триптих

Эти слезы больше, чем глаза.
Марина Цветаева

Азæлд ризы æмæ риссы,
Рыуы иннæрдæм куы хизы.
Туаллæгты Хъазыбег

I

Азæлд, сау азæлд – æнусон,
Азæлд, урс азæлд – æгъуыстаг.

Уый нæу фæздæг, куынæ у мигъ дæр –
Æрхъула зæххыл сау æрхуымы фæлм.
Æрбадт ыл маст мылазон нимбау
Æмæ ælвасы уды дæр йæ тæлм.

Хуыдалынджы – нæ бонтæ,
Цы рисс-тыллæг – нæ гонты!
Цы хъысмæт нæ æрцахста,
Нæ уæнгтæ нын ныббаста!

II

Оххх, цы рæстæг у, цы заман!
Басгуыхт иблисæн байтаман.

Сси цыма мæйдар æнусон,
Бартæ никуал ратдзæн Рухсмæ.

Куы – фæсвæндаг, куы – дæлвæндаг,
Афтæмæй кæнæм æвæндаг.
Айтынг сау дугæй хъуырдухæн,
Удхор нын куы фестад удхар.

Ивæзы дывыдон рæстæг,
Сафы нын нæ туг, нæ хъæстæ.

Нæ, нæ уыдзæн никуы рохуат
Сау тæхгæ-нæргæ фыдохæн.

Ивылд, абухта фыдзаман
Раст цыма Артъауыз-залым.

Уасынæй ныффæсус халон, –
Сау дуг аныхъуырдта цалы!

III

Фæлæ адæмæн йæ зæрдæ
Арвау акалдта цæхæртæ.

Æмæ райхъал и Рæстдзинад,
Æмæ райста кард Лæгдзинад.

Æтт! Нæ басасти нæ дзыллæ, –
Раргом и йæ ныфсы тыллæг.

Æмæ сау фæнык-сыгъдонæй
Феникс фатау стахт уæндонæй.

Æмæ байтыгъта Сæрибар
Ног дугæн зæрин дуар.

* * *

Амондджын цæмæй хонын мæхи?
Никуы уыд мæ уды æрдзы хин.

Сабидуг мын басгуыхтис зæдбадæн –
Буц лæвар мæ фыд, мæ мадæй.

Нæ адæмы нæрæмон зæрдæ
Бацарди мæ уадындзæн йæ зæлты.

Сыгъдæг æфсармæн раздæрау – мæ табу,
Мæ уд дæр уый фæрцы нæ бабын,

Мæн хъахъхъæны цыма Хуыцауы къух,
У ноггæнæг сæуæхсидау йæ рухс.

САБИДУДЖЫ АРГЪАУ

Мысинæгтæ мысайнæгтау – сыгъдæг,
Уым арвау айтынг рагбонты тыгъдад.

Мæ зæрдыл та æрбалæууыд нæ къæс,
Зæры бон дæр дæтты мæ цинтæн рæз.

Нæ зæхбын хæдзар – диссаджы мæсыг,
Куыд æхцон уыд йæ рудзгуытæй кæсын!

Нæ дуне сæ æрвайдæнау уыдтон –
Мæ царды сæр, мæ уды Бонвæрнон –

Йæ рухсæй нывæст аргъæутты хæрдгæ…
Ныр уырдæм бахиз, гъæй-джиди, бæргæ!

Æмæ та хъусты азæлид хæрзаг,
Куыд зарыдис зæххон зæдау мæ мад…

Нырмадæр мæ нæма уырны уæддæр,
Мæ урс хæдзар кæй ахафтой кæддæр!..

Уырыссаг æвзагæй КЪАДЗАТЫ Станиславы сæрибар тæлмац



Мунир КУНАФИН

1971

Башкираг поэт, прозаик, драматург, журналист. Башкортостаны адæмон фыссæг. Уæрæсейы Фысджыты цæдисы æмæ Башкортостаны Фысджыты цæдисы уæнг. Башкортостаны Республикæйы культурæйы сгуыхт кусæг.

Райгуырд Саитбабайы хъæуы.

У литературон журнал «Агидель»-ы сæйраг редактор. Уымæй размæ та уыд фæсивæдон литературон журнал «Шонкар»-ы сæйраг редактор.

Литературон фестиваль «Илһам шишмәләре»-йы, литературон конкурс «Новые горизонты»-йы, Васили Шукшины номыл æппæтуæрæсейон литературон конкурсты лауреат. Сæрмагонд æфсæддон операцийы фæдыл цы уацмыстæ ныффыста, уый тыххæй хорзæхджынгонд æрцыд Башкортостаны Республикæйы Сæргълæууæджы премийæ.

Мыхуыры йын рацыд чингуытæ «Такое у меня время», «Это жизнь...», «Плыл по океану рыжий остров» æмæ «Божье веление».

Цæры Уфайы.

Мунир КУНАФИН

ИУЗÆРДИОН

Радзырд

Пайда нæ домы удуæлдай лæггад,
Нæ нысан кæны фарсмæ хуыст æмуат.
Æнæтугист нæ нысан кæны барст,
Дæрддзæф уæвын нæ амоны нæуарзт.

Омар Хайям

– Идрис, иу хатт мын æндæр нæлгоймагимæ æрмуд уæвыны бар ратт, – сихоры хæрды рæстæг Нафисæ æрхатыди йæ моймæ. – Мæ бон дарддæр быхсын нал у. Æрмæстдæр иу хатт. Курын дæ. Лæгъстæ дын кæнын.

Лæгмæ кæнæ йæ усы курдиат æнахуыр фæкасти, кæнæ йæ, йæ сæрмæ цы дыдынбындз зилдух кодта, уый бахъыгдардта, йæ хæринаг æууилын ныууагъта, йæ уидыг стъолыл æрæвæрдта æмæ йæ къухтæ стылдта. Йæхиуыл схæцыди æмæ йæ уидыгмæ æвналгæ дæр нал бакодта. Йæ усмæ мæсты не сси, æрмæст ын йæ цæсгоммæ тæригъæдгæнæджы цæстæй бакасти. Йæ цæстæнгас Нафисæйы иннæрдæм ахызти, æмæ уый дæр йæ бынатæй фестади.

– Бамбар мæ, дæ хорзæхæй, æнæ сывæллонæй цæрын нал фæразын. Иудадзыг ууыл хъуыды кæнын æрмæст, æндæр ницæуыл, – загъта йын сусубусугæнæгау ныллæг хъæлæсæй.

Идрис æм иуцасдæр рохстæй фæкасти, стæй дуары хæцæнмæ бавнæлдта æмæ ма йæм æддæмæ ахизыны размæ йе ‘ргом раздæхта:

– Нафисæ, дæ цардæй бынтондæр куы фесæфин, уæд хуыздæр нæ уаид?

– Нæ, нæ, ма фесæф! Æдзухдæр мæ фарсмæ у! – бауади йæм сылгоймаг, фæлæ лæг къæсæрæй ахызти æмæ дуар йæ фæдыл сабырæй ахгæдта.

Уыцы ныхас се ‘хсæн æнæмæнг кæй рауайдзæн, уый зыдта æмæ йæм арф кæмдæр йæ мидзæрдæйы æнхъæлмæ касти, фæлæ йын Нафисæ йæ рис ахæм хуымæтæг хуызы раргом кæндзæн, ноджы ма йæ ныхас афтæ æрзилдзæн, уыцы хъуыды йæм æввахс дæр нæ цыди. Уы-

мæй цæттæдæр уыди æндæр хабар фехъусынмæ. Йæ ус дзы ацæуыныл куы ныллæууыдаид, уæд æй бамбæрстаид. Ныр иумæ аст азы цæрынц, фæлæ сын сывæллæттæ нæй. Астæ та тæхынц æнæрæнцойæ – ууыл æртын азы цæуы, ус та дзы дыууæ азы кæстæр у. Аст азмæ се 'хсидгæ æнкъарæнтæ нæ фæмынæгдæр сты. Æцæг фæстаг дыууæ мæйы лæг йæ усмæ рахатыдта цыдæр ивддзинад. Афтæ йæм кæсы, цыма йемæ йæхи раздæрау нал дары.

Сæ уарзондзинадæй мисхал дæр нæ фесæфти. Нафисæ скъолайæ æрæгмæ куы фæцæуы, уæд Идрис нынкъард вæййы. Æнæ уымæй йын хæдзары рухс дæр нал вæййы, хъарм дæр. Агроном у æмæ, колхозы быдыртыл куы фæзилы, уæд йæ усæн хъæбысыдзаг дидинджытæ æрбахæссы. Сылгоймаг скъолайы хъуыддæгтæ кæнынмæ районы центрмæ дыууæ боны æмгъуыдæй куы ацæуы, уæд йæ цæстытæ ныуурс вæййынц. Рагацау уынгмæ йæхи айсы æмæ йæм æнæрхъæцæй фенхъæлмæ кæсы. Йæ ус йæ цуры куы нал вæййы, уæд æй хур дæр нал фæтавы. Нафисæ йæ раздæрау йæхимæ тынг ælвасы. Нафисæ дæр æй бирæ кæй уарзы, уый зоны. Сывæллæтты тетрæдтæ æмæ йæ куысты пълантæй куы фервæзы, уæд æй цæмæй ма райхъал кæна, уый тыххæй йæ фарсмæ сабырæй схуыссы æмæ йын йе 'нгуылдзты уырзтæй йæ ных, йæ цæстытæ æмæ йæ былтæ рæвдауæгау фæсæрфы, фæбатæ йын кæны æмæ йын тавицгæнгæйæ фæдзуры: «Мæ иунæг уарзон…» Идрис ын йæ мынчын æвнæлдтытæ йæ фыны дæр фенкъары, йæ зæрдæмæ йын стыр æхсызгондзинад хæссынц, æмæ йæ мидбылты фæхуды. Ахæм хъæрмуддзинад æрмæстдæр уарзæгой зæрдæйæ кæй цæуы, ууыл фидарæй æууæндыди æмæ æваст фæуыргъуыйау. Æмæ куыд нæ фæуыргъуыйау уыдаид? Йæ ус дзы æргомæй ærдомдта æндæр нæлгоймагимæ йын æрмуд уæвыны бар раттын. Уый цавæр уарзондзинад у?!

Куыд фæзæгъынц: «Æнæбæлас цæхæрадоны маргъ ахстон нæ кæны, æнæсывæллон бинонты та амонд нæ цæры». Уæвгæ, сæ хæдзары тыххæй афтæ зæгъæн нæй. Авд азы размæ Уфайы уæлдæр ахуыргæнæндон каст куы фесты, уæд кусынмæ æрвыст æрцыдысты Акмурунмæ. Хъæу сæ зæрдæмæ фæцыди. Бынæттон цæрджыты дæр бауарзтой. Дыууæ азы фæстæ йын йæ хуыздæр бынаты замманай рæсугъд хæдзар балхæдтой. Æрмæст йæ цæхæрадон дæр бирæйы аргъ уыди. Фæткъуы бæлæстыл ælæмы хуызæн тыллæг зади. Мæргътæ дæр æм разæнгардæй тахтысты æмæ дзы сæхицæн ахстæттæ арæзтой, сæ

тъæлланг зардæй сæумæрайсом сæуæхсидтыл æмбæлдысты, изæрæй та зæрæхсидты фæндараст кодтой. Сæ хæдзар æдзухдæр дзаг уыди уазджытæй. Арæх сæм цыдысты сæ хæлæрттæ, сæ зонгæтæ æмæ сæ сыхæгтæ. Сæ сывæллæттæ-иу бæстæ сæ сæрыл куы систой, уæд-иу Нафисæ афтæ бакодта: «Сывæллæттæ сты, уадз æмæ фыдуаг митæ кæной».

Уазджытæ-иу куы ацыдысты, уæд-иу сæ хæдзар фегуыппæг и, æмæ дзы-иу уæззау уавæр сæвзæрди. Адæмы ныхæстæ раст сты: «Сывæллæттæ цы хæдзары и, уым дзолгъо-молгъо и, сывæллæттæ цы хæдзары нæй, уым та хъизæмар и». Идрис æмæ Нафисæ дæр хъизæмар кодтой æмæ сæ хъысмæт фæсайыныл сæ тых-сæ бонæй архайдтой. Бирæ рæстæг дын сывæллæттæ куынæ уа, уæд дæ дуары тарваз баив, зæгъгæ, кæмæйдæр фехъуыстой æмæ йæ ивыныл балæууыдысты. Кæд Идрис къухæй рæвдз нæ уыди, уæддæр фæрæт райста æмæ ног тарваз сарæзта, фæлæ саби сæ къæсæрæй æрбахизынмæ нæ тагъд кодта. Уый фæстæ сæ хъустыл æрцыди æндæр хабар: «æнæзæнæг сылгоймæгтæн æххуыс кæны, цы ног суадон сгуырын кæнай, уый дон». Ууыл дæр та бауудендыдысты, æмæ Идрис æнæхъæн къуыри хъæуы алыварс фæзылди, иу ран дыууæ бæрз бæласы астæу дзыхъхъ скъахта æмæ дзы дон сгуырын кодта, йæ хæдзармæ йæ бедрайы фæхаста, æмæ йæ сылгоймаг раппæлбаппæлгæнгæйæ фæнуæзта. Лæг æмæ ус ма йæ кæрæдзийыл дæр фæкалдтой æмæ сæ хуыссæнмæ сæхи баппæрстой, фæлæ сын дон дæр æмæ монцтæй дзаг æгъуыссæг æхсæв дæр ницы радтой.

Нафисæ-иу йæ сывæллонджын хæлæрттæй искæмæ уазæгуаты куы уыди, уæд ын-иу йæ сывæллоны райста æмæ йын-иу цалынмæ йæ къаба нæ ныххуылыдз кодта, уæдмæ-иу æй йæ хъæбысы фæдардта. Йæ къаба-иу мизынцъаджы смаггæнгæйæ дзæвгар рæстæг фæхаста æмæ-иу æй не ‘хсадта. Иухатт æй, хынджылæггæнгæйæ, чидæр бафарста:

– Цæй смаг кæныс, цæ? Род дыл фæмызта?

Сылгоймаг йæ алыварс иу дæсныфæрсæджы дæр æнæ бабæрæггæнгæйæ нал ныууагъта æмæ, куыд базыдта, афтæмæй аххосджын уый нæ уыди. Афæдзы размæ Идрисæн йæ уыргтæ срыстысты, æмæ районы рынчындонмæ бацыди. Урссæр зæронд дохтыр æм æркасти æмæ йæ бафарста:

– Æрыгонæй хъæбысæй нæ хæцыдтæ?

– Хæцыдтæн, æфсады службæ кæнгæйæ, – дзуапп ын радта Идрис.

Дохтыр ын йæ астæу æрысгæрста, цыдæр нерв ын ælхъывд кæй у, уый бамбæрста æмæ та йæ бафарста:

– Сывæллæттæ дын ис?

– Нæй.

– Æмæ дын нæ уыдзæн.

– Ахæм хатдзæгмæ цæй тыххæй æрцыдтæ?

– Дæумæ цы низ и, уыимæ нæлгоймæгтæн цот нæ вæййы, – хуымæтæг хабар хъусынгæнæгау ын æргомæй загъта дохтыр.

Идрис йæ усмæ тыхстхуызæй æрбацыди æмæ йын йæ хъаст ракодта. Сылгоймаг ын йæ ногдзинадыл, куыд не ‘мбæлди, афтæ бацин кодта æмæ йæ дисы бафтыдта.

– Æз æй афтæ дæр зыдтон. Иугæр аххосджын ды дæ, уæд дын дæ низ сдзæбæх кæнæн ис, – æрсабыр æй кодта йæ фидар æууæнкæй.

Цæй сабыр æмæ цæй цыдæр. Ныр та Идрис райдыдта адæмон хосгæнджытыл сусæгæй зилын, фæлæ – дзæгъæлы. Зæронд дохтыры хатдзæг раст рауади. Дысон Нафисæ та йæ фыны Еваейы федта, о, о, Еваейы, зæххыл фыццаг лæджы усы. Сакмары доны был цы бæлас зади, уымæй иу фæткъуы æртыдта æмæ йæм æй бадардта. «Ацы фæткъуы куы бахæрай, уæд сывæллон ныййардзынæ», – загъта йын æууæнкджынæй æмæ араст и.

Дыргъ разынди къæбырттæг. Йæ апп – хъæбæр, йæхæдæг та – фæткъуыйы хуызæн стыр æмæ цъæх, фæлæ тынг адджын. Нафисæ Еваейы фæдыл акасти æмæ ауыдта гыццыл лæппуйы. Сывæллон уыди Идрисы халдих – сауæрфыг, сауцæст. Ærбазгъордта йæм æмæ йын ныхъхъæбыс кодта. Нафисæ уый йæхицæн банымадта уæларвон тыхты лæварыл æмæ райхъал амонджынæй. Йæ лæджы цур йæхи хъæддыхæй уымæн равдыста æмæ йæм ахæм æнахуыр курдиатимæ дæр уымæн æрхатыди. Сывæллон кæимæ скæндзæн, уый дæр зыдта кæнæ йæ хъуыдыйы уыди.

Райдианы фыр уарзтæй расыг уыди æмæ йæхи тынг амонджынæй хатыдта йæ лæгимæ дæр, куысты дæр æмæ царды дæр. Фæлæ куыдфæстæмæ скъоладзауты æнæсæрфат хъæрæй тыхсын райдыдта, æмæ йæ зæрдæйы æвæрæз хъыг æræнцади. Раздæрау ма адæммæ йæхи хъæлдзæгæй æвдыста æмæ худти, фæлæ йæ йæ афтид хæдзары сабырдзинад удхарæй мардта, æмæ йæхицæн бынат нæ ардта. Идрисы бирæ уарзта, фæлæ йын фæстаг азты уый дæр йæ уды афтиддзинад нæ дзаг кодта.

Искæй куы уарзай æмæ уымæн дæр уарзон куы уай, уæд ма уымæй стырдæр амонд цы уа. Æнæ Идрис æй йæ цард нæ хъуыди, фæлæ йæ хъизæмайраг уавæрæй дæр разы нæ уыди.

Башкираг сылгоймагæн йæ лæг Хуыцау æмæ паддзах у. Хъаруджын ус адæмы раз йæ лæгæй никуы хъаст кодта, йæ уды ристæ никæмæ æвдыста. Йæ хъыгтæ æмæ йæ сагъæстæ æмбæхсгæйæ йын йæ намыс хъахъхъæдта. Æрмæст-иу искуы-иу хатт йе ‘нкъарæнтæ сусæгæй феуæгъд сты. Нафисæйæн дæр йæ бон уыди йæ фыдæвзарæнтæ æмбæхстæй дарын, фæлæ… Сфæлдисæг ын дзæгъæлы нæ балæвар кодта ног цард раттыны фæндон, бæллиц æмæ курдиат. Сылгоймаджы хуызы йæ куы рауагъта, уæд ын йе уæхсчытыл Уый сæвæрдта йе знæмы, йæ адæмы æмæ æппæт дунейы дзыллæты цард дарддæр ахæццæ кæныны табуйаг хæс. Уыцы нысан йæ туг æмæ йæ удмæ бацыди, Зæххыл адæм куы равзæрдысты, уæд. Æмæ йын кæрон цæмæн хъуамæ скæна? Аххосджын куынæ у, уæд искæй аххосæй йæхи мады цинæй цæмæн хъуамæ фенæхай кæна? Йæ лæгмæ ахæм барлæвæрд ис?

Нафисæйы йæ сагъæстæ удхарæй мардтой, алцæуыл дæр дызæрдыг кодта æмæ фидар хъуыдымæ æрцæуын нæ фæрæзта. О, йæ лæгмæ ис ахæм барлæвæрд, уымæн æмæ йæ Аллах йе ‘рдæгæй сфæлдыста, æмæ иугæр йе ‘рдæг хуыскъ у, уæд уый дæр хъуамæ цот ма скæна æмæ мад ма суа. Фæлæ Нафисæ бæллы сывæллон ныййарынмæ. Уый адæймаджы табуйагдæр бæллиц æмæ цардæн Сфæлдисæджы зынаргъдæр лæвар у, æмæ Нафисæ цæттæ у йæ уарзондзинады сæрты ахизынмæ, æрмæст йæ сывæллонæй фехъусæд алæмæттаг дзырд: «Гыцци!»

* * *

Идрис цæхæрадонмæ сабыргай бацыди æмæ фæхсбандоныл йæхи æруагъта. Фæткъуы бæлæстæ дидинæг калдтой æмæ хæлиу кодтой расыггæнæн хæрздæф. «Уæд та дзы бынтондæр ацæуин? Нафисæ мæм цы цинмæ ænхъæлмæ кæсы, уый йын нæ балæвар кæндзынæн. Мæ бон ын раттын у мæ уарзондзинад, мæ зæрдæ, мæ цард, фæлæ йæ мæнæй цы хъæуы, уый мæм нæй. Хъыгагæн».

Хæдзары дуар байгом и, æмæ къæсæрæй рахызти Нафисæ. Идрис æм йе ‘ргом нæ аздæхта. Нафисæ йæ бафиппайдта æмæ йæхи байста йæ цурмæ. Лæг ын йæ зæрдæйы рæбинаг æвæрæнтæй æнкъардта йæ рог къахдзæфтæ. Ус йæ цурмæ ænæ сыбырттæй бацыди æмæ фæхсбандоны иннæ кæрон æрбадти. Знон дæр ма йæм йæхи байстаид æмæ йын,

йемæ хъазгæйæ, иу къухæй йæ бæзджын сæрыхъуынтæ сфæйлыдтаид, иннæ къухæй та йыл йæхимæ æрбахæцыдаид æмæ ныххудтаид. Абон та къæмдзæстыгæй ныссабыр и, чындз фыццаг æхсæвы размæ йæ лæгæй куыд фефсæрмы кæны, афтæ. Дзæвгар рæстæг æнæ дзургæйæ афæстиат сты æмæ фæткъуы бæлæсты дидинджыты хæрздæф фæулæфыдысты. Алчи дæр дзы аныгъуылди йæхи сагъæсты. Идрисмæ афтæ касти, цыма йæ усы зæрдæйы гуыпп-гуыпп хорз хъуыста. Йе ‘ргом æм раздæхта æмæ та йæм ногæй радта, мæты йæ æппæтæй тынгдæр чи æфтыдта, уыцы фарст:

– Дæ цардæй ацæуон, Нафисæ? Цæмæй ды амондджын суай…

Уыцы ныхæстæ кæнгæйæ, фæткъуы бæласæй урс дидинæг ратыдта æмæ йæм æй балæвæрдта. Нафисæ йæм басмыста æмæ сабырæй дзурын райдыдта:

– Цы адджын тæф кæны, суанг ма дзы сæр дæр зилы… Фæлæ фæткъуы нал суыдзæн… Æз цæргæбонты бæллыдтæн æнусон уарзондзинадмæ æмæ мæ уарзон лæгæй дыууæ сывæллоны ныййарынмæ. Уый, æвæццæгæн, æрмæст мæ бæллиц нæу, фæлæ æппæт сылгоймæгты бæллиц дæр у. Табу Аллахæн, нырмæ мыл аудыдта æмæ мын мæ бæллицы фыццаг хай сæххæст кодта. Мæ царды мын ды дæ æппæтæй уарзондæр адæймаг. Дыккаг хай та мын бæллиццæй лæууы нырма. Азтæ куыд цæуынц, афтæ мæ цардыл арæхдæр хъуыды кæнын. Хъыгагæн, æппæт дзыллæты раз мæ сæйраг хæс нæ сæххæст кæндзынæн, афтæмæй дзы ацæудзынæн. Нæ хъуыддаг нæ исты хуызы алыг кæнын хъæуы.

– Гадзрахатæн ныббарæн кæй нæй, уый ды мæнæй æвзæрдæр нæ зоныс. Гадзрахат кæм и, уым уарзондзинад нæй, – загъта Идрис, йæ усы цæсгоммæ бакасти æмæ, æнкъардæй дæр куыд рæсугъд у, ууыл бадис кодта.

– Уый гадзрахат нæу, фæлæ иузæрдион уæвын у – мадыл, дзыллæтыл, цард дарддæр ахæццæ кæныныл.

– Философ. Мæхиуыл адæмы дæлдзиныггæнæн цæстæнгас æнкъаргæйæ, æз кæйдæр сывæллоны куыд хъомыл кæндзынæн?

– Кæйдæр нæ уыдзæн, фæлæ – дæу. Æз уыцы хъуыддаг нæ уарзондзинады тыххæй кæнын. Æцæгæлон нæлгоймагимæ хæтынмæ нæ хъавын.

– Ау, уарзондзинад æнæ уымæй бахъахъхъæнæн нæй? – бафарста йæ Идрис. Йæ зæрдæйы къуымы арф кæмдæр банкъардта, йæ усы ныхæстæ йæ бон быхсын кæй нал у, уый.

– Куыд бирæ дæ уарзын, уый ды хорз зоныс, фæлæ мæнæн уыцы уарзондзинад фаг нæу. Мæн сывæллæттæ хъæуы. Ænæ цотæй хус кæнын. Нæ дыууæ дæр хъæддаг кæнæм. Ænæ цотæй нæ æхсæнад йæхиуыл нæ банымайдзæн, – загъта йын Нафисæ æмæ йæм лæгъстæгæнæджы цæстæй бакасти.

– Цы сывæллон нæм фæзына, уый мæхиуыл нæ банымайдзынæн æмæ мæ хæдзары уæлдай уыдзынæн, – йæхи нал баурæдта Идрис æмæ ныхъхъæр кодта, йæ бынатæй дæр ма фестади æмæ фæткъуы бæласы алыварс æрзылди.

– Уый æрмæстдæр дæу уыдзæн, æмæ ничи ницы базондзæн.

– Дæ гадзрахаты æви дæ хæзгулы тыххæй?

– Ærсабыр у. Цавæр гадзрахат, цавæр хæзгул?.. Ничи ницы базондзæн…

– Æз дæр?

– Ды дæр. Уæвгæ йæ ды зоныс.

– Чи у?

– Ды дæхæдæг! Ды, æрмæстдæр ды! Мæнæн æндæр нæлгоймаг нæй.

– Ædылыйыл мæ уæддæр ма нымай. Кæйдæр бын æрхуыссыны бар мæнæй куы курыс…

– Уый ды уыдзынæ, ды, æцæг æндæр хуызы. Мæ цæстытыл ды уайдзынæ, æрмæстдæр дæуыл хъуыды кæндзынæн. Чи у, уымæй мæ ма фæрс. Куы йæ базонай, уæд, йæ фыд ды кæй дæ, уый нæ банкъардзынæ, – фæстаг ныхæстæ сылгоймаг йæхицæй ралæмæрста тыхамæлттæй.

– Æз хъуамæ мæ уаваерыл сразы уон æмæ йæ цæргæбонты быхсон, нæ?

– Сразы йыл уæвын æмæ йæ быхсын нæ хъæуы. Бамбар мæ, ды йæ фыд уыдзынæ. Ныхас дæм куыд нæ хъары. Мæ уд æмæ дыл мæ зæрдæ гадзрахатæй нæ цæуынц, – сылгоймаджы дзыхмæ цыма судзаг цывзы бахаудта, уыйау йæ цæсгом ныззылынтæ. – Уый гадзрахат нæу, æз дыл иузæрдион дæн!

– Дæ буар та… Искæимæ æмбуар æй дæ мæ цæстытыл ауайын кæнын дæр мæ бон нæу. Цæттæ дæн Отелло суæвынмæ.

– Бар мын нæ дæттыс уæдæ? Гъемæ афтæ дæр фæуæд. Дæ фарсмæ сойын цырагъау атайдзынæн æмæ ахуысдзынæн. Ды дæр баруайдзынæ.

Сылгоймаджы скæуынмæ бирæ нал хъуыди, фæлæ йæхиуыл ныхæцыди, йæ къухтæй йæ цæсгом бамбæрзта æмæ та ныхъхъус и.

– Сывæллон скæнынмæ кæмæй хъавыс, уый истæйаг у?

Лæджы фарст усыл худæг бафтыдта, фæлæ йыл нæ бахудти, æрмæст йæхинымæр ахъуыды кодта: «Дæуæй истæйагдæр нæлгоймаг кæм и, мæ сызгъæрин лæг?!»

– Куы мæ ацæуай, уæддæр сывæллон æрмæстдæр дæуæй ныййардзынæн. Æз ууыл фидарæй æууæндын. Уыцы æууæнк æххæстдзинад æмæ фидæны сæраппонд гуыры уарзондзинад æмæ рæсугъддзинадæй.

– Гъæйдæ-гъа, цы бæрзонд сæвнæлдтай. Мæ сæр дæр ма мын сдзæгъæл кодтай. Дæ ныхæстæн хуымæтæгдæрæй зæгъæн уыди: иу хатт искæимæ фембуар уыдзынæн æмæ дын сывæллон ныййардзынæн.

Лæг йæ гуымиры ныхæстæй ныккæрзыдта æмæ ма йæ къæхты бынмæ дæр нытту кодта, фестади æмæ йæ усæн ахъæбыс кодта:

– Хатыр, æфхæрынмæ дæ нæ хъавыдтæн.

Нафисæ йæ лæджы хъарм хъæбысы атади æмæ дзы иуцасдæр афæстиат и, стæй сыстади, фæткъуы бæласыл йæ цæнгтæ атыхта æмæ йæхицæн уынаффæ рахаста: «Мæ лæгæй бар нæ райстон, фæлæ йын мæ зæрдæйы рыст бамбарын кодтон. Мемæ куынæ сразы уа, уæддæр хъуыддаг сараздзынæн, куыд снысан кодтон, афтæ». Хъæрæй та загъта удуæлдайæ æмæ æхсидгæйæ:

– Ехх, мæнæ ацы бæласæй куы фестин, уæд зæххыл мæ уидæгтæй ныффидар уаин æмæ алы аз дæр дыргътæ дæттин.

– Æз уæд дæр æрмæст дæу уарзин, – æрбайхъуыст æм йæ лæджы хъæлæс.

* * *

Кæмæй спайда кæндзæн, уый Нафисæ зыдта. Йæ сывæллоны фыдæн равзæрста, авд хæдзары фалдæр цы Сарæ царди, уый чызджы лæппу Расулы. Уыди дзы дæс азы кæстæр. Нафисæ йæ скъолайы нæ ахуыр кодта, уымæн æмæ хъæуы нæ царди. Сæрды-иу æй йæ нанамæ ныууагътой, стæй-иу æй æрæгвæззæджы йæ хæдзармæ акодтой. Никуы куыста, æндæр ахæм хъомыл æнæниз лæппу æнæхъæн сæрд хъæуы йæ рæстæг бонасадæнгæнгæйæ не ‘рвыстаид. Сарæйы ныхæстæм гæсгæ, хæдзары уыди стыр æххуысгæнæг. Цы хæстæ йын лæвæрдта, уыдон æххæст кодта разæнгардæй. Фæлæ-иу фæлтæхæн цъиуау уалдзæджы æрбатахт æмæ-иу фæззæджы фæстæмæ атахт. Зымæгон даргъ æхсæвтæ нана Сарæ цыбыр кодта иунæгæй.

Нафисæ Расулы æппæты фыццаг федта дыууæ мæйы размæ, Уæ-

лахизы боны агъоммæ, Тимуры командæйы разамонæг уæвгæйæ, скъоладзаутимæ нана Сарæйы хæдзар æмæ кæрт куы æфснайдта, уæд. Зонгæ та йæ бакодта, сывæллæттæ кæрæдзийæн хъус-хъус кæй дзырдтой, уыцы ныхæстæм гæсгæ: «Æрбаздæхт гоби Расул». Урс цæсгом, цъæх цæстытæ æмæ даргъ сæрыхъуыстæ йæ кодтой пехуымпар Йусуфы хуызæн. Нафисæ ма гыццыл куы уыди, уæд йæ нана зæрдывæрдæй дзырдта «Кыйсса-и Йусуф» канд уымæн нæ, фæлæ йе 'ппæт хæлæрттæн дæр. Уыцы æмбисонды кадæгмæ хъусгæйæ, Зулейхайау бауарзта Йусуфы. Чызг бæллыди, дастаны хъайтартæ кæрæдзийы куыд уарзтой, ахæм æхсидгæ уарзондзинадмæ. Уфайы уæлдæр ахуыргæнæндоны фембæлди Идрисыл æмæ йæ бауарзта. Йæ нанамæ хъусгæйæ, кадæгæй йæ зæрдыл бадардта бирæ скъуыддзæгтæ.

Кæд ссæдзаздзыд Йусуф-Расулыл сывæллæттæ худтысты, уæддæр сæм нæ хæрам кодта æмæ сабырæй æххæст кодта алы хæслæвæрд дæр, адæммæ касти æууæнкджынæй, æмæ Нафисæмæ разынди сыгъдæгдзинады цардæгас фæлгонцæй.

У цардамонду арфæйаг йæ уынд!
...Рæсугъд ысты йæ уæхсчытæ, йæ къухтæ.
Йæ былты ис сæуæхсиды фæзынд,
...Йæ бакаст та – цæстахадгæ æдзухдæр.

Пехуымпарæй дард уыди, фæлæ йæ иннæтæй цыдæр хицæн кодта. Алцы дæр ыл хорз фидыдта: æппæт адæммæ арæзт зæрдæхæлар мидбылхудт, уæрыччы æнæууæнк цыд, дуне цыхуызæн у, афтæмæй йæ райсынмæ цæттæ антеннæйы хуызæн пыхцыл сæрыхъуыстæ… Суанг ма йæ фæтæнфадыг хæлаф æмæ йæ даргъдыс хæдон дæр æрыгон ахуыргæнæгмæ фæкастысты, дарын кæй æмбæлы, ахæмтæ. Æппæтæй тынгдæр та иннæ læппутæй хицæн кодта, гоби кæй уыди, уымæй. Адæмы ныхæстæм гæсгæ, гыццылæй фæтарсти галæй æмæ фæкъуытты и. Æппындæр ницы дзуры, зæгъгæ, дзы зæгъæн нæ уыди. Алы уавæрты дзы-иу схаудта алыхуызон мыртæ. Йæ хъуыды-иу бамбарын кодта «гъы-гъы»-йæ.

Уæлахизы Боны агъоммæйы зиуы Расул йæ нанайæн æххуыс кодта фынгтæ æвæрынмæ. Сарæ йын афтæ: «Расул, сæкæр-ма рахæсс, дæ хорзæхæй». Læппу йын загъта: «гъы-гъы», æмæ йын йæ курдиат сæххæст кодта. Йæ дзуапп уыди: «Ныртæккæ, ныртæккæ». Сарæ йæ

куы бафарста: «Дæ чашкæйы ма дын цай æркæнон?», уæд та йæ «гъы-гъы» амыдта: «О, æркæн». Лæппутæн æдзухдæр фæлмæнæй дзырдта «гъы-гъы» æмæ ма сын-иу сæ фæсонтæ дæр рæвдауæгау æрсæрфта.

Нафисæйы зæрдæмæ тынг фæцыди, нана Сарæ цы къæбырттæг-джын гуыл скодта, уый. Куыд базыдта, афтæмæй йын йæ гагадыргътæ Карлытубэ хохæй æрхаста йæ чызджы лæппу.

– Ацы аз уырдæм иумæ ацæудзыстæм æмæ къæбырттæджы гагадыргътæ æрхæсдзыстæм, Расул, нæ? – бафарста йæ Нафисæ. Уæд йæ фæсонæрхæджы дæр нæ уыди, æнæ зыгъуыммæ зондæй дзы цы хуымæтæг ныхæстæ схаудта, уыдон сæ фæдыл стыр фæстиуджытæ кæй расайдзысты, уый. Расул-Йусуф ын йæ хъуыдытæ иууылдæр йæхимæ раздæхта. Уарзгæ йæ нæ бакодта, фæлæ йæ фæлмæст уды дидинæг бæллыди царддæттæг сыгъдæг суадонæй фæхъæстæ уæвынмæ. Фæндыди йæ лæппуимæ хъазын, фыдуаг æвнæлдтытæ йæм кæнын, хъæрæй зарын, суанг ма йæ, къуырма кæй у, уый тыххæй дæр хæларау мæстæй марын. Ахæм митæ кæнын ын кæй не ‘мбæлди, уый æмбæрста, фæлæ йæ ницы хъыгдардта. Лæппу гоби уыди, йæ дзыхыл кæй хæцдзæни, уый зыдта æмæ дзы нæ тарсти.

* * *

Июлы кæрон, къæбырттæг куы срæгъæд и, уæд Нафисæ араст и Сарæмæ. Сæрды æрмæстдæр дыууæ-æртæ хатты федта Расулы. Кæнæ йыл-иу уынджы амбæлди, кæнæ дуканийы. Йæ нана-иу æм радта гæххæттыл фыст номхыгъд æмæ-иу æй арвыста истытæ æлхæнынмæ. Лæппуйы худæнбыл цæсгом æмæ йæ цæрдæг змæлд æм æвзæрын кодтой уæлмонц æнкъарæнтæ, йæ зæрдæйы цæлхъ-цæлхъ та йæ цырын кодта, йæ сæры цы хъуыды сæвзæрд, уый царды сæххæст кæнынмæ. Дæрзæг ныхас кæнæ йæ æнарæхст архайдæй куыд нæ фæтæрсын кæна, афтæ йемæ хъазыди, хъæлдзæгæй йæм дзырдта, хынджылæггæнгæйæ йæ фарста, дзурын райдыдта æви нæма. Расул дзы æппындæр не ‘фсæрмы кодта, йæ цæсгоммæ йын касти æмæ йæм йæ мидбылты худти. Сылгоймаг ын-иу йæ къух куы райста, уæд-иу æй нæ атыдта. Тонгæ нæ, фæлæ ма-иу æй фæндыди дыууæ фæлмæн армы æхсæн æй фылдæр фæдарын, уымæн æмæ фыр мондагæй сыгъди æрыгон сылгоймаджы духийы тæфгæнæг хъарм буармæ.

– Къæбырттæг, дам, срæгъæд и. Нана Сарæ, демæ мæ акæндзынæ? – уыцы бон зæронд усмæ къæсæрæй бахъæр кодта Нафисæ.

– Мæнæн ме ‘рхæджытæ риссынц, ныр æртæ азы мæ бон хъæдмæ цæуын нал у, æмæ мын хъæдæй гагадыргътæ Расул хæссы. Кæрдæджытæ дæр мын уый хæссы. Хорз сæ не ‘взары, æмæ йын дзæбæхгæнæнтимæ маргджынтæ дæр фæвæййы, – дзуапп ын радта Сарæ æмæ, йæ лæдзæгыл æрæнцойгæнгæйæ, сыстади.– Куыд дзурынц, афтæмæй ацы аз къæбырттæг Карлытубэйы диссаджы зад æркодта. Æмбырд, дам æй кæнынц æмæ, дам ма йæ паддзахадмæ дæр дæттынц. Мах дзы нæхи фаг уæддæр куы æрæмбырд кæниккам. Зымæджы сæкæримæ диссаджы хæрзад вæййынц. Æрмæст се ‘ппытæ дæндæгты æхсæн сæдзынц… – Зæронд усмæ хъусæг куы уаид, уæд æй дзурынæй ничи бафсадид.

«Хъæдмæ дыууæйæ куы ацæуæм, уæд адæм нæ фыдгæйттæ нæ кæндзысты? – ахъуыды кодта Нафисæ, фæлæ йын хуыздæр фадат кæй нал уыдзæн, уый зыдта, æмæ йæ йæ зæрды ауадзын нæ уыди. – Чи зоны, мæ бон йæ риуы арт ссудзын бауа. Æцæг мæ йемæ ныфсхастдæрæй архайын хъæудзæн».

Кæд фæссихор ацыдысты, уæддæр дыууæ бедрайы байдзаг кодтой. Расул æвзыгъд разынди, бæлæстæм æнцонæй бырыди æмæ гагадыргътæ уым тыдта, бинаг къалиутыл та дæлæмæ хæцыди, æмæ сæм Нафисæ зæххæй æххæссыди. Зæронд къалиутæ та йын бынмæ æппæрста. Ардæм фыццаг хатт кæй не ‘рбацыди, уый йын йæ алы фæзылдæй дæр æмбарын кодта. Хъæд бæрзонд ран уыди, æмæ сæм алцы дæр хорз зынди. Хъæуы хæдзæрттæ дæр ма сæ бон банымайын уыди. Иуафон зæххыл æрбадтысты æмæ хæрын райдыдтой дзул къафеттимæ, æхсырджын цай та цымдтой авгæй. Нафисæ йæ тых-йæ бонæй архайдта лæппуйы зæрдæмæ фæцæуыныл. Худтис æм æмæ дзы æппæлыди: «Куыд тыхджын дæ, Расул! Алцы дæр дæ бон кæнын у! Ды æцæг нæлгоймаг дæ!» Исты аипп æм куы ссарид, уый йæ фæндыди, фæлæ йæм æнæзæрдæзæгъæ хъуыддæгтæй ницы уыдта. Йæ алы фæзылд дæр, йæ алы архайд дæр йæ бынаты уыди, йæ тыннывæндæг цæстытæй та хъарм æмæ рухс калди, фæлæ йе ‘взагæй йе ‘нкъарæнтæ зæгъын нæ фæрæзта.

Сылгоймаг цай бацымдта, зына-нæзына иуварс азылди æмæ йæ кофтæйы цæппæртæ сабыргай рафтыдта, йæ къухæй йе ‘рдæггом риу бамбæрзта æмæ, лæппуйы, тавицгæнгæйæ, бафарста:

– Расул, нуазын дæ нæ фæнды? Æхсыр дæ нæ хъæуы?

Йæхæдæг дæр æй нæ бамбæрста, йе ‘ргом ын йæхимæ ахæм хуызы цæмæн здæхта, уый. Кæнæ йæм сывæллоны цæстæй касти, кæнæ та

йæ ныхас цæмæй райдыдтаид, уый нæ зыдта. Йæ дымст риутæ бынтондæр байгом кодта.

Расул ын ахæм «хъæбатыр» æнхъæл нæ уыди æмæ бадисхуыз и. Кæнæ фыр æфсæрмæй, кæнæ фыр тасæй фестади, бæласы фæстæ амбæхсти æмæ йæ къухтæй йæ цæстытæ сæхгæдта, иугыццыл алæууыди, стæй йе ‘нгуылдзтæ сабыргай фæйнæрдæм акодта æмæ Нафисæйы ‘рдæм бакасти. Уыцы рæстæг æрмæст къуырма нæ уыди, фæлæ ма сылгоймаджы урс мраморы хуызæн буары уындæй куырм дæр баци, уымæн æмæ ахæм уавæры фыццаг хатт уыди. Йæ фыр диссагæй ма арæхдæр улæфын дæр райдыдта. Æхсыры хуызæн дыууæ къуыбырæй йæ цæстытæ атонын нал фæрæзта. Афтæ йæм касти, цыма йын уыдон æппæтæй адджындæр, хъармдæр æмæ зынаргъдæр сты.

Лæппуйы æдзынæг цæстæнгасæй сылгоймаг фæкъæмдзæстыг и. Йæ риутæ ахгæдта, стæй йæ къухтæ дæлæмæ æруагъта. Æрбаймысыди кадæг «Кыйсса-и Йусуф», йæхи банкъардта Зулейхайы хуызæн тæригъædджынæй æмæ ныфсæрмы и, фæлæ йæ фæнд сæххæст кæнын куыд фидарæй скарста, уый йæ иннæрдæм аздæхта.

Йæ былтæн ын ныбба кодта æхцонæй,
Æртыхсти йыл хъуырфæрдгуытау уæндонæй.
Йусуф ын: «Нæй тæригъædæй фæхицæн,
Тæригъæд нæу дæлбарады æвдисæн».

Аллахæй дæр нал тарсти, худинаггæнæн дзырд «родтæмдзог»-æй дæр. Сывæллон ныййарынмæ тынг тырныдта, æмæ йæ уыцы тырндзинад къахæй сæрмæ æрцахста. Йæ фыр æнæрхъæцæй цæттæ уыди Зулейхайау йæ хъаруйы руаджы пехуымпарæн йæхиуыл æрхæцынмæ дæр. Фæлæ Расул пехуымпар нæ уыди. Нæлгоймаджы тых æй уацары райста, фæкæлфæкæлгæнгæ сылгоймагмæ базгъордта æмæ йын йæ риутæн батæ кæнын райдыдта. Нафисæ йын йæ феррагонд уавæрæй спайда кодта, лæгъзытæгæнгæйæ йын йæ дзаумæттæ раласта. Мæгуыр лæппуйыл зырзырæг бахæцыд, æмæ, бамбарæн кæмæн нæ уыд, ахæм æнахуыр мыртæ йæ дзыхæй хаудта. Нафисæ Расулы бынаты йæ лæджы сæвæрыныл архайдта æмæ йын цалдæр хатты йæ ном дæр загъта. Гадзрахатæй йыл кæй цыди, уый тыххæй йæхи азымджыныл нæ нымадта. Лæппуйы æвæлтæрддзинад æмæ зæрдиаг архайды уацары бахаудта æмæ йæ сывæллонау рæвдыдта. Цæмæй йæ фыдæбæттæ ма фæдзæгъæлы

уой, уый тыххæй йæ дзæвгар рæстæг йæхицæй ахизын дæр нæ бауагъта. Лæппу йæ фæллад куы суагъта, уæд ма йæ фæндыди ноджыдæр иу хатт æхсызгондзинад райсын, фæлæ йыл сылгоймаг иуварс ахæцыди, йæ сæрыхъуынтæ йын рæвдауæгау асæрфта æмæ йын загъта:

– Нæ хъазты тыххæй куыд ничи ницы базона, афтæ. Баныхас кодтам, Расул?

Гоби йæ уды бæрц кæй бауарзта, уымæй йæ цæстытæ атонын дæр нал фæрæзта, афтæмæй йæ сæр батылдта. Нафисæ йын йæ цæстыты бафиппайдта æгæрон хъыг æмæ йын фæтæригъæд кодта, фæлæ йæ уый дæр лæппумæ нал раздæхта, цырд фестади æмæ йæ дзаумæттæ йæ уæлæ акодта. Йæ сæрбæттæн йæ сæрыл атыхта, бедра фелвæста æмæ хъæумæ атындзыдта. Расул дзы дард кæмдæр фæсте баззади æмæ сæргуыбырæй цыди.

* * *

Сылгоймаг алы бон дæр, тæрсгæ-ризгæйæ, ænхъæлмæ касти, дарддæр цы уыдзæн, уымæ. Хæрын дæр æм нал цыди, хуыссæг дæр æй нал ахста. Йæ лæгимæ цæуыл дзырдтаид, уый дæр нæ зыдта, йæ цæстытæм кæсын дæр ын нæ уæндыди. Идрис æдзухдæр куысты уыди. Цыма йæ усы ænæуаг ми базыдта, уыйау дзы дардæй-дарддæр кодта. Алы сусæгдзинад дæр раргом вæййы, æмæ Нафисæ тарсти, йæ худинаджы хабар ын исчи куы базона, адæмæн æй куы радзура, æмæ куы фегад уа, уымæй. Фыццаг цыппар боны сабырæй ацыдысты. Сæ дуар сын ничи æрбахоста æмæ сæм æвзæр хабар ничи æрбахаста. Фæлæ фæндзæм бон…

Фæндзæм бон хур æрвгæронæй дзæвгар куы суади, уæд сæм фæзынди нана Сарæ æмæ Нафисæйыл катай бафтыдта. Рафæрс-бафæрс кæнын æй куы райдайа, уæд ын цы дзуапп ратдзæн?

– Цæсгомæй дон нуазæн нæй, мæ чызг. Сфæлдисæг уарзондзинад куынæ ратта, уæд кæлæнтæ æрмæст рæсугъддзинадæй скæнæн нæй. Æз мæ чызджы хъæбулы æвзаг хорз æмбарын. Цы йын бакуыстай?

Минутæй-минутмæ Нафисæйы цæсгом кодта фæлурсæй-фæлурсдæр. Йæ къухтæ цы фæкодтаид, уый нæ зыдта æмæ-иу йæ сæрбæттæн йæ сæрæй фелвæста, стæй та-иу æй йæ сæрыл атыхта.

– Ома куыд цы… Æмæ цы кæны? – тыхамæлттæй сфæрæзта зæгъын, æмæ адæргæй йæ хъуыр сыгъдæг кæнын райдыдта. – Æз мæ бедра байдзаг кодтон æмæ нæхимæ рацыдтæн. Расулы уым ныууагътон. Кæд къæбырттæгæй æгæр бирæ бахордта.

Æндæр цы загътаид, уый нæ зыдта. Зæронд ус æм хæстæгдæр бацыд æмæ йын йæ хъусы мынæг хъæлæсæй бадзырдта:

– Иудадзыг йæхинымæр цыдæртæ зары. Ныхас кæны алы дидинæг, алы кæрдæджы халимæ дæр. Йæ сæрызонд фæцыди. Бауарзта дæ, æвæццæгæн. Йæхи бар нал у æмæ расыджы цыд кæны. Кæд ын дæ уагæй кæнæ дæ ныхасæй исты зæрдæ бавæрдтай? Дæхиуыл æй нæ сардыдтай?

Цы йын хъуамæ загътаид Нафисæ? Кæд ын зæронд ус йæ уавæр фæфиппайдта æмæ йæ къахгæ кæны? Нæ, нæ! Æвдисæнтæ йæ ницæмæн хъæуы! Сарæ йын йæ худинаджы хабар кæй нæ зыдта, уый йæ иучысыл æрсабыр кодта.

– Цавæр зæрдæвæрд? Цавæр хиуылардыд? Гоби куы у… Сывæллон… Гæнæн ис, æмæ йæм хъомыл адæймаджы æнкъарæнтæ æвзæрын райдыдта, – загъта йын къуызгæйæ æмæ ма йæ ныхасмæ хъазгæмхасæн бафтыдта: – Кæд афтæ у, уæд рæзы, нæлгоймаг фæкæны!

– Æппындæр ницыуал дзуры. Истæуыл тынг куы фæцин кæны, æрмæстдæр уæд ныхъхъус вæййы.

– Ома куыд ницыуал дзуры? Къуытты куы у…– фесхъиудта Нафисæ.

– Дзуры, фæлæ йæхирдыгонау. Æрмæстдæр æй æз æмбарын. Цыдæртæ гуым-гуым кæны, цыма музыкæмæ хъусы, афтæ. Хæдзары дидинджытимæ дзуры, уынджы та – бæлæстимæ. Цыдæр ыл æрцыди. Мæнмæ гæсгæ, дæу бауарзта. Адæм фыр уарзтæй æрра кæнынц. Уымæн дæр йæ сæрызонд куы фæцæуа, уымæй тæрсын.

– Ма йын тæрс, нана. Нырма уарзондзинадæй ничима амарди, – бынтондæр æрсабыр и Нафисæ.

– Уарзондзинады тыххæй йæхи артмæ чи баппары, ахæмтæ гыццыл и?

– Уый бæсты ма цай бацымæм æмæ, нæ удты цы арт судзы, уый ахуыссын кæнæм, – æгъдаумæ гæсгæ куыд æмбæлы, афтæ Нафисæ йæ уазæджы бахуыдта фынгмæ, кæд æй йæ ацыд тынг фæндыди, уæддæр.

– Ныртæккæ дыууæ чашкæйы бацымдтон, фæлæ зæронд усæн аив нæ уыдзæн хæдзары хицауы зæрдæхудты бацæуын æмæ къæсæрæй аздæхын. – Сылгоймаг дзургæ-дзурын стъолы уæлхъус æрбадти æмæ дарддæр кодта йæ ныхас: – Цыдæр кæй æрцыди, уый мæ зæрдæйы

уидæгтæй æнкъарын æмæ дын иу хабар ракæнынмæ хъавын. Мæнмæ гæсгæ мын ацы гоби Аллах балæвар кодта, цæмæй цардæн йæ хъуыды æмæ йæ сусæгдзинад хуыздæр раиртасон, уый тыххæй. Æз тæригъæдджын дæн, уымæн æмæ уый дæр мæ рæдыды гуырдз у.

– Дæ чызджы лæппу?

– Куы райгуырди, уæд ын урс цæсгом уыди. Иннæ сывæллæттæй тынг хицæн кодта. Дзурын дæр раджы райдыдта. Фæлæ фондзаздзыдæй Хакимæйы богъæй фæтарсти æмæ фæкъуытты и. Зædæй æнæсдзæбæхгæнгæ рынчын рауади Аюпы богъы тыххæй.

– Куы Хакимæ зæгъыс, куы Аюп.

– Лæг æмæ ус уыдысты. Нæ сыхæгтæ, сывæллон та сæ богъæй фæтарст.

Цалынмæ зæронд ус йæ хабæрттæ кодта, уæдмæ йын Нафисæ йæ цæстытæм бакæсын нæ уæндыди, фæлæ-иу йемæ куы фемдзаст и, уæд-иу бамбæрста, йæ цæсгомыл цы тыхст æвдисы, йæ миддунейы уымæй фылдæр сусæгдзинæдтæ кæй ис, уый. Йæ къухтæ йæ уæрджытыл куыд аив æвæрдта, йæ хуызивд сæрбæттæн йæ роцъойы бынмæ куыд сæрибарæй баста, стæй йæ ныхы æнцъылдтæ куыд змælын кодта, уыдонмæ гæсгæ йæ Нафисæ нымадта уæздан сылгоймагыл æмæ йыл æууæндыди. Расулимæ хъæды кæй ахъазыди, уый тыххæй дзы фауынæй нал тарсти. Афтæ кæсын дæр ма йæм райдыдта, цыма уыцы хъазт бæллицы ферттывдау йæ фыны федта. Сарæ йын цы хабар ракодта, уый та ма йын йæ зæрдæмæ æнцоимæ цард æмбарыны фæрæз дæр бахаста. Æмæ йæхи банкъардта сыгъдæг æмæ æнæвнæлдæй. Æрмæст иу хъуыддаг бамбарын нæ фæрæзта. Йæ цардæй йын цы сусæгдзинад раргом кодта, уымæй цы зæгъынмæ хъавыд? Йæ мысинæгты къуыбылой йын хуымæтæджы куыд райхæлдтаид?

– Уæлахиз нырма дард уыди. Ралæууыди цыппор æртыккæгæм азы фæззæг. Уæлдæфы зилдух кодтой урс бындзытæ, – йæ таурæгъ кæнын райдыдта Расулы нана. – Быдыры куыстытæ конд фесты, æмæ фылдæр рæстæг æрвитæн уыди хæдзары. Хъæумæ фронтæй алы бон дæр цыдысты сау гæххæттытæ. Уæззау катайæфтауæг рæстæг. Мæ дыууæ æфсымæры дæр хæцыдысты знаджы ныхмæ, æмæ дзы иу фæмард и. Мæ мад амарди цыппор дыккæгæм азы. Æз æнæхъæн дунейы иунæгæй баззадтæн. Хæсты размæ тынг æрыгон уыдтæн, æмæ мын мой кæныны афон нæма уыди. Ссæдз азы мыл куы сæххæст и, уæд мæ

былыцъæрттæ хордтон сывæллон ныййарынмæ, фæлæ мæ цуры ничи уыди. Цы уавæры уыдтæн, уый дæуæн зын бамбарæн у, – загъта Сарæ æмæ Нафисæйы цæстытæм бакасти. – Чи зоны, æмбарыс мæ, ды дæр сылгоймаг куы дæ. Уыцы сывæллонмæ æз иунæгæй нæ бæллыдтæн, æнæхъæн дуне йæм мæ хуызы бæллыди. Нæ фыдæлтæ рагзаманты афтæ дзырдтой: «Кæд æппæт дунейы дзыллæты фæнды, уæд сывæллон æнæмæнг райгуырдзæн». Иугæр хъуыддаг афтæ у, уæд хъуамæ уыцы цау мæныл дæр æрцæуа. Фæлæ мæ дызæрдыг иу ран нæ уагъта. Хæст куы фæуа, уæд дзы ничиуал сыздæхдзæн. Ме ‘рдæг хæсты фæмард и. Уæларвæн йæ уд скъуыди: ды сылгоймаг дæ æмæ ацы дунемæ рацыдтæ Мад суæвыны тыххæй. Æмæ йæ бирæ æнхъæлмæ кæсын нæ бахъуыди. Йæ цæфтæ куы сдзæбæх сты, уæд госпитæлæй дыууæ къуырийы æмгъуыдмæ æрбацыди мæ сыхаг Аюп. Æз æй уайтагъддæр бамбæрстон, мæнмæ йæ æрбарвыста Аллах.

Куы мæ федта, уæд цингæнгæйæ афтæ бакодта:

– Нæ гыццыл Сарæ саурæсугъд кæд аци! Йæ былтæм сæххæссæн дæр куы нал и.

Йæ зæрдæлхæнæн ныхæстæ æмæ мын йæ дис цæстæнгас ме ‘нцойад бынтондæр айстой, æмæ мæ бон дарддæр хъæцын нал уыди. Æртыккаг бон ыл иунæгæй сæмбæлдтæн æмæ йын загътон:

– Сылгоймаджы йæ сæйраг хæс сæххæст кæнын хæст дæр нæ бахъыгдардзæн. Куы æрталынг уа, уæд мæм-иу æрбацу.

Уыйбæрц ныфс мæм кæцæй разынд, уый мæхæдæг дæр нæ зонын. Æнæкъух Ахмет мæ иу ран нал уагъта, фæлæ йæ коммæ никуы бакастæн æмæ æнæвнæлдæй баззадтæн. Аюп мын, чи зоны, хæлд æнхъæл фæци æмæ йæ мемæ ахъазын фæндыди, фæлæ отпусчы фæстæ фронтмæ куы цыди, уæд мын афтæ:

– Хæстæй æгасæй æрбаздæхдзынæн æви нæ, уый нæ зонын, фæлæ ды цы ми бакодтай, уый æцæг сгуыхт у.

Хæстæй нал æрбаздæхти. Æрмæстдæр дыууæ хатты æрбахоста мæ рудзынг. Иумæ фестæм дыууæ æхсæвы, æмæ ацыди. Мæнæн та чызг райгуырди. Хакимæйæн дыууæ чызджы уыди. Адæм мын мæ чызджы Ахметæй æнхъæл уыдысты. Æз та афтæ хъуыды кодтон: кæйфæнды дæр æй хонæнт, æрмæст æй Хакимæ ма базонæд. Уый йæ амæлæты бонмæ ницы дзырдта. Мæ Гульбаны мын уарзта йæхи чызгау. Йæ фæсонтæ йын-иу, тавицгæнгæйæ, куы сæрфта æмæ йыл-иу йæ чыз-

джыты дзаумæттæ куы кодта, уæд-иу фыр тасæй барыстæн, кæд ын йæ фыды зоны, зæгъгæ.

Йæ мæлæты агъоммæ мæ сæхимæ бахуыдта, æмæ йын мæ сусæгдзинад раргом кæнынмæ хъавыдтæн, фæлæ йæхæдæг мæ разæй фæци:

– Сарæ, мæ лæджы мын куы акодтай, уæд дыууæ æхсæвы тынг тыхст уыдтæн. Æз æнхъæлдтон, уыцы куыст дæ фыр æвæрæзæй бакодтай. Бирæ сылгоймæгтау цæстæнгасæй алкæй нæ рæвдыдтай, уый хæсты фæстæ базыдтон æмæ дын ныббарстон. Ма тыхс, хатыр дын кæнын.

Йæ фæстаг ныхæстæ мæ буары иннæрдæм ахызтысты, æмæ зæрдæбынæй нырдиаг кодтон. Йæ разы аххосджынæй мæ риуы цы уæззау дур хастон, уый атади, цæссыгты саха фестади, æмæ мæ уд æгъатыр ælхъивæнæй феуæгъд и. Ныр мæ чызг Гульбаны фырт Расул дæр бахъомыл и æмæ мæ куы артмæ æппары, куы – донмæ.

– Хакимæ дæуæй уæззаудæр дур хаста йæ риуы… Ахæм дур йæхимæ дарынæн æмæ йæ быхсынæн фидар фæрстæ хъуыди… – бафиппайдта Нафисæ. Зæронд ус йæ ныхæстæй фесхъиудта æмæ йæм комкоммæ бакасти.

– Иуæй-иу хатт адæймаг ахæм уавæры бахауы, быхсæн кæмæн нал вæййы. О, о, бахауы. Æмæ, дуне куы ссудза кæнæ арв зæхмæ куы æрхауа, уæддæр йæ хъуыдытæ æмæ йæ фæндæтты ферох кæны æмæ йæ бæллицты фæдыл куырмæджы араст вæййы. Сфæлдисæджы фæфæнды афтæ æви дæлимоны, уый ничи фæзоны. Курын дæ, æмæ Расулы дæхицæй аивас кæ. Дæумæ мæм ис æрмæстдæр уыцы курдиат, æмæ йæ сæхæст кæ, науæд иу тæригъæд йæ фæдыл иннæ тæригъæдты расайдзæн.

Нана Сарæ куы ацыди, уæд Нафисæ йæ бынаты бадгæйæ баззади æмæ кæуындзастæй йæхинымæр фæлхат кодта: «Ау, зæронд ус алцы дæр банкъардта, алцы дæр бамбæрста?..»

* * *

Сылгоймаг хъæды цы бакуыста, уый йын йæ уды арф фæд ныууагъта. Йæ хæдзары йæхи æцæгæлоныл нымайын райдыдта. Йæ цардбарæг æнæниз лæгыл гадзрахатæй кæй рацыд, уый тыххæй йæхи æфхæрдта. Идрис ын йæ хабæрттæ нæ зыдта, фæлæ йæм уæддæр йæ ахаст аивта. Йæ фарсмæ хуысгæйæ йын раздæрау зæрдиаг хъæбыстæ æмæ адджын батæ нал кодта. Хуыссæны-иу газеттæ касти, фæллад дæн, зæгъгæ-иу къулы ‘рдæм азылди æмæ-иу бафынæй и. Нафисæ-иу гыкъынайау йæ

фарсмæ хуыссыди æмæ-иу базмæлын дæр нæ уæндыди. Хорз æмæ ахуыры аз райдыдта. Куысты йæ бонты цыд æнцондæрæй хатыдта.

Мæйы дæргъы кæрæдзимæ хæстæг не ‘рцыдысты, æмæ Нафисæйы бон хъусæй лæууын нал уыди. Сабаты изæрæй абанайы тæвд уæлдæфы куы фæбадтысты æмæ сæхи куы цынадтой, уæд сæ хæдзармæ æрбацыдысты, æмæ йæ лæджы бафарста:

– Идрис, фæуазал мæм дæ? Афтæ æнхъæлыс, æндæр искæй дæн? Гадзрахатæй дыл нæ рацыдтæн.

– Дæ къухы нæма бафтыд? – йæхицæй тыххæйты ралæмæрста лæг.

– Стæй нæ бафтдзæн, – фидарæй йын дзуапп радта Нафисæ.

Лæг мæйы дæргъы цы хъизæмæрттæ бавзæрста, уыдон йæ хуылфы æрæмбырд сты, æмæ сæ уыцы иумæ ракалдта:

– Æз разы дæн! Цæмæй дзыллæтæ дарддæр цæрой, æмæ сæ хал дæуыл ма аскъуына, уый тыххæй дын иу хатт бар дæттын, – æмæ ма йæ ныхасмæ цæхгæр бафтыдта: – Хъусыс, æрмæстдæр иу хатт!

Нафисæ фыр диссагæй фæуыргъуыйау и. «Бар мын дæтты. Уый йæ фæлмæнзæрдæдзинады бæрæггæнæн у æви йæ лæмæгъдзинады? Мæгуырæг. Йæ зæрдæ мæм æппындæр не ‘хсайы? Уарзгæ мæ нал кæны æви мын тæригъæд кæны? Кæд хъуыддаг иннæрдæм æмбаргæ у? Уарзы мæ æмæ бинонты цард хъахъхъæны. Мæ гадзрахат мын зонгæ дæр нæ кæны. Зæгъын дæр ын æй нæ хъуыди. Ницы базыдтаид æмæ æнцад уыдаид. Ныр та цæргæбонты йæхи хæрдзæн. Уæвгæ, уарзæттæ хъуамæ кæрæдзийæ мацы æмбæхсой. Нæ, нырма йын дзурын ницыма хъæуы. Уадз, æмæ уал æдыхстæй ацæра, – æнæдзургæйæ бацыди йæ уатмæ æмæ схуыссыди. – Æппæт дунейы дзыллæтæн тæригъæд кæны», – йæ лæгыл бахудти йæхинымæр æмæ бафынæй и.

Райхъал æй кодта Идрисы узæлгæ ба. Цы бæллиццаг ба у, хион, зынаргъ. Гъе, фæлæ дзы раздæры фæлмæндзинад æмæ сыгъдæгдзинад нæй. Сылгоймаг та, йæхи тыххæй чи уромы, ахæм монцмæ æнхъæлмæ касти. Кæд Расулы уарзгæ бакодта, æмæ йæ уый хъыгдары? Нæ, Расулимæ куы уыди, уæд дæр йæ цæстытыл Идрис уади. Кæд бæллыди, уæддæр йæ лæджы æрыгон азты судзгæ монцмæ. Æви йæ йæ монцджын туг фæсайыныл архайы?

Фæсахсæвæрты райхъал и æвирхъау фынæй. Федта цавæрдæр æнахуыр сыкъаджын цæрæгойы, æмæ йæм афтæ фæкасти, цыма дæлимон у. Йæ уæлныхты йæ систа æмæ йæ хохы цъупмæ схаста.

Уыимæ худти йæ хъæлæсы дзаг. Нафисæйæн æхсызгон уыди, æмæ уый дæр худти. Уыцы рæстæг æд фæрæт фæзынди Идрис, дæлимонæн йæ иу сыкъа ахауын кодта, æмæ дзы ракалди стъалытæ. Йæ алыварс планетæтæ, афтæмæй дзы рахызти хур, йæ фæстæ та ныххал сты адæм... Нафисæ сæ уыдта, фæлæ сæ йæ бон бауромын нæ уыди, йæ иувæрсты цыдысты æмæ цыдысты. Хъæр сæм кодта: «Ærлæуут!», фæлæ йæ ницæмæ дардтой. Нафисæ фесхъиудта æмæ, хъæргæнгæйæ, райхъал и.

…Æхсæзæм урок куы кодта, уæд рудзынгæй ауыдта, Расул хъæды ‘рдæм куыд азылди, уый. Сылгоймаг нæ фæрæдыди – лæппу цыди Карлытубэмæ. Уый размæ-иу, куыстмæ цæугæйæ, Расул уынджы йæ размæ фæци, лæгъстæхуызæй йын-иу йæ цæстытæм касти æмæ-иу «гъы-гъы» кодта. Зулкъ иу хатт фæткъуыйы ад куы бамбары, уæд сабыргай йæ хуылфмæ фæбыры, æмæ йын бауромæн нал вæййы. Уымæ гæсгæ, Нафисæ карзæй бауайдзæф кодта Расулæн, суанг ма йæ «хъæбул» дæр рахуыдта:

– Хъæбул, ахæм ахастæй нæ хъæуы нæ удты бæрæгбон халын. Куы мæ бахъæуай, уæд дæ мæхæдæг бацагурдзынæн.

Уыцы ныхæсты фæстæ лæппу æрсабыр и, æмæ йыл бирæ рæстæг сылгоймаджы цæст нал æрхæцыди, фæлæ йæ ныр куы федта, уæд йæхæдæг сцырын и. Йæ хæдзармæ ауади, тагъд-тагъд йæ уæлæдарæс аивта, æмæ, цыма фæззыгон хъæды йæ фæллад уагъта, уыйау Расулы фæдыл фæраст и. Йемæ ма гыццыл чыргъæд дæр айста – уæд та зокъотыл фембæлди. Йе ‘мбудæн æй нæ фæсайдта. Лæппу бадти, кæрæдзийы кæм барæвдыдтой, уым. Сылгоймаджы куы ауыдта, уæд хорзау нал фæци. Фæлæ уайтагъд йе ‘муд æрцыди æмæ йæхи нæлгоймагæй равдыста – йæ пинджак раласта æмæ йæ кæрдæгыл æрытыдта. Нафисæ йæ бамбæрста æмæ йыл æрбадти. Расул йæ разы йæ уæрджытыл æрлæууыди æмæ йæ сæр æруагъта, стæй йæ сылгоймаджы зæнгтыл æрæвæрдта æмæ йын йæ цæстытæм скасти. Дыууæ цæстæнгасы кæрæдзийыл сæмбæлдысты. Лæппуйæн йæ цæссыгтæ фемæхстысты. Йæ дзыхæй ма цыдæр мыртæ дæр схаудта, стæй йæ фæсонтыл афæлдæхти, йæ къухтæ хæрдмæ сивæзта æмæ арвмæ касти. Йæ цæссыгтæ йæ уадултыл згъордтой, фæлæ сæ нæ сæрфта. Афтæ зынди, цыма Сфæлдисæгæн арфæ кодта, ацы дунемæ дзæгъæлы кæй нæ рантысти æмæ æрвон æхсызгондзинад кæй бавзæрста, уый тыххæй. Фæстаг рæстæг зæххыл нæ цыди, фæлæ уæлæрвты тахти.

Исдугмæ йæ къухтæ æруагъта æмæ дзы йæ цæстытæ бахгæдта. Дзæвгар рæстæг йæ былты змæлд нæ банцади. Иуафон йæ цæсгом мидбылхудтæй байдзаг и, æмæ сылгоймагмæ райгæйæ бакасти, стæй сыстади æмæ йæм йæ къух бадардта. Нафисæ куы сыстади, уæд йæ пинджак систа, йе уæхскмæ йæ баппæрста æмæ хохæй бынмæ араст и. Цалдæр къахдзæфы акодта, зæххæй цыдæр стыдта æмæ фæстæмæ æрбаздæхти. Йæ къухы уыди зокъо – йæ сæр сырх, йæ зæнгыл та урс тæппытæ. Алкæмæн дæр зындгонд чи у, ахæм маргджын бындзмар. Сылгоймаджы чыргъæды йæ нывæрдта æмæ хъæумæ йæ ных сарæзта. Нафисæ чыргъæд фелвæста æмæ йæ æд зокъо йæ тых-йæ бонæй нызззыввытт ласта. Расул уымæй цы зæгъынмæ хъавыди, уый нæ бамбæрста. Лæппу йæ кæй нал бахъыгдардзæн, ууыл ахъуыды кодта, фæлæ… фæрæдыди. Йæ уды йын уидæгтæ чи ауагъта, уыцы маргджын зокъо æддæмæ кæй рахиздзæн, уый нæма зыдта.

* * *

Расул нал фæзынди, октябры кæрон фыццаг уазæлттæ куы ралæууыдысты, уæд та йæ зымæг арвитынмæ йæ мадмæ ацыди. Уымæй чысыл раздæр Нафисæйæн райдыдта, бирæ кæмæ фенхъæлмæ касти, уыцы бæрæгбон. Æрвон сусæгдзинад æм æрбаивылди, æмæ йæхи банкъардта æппæты амонджындæрæй. Йæ риутæ дымсын райдыдтой, æмæ йæ цинæн кæрон нал уыди. Йæ гуыбын сæрфта æмæ йæхицæн тарсти фæцæстдзыд уæвынæй. Йæ ног уавæрыл бауæндыди æрмæстдæр дыууæ мæйы фæстæ. Йæ зæрдæ хæццæ кæнын райдыдта, стæй йæ изгард тухæнæй мардта. Сывæрджын у æмæ Мад суыдзæн! Никæмæн ницы загъта, суанг ма йæ лæгæн дæр. Кæд æдзухдæр йæхимæ хъуыс-та, уæддæр уыди худæнбыл, Идрисы хъазæн ныхæстæн дæр дзуапп лæвæрдта рохстæй.

Ноябры бæрæгбон ацыди районы центрмæ æмæ универмаджы фæмидæг и. Сывæллæтты дзаумæттæм йæхи байста æмæ сæм мидбылхудгæйæ фæракæс-бакæс кодта. «Кæд мын чызг райгуыра, уæд мæнæ ацы сырх къаба балхæндзынæн, кæд мын лæппу райгуыра, уæд та – мæнæ ацы цъæх хæлаф», – хъуыды кодта йæхинымæр. Хъазæнтæм йæхи тыххæй урæдта. Сывæллонæй куыд кодта, афтæ та йæ фæндыди гыкъына райсын æмæ йæ аузын, трактор æмæ машинæ пъолыл атулын. Машинæ балхæнынмæ дæр ма хъавыди, фæлæ йæхи баурæдта. Чызг ын куы райгуыра, уæд фæтæргай уыдзæн, æз дæ нæ хъуыдтæн, лæппумæ æнхъæлмæ кастæ,

зæгъгæ. Уымæ гæсгæ, балхæдта пурти. Сæхимæ куы ‘рбаздæхти, уæд æй стъолыл Идрисы ‘рдæм батылдта æмæ йæм хъæлдзæгæй бадзырдта:

– Ærцахс æй!

Лæг телевизоры хоккейы матчмæ тынг æдзынæгæй касти æмæ йæ усы хъæрæй фесхъиудта, фæлæ хъазæн ærцахста æмæ афтæ бакодта:

– Огъо, зымæгон футболæй хъаздзыстæм?

– Мæ къуыбылой атылди. Ды йæ нæ федтай, дяденькæ? – бафарста ус йæ лæджы, ахъæбыс ын кодта æмæ та йæм бауырдыг и: – Мæ къуыбылой кæдæм атылди, уый нæ федтай?

– Федтон, федтон, мæ саурæсугъд. Хæхты æмæ денджызты сæрты æтылди хæзна агурæг, – дзуапп ын радта Идрис æмæ йæ бынатæй фестади, фелвæста йæ æмæ йæ ærзылдта.

– Уыцы хæзна уыдзæн сывæллон, дяденькæ.

– Сывæллон?

– О. Мæ къуыбылой йæ хæзна ссардта, дяденькæ, – Нафисæ гыццыл сабийау бакаст йæ лæгмæ.

Идрис æм йæ цæстытæ ныджджыгъгъытт кодта.

– Сывæллон? Нафисæ, сывæллон нын уыдзæн? Саби… Ур-ра! – ныхъхъæр кодта йæ дзыхы дзаг, стæй йæ цыма электрон тых ныццавта, уыйау фегуыппæг и æмæ йæ усы пъолмæ æруагъта, диваны ærбадти æмæ йæ бафарста: – Кæмæй?

Йæ рохст цæстæнгас сылгоймаджы ноджы тынгдæр бацырын кодта.

– Ома куыд кæмæй? Дæуæй, æдылы! Ды уыдзынæ йæ фыд! – дзуапп ын радта æнæ гуырысхойæ, йæ пъалто раласта æмæ йын æй йæ къæхты бынмæ æræппæрста, йæ хъæбысы йæ акодта æмæ ма йæ ныхасмæ бафтыдта: – Æз дын куы дзырдтон: ærмæстдæр дæуæй ныййардзынæн сывæллон.

– Нæ мæ сайыс?

– Нагъ. Дæ бынаты мæ цæстытыл ауад пехуымпар Йусуф, æмæ мæ фæнд мæ къухы бафтыд.

– Аргъæуттæ мын ма кæн. Ныртæккæ дын æз фенын кæндзынæн Йусуфы, – сдзырдта Идрис, йæ хъæбысмæ та йæ фелвæста æмæ йын батæ кæнынæй нал æфсæсти.

Нæлгоймаг йæ уавæрыл сразы и æмæ йæ усмæ иу фарст дæр нал радта, йæ гуыбын куы ракъуыпп и, уæд. Кæрæдзийæ æмбаргæйæ,

сæхи цæттæ кодтой Æстæм мартъийы бæрæгбонмæ. Идрис, йæ усыл ауæрдгæйæ, фылдæр куыстытæ райста йæхимæ, фæлæ Нафисæ фыр цинæй уæлæрвты тахти æмæ, фынгтæ æвæргæйæ, æнцад бадын нæ фæрæзта. Сæ хæлæрттæ сæм æрбацыдысты æмæ сын бæрæгбоны фæдыл арфætæ кодтой. Сывæллонмæ кæй æнхъæлмæ кастысты, уый сын æхсызгон уыди æмæ сæ фарстой:

– Цалынмæ æрыгондæр æмæ хъаруджындæр уыдыстут, уæдмæ цæуылнæ бакодтат цоты хъуыддаг?

Уыцы фарстæн Загитовтæ дзуапп лæвæрдтой хъазгæмхасæн:

– Хæдзары хъуыддæгтæ æмæ нæ къæхтыл слæууыны мадзæлттæ кæнгæйæ нæ рæстæг куыд атахти, уый æмбаргæ дæр нæ бакодтам.

Уазджытæ куы ацыдысты, уæд Идрис хъæццулы тыхтæй цыппаркъуымон дзаума æрбахаста æмæ йæ усмæ бадзырдта:

– Рагацау дæ курын, нырма йæ ма байгом кæ. Бафæрсон уал дæ. Дæ дзуаппыл бæстон ахъуыды кæ.

– Ма мæ тæрсын кæ, Идрис. Бомбæ нæу, мыййаг?

– Иу фарст æрмæст. Уый фæстæ дæ никуыуал батыхсын кæндзынæн.

– Бафæрс мæ уæдæ.

– Нæ амондмæ нын йæ бар ничи бадардзæн? Ничи нын æй адавдзæн?

– Нæ хъысмætæн нæхæдæг стæм хицæуттæ.

– Ныхас цæуыл, растдæр зæгъгæйæ та, кæуыл цæуы, уый æмбарыс?

– Æмбарын. Цы сывæллон нын райгуыра, уый фыдыл. Кæд нæ амондæн хицæуттæ нæхæдæг стæм, уæд æм ничиуал ницы бар дары.

Идрис йæ усы раз йæ уæрджытыл ærлæууыд æмæ йæм хъæццулы тыхт дзаума радта.

– Бамбæрстон дæ. Мах хицæуттæ стæм. Æз хицау дæн! Дæ цæстытæ бацъынд кæ, æмæ мæ лæвар райхалон.

Йæ тыхтон диваны сæвæрдта æмæ йын йе ‘лхынцъытимæ бирæ фæцархайдта, æппынфæстаг æй райхæлдта æмæ йæ усæн загъта:

– Ныр ракæс, мæ хæдзар.

Нафисæ йæ къухтæ йæ цæстытæй айста, къахæй-сæрмæ ærлæмæгъ и æмæ фæцæйхаудта, фæлæ йыл лæг фæхæцыди æмæ йæ хауын нæ бауагъта.

Диваныл лæууыди Идрисы къухтæй конд авдæн æмæ ærттывдтытæ калдта йæ рæстæгмæ æнхъæлмæ кæсæг хурау. Нафисæ йын йæ лæвар

райста цингæнгæйæ. Йæ лæг ын йæ гадзрахат кæй ныббарста æмæ сывæллоны йæхиуыл кæй банымадта, ууыл фидарæй бауудыди æмæ йын зæрдæбынæй раарфæ кодта:

– Бузныг, мæ зынаргъ, мин хатты бузныг.

* * *

Апрелы кæронмæ хæстæг Загитовтæн райгуырди лæппу. Æрыгон æнæниз сылгоймаг æй ныййардта æнцонæй. Сабиимæ бинонтæм æрбацыдысты цин æмæ амонд. Йæ ус æмæ йæ фырты Идрис æрбаласта йæхæдæг. Арæндонæй йæ хæдзармæ ноггуырды дардта йæ хъæбысы æмæ йæхи хатыдта æцæг фыдæй. Афтæ зынди, цыма йæ бауырныдта, сывæллоны фыд кæй у, уый. Æмæ йæ уырнгæ дæр цæуылнæ хъуамæ бакодтаид? Хъæуы йæ усы тыххæй ницы дам-думтæ хъуысти. Кæд сын æцæгдæр пехуымпар Йусуф баххуыс кодта? Чи йæ базондзæн? Йæ бон у къухауигъинаг рынчыны дæр сдзæбæх кæнын, æруад дидинджыты райгас кæнын, хуымæтæджы ехсы цъыккæй цæхæр акалын. Нæ, йæ ус ыл гадзрахатæй нæ рацыди. Йæ фæндтæ æмæ йæ бæллицтæ уæларвмæ сыхъуыстысты, Аллахæй йын барлæвæрд æрцыди, æмæ сын сывæллон фæзынди. Идрис ногæй бауарзта йæ усы, йæ фырты, æппæт дунейы…

Уæлахизы боны фæстæ колхозонтæ сæхи цæттæ кодтой мыггæгтæ тауынмæ. Дыууæ изæры астæу талынггæрæттæ хъæуыл куы æрæнцадысты, уæд чидæр рудзынг æрбахоста. Идрис цалцæг кодта йæ зæронд бандон.

– Чи дæ? Мидæмæ рацу, – адзырдта æрбахойæгмæ, фæлæ йæм йæ хъус ничи æрдардта. Ногæй та рудзынг æрбахостæуыди.

– Уым чи хынджылг кæны?! – тыхстхуызæй йæм ахъæр кодта Идрис, фæлæ дыккаг хатт дæр ницы дзуапп райста. Батыхсти Нафисæ дæр. Хъарм бонтæ кæнын куы райдыдта, уæд йæ зæрдæмæ катай бахъуызыди, фæлтæхæн цъиу куы фæзына, зæгъгæ…

Идрис дзæбуг бандоныл æрæвæрдта æмæ кæртмæ ахызти, тынг бæрзонд лæппуйы дзы ауыдта æмæ йæ бафарста:

– Чи дæ?

Лæппу разынди гоби. Йе ‘нгуылдзтæй йын ацамыдта, дзурын нæ зонын, зæгъгæ, æмæ йæм йæ мидбылты бахудти.

Идрис афтæ банхъæлдта, рæдыдæй сæм æрбафтыди, æмæ йæ хъæлæс бæлвырд фæуазалдæр и:

– Цы дæ хъæуы?

Æнæхуынд уазæг йæ сæр банкъуыста, рудзынгмæ бакаст æмæ йе ‘нгуылдзæй царыл ауыгъд авдæнмæ бацамыдта, стæй йæ дзыппæй дзæгъдзæгъгæнаг хъазæн систа æмæ йæм æй бадардта.

– Цы? Сабимæ бакæсын дæ фæнды? Ныpма йын æвдисынæн раджы у, дыууиссæдз боны йыл нæма цæуы,– загъта хæдзары хицау. Хъуыддаг цæй мидæг ис, уый не ‘мбæрста, растдæр зæгъгæйæ та йæ нæ фæндыди йе ‘мбарын. Хъæуы цы æгъдау ныффидар ис, уый зыдта. Искæмæ-иу сывæллон куы райгуырди, уæд сæм-иу æмгуыппæй цыдысты æмæ сын-иу арфætæ кодтой, хъæуы æмæ бæстæйы ног цæрæг кæй фæзынди, уый тыххæй. Ноггуырды бабæрæг кодтой сыхаг зæронд устытæ. Семæ ма алыхуызон хæринæгтæ дæр æрбахастой. Дыууиссæдз боны йыл куы сæххæст уа, уæд æм иннæтæ дæр æрбацæудзысты. Идрис уазæгæн йæ хъазæн райста æмæ йæ феддæдуар кодта.

– Чи уыди? – тыхстхуызæй йæ бафарста Нафисæ.

– Цавæрдæр сахъатджын гоби æрбацыди сывæллоны фенынмæ æмæ мæнæ ай æрбахаста, – куыдфæндыйæ йын дзуапп радта Идрис, дуары цур цы уæлæдарæсы скъапп уыди, уырдæм дзæгъдзæгъгæнаг хъазæн баппæрста æмæ та бандон цалцæг кæныныл балæууыди, фæлæ йæ къухты зыр-зыр нал æнцади, æмæ йæ куыст ныууагъта. Йæ катай æмбæхсгæйæ, зæрдаивæй афтæ бакодта:

– Бандæттæ слæмæгъ сты, кæнæ сæ аппарын хъæуы, кæнæ сцалцæг кæнын.

Уыцы æхсæв Нафисæйыл хуыссæг не ‘рхæцыди. Æмæ йыл куыд æрхæцыдаид? Стыр бæллæх ыл куы æрцыди. Пехуымпар æнхъæл кæмæн уыди, уый иблис разынди. Исты хуызы дзы фервæзын хъæуы. Чи у, уый Идрисæн зæгъа æви нæ? Ехх, раздæр ын æй зæгъын хъуыди. Ныр рæстдзинад куы базона, уæд æй йæ ус дæр нал бахъæудзæн, йæ сывæллон дæр. Цы бачындæуа? Дыккаг бон дæр арвыста æнхъæлмæ кæсгæйæ æмæ катайгæнгæйæ. Колхозы райдыдтой быдыры куыстытæ, æмæ Идрис сæумæрайсомæй фæсахсæвæртæм уым уыдис. Нафисæ-иу æй куыстмæ куы æрвыста, уæд ын-иу загъта:

– Раздæр æрбацæуыныл бацархай. Мах дæм æнæрхъæцæй æнхъæлмæ кæсдзыстæм.

Æрыгон фыд-иу йæ сæр разыйы тылд бакодта æмæ йæ мидбылты бахудти. Йæ цæсгом-иу фыр амондджынæй ныррухс и.

Иуизæр та ногæй рудзынг æрбахостæуыди. Нафисæ сывæллони-

мæ хæдзары иунæгæй уыди æмæ фесхъиудта. Йæ къухы цы чашкæ уыди, уый зæхмæ æрхаудта æмæ ныппырх и. Хорз, æмæ сывæллон нæ райхъал и. Дзуццæджы æрбадти. Чидæр та ногæй æрбахоста. Аивæй йæм ракасти, æмæ – Расул. «Ме ‘нæуынон фæу, хæйрæджы амæттаг», – ралгъыста йæ йæхинымæр. Цæмæй йæм æппындæр мауал цæуа, уый тыххæй цы бакæна? Уæд та йемæ сабырæй баныхас кæнид? Дуармæ бацыди æмæ æддæмæ адзырдта:

– Чи дæ?

Лæппу тыргъы асинтыл рæвдз суади æмæ багуым-гуым кодта: «гъы-гъы», ома æз дæн, Расул. Нафисæ йе ‘ппæт тыхтæ дæр æрбамбырд кодта, æмæ дуар байтыгъта, фæлæ, лæппуйы цæсгомыл æдылы мидбылхудт куы ауыдта, уæд йæ удхæссæг фестади.

– Æз дæуæн цы загътон, цъаммар?! Мауал мæм цу, зæгъгæ дын нæ дзырдтон?! Дзырдтон дын æви нæ?! – нытътъæлланг ыл ласта æмæ йæ асхуыста. Лæппу тыргъæй ахауд, сыстади, уазал цæстытæй йæм бакасти æмæ йæ къухтæ афтæ батылдта, цыма йæ хъæбысы сабийы уызта. Нафисæйы бон æй быхсын нал уыди, фыр мæстæй ссыгъди æмæ мидæмæ базгъордта, цайдан тæвд донимæ радавта æмæ йæм бартхъирæн кодта:

– Сывæллоны фенынмæ ма нæм иу хатт дæр куы ‘рбацæуай, уæд дын фыцгæ донæй дæ худинаггæнæн бынæттæ басудздзынæн!

Нафисæ цæттæ уыди, йæ амонд байсынмæ йын чи бахъавыдаид, уый æрмæст йæ къæхтæй ныссæндынмæ нæ, фæлæ йæ комытæфæй басудзынмæ дæр. Сахъатджын лæппу дзы фæтарсти æмæ лидзынмæ фæци. Кæддæр зæд æнхъæл кæмæн уыди, уый йæм сайтанæй разынди, æмæ фыр мæстæй йæ цæсгом фыдуацхæссæгау ныггæлиртæ и, кæртмæ ахызти æмæ кулдуар йæ фæдыл ахгæдта.

Нафисæ æмыр къупп-къупп айхъуыста, хæдзарæй рауади æмæ цæхæрадоны федта æнахуыр ныв – Расул фæрæтæй калдта фæткъуы бæлас. Йæ алы цæфæй дæр бæлас фесхъиу-фесхъиу кодта, йæ дидинджытæ згъæлдысты, æмæ йæ алфамбылай зæхх урс-урсид адардта. Нафисæ йæм базгъордта æмæ йын йæ фæрæтыл фæхæцыди. Фæткъуы бæлас акæлынæввонгæй фæкъул и, цæхæрадоны æмбондыл банцади, æмæ дыууæйæ дæр зæххыл ныффæлдæхтысты. Расул фæрæт суагъта, æмæ йын æй Нафисæ айста. Гоби йын йæ цæстытæм тæригъæддаджы каст бакодта æмæ йын йæ уæрджытыл атыхсти, стæй ныккуыдта, зæхмæ лæбурдта æмæ дзы йæхи амæста. Урс дидинджытæ йæ цæсгомыл

ныхæстысты æмæ йæ фындзыхуынчъытæм бырыдысты, фæлæ сæ ницæмæ дардта, сылгоймагмæ касти æмæ йæ къухтæ сывæллоны узæгау змæлын кодта. Æрыгон мад фæрæт хæрдмæ систа æмæ йæ мидбынаты бандзыг и. Йæхи æрæмбæрста, Идрис куыстæй куы æрбацыди æмæ йын йæ фæрæтмæ куы фæлæбурдта, уæд. Расул фестади æмæ йæ асхуыста, фæлæ лæг нæ ахаудта. Фæрæт иуварс аппæрста æмæ Расулы йæ тых-йæ бонæй ныццавта. Лæппу атахти æмæ зæххыл йæ тъæпп фæцыди. Идрис ыл йæхи ныццавта, йæ сæр ын хоста æмæ хъæр кодта:

– Уый мæ фырт у, мæ фырт, æмæ йæ дæ зæрдыл бадар!

Уыцы ныхæстæ фехъусгæйæ, Нафисæ фæуыргъуыйау и æмæ зæххыл æрбадти. «Идрис алцы дæр зыдта, фæлæ быхста æмæ ницы дзырдта. Нæ уарзондзинад хъахъхъæдта мæ мæгуыр лæг…», – ахъуыды кодта йæхинымæр, нæлгоймæгтæм йæ цæсты кæронæй дæр нал бакасти, хицæн кæныныл дæр сæ не схæцыди. Куыдфæндыйы зæрдæйы уагæй сыстади æмæ йæ хæдзармæ араст и. Уым æм æнхъæлмæ касти йæ сывæллон. Мад уыди!

Райсомæй раджы Идрис хæдзарæй рацыди, Расулы бафиппайдта æмæ фесхъиудта. Мигъы фæлмæй тынг нæ зынди, æмæ йæм афтæ фæкасти, цыма æндæрг у. Расул æй куы ауыдта, уæд сыстади. Йæ сæт калгæйæ, цыдæртæ гуым-гуым кодта æмæ йæ къухтæ хæдзармæ ивæзта. Йæ хуызыл бæрæг уыди, сывæллоны куынæ фена, уæд сæхимæ кæй нæ ацæудзæн, уый. Йæ цæсгомыл ирдæй зындысты Идрисы цæфтæ, уæлдайдæр йæ галиу цæстыл: барæсыди, æмæ йæ алыварс сцъæх и. Цалынмæ Идрис сарайы ‘рдæм цыд, уæдмæ лæппу тыргъмæ схызти, æмæ, кæугæ кодта æви худгæ, уый бæрæг нæ уыди. Идрис исдугмæ йæ цуры алæууыди, стæй хæдзармæ бацыди. Йæ фынæй усы гом фæсонтыл йæ къух рæвдауæгау æрхаста æмæ йæ хъæццулæй бамбæрзта, стæй авдæнмæ бацыди. Йæ хæдон раласта æмæ йæ стъолыл байтыдта, фынæй сывæллоны дзы батыхта æмæ йæ кæртмæ ахаста. Райсомы сатæг уæлдæф сывæллоны зæрдæмæ нæ фæцыди æмæ хъæрæй скуыдта. Йæ хъæрмæ гоби фестъæлфыди.

– Æрсабыр у, мæ хур, æрсабыр у, мæ сызгъæрин хъæбул, – сывæллоны узгæйæ, дзырдта Идрис æмæ йæ йæ риумæ ælхъывта. Саби басабыр и. – Рацу, æнæвзаг æдылыкъоппа, æмæ йæм бакæс. Кæй хуызæн у? Мæ фырт у, мæ фырт.

Расулы цæссыгтæй дзаг цæстытæ сывæллоны цæстытау æрттывтой.

Цардæгас тыхтонмæ бирæ фæкасти. Æнæзмæлгæйæ лæууыди æмæ йæ йæ хъæбысмæ нæ иста, фæлæ дзы йæ цæстытæ дæр атонын нæ фæрæзта. Дыууæ хатты йæ армытъæпæнтæ кæрæдзиуыл ныццавта æмæ æнæдзургæйæ ацыди. Йæ армытъæпæнты цæфæй сывæллон нæ райхъал и, уыйхыгъд Идрис йæхи афтæ банкъардта, цыма йæ уыцы цæфтæ йæ фынæйæ райхъал кодтой. Дзæвгар рæстæг ма йæ хъусты зæлыди сæ сабыр «тъæпп-тъæпп».

* * *

Идрис бамбæрста, уыцы хъæуы сын цæргæ кæй нал у, уый. Æндæр районмæ йæ хуыдтой, æмæ сæ иу мæйы фæстæ уырдæм алидзын бахъуыди. Æстайæм азты Брежнев нырма æгас уыди, æмæ Горбачев нæма схицау и. Егъау бæстæ Советон Цæдисы фехæлын æмæ Хурныгуылæн бæстæтæй сексуалон революци æрбацæуынмæ нырма бирæ рæстæг уыди. «Адæймаджы клон», «патронатон бинонтæ», «суррогатон мад», «экстракорпоралон гуырдз» зындгонд нæ уыдысты нæ адæмæн. Уæлдæр ахуырад кæмæ уыди, ахæм дæсны кусджытæ алы ран дæр хъуыдысты, æмæ ног районы хицæуттæ Идрис æмæ Нафисæйыл æхсызгонæй сæмбæлдысты. Æрыгон бинонтæн сæ фидæн амондджын кæй уыдзæн, ууыл фидарæй æууæндыдысты, фæлæ… сыгоймаг æппæт дунейы дзыллæтыл иузæрдион кæй уыдис, уый Сфæлдисæг кæнæ исгæ нæ ракодта, кæнæ йын йæ сæрмæ ахæм хъуыды уагъта: «Гадзрахатæн цыфæнды уавæрты дæр ныббарæн нæй». Сывæллоныл афæдз куы сæххæст и, уæд рабæрæг и, къуырма æмæ куырмæй кæй райгуырди, уый. Ахæм хуызы Аллах йæ иузæрдиондзинад равдыста æппæт дунейы дзыллæтæм, бинонты та удхар кæныныл бафтыдта, цæмæй дзуапп дæттой сæ тæригъæдты тыххæй.

Бирæ азты дæргъы Расул дард Акмуруны зымæджы фыццаг хатт баззади цæргæйæ æмæ, дохтыр сывæллонæн зæрдæсæттæн хатдзæг куы сæвæрдта, уæд æнæнхъæлæджы дзыхæй сдзырдта. Йæ фыццаг ныхæстæ уыдысты: «Мæнæн фы-ы-ырт ис!» Зæронд Сарæ цæргæбонты йæ чызджы лæппуйы сдзурынмæ бæллыди, фæлæ йыл уæд бацин кæныны бæсты нытътъæлланг ласта:

– Ныссабыр у! Уæларвон тыхтæ дæ фехъусдзысты! Де ‘взаг бахуыскъ уа!

Уырыссаг æвзагæй ЦОМАРТАТЫ Изæтбеджы тæлмац

УДМУРТАГ ÆМБИСÆНДТÆ

- ✓ Ænæ хонæгæй æрмæст куыдз æрбацæуы.
- ✓ Фæллад куынæ базонай, уæд, улæфын циу, уый дæр нæ базондзынæ.
- ✓ Ænæ ахуыр кæнгæйæ адæймаг не суыдзынæ.
- ✓ Цæугæдоны былгæрæттæ никуы баиу уыдзысты.
- ✓ Уарзæгойæн йе ‘взаг ælхынцъ вæййы.
- ✓ Мады цур сыдæй нæ амæлдзынæ.
- ✓ Цæстытæ дардмæ уынынц, фæлæ зонд дарддæр уыны.
- ✓ Чъизи цæхсдзынæ, дæ худинаджы гакк та – нæ.
- ✓ Дæ хæлар хъуамæ дæуæй хуыздæр уа.
- ✓ Афæдзы дæргъы дæр зын у хæлар скæнын, бафхæрæн та йæ ис уайсахат.
- ✓ Уд – уарзынæн, æвзаг – дзурынæн, зонд – ахуырæн.
- ✓ Нард тохъхъылы цард цыбыр у.
- ✓ Изæрыцæстыл цы ‘рхъуыды кодтай, уый райсомæй скæн.
- ✓ Æвзыст цæфæй æвзæрдæр у.
- ✓ Æцæгælон рæтты дæр адæм цæрынц.
- ✓ Сындзджын къутæрыл дæр хæрзад дыргътæ фæзайы.
- ✓ Къуындæг къахыдарæсы цæуæджы ænæхъæн дуне дæр ælхъивгæ кæны.
- ✓ Алы гуыдырмæ дæр ис дæгъæл ссарæн.
- ✓ Куы фæуарзынц, уæд карæй нæ фæрсынц.
- ✓ Йæ мады чи уарзы, уый искæй мады дæр дзæгъæлы не ‘фхæрдзæн.
- ✓ Мады рæвдыд дур дæр батавдзæн.
- ✓ Бирæтæ бавзарæг дур слæгъз вæййы.
- ✓ Мады лæгъстæтæ дæ денджызы бынæй дæр фæуæле кæндзысты.



Риммæ ХАНИНОВА

1955

Хъалмыхъхъаг поэт, прозаик, драматург, тæлмацгæнæг, журналист, литературæиртасæг. Уæрæсейы Фысджыты цæдисы æмæ Белоруссийы Фысджыты цæдисы уæнг, Кавказы Фысджыты клубы уæнг, Уæрæсейы Журналисты цæдисы уæнг.

Райгуырд Алтайскы крайы хъæу Успенкайы. Лирикæ, поэмæтæ, прозæ, пьесæты чингуыты æмæ тæлмацты автор, уыдонимæ йæ фыд – хъалмыхъхъаг фыссæг Михаил Хониновимæ (1919 – 1981) – къорд чингуыты æмавтор. Йæ уацмыстæ тæлмацгонд сты дунейы æмæ Уæрæсейы адæмты дæсгай æндæр æвзæгтæм, мыхуыргонд уыдысты АИШ-ы, Черногорийы, Сербийы, Гуырдзыйы, Сомихы, Азербайджаны, Белоруссийы, Польшæйы.

У Давид Кугультиновы номыл Республикон литературон премийы лауреат (2017 аз), Алексей Балакаевы номыл æхсæнрегионалон литературон премийы лауреат (2026 аз), филологон наукæты доктор, доцент. Уæрæсейы зонадон академийы Хъалмыхъхъаг зонадон центры кусæг. Хъалмыхъхъы Республикæйы зонады сгуыхт архайæг.

Риммæ ХАНИНОВА

ЦИРХЪ – ХЪАЙТАРÆН

Радзырд

Дмитри Григорьевич хæдзармæ цæугæйæ йæ фæндаг ракодта, сæ фарсмæ цы чингуыты дукани уыд, ууыл.

– Дæ бон хорз, Дмитри Григорьевич, – ауыдта йæ дуканигæс. – Ног чингуытæм?

– Афтæ, афтæ, Светланæ Игоревнæ. Исты ис цымыдисагæй?

– Ис, ис, æркæс сæм дæхæдæг. Чи зоны дзы дæ зæрдæмæ исты фæцæуа.

Дмитри Григорьевич бацыд, ног чингуытæ цы тæрхæгыл æвæрд уыдысты, уый цурмæ, радгай сæ иста йæ къухмæ, каст сын сæ аннотацитæ æмæ сæргæндтæ. Йæхимæ хъæздыг библиотекæ уыд нæхи бæстæйы æмæ фæсарæйнаг литературæйæ, суанг чингуыты æнæхъæн серитæ дæр. Пенсийы рæстæгæй хуыздæр ма кæм ис ссарæн кæсынæн! Ныр дæр йæхицæн равзæрста Иван Лажечниковы историон роман, йæ бинойнагæн та – Агатæ Кристийы детектив.

– Лирикæйæ та цы ис ногæй? – фæрсы дуканигæсы.

– Хъалмыхъхъаг поэт. Уый дæр, Дмитри Григорьевич, дæуау Белоруссийы хæцыд. Æркæс æм, – дæтты йæм чысылгомау чиныг.

– Хъалмыхъхъагау куынæ зонын кæсын.

– Йæ уырыссаг тæлмац у.

Дмитри Григорьевич райста чиныг, æркаст ын йæ цъармæ – «Алцы дæр райдайы фæндагæй», æркаст авторы ном æмæ мыггагмæ. Нымдзаст цъарыл конд нывмæ: тыгъд быдыры цæуы нæлгоймаг, йæ фæдыл бæх идадзæй ласгæ. Цинхуызæй фæхъæр кодта:

– Уымæн уæвæн нæй!

– Цæмæн нæй уæвæн?

Дмитри Григорьевич чиныджы цъармæ ацамыдта.

– Мæнæ уый мæ командир у, партизанты ротæйы командир!

– Поэт сси? – бадис кодта уæйгæнæг.

– Хæсты размæ дæр ын мыхуыр кодтой йе ‘мдзæвгæтæ. Ныр та, куыд уынæм, афтæмæй æцæг поэт ссис. Хæсты кæрон фæхицæн стæм кæрæдзийæ. 1944 азы йæ сæрды демобилизаци скодтой æфсадæй.

Уæдæй ныр мæ дзы ницыуал фехъуыстон… Уый дын фембæлд! Уый дын хъуыддаг! Аст æмæ ссæдз азы фæстæ…

– Тынг хорз, ныр фысдзыстут кæрæдзимæ, – цингæнгæ сдзырдта Светланæ Игоревнæ.

– Куыдæй? Йæ адрис дæр ын куынæ зонын. Уый – Хъалмыхъхъы, æз –Тольяттийы! – сагъæсхуызæй бакодта Дмитри Григорьевич.

Светланæ йын чиныг йæ къухæй райста, рафæлдæхта фæстаг сыф.

– Мæнæ кæсыс, ам мæскуыйаг рауагъдад куры, цæмæй чиныгкæсджытæ чиныджы тыххæй сæ хъуыдытæ æрвитой рауагъдад «Современник»-ы адрисыл. Ныффысдзынæ сæм æмæ сæ дæ командиры адрис райсдзынæ.

– Уый дын уынаффæ, гъе, бузныг, Светланæ Игоревнæ, æнæмæнг ныффысдзынæн, – бацин кодта ælхæнæг.

Чингуыты аргъ бафыста, райста сæ æмæ атындзыдта хæдзармæ йæ бинойнагæн хабар тагъддæр фехъусын кæнынмæ.

Йæ цардæмбал Александрæ Петровнæимæ сын уыд гыццылгомау хицæн хæдзар æд цæхæрадон æмæ дыргъдон, скодтой дзы дидинæгдон дæр. Дидинæгуарзæг уыд, суанг дидинджыты ног хуызтæ сæнтысын кæныны фæлварæнтæ дæр кодта. Арæх ын дзы-иу ницы рауад, фæлæ уæддæр мæт нæ кодта, дидинджытимæ архайын ын зæрдæрухс хаста. Зæрдæрухс ын хаста йæ иннæ куыст дæр – фыста ма сæ мыггаджы истори. Фыссын та йæ райдыдта йæ бинойнагимæ куыйты мыггæгты равзæрдыл ныхасы фæстæ. Уæд Дмитри Григорьевич ныхъхъуыды кодта, зæгъгæ, сæ равзæрды историтæ ис зындгонд адæмæн, суанг ма хæрзмыггаг цæрæгойтæн дæр, фæлæ нæй Дмитрийæн йæхи хуызæн хуымæтæг адæймæгтæн.

Хъуыддаг æнцон нæ уыд, бахъуыд æй йæ хæстæджытимæ ныхас кæнын, фыссын сæм, цыдæртæ бæлвырд кæнын, архивты агурын. Уый уыд æнтъыснæг дæргъвæтин архайд, фæлæ йæ æрдæгыл ныууадзын йæ хъуыдыйы кæрон дæр никæд фæзынд. Мæнæ ныр дæр æрыгонау рæвдз суад хæдзары асинтыл, къæсæрæй бахъæр кодта йæ бинойнагмæ:

– Шурæ! Рæвдз ардæм! Кæс-ма!

Хæринаггæнæнæй йæ къухтæ хисæрфæнæй сæрфгæ рахызт Александрæ Петровнæ.

– Исты хабар?

– Мæ командиры ссардтон! Мæнæ йæ чиныг! Кæс, кæс!

Ацæргæ сылгоймаг, йæ халас сæрыхъуынтæ адзæбæх кæнгæйæ, чиныг райста, кæсы йæм:

– Митя, уый, кæй кой фæкæныс, уыцы командир у?

– Уый у, уый.

– Диссæгтæ!

Сихоры хæрдыл Дмитри йæ ныхасæй не ‘нцад. Хордта тагъд-тагъд, ивгъуыды хабæрттæ мысгæйæ. Ус ын йæ уавæр æмбæрста æмæ йæм æнæдзургæйæ хъуыста.

– Нырмадæр мæ нæ уырны, æз æгасæй уый руаджы баззадтæн, – хъуыдыдзастæй йæ ныхас кодта лæг. – Дзырдтон дын æй, æрхъулайæ раирвæзыны фæстæ нæ партизантæм куыд бафтыдтæн, уый. Куыд къорды командир, афтæ йæ бон уыд мæн фехсыны бардзырд раттын – документтæ мæм нæ уыд, баныгæдтон сæ, цы нæ вæййы, уæд та мæ немыц кæнæ пъæлицæйæгтæ æрцахстой, зæгъгæ. Уæд мæн хуызæттæ бирæ хæтыд хъæдты-быдырты. Хæсты рæстæджы закъонмæ гæсгæ сæ-иу фехстой, гуырысхойаг-иу куы разындысты, уæд.

Командир мæ йæхæдæг æрфарста. Хуыцауы раз дзурæгау ын дзуапп лæвæрдтон йæ фæрстытæн. Райгуырдтæн, зæгъын, 1908 азы 23 сентябры ног нымадæй Могилевскы губернийы хъæу Ржавкæйы. Дæн зæхкусджытæй. Райдайæн скъола æххæстæй нæ фæдæн, нæ мæгуырдзинад æмæ хæстыты – Фыццаг дунеон æмæ мидхæсты – аххосæй. Мæхæдæг, зæгъын, сындæггай ахуыр кодтон мæхи. Колхозы куыстон бригадирæй. Бæллæхы дæр, зæгъын, уымæн бахаудтæн. Колхозы бæхтæй иу фæкъуылых, æмæ мæ уый тыххæй æрцахстой, знаггадгæнæг, дам дæ. Уæд уымæн æппындæр ницы хъуыд, бирæ равзар-бавзартæ дзы нæ уыд. Беломор-Балтийскы къанауы арæзтадмæ бахаудтæн. Фæтухæнтæ кодтон киркæ æмæ белæй. Хæст куы райдыдта, уæд мæн хуызæн ахст адæмæй иваргæндты батальонтæ арæзтой. Топпæй æхсыныл нæ ацахуыр кодтой, æмæ размæ – тохы быдырмæ. Хæстмæ æз æнæуи дæр ацыдаин – æцæг знæгты ныхмæ хæцынмæ. Цасдæр рæстæг мæ хъуыддаг цыд, нæмыг мæ нæ ахста. Стæй уый фæстæ иу æрхъулайæ иннæмæ хаудыстæм, хæцыдыстæм, хъæдты æмæ цъымараты, хъæуты; кæм уыд гæнæн, уымыты æмбæхсгæйæ, рахау-бахау фæкодтон. Уыдæттæ иууылдæр радзырдтон командирæн, ницы дзы бæсусæг кодтон.

Ус бадтис стъолы фарсмæ, ногæй-ногмæ цалæмдæр хатт йæ мойы хабæрттæм сагъæсхуызæй хъусгæйæ.

– Цас тухитæ бавзæрстай, æвæдза, цас, æртындæсæмæссæдзаздзыдæй! Мидхæст, коллективизаци, стонг азтæ, уыцы æртæ хатты ælгъыстаг Беломор-Балтийскы къанау, иваргæндты батальон, æрхъула…

– Афтæ, Шурæ, афтæ. Фыссынмæ куы арæхсин, уæд дзы иу романæй фылдæры фаг разынид… Ныр мæнæ нæ командирмæ ныффысдзынæн фыстæг. Хуыцауы фæндæй кæд фембæликкам.

…Дмитри каст йæ командиры хæстон æмдзæвгæтæ. Кæцыдæрты дзы цалдæр хатты бакаст, æвæрдта сыл бæрæггæнæнтæ, йæ сæр-иу банкъуыста, арф ныуулæфгæйæ, йæ мысинæгты та-иу ногæй уыцы топхосы фæздæгæй дзаг азты фестад.

Сыстад, ныхъхъуыды кодта, рудзынгæй йæ дидинæгдонмæ акаст. Уым сæхицæн æнцад-æнцойæ алы хуызтæй цæхæртæ калдтой йæ дидинджытæ…

Зæрдыл та æрлæууыд, радон æрхъулайæ рацæугæйæ, партизанты къордыл куыд амбæлд, куыд æй æрцахстой, уый. Коммæгæсæй цыд сæ разæй, бакодтой йæ ротæйы командирмæ. Уый уыд кæстæр лейтенант, азиаг æддаг бакаст ын: саулагъз, сау сæрыхъуынтæ, сау цæстытæ. Дмитри уый фæстæ куыд базыдта, афтæмæй йæ Сау Мишæ дæр уый тыххæй схуыдтой. Сау Мишæ йæ уæд фæфарста, хъуыста йæм, иу хатт дæр ын нæ фескъуыдта йæ ныхас, лæмбынæг ын каст йæ цæсгоммæ, цыма дзы исты бафиппайынмæ хъавыд, уыйау, стæй фæстагмæ бардзырд радта, цæмæй йæ хæринаггæнджытæм арвитой.

Уымæй командирæн йæхицæн уыд истæмæй тæссаг? Уыд, æнæмæнгæй. Цас дæлдзугæнджытæ æрвыстой уæд партизантæм, цас адæмы фесæфтой уыдон!

Кæй зæгъын æй хъæуы, Дмитримæ дæр сæ цæст дардтой, стæй йын хæцæнгарз дæр нæ радтой. Кард æмæ пъовыры къоппа уыдысты йæ хæстон хæцæнгарз. Хæринаг кæныныл та рагæй уыд ахуыр: йæ бинонтæ бирæ уыдысты хæсты размæ. Йæ ус æмæ йæ сывæллæттæ цы фесты, уымæн ницыуал рабæрæг. Уæдæ æрхъулаты рæстæг йæхæдæг дæр хъæуты афтид дон æмæ хорæй цæрыныл сахуыр æмæ ныр бавнæлдта Дмитри партизантæн агты уæлхъус æххуыс кæнынмæ. Зынæй дзы ницы уыд, æрмæст дзы змæлын бирæ хъуыд. Хæринаг

скæнын, бафснайын, хæлц æрцæттæ кæнын. Афтæ архайдта, райсомы бонæн рагацау пълантæ нæ кæнгæйæ.

Стæй æрцыд уыцы хабар. Уымæйдæр цавæр! Хъуыддаг рауад афтæ. Сæ къордмæ æрбафтыдысты дыууæйæ – лæг æмæ ус, æрыгæттæ, сæ ныхæстæм гæсгæ, – лигъдæттæ. Ахæмтæ дæр фагæй фылдæр уыд уыцы рæстæджыты. Уыдонмæ дæр сæ хъус дардтой. Фæлæ сын æххæстæй нæ бантыст. Уый сæ Дмитри, куыд фæзæгъынц, рацъипп кодта. Бафиппайдта, цыдæр арæх алы æфсæнттæй сæхи агты цурмæ кæй ласынц: куы къус бацагурынц, куы сын хус къалиутæ æрбахæссынц арт кæнынæн, куы – гагадыргътæ. Иуахæмы, пъовыртæ цыбыр рæстæгмæ агты цурæй хъуыддаджы фæдыл кæдæмдæр куы ауадысты, уæд Дмитрийы хистæрæн ныууагътой. Дмитри æхсæры къутæры бын æрбадт, иуварсæй нæ зынд, афтæмæй. Аджы та хъæрмхуыпп фыхти. Уалынмæ кæйдæр хъавгæ къахдзæфтæ айхъуыста æмæ къутæры бынæй ракаст. Уыны: сæ «лигъдæттæ» æдæрсгæ бацыдысты аджы цурмæ æмæ дзы тагъд-тагъд, фæкæсфæкæсгæнгæ, цыдæр калынц гыццыл дзæкъулгондæй. Уæд Дмитри фæгæпп кодта æмæ сæ уæлхъус алæууыд. Бæрзонд уыд асæй, уæдæ тыххъуаг дæр нæ уыд, иу къухæй æнæдзургæйæ лæджы æфцæгготыл фæхæцыд, иннæмæй та усыл, æмæ сæ, фæндагыл ма йæм иннæ дыууæ пъовыры дæр баиу сты, афтæмæй зæхбын штабы бамидæг кодтой. Уым та ахæм «пъовыртимæ» ныхас цыбыр уыд: æрфарстой сæ Сау Мишæ æмæ комиссар иумæ, сæ аххос сын сбæлвырд кодтой, тæрхон сын рахастой æмæ сæ фехстой. Партизанты рæнхъы раз командир Дмитрийæн раарфæ кодта, йæ къæрцхъусдзинады руаджы партизанты мæлæтæй кæй фервæзын кодта, уый тыххæй. Уыцы бон ын радтой хæцæнгарз, æрвитын æй райдыдтой алыхуызон хæстæ æххæст кæнынмæ. Цыбыр дзырдæй, хæцын райдыдта иннæты хуызæн.

Йæ хæстон командиримæ фæхицæн сты Белорусси суæгъд кæныны фæстæ – Сау Мишæйы демобилизаци скодтой. Иу æмæ йыл дыууæ хатты нæ хъуыды кодта Дмитри бузныджы æнкъарæнтимæ, йæ дарддæры хъысмæтыл, дис ын кодта йæ æвæстиатæй демобилизацийыл.

Стæй хæст фæци, Дмитри ацыд Волгæмæ йе ‘мбæлттæй иуимæ, ногæй ус ракуырдта. Фæллой кодта, цалынмæ пенсимæ нæ рацыд, уæдмæ. Ныр ын бирæ рæстæг ис, ис ын, цы ми кæна, уый дæр.

Дмитри чиныг иуварс авæрдта æмæ кæртмæ рахызт, йæ дидинæгдоныл æрзылд. «Мæ командиræн исты балæвар кæнын хъæуы», – ахъуыды кодта, дидинджытæм кæсгæйæ. «Мæнæ ацы тарсырх

гладиолусы ног хуызыл куыст кæронмæ ахæццæ. Хорз лæвар дзы рауаид», – йæ мидхъуыдытæ хъæрæй загъд рауадысты.

– Кæимæ дзурыс, кæ? – къæсæрмæ рахызт Александрæ Петровнæ.

– Мæхиимæ, Шурæ, мæхиимæ. Мæнæ, зæгъын, ацы цирхъ мæ командирæн балæвар кæнон.

– Цавæр цирхъ? – фæдисхуыз ус. – Кæм дын уыд цирхъ?

– Гладиолус латинаг æвзагыл цирхъ у. Йæ адæмон ном та – арц. Командирæн балæвар кæндзынæн цирхъ кæнæ арц. Хæстон лæвар, иу дзырдæй. Цæугæцардгæнæгæй хуыздæр ма кæй къухы хъуамæ бакæнай цирхъ!

– Кæцы гладиолус? – бацымыдис Александрæ. – Цас дын сты, уымæ-ма бакæс!

– Мæнæ мын æрæджы иу ног хуыз рауад. Нырма æнæ ном у. Ныр æй схондзынæн Сау Мишæ. Тарсырх хуыз ын ис. Уæртæ рудзынгмæ хæстæг, уыныс æй?

– Уынын, уынын. Тынг дзæбæх у! Стæй де ‘рхъуыды дæр тынг хорз у, Митя.

– Дæ зæрдæмæ фæцыд?

– Фæцыд, фæцыд, дызæрдыг дæр ыл ма кæн. Арвит дæ цирхъ дæ командирæн.

– Фыстæг уал æм арвитын хъæуы, Шурæ.

Дмитри сбадт æмæ райдыдта фыссын, радзырдта, йæ командиры чиныгыл æнæнхъæлæджы куыд фембæлд, ракодта йæ царды хабæрттæ дæр, Сау Мишæйы сæхимæ фæхуыдта. Стæй ракуырдта рауагъдадæй, цæмæй йын йæ фыстæг фæхæццæ кæной бынатмæ. Афтæ фыстæг хæдтæхæгыл атахт Мæскуымæ, уырдыгæй та – Элистамæ.

Дыууæ къуырийы фæстæ командирæй райстой дзуапп.

…Апрелы кæрон та Элистайы байгом кодтой æрвитæггаг (посылкæ) гладиолусы бынтимæ. Ныссагътой сæ кæрты, дон сыл кодтой, стæй та сæ губакк скодтой. Бинонтæ сæм кастысты æмæ, дидинджытæ куыд рæзынц, уый фыстой Дмитри æмæ Александрæмæ. Августы кæрон та федтой, тарсырх гладиолус «Сау Мишæ» дидинæг куыд калдта, уый, йæ фарсмæ та урс адардта иннæ гладиолус «Нинæ» – командиры бинойнаджы номыл…

Уырыссаг æвзагæй БЕЗАТЫ Фаризæйы тæлмац

ХЪАЛМЫХЪХЪАГ ÆМБИСÆНДТÆ

✓ Фыранчы йæ къæдзилæй ма ахс, иугæр æй æрцахстай, уæд та йæ ма ауадз.

✓ Фурды чъизи нæй.

✓ Дон йæ гуырæнæй йæ бакæлæнмæ цæуы, фыдгæнд та фæстæмæ фыдгæнæгмæ здæхы.

✓ Дæ ныхас зонынджынæн зæгъ.

✓ Иугæр къухтæ кусынц, уæд дзых дæр кусы.

✓ Кæд де ‘мбæлццон куырм у, уæд ды дæр дæ иу цæст бацъынд кæн.

✓ Сызгъæрин рыджы нæ фæбынæй уыдзæн.

✓ Дурдзæргæс куы базæронд вæййы, уæд мыстытыл дæр цуан байдайы.

✓ Мælгъævзаг – разæй, гуылæвзаг – фæсте.

✓ Адæймаджы ‘взаг дойнаг дур дæр ныммур кæны.

✓ Фæскъævда хур судзы, гæды ныхæсты фæстæ та – æфсарм.

✓ Æхсынкъмæ цирхъælвæстæй нæ лæбурдæуы.

✓ Рабарбабаргæнæг усгуры хай цæгæрсæрджын фæвæййы.

✓ Халон цасфæнды куы фæуаса, уæддæр дзы булæмæргъ нæ рауайдзæн.

✓ Куырм каркæн алцы дæр еуу у.

✓ Раздæр уал уазæгæн фынг æрæвæр, стæй йæ уæд фæрс йе ‘рбацыды сæрæй.

✓ Тærхоны къæхтæ зылын-мылын сты.

✓ Хъустæ – сайæгой, цæстытæ – рæстаг.

✓ Хорз лæджы йæ ныхæсты райдианты дæр базонынц.

✓ Сælхæр æхсæвгæсы бæсты фæлтау зондджын къæрных.

✓ Фосы хъулæттæ æддæрдыгæй, адæймаджы хинтæ – мидæгæй.



Аллæ ЧОТЧАЕВА

1960

Хъæрæсейаг поэт, прозаик, тæлмацгæнæг, Уæрæсейы Фыссджыты цæдисы æмæ Журналисты цæдисы уæнг, Кавказы фыссджыты Клубы Хъæрæсе-Черкесийы регионалон хайады сæргълæууæг. Кисловодскы поэтты литературон иугонд «Орфей»-ы бындурæвæрæг æмæ разамонæг.

Райгуырд Стъараполы крайы хъæу Джаганасы. У аст чиныджы автор. Каст фæцис Хъæрæсе-Черкесийы паддзахадон педагогон институты физикон-математикон факультет. Кусы Кисловодскы Владимир Чурсины номыл Стъараполаг институты хайады директорæй.

Хъæрæсе-Черкесийы адæмты культурæ æмæ литературæйы рæзтмæ стыр æвæрæн кæй хæссы, уый тыххæй хорзæхджыгонд æрцыд Республикæйы сæргълæууæджы премийæ. У литературон фестиваль «ЛитКузница-2023»-йы уæлахиздзау. Æппæтуæрæсеон фестиваль «Литературная карусель-2023»-йы лауреат. Фæсивæдимæ ахуырадон æмæ хъомыладон куысты тыххæй йын лæвæрд æрцыд УФ-йы Паддзахадон Думæйы Арфæйы фыстæг.

Цæры Кисловодскы.

Аллæ ЧОТЧАЕВА

УАЛДЗÆГ УЫДЗÆН

Тагъд æртахгай та
тайдзæнис мит...
Фæсденджызты
Уæлхох рæттæй
Дардмæ,
Æмæ къадаты цадæг
хæл-хæл
Хъуысдзæн иу ранæй иннæмæ
зардау.

Уый уæд амондхæссæгау
уыдзæн
Алы хæдзармæ –
мидбылтыхудгæ...
Æхсæв дих кæндзæн
доны сыр-сыр.
Уым йæ фæдтыл
ныххуддзысты тагъд
Уиззайы сæртæ
мин-мин зæлтæй
сæ зæлланг
хъæлæстæй.

СУАДОН

Суадон хæхты сæрæй схъиуы,
Сæгуыт дард ранмæ фæлидзы,
Цæй, кæдæм уайыс, фæлæуу,
Нæл дæ ‘ййафын, нал, æз дæу.

Суадон хæхты сæрæй лидзы,
Булæмæргъ йæ сæрмæ зилы.
Æз нæ аййафдзынæн дæу,
Зарын демæ мæ бон нæу.

У дæуæн дæ равг æндæр –
Хъæлдзæг равг æмæ сæрæн.
Æз та бынмæ сабыргай
Хизын хохæй къахдзæфгай.

ЦЪИУСУР ÆМÆ ЦЪИУ

Æххормаг цъиусур фæстаг тыхтæй
Бахъуызыд кæртмæ сугтæм хæстæг.
Ауыдта иу цъиуы, фæхъæлдзæг йæ равг,
Нымдзаст æм дардæй, кæсы йæм маргъ.
Мидхъуыдыйы дзуры:
– Уæ кой фесæфа, ацы цъиутæ,
Нæ уæ æмбарын, рог къоппатæ,
Æввахс мæм слæуут, рогсæртæ,
Бафæлладтæн уæ, кæм стут, кæ?!
Уды дзæбæхæн ратахтис цъиу,
Къудзиты бадти цъиусур-фыдхъуын.
Уæлиау зилы æмæ кæсы:
– Ацы æдылы цытæ кæны.
Ай мæм йæхæдæг куы ‘рбацæуы,
Уæллæй, кæмæндæр хорздзинад – хос!
Куыддæр сдзырда уыцы ныхас, афтæ
Срæйдта хæдзаронты куыдз.
Дуары бынты рабырыд куыдз,
Æмæ ма цъиусур йæ бынæй тæлфыд...
Ахæм диссаг ыл æрцыдис, æмæ
Адæм фæзæгъынц æмбисондæн уæд:
Хиппæлынæй, дам, ницы ис, нæй...
Уыцы æмбисонд æцæг у, æцæг!

Хиппæлой – æдылы,
Ныхас дæр дзы нæй...

Уырыссаг æвзагæй БЫЗЫККАТЫ Земфирæйы тæлмац



Зураб БЕМУРЗОВ

1976

Черкесаг поэт, прозаик, тæлмацгæнæг. Хъæрæсе-Черкесийы сгуыхт журналист, Уæрæсейы Фысджыты цæдисы æмæ Журналисты цæдисы уæнг.

Райгуырд Хъæрæсе-Черкесийы хъæу Али-Бирдуковскийы.

Каст фæцис Хъæрæсе-Черкесийы паддзахадон педагогон университет. 12 азы бакуыста скъолайы фыццаг ахуыргæнæгæй, стæй директорæй. Ныртæккæ кусы республикон газет «Черкес хэку»-йы ахуырад æмæ политикæйы хайады редакторæй.

Зурабы бирæвæрсыг курдиатæн стыр аргъ скодтой уæрæсейон æмвæзадыл дæр – саккаг ын кодтой сыгъзæрин майдан «Мы вместе».

Зураб Бемурзов райста бирæ хæрзиуджытæ, ссис национ литературæты фестивальты лауреат. Йæ уацмыстæ йын раивтой дунейы æмæ Уæрæсейы бирæ æвзæгтæм.

Цæры Хъæрæсейы горæт Черкесскы.

Зураб БЕМУРЗОВ

РАЗДÆХЫН

Радзырд

1

Астемыр поезды цыд дыууæ суткæйы бæрц, æмæ уыдон та уыдысты ахæм сахæттæ, адæймаг уæлдай тынгдæр куы фенкъары, рæстæгмæ кæй у, йæ хъысмæт баст кæй у ахæм цæуылдæр, змæлгæ чи кæны æмæ ærлæууæн кæмæн нæй – куыд мæнæ ацы поезд, куыд цард йæхæдæг, куыд, æнцойад дын чи нæ дæтты, фæлæ кæронмæ бакæнæн кæмæн нæй, ахæм хъуыды. Рудзынджы æдде ивта зæххон тыгъдад: хæхтæ фæсте задысты, æмвæз кодтой, фестадысты къуылдымтæ, стæй фæзбынæттæ, стæй æгæндæг хъæдтæ, æмæ уыцы ивдзинæдтæн нæ уыд фæстæмæ раздахæн, нæ царды цы æрцæуы, уыдонæн куыд нал вæййы, афтæ – мах фæстæмæ никуыуал æрыздæхæм, кæцæй ацæуæм уырдæм æгæрыстæмæй физикон æгъдауæй æрыздæхгæйæ дæр, уымæн æмæ нæ миддунейы свæййæм æндæртæ. Æви нæм кæсгæ афтæ кæны?

Астемырыл цыд æртын фондз азы. Уый у ахæм кар, адæймаг уыйбæрц куы рацæра, уæд цæмæй æмбара: фæрстытæн сæ фылдæр баззайдзысты æнæ дзуаппытæй, æмæ ууыл æнæ хъæцгæ нæй. Йæ бинойнагæн загъта, хъуыддæгты фæдыл кæй цæуы, æмæ уый æцæг афтæ уыд, æниу бынтон афтæ дæр нæ уыд – уæвгæ та æххæст рæстдзинад кæд вæййы? Мах ын кæддæриддæр фæзæгъæм йæ иу хай, равзарæм дзы, зæгъæн цæмæн вæййы, уый æмæ дзы нæхимæ ныууадзæм, зæгъæн цæмæн нæ вæййы, уымæн æмæ уый тыххæй нæй дзырдтæ кæнæ та уыцы дзырдтæ, куы сæ зæгъæм, уæд рæстдзинад равдисдзысты æгæр реалонæй, бынтон рæстагæй.

Йæ дзыппы уыд архивон гæххæтт, кæцыйы уыйбæрц хæттыты бакаст, цæмæй йæ æнæкæсгæйæ сахуыр кодтаид, кæд дзы цы дзырдтæ уыд, уыдон æцæгæлон, иударон уыдысты æмæ, йæ дадайы фыд чи уыд, бинонты ‘хсæн кæй кой никуы ‘рхауд, уыцы адæймагмæ ницы бар дардтой, уæддæр. Уæвгæ нæ – кодтой йæ кой, фæлæ куыддæр æнахуыр хуызы, бæлвырд цæуыл нæ феууæндынц, ахæм цæуылдæрты дзурæгау, уæлдай тадзгæ-баргæ – цыппор фыццæгæм азы

æбæрæгæй фесæфт, кæм, уый бæрæг нæу, цъыфдзасты. Æрмæстдæр дзырдтой иууыл хæстæгдæр хъæуы тыххæй, уымæйдæр – «уымæ æввахс» цъыфдзасты. Уыцы «бæрæг нæу, кæм» уыдис мæлæтæй æвзæрдæр, уымæн æмæ амæлæгыл, гæнæн ис, фæкæуай, гæнæн ис, дур ын сæвæрай, гæнæн ис, бацæуай йæм æмæ йæ цуры æрбадай, адæймаг кæмдæр, сыджыты бын уæддæр кæй ис, уый æнкъаргæйæ. Æбæлвырддзинад – уый та, байдзаг кæнæн кæмæн ницæмæй ис, ахæм афтид бынат у. Уый тыххæй-иу йæ нана дзырдта цахæмдæр азымджын хъæлæсыуагæй, цыма йæ дадайы фыд йæхæдæг уыд аххосджын, кæй фесæфт, уый тыххæй, цыма фæстæмæ æрыздæхыны æмæ, куыд æмбæлы, афтæ йæ фыдæлты зæххыл ныгæд æрцæуыны бæсты фесæфын йæхæдæг равзæрста. Æмæ Астемыræн, чысыл саби ма уыд, уæдæй райдыдта лæдæрсын йæ удмæ уыцы æнкъараен – йæ дадайы фыд кæй бакодта, худинагыл нымайын нæ, фæлæ зæрдыл лæууын кæнын дæр кæй нæ хъæуы, ахæм æнæраст цыдæр. Æрмæстдæр куы бахъомыл, уæд райдыдта æмбарын, уыцы худинаг йæ дадайы фыды тыххæй кæй нæ уыд, фæлæ уый тыххæй – сæ бон кæй нæ баци йе ссарын, фæкæуын ыл æмæ йæ черкесаг æгъдæуттæм гæсгæ æмбæлгæ уагыл бавæрын. Æмæ, гæнæн ис, йæ ацы балц дæр, кæцымæ йæ сразæнгард кодта иу гæххæтты гæбазыл ротæйы командиры æрбахæсгæ архивон информаци, ома йæ дадайы фыд фæмард бæлвырд бынаты, «…æбæрæгæй фесæфт хъæу Диманькæйы цур уæззау тохы…» фылдæр йæ дадайы фыды ссарыны охыл кæй нæ уыд, фæлæ, сæ бинонтæм фæлтæрæй-фæлтæрмæ лæвæрдцæуæг, æргомæй кæй нæ дзурынц, ахæм фæдхæсгæ низы худинагæй фервæзынæй бафæлвæрдыл.

2

Уый райцентры саразын кодта, æрмæстдæр æнæ «фесæфт æбæрæгæй» ном æмæ æмгъуыдтæ фыст кæуыл уыдис, ахæм хуымæтæджы дурцырт, уымæн æмæ йæ фæндыд, цæмæй æппынфæстаг айхъуыса, зæххон тыгъдадыл кæй ис, йæ дадайы фыд кæм фæмард æмæ æрцæуæн кæдæм ис, ахæм бынат. Æмæ дурцырт хæссынмæ куы бацыд, уæд ма æрмадзмæ бахизæны лæууыд иу чидæр, æмæ уымæ дæр уыд ахæм дурцырт. Æмæ уыцы фемдзыд хауд ахæмтæм, адæймаджы хъуыдытыл чи бафтауа: а дунейыл исты æнæнхъæлæджы вæййы æви алцы дæр

скъуыддзаг вæййы развæлгъау, æрмæст мах нæ фæуынæм, цаутæ æмæ адæмы кæрæдзийыл чи бæтты, уыцы тæгтæ?..

Йæ ном хуынд Алан, уый уыд Дзæуджыхъæуæй, æмæ уымæн дæр йæ дадайы фыд службæ кодта уыцы полчъы, уыцы дивизийы, æмæ уый дæр æбæрæгæй фесæфт уыцы бынаты уыцы бонты. Бацайдагъ сын æфсоны ныхас, æргом ныхасыл ахуыр чи нæу, фæлæ уыцы æнæнхъæлæджы æмныхасгæнæгимæ цæмæйдæр йæ иууыл æввахсдæр хæлæрттæй æнгомдæр баст кæй у, уый æнкъарæг адæймæгты ‘хсæн куыд вæййы, ахæм дæргъвæтин ивазгæ ныхас. Алан дзырдта, йæ нана суанг йæ амæлæты бонмæ алы аз дæр кæй фыста архивтæм, æмæ алы хатт дæр кæй иста уыцы иухуызон дзуапп: фесæфт æбæрæгæй, йæ бавæрыны тыххæй зонæнтæ нæй. Уый амард уыцы æбæлвырддзинадимæ, æмæ йын Алан йæ гæххæттытæ бæстон кæнгæйæ ссардта уыцы дзуаппыты, чи сбур, ахæм гæххæттытыл машинкæйæ мыхуыргондæй, уыцы иухуызон дзырдтимæ – æмæ уæд аскъуыддзаг кодта, кæй йæ хъæуы ацæуын. Йæ нанайы тыххæй нæ, уый ныр ницыуал æнкъардта. Йæхи тыххæй. Уый тыххæй, цæмæй мауал уына, йæ дадайы фыд æм, цъымарайы астæу лæугæйæ, мадзурайæ кæм кæсы, ахæм фынтæ.

Астемыр ын ахæмтæй ницы дзырдта. Уый æрмæстдæр йæ сæр разыйы тылд кодта æмæ загъта: «О, æмбарын дæ». Æмæ уый афтæ уыд – уый йæ æцæгæй æмбæрста, кæд йæ бон нæ бауыдаид, æмбаргæ цы кодта, уый бамбарын кæнын, уæддæр.

3

Иу уæзласæн машинæ баххуырстой. Шофыр сæ фæрсгæ ницæмæй кодта, æрмæст куыдфæндыйы каст кодта гуыффæйы æвæрд дуртæм æмæ, чи зоны, хъуыды кодта уыл, кæй ласы æнахуыр адæмы æнахуыр бынатмæ æнахуыр ласæггæгтимæ, фæлæ уый чи уыд, кæцæй йæм хаудысты уыдæттæ?

Фæндаг фæцис, бахæццæ сты фæзилæнмæ, стæй – цъыфдзаст. Машинæ ныссагъд, шофыр ацыд трактор агурæг, фæстæмæ æрбаздæхт иу мадзура лæгимæ, кæцы машинæ цъыфæй сæппæрста æмæ уайтагъд ацыд, хæрзбон дæр сын нæ загъта, афтæмæй. Æмæ уыдон баззадысты дыууæйæ, дыууæ дуримæ хъæды астæу, æмæ, дардæй кæй суыдтой, уыцы къуылдыммæ та нырма хъуыд цыппар километры бæрц. Ничи

сæ домдта ацæуын, ничи сын загъта, афтæ бакæнын кæй хъæуы. Уыдон дуртæ систой сæ фæсонтæм æргъомбастæй æмæ ацыдысты.

Æз фæлварын, куыд цыдысты, уый мæ цæстытыл ауайын кæныныл. Дуртæ куыд уæз кодтой уæхсчытыл, цæстытæ хидæй куыд дзаг кодтой, къæхтæ хуылыдз мæры куыд ныгъуылдысты, æмæ алы къахдзæф дæр кæй хъуыд, æрмæст уæнгты хъару нæ, фæлæ удты дæр чи æвдæрзта, уыцы æндæдзаг лæхъирæй тыхыскъуыд скæнын. Уыдониу æрлæууыдысты алы сахатырдæг дæр, сæхи-иу дуртыл æруагътой сæ фæсонтæ кæрæдзимæ сбыцæу кæнгæйæ æмæ-иу бадтысты гобийæ. Цæуыл хъуамæ дзурай, дæ хъару куы асæтта, уæд, разæй куы уа æрмæстдæр цъыфдзаст, фæсте та – æрмæстдæр рацыд фæндаг, кæцы дæ никæдæм кæны уыцы æнæкæрон æгъуыз фæлммæ йеддæмæ? Иуæй-иу хатт-иу уыцы æрулæфты рæстæг Астемыр бацъынд кодта йæ цæстытæ æмæ фæлвæрдта, йæ дадайы фыд йæ царды фæстаг минутты цы æнкъардта, уыдæттæ йæ цæстытыл ауайын кæнын. Фæлæ йæ бон нæ уыд – æгæр дард æм уыд, æгæр æцæгælон æм каст уыцы дуне, уыцы хæст, уыцы мæлæт. Уый æрмæстдæр æмбæрста: йæ дадайы фыды дæр, æвæццæгæн, фæндыд, цæмæй йæ исчи ссара. Цæмæй кæронмæ ма баззайа уыцы пъæразмæсты æнæ номæй, æнæ мысгæйæ, æнæ æрыздæхыны баримæ.

Чи зоны, уыдон хъуыды кодтой сæ дадаты фыдтыл, кæцытæ æвдай авд азы размæ цыдысты уыцы зæххыл нæмгуыты бын æнæ ныфсæй, исчи сæ кæй æрымысдзæн, ууыл æнæ æууæндгæйæ. Æви ницæуыл хъуыды кодтой, уымæн æмæ хъуыды кæнын – уый æгæр хъæздыгдзинад у, æмæ хауы æрмæстдæр ахæмтæм, йе сфæразыны хъару кæмæ ис.

4

Зæгъæн ис, бахæццæ сты. Къуылдым сæм хæрз æввахс уыд, уыцы дзæбæх сæм зынд, æмæ, æвæццæгæн, банкъардтой цавæрдæр æхцондзинад, æгæрыстæмæй, гæнæн ис, фæндаджы кæронмæ фæхæццæ кæныны рæстæг алы хатт дæр кæй банкъардæуы, ахæм цин дæр – афтæ дæм куы фæкæса, æппæт дæр фæсте кæй баззадис, æмæ ныр кæй ис фæллад суадзæн дæр.

Фыццаг Алан аирвæзт цъыфдзасты. Уыцы пъæралæхъир ын йæ къах бынмæ алвæста, æмæ размæ ахауд, ноджы йын дур йæ фæсон-

тыл ауæз кодта æмæ арфдæр аныгъуылд, æмæ уыцы ахауды уыд, аирвæзæн кæмæй нæй, ахæм цыдæр, кæцы æрцæуы алы хатт дæр, нæ бар кæуыл нæ фæцæуы, ахæм хъуыддæгты. Астемыр йæ дур аппæрста æмæ йæм фæлæбурдта, сласта йæ, сурдæр ран æй æрбадын кодта æмæ æрмæстдæр уæд федта, Аланæн йæ къах саст кæй у – иуæрдæм гæлиргонд сдыхст, æмæ уымæ кæсын дæр уыд, уыцы цъыфдзасты æппæт дæр куыд уыд, ахæм æцæгæлон æмæ æнæуæвгæ. Алан нæ хъæрзыдта. Уый æрмæстдæр каст йæ къахмæ, стæй Астемырмæ, стæй ногæй йæ къахмæ, æмæ уыцы цæстæнгасы нæ зынд рыст – зындис дзы æрмæстдæр дис, цыма йæ бон нæ уыд ууыл бауæндын, ахæм цыдæр кæй хъуамæ æрцыдаид, ам ныртæккæ, сæ нысанмæ хæрз хæстæг уæвгæйæ.

Æмæ дуртæ та – дыууæ дуры дæр – афардæг сты уыцы бæзджын цъыфы. Цадæггай ныгъуылдысты сау-сауид дурæмхæццæ тæнгъæды, æмæ Астемыр, дæлгоммæ хуысгæйæ, йæ къухтæ ихджын лæхъиры ауадзгæйæ, фæлвæрдта дуртыл фæхæст уæвыныл. Цъыфхæццæ уазал доны сыдысты къухтæ, æнгуылдзтæ æндзыг кодтой, фæлæ уæддæр не ‘рлæууыд, цалынмæ дуртæй иуыл фæхæст, уæдмæ. Стæй – дыккагыл дæр. Уыдон уыдысты фæрсæй-фæрстæм, æгæрыстæмæй æндзæвгæ дæр кодтой кæрæдзийыл дыууæ дæлдонгæнæг буарау. Æмæ уæд Астемыр бамбæрста, æрмæстдæр дзы иуы сисын кæй бауыдзæн йæ бон. Разындзæн æм æрмæстдæр иуы фаг хъару. Æмæ уыцы равзæрст, кæцыйы мачи хъуамæ сарæзтаид, кæцыйæн нæ уыд рагацау базонæн, кæцыйы тыххæй нæ уыд раст дзуапп – уыцы равзæрст слæууыд йæ разы ныртæккæ, уыцы уысм, цалынмæ дуртæ арфæй-арфдæр ныгъуылдысты, уæдмæ.

Уый нæ хъуыды кодта. Æппындæр. Къух йæхи хъæдæй суагъта дуртæй иуы, афтæмæй æрцахста иннæйы. Сласта йæ. Æмæ сурдæр бынатмæ куы абырыд, уæд ницыуал æнкъардта уазал æмæ йæ фæллад йеддæмæ.

5

Алан æм каст, æмæ уыцы æнгасы уыд, Астемыры бон кæй бамбарын нæ уыд, ахæм цыдæр. Гæнæн ис, фарст. Гæнæн ис, хуымæтæджы афтиддзинад – раст, Астемырæн йæхи мидæг чи уыд, ахæм. Уый æрбадт Аланы цур, йæ фæсонтæ йын йæ фæсонтыл банцой кæнгæйæ,

æмæ дзæвгар рæстæг бадтысты афтæмæй, иу сыбыртт дæр сæ никæмæй хауд, кастысты, бæзджын цъыфы йæ дадайы фыды номимæ дурцырты фæстаг фæд цадæггай кæм сæфт, уыцы бынатмæ. Сау-сауид дурæмхæццæ цъыф æнæ уынæрæй сæмвæз дурцырты сæрмæ, цыма æппындæр никуы уыд, афтæ.

– Ды ныууагътай дæхионы, – загъта æппынфæстаг Алан. Уый фарст нæ уыд.

– О.

– Цæмæн?

Астемыр дзæвгар рæстæджы дæргъы ницы дзырдта. Стæй загъта:

– Ды æнæ дурæй нæ бафæрæзтаис абырын. Æмæ æнæ дурæй та цæмæн цыдтæ ардæм?

– Æмæ ды та?

Астемыр ницыуал сдзырдта. Уый не ‘ууæндыд, афтæ зæгъын æй хъуыд æви нæ, ууыл. Фæлæ йæм æндæр зæгъинаг ницы уыд. Æмæ, чи зоны, æндæр æмбарынадæн уæвæн дæр нæ уыд – уыдис æрмæстдæр, хъуыды кæныны рæстæг кæм нæ уыд, ахæм уысмы раконд, æмæ ныр уыцы раконд уыд, дарддæр кæимæ цæргæ уыдзæн, æрмæстдæр ахæм æрцæугæ хабар.

– Бузныг, – загъта Алан. Æмæ уыцы ныхас райхъуыст ахæм хуызы, цыма дзы хатыр куырдта.

6

Къуылдыммæ мæ баззадаид дыууæсæдæ метры. Астемыр, алы дæс къахдзæфæн дæр æрлæугæйæ, хаста Аланы дур. Алан, йæ саст къах йæ фæдыл ласгæ, бырæгау кодта фæсте, æгъуыз фæсалыл тар фæд уадзгæ. Бахъуыд сæ цалдæр сахаты, чи зоны, æрмæстдæр минуттæ.

Æппынфæстаг рагъмæ куы бахæццæ сты, уæд Астемыр дур къуылдыммæ схаста, стæй æрыздæхт Аланмæ, йæ фæсонтæм æй систа, афтæмæй йæ хæссæгау скодта уæлæмæ. Алан уæззау нæ уыд, чи зоны, уымæн æмæ йæ хъару раивад æви уымæн, æмæ дурцырт фæхæссыны фæстæ уæхсчытæн алцы дæр рог у, æгæрыстæмæй хи буар дæр. Дурцырт ныссагътой къуыппыл. Зæхх ныкъкъахтой сæ къухтæй, цыргъ дуртæй, хъилтæй – сæ къух сæ цæмæйдæриддæр амыдта, уыдæттæй. Алан бадт зæххыл æмæ Астемыræн æххуыс кодта

къухтæй, иуварс æппæрста къуыбæрттæ. Æмæ цырт куы слæууыд – иуварс къулгондæй, гæлирæй, – фæлæ слæууыд, уæд сбадтысты йæ цуры, банцой йыл кодтой, сæ фæсонтæ кæрæдзимæ сбыцæу кæнгæйæ, æмæ кастысты цъыфдзасты ‘рдæм.

Бынæй, уыцы пъæралæхъиры баззад иннæ дур. Мæнæ ацы дуры фарсмæ хъуамæ чи лæууыдаид, уыцы дур. Астемыры дадайы фыды ном фыст кæуыл уыд, уый. Фæлæ цæмæдæр гæсгæ Астемырмæ нæ уыд исты фесафыны æнкъарæн. Æви æнкъардта, фæлæ йæ бон нæ уыд уыцы æнкъарæн сбæлвырд кæнын, зæгъа йæ, бамбара, йемæ йын куыд кæнгæ у, уый.

– Уыдон иумæ сты, – загъта Астемыр.

– Цы?

– Нæ дадаты фыдтæ. Уыдон уым, бынæй, сты. Иумæ. Мах та – ам.

Алан ныссабыр, стæй йæ сæр батылдта. Уыдон бадтысты, сæ фæсонтæй кæрæдзийыл банцой кæнгæйæ, дурцырты уазал æмæ кæрæдзийы хъарм æнкъаргæйæ, æмæ уый уыд иунæг ахæм цыдæр, уыцы уысм исты нысаниуæг кæмæн уыд: кæй сты сæ кæрæдзийæн, иунæг кæй не сты уыцы афтид, æгъуыз æмæ æнæкæрон цъыфдзасты.

Астемыр йæ цæстытæ бахгæдта æмæ æваст ауыдта йæ дадайы фыды – фыццаг хатт йæ царды. Зонгæ дæр кæй никуы кодта, уыцы цæсгом нæ, цъыфдзасты чи цыд, уыцы гуырыконды. Уый цыд сындæг, уæззаугай, фæлæ йæ цыд нæ уагъта. Йæ фæрсты цыд æндæр адæймаг – æвæццæгæн Аланы дадайы фыд. Уыдон цыдысты иумæ, æмæ сæ цъыфдзаст нæ ныхъуырдта, уымæн æмæ уыдон ныр уыдысты йæхицæй, уыцы зæххæй, уыцы донæй, уыцы сабырдзинадæй. Уыдон цыдысты кæдæмдæр, хæст кæм нæ уыдис, нæ дзы уыд уазал, нæ дзы уыд тас. Æви, гæнæн ис, уыдон ацыдысты ноджы арфдæр, уырдæм, фæстæмæ кæцæй ничи раздæхы, фæлæ тæссаг кæм нал у – уымæн æмæ ды иунæг нал дæ…

Астемыр байгом кодта йæ цæстытæ. Цъыфдзастæй дымдта дымгæ, уазал уымæл дымгæ. Уыдон бадтысты дæргъвæтин рæстæг, цалынмæ талынг кæнын нæ байдыдта, уæдмæ, æмæ сæ иу дæр не скодта фæстæмæ ацæуыны кой. Гæнæн ис, уыдон æнхъæлмæ кастысты, пъæра цъыфæй кæй сыстдзæн цыдæр кæнæ чидæр – сæ дадаты фыдтæ, цæмæй сын зæгъой ахсджиаг цыдæр, бамбарын сын кæной, ам цæй тыххæй

сты, цæуыл дзурæг сты æппæт уыдæттæ. Фæлæ ничи сыстад. Уыдис æрмæстдæр цъыфдзаст, æрмæстдæр æгъуыз арв, æрмæстдæр сабырдзинад, ахæм æндыгъд, æмæ дзы хуыдуг кодтой æппæт хъуыдытæ æмæ æппæт фæрстытæ дæр.

7

Бынтон куы æрталынг, уæд Алан бафарста:

– Ацæуæм?

Астемыр ахъуыды кодта. Ацæуа фæстæмæ – цыппар километры цъыфдзасты, талынджы, Алан йе ‘ккой, афтæмæй, æнæ дурæй, æнæ нысанæй, æрмæстдæр уый тыххæй, цæмæй удæгасæй баззайа. Æви баззайа ам, уыцы дуры цур, æмæ æнхъæлмæ кæса, цы уыдзæн, уымæ. Уый нæ зыдта, куыд уыдзæн растдæр. Чи зоны, раст куыд хъуамæ уыдаид, уый уæвгæ дæр нæ зыдта.

– Абадæм ма, – загъта уый.

Алан йæ сæр разыйы тылд бакодта. Уыдон бадтысты, сæ фæсонтæ кæрæдзимæ сбыцæу кæнгæйæ, æмæ цадæггай уазал нал æнкъардтой æви сæхицæй уыйбæрц нал уыдысты, æмæ уазалæн ницыуал нысануæг лæвæрдтой. Астемыр хъуыды кодта ууыл, сæдæ азы фæстæ кæй ничиуал æрхъуыды кæндзæн нæдæр сæ дадаты фыдты, нæдæр йæхи, нæдæр Аланы. Ацы дур кæй бамбидзæн кæнæ афæлдæхдзæн, гъе та хъуына сæвæрдзæн, æмæ никуыуал ничи бакæсдзæн, йæ уæлæ сартæй къахтæй цы ном фыст ис, уый. Æппæт дæр, цыдæриддæр сарæзтой – уый у æрмæстдæр ахастамынд, кæцы бынтондæр ницы ивы, ницы раст кæны, фæстæмæ ницы здахы.

Фæлæ сын цæмæдæр гæсгæ уыцы æмбарынад æнæхъуаджы нæ кодта сæ бакæнгæ хъуыддаджы мидис. Чи зоны, уымæн æмæ йæ мидис уый мидæг нæ уыд, цæмæй исты фæд ныууадзой, фæлæ уый мидæг, цæмæй рацыдаиккой уыцы фæндаг. Цæмæй уой ам ацы минут, сæ фæсонтæй кæрæдзийыл æнцой кæнгæйæ æмæ иумæ мадзурайæ бадгæйæ, иунæг кæй нæ дæ, уый æнкъаргæйæ.

Талынджы хъуыст цъыфдзасты уынæр; æви уый дымгæйы уынæр уыд, æви доны, æви къæмисæнты туджы цавд уыд, уынæр кæм нæ уыд, уым æй гуырын кæнгæйæ. Астемыр сæхгæдта йæ цæстытæ æмæ ногæй федта, мигъы чи фæцæйхызт, ахæм дыууæ гуыры. Уыдон фæстæмæ нæ кастысты. Уыдон цыдысты сæхицæн, æмæ алы къахдзæфæн кодтой

рухсдзыддæр, сабырдæр, цалынмæ бынтондæр нæ атадысты, уæдмæ.

– Æз ныссалдтæн, – загъта Алан.

– Æз дæр.

– Ацыдыстæм.

Сыстадысты. Астемыр, Аланы йæ фæсонтыл хæсгæ, къуылдымæй бынмæ ауырдыг кодта талынгмæ, уырдæм, дард кæмдæр фæндаг кæм уыдис, адæм, цард. Æви нæ уыд? Уый нæ зыдта. Фæлæ цæуын хъуыди.

Уый цыди, æмæ къуылдымыл æвæрд дурцырт фæсте баззад – иунæгæй, къулсагъдæй, гæлирæй, æцæгæлон дадайы фыды номимæ, кæцыйы бын ныр хуыссыдысты сæ дыууæ дæр. Æмæ йæ искуы бирæ азты фæстæ, кæд аирвæзой, уæд Алан куы бафæрса, афтæ цæмæн бакодта, уымæй, уæд ын Астемыры бон дзуапп раттын нæ бауыдзæн. Уымæн æмæ дзуапп нæй. Ис æрмæстдæр фæндаг, æрмæстдæр равзæрст, кæцыйы аскъуыддзаг кодта иу уысммæ, хъуыды кæнынæн рæстæг куы нал уыд, уæд, æмæ æрмæстдæр æдзæм сабырдзинад, уыцы равзæрст кæм цæры дарддæр, æмбарынад нæ домгæйæ. Уый уыд сæ дадаты фыдты равзæрст. Æмæ ахæм равзæрстыл æрлæууыдысты уыдон дæр.

Уырыссаг æвзагæй КЪУДУХТЫ Маринæйы тæлмац

МОРДОВАГ ÆМБИСÆНДТÆ

- ✓ Фыдæрцыд иунæгæй не ‘рцæуы.
- ✓ Æнæ ‘фсымæрæй цæрæн ис, æнæ сыхагæй – нæй.
- ✓ Хъæд æнæ къæдз-мæдз бæлæстæ нæй.
- ✓ Хуыцау дын уæд баххуыс кæндзæн, æмæ дæ къухтæ уæзæгджын куы суой.
- ✓ Уалдзæджы бирæгъ йæ фист калы, йæ ахуыр та нæ халы.
- ✓ Дыууæ æнусы нæ фæцæрдзынæ.
- ✓ Хорз уац бандзыг, фыдуац та алырдæмты тындзы.
- ✓ Æдылытæ æрмæст аргъауы сты зондджын.
- ✓ Цард фæцæрын кау бийæгау нæу.
- ✓ Алы райдианæн дæр ис кæрон.
- ✓ Æппæт куыд нæ уыныс, афтæ ‘ппæт нæ хъусыс.
- ✓ Фыд цы у, йæ фырт дæр – уый.
- ✓ Ахуыргæнæг цы у, ахуырдзаутæ дæр – ахæм.
- ✓ Бирæгъæй райгуыргæ бирæгъæй амæлдзæн.
- ✓ Мад загъта – Хуыцау загъта.
- ✓ Кæйдæр пецы фарсмæ не стæфсдзынæ.
- ✓ Лæг æмæ усы ‘хсæн ма бацу сæ загъд-заманайы сахат: зылынджын ды уыдзынæ.
- ✓ Маст нæ базыдтай – цин нæ бамбардзынæ.
- ✓ Йæ ахстон чи нæ уарзы, уыцы цъиу æнаккаг у.
- ✓ Сæрыхъуынтæм гæсгæ сæрызонды æууæлтыл ма тæрхон кæн.
- ✓ Æмбисонды – нымад дзырды, йæ мидис та – арф æмæ уæрæх.
- ✓ Дæ усагæн уал раздæр йæ мадмæ бакæс.
- ✓ Сывæллонæн сындз йæ къахы суад, мадæн та – йæ зæрдæйы.
- ✓ Дзырд мел нæу: иугæр загъд у – нæ йæ ныссæрфдзынæ.
- ✓ Мадæн йæ арм хъарм у, фыдыусæн та – уазал.



Иса КАПАЕВ

1949

Ногъайаг фыссæг. Уæрæсейы Фыдджыты цæдисы уæнг, Хъæрæсе-Черкесийы адæмон фыссæг.

Райгуырд Стъараполы крайы хæххон хъæу Эркин-Юрты. 1975 азы каст фæци Мæскуыйы Максим Горькийы номыл литературон институт.

Сфæлдыстадон куысты йæ фыццаг фæлварæнтæ райдыдта 1974 азы æмæ сси журнал «Юность»-ы премийы лауреат йæ радзырд «Верность очагу»-йы тыххæй. Фыссæджы уацмыстæ ма мыхуыргонд цыдысты журналтæ «Дружба народов», «Знамя», «Дон», «Наш современник» æмæ æндæрты. Фæлæ йын уæддæр стыр фыссæджы ном радта йæ прозаикон уацмысты æмбырдгонд «Карабатыр». Йæ чингуытæ йын уагътой зындгонд рауагъдадтæ «Современник», «Советский писатель», «Советская Россия», «Молодая гвардия», «Голос-пресс» æмæ æнд. Æрæджы рацыд йæ æвзæрст уацмысты цыппартомон æмбырдгонд йæ мадæлон æвзагыл. Курдиатджын фыссæг Иса Капаев у литературон премиты бирæ хæттыты лауреат. Ныртæккæ у Уæрæсейы национ литературæты рæзты советы уæнг.

Иса КАПАЕВ

КАРАБАТЫР

Радзырд

Мæ сабибонтæ кæм арвыстон, уыцы хæххон хъæуимæ иумæ мæ цæстыты раз февзæры ногъайаг зæронд лæджы фæлгонц дæр. Æмæ кæд, мыййаг, уый дæр хъæуы фæлгонц у. Адæймаджы фæлгонц дæр зæххы фæлгонцæн йæ æнæфæхицæнгæнгæ хай у. Йæ рыг, æнæфснайд кæрты цы иунæг курага бæлас уыд, уый дæр мæм хатт зæронд лæджы хуызæн фæкæсы. Адæм æмæ бæлæстæм лæмбынæг куы ‘ркæсай, уæд æнгæстæ вæййынц.

Уый цыма раджы уыди, уæд сахартæ дæр нæма уыди, æрмæстдæр, ногъайаг æвæллайгæ барджыты бын чи змæлыд, уыцы æнæкæрон быдыртæ.

Мæнæ тæхы барæг æнусты зилгæдымгæйы. Æмæ пиллонкалгæ фæздæджы æз базонын ногъайаг зæронд лæджы цæсгом. Уынын, ракæны бастæй йæ иузæрдион дугъоны. Барæджы нæ фæнды, йæ рæстæг дзæгъæлы сафа. Мæнæ йæ нахæтбосæй сласта, бæхы хид кæм ахъардта, ахæм хом дзидза… Мæнæ, чи ныххус ис, уыцы былтæ бадардта бæхы фарсыл чысыл хъæдгоммæ, цæмæй хъарм тугæй йæ дойны басæтта…

Кæдæм æмæ цæмæ тындзы ацы адæймаг?

Ногъайаг адæммæ рагæй дæр кадджын у сау хуыз. Зæгъæм, хæстæгдæр денджызтæй иу – Кара тенгиз – Сау денджыз. Йæ дон, мыййаг, сау нæу æмæ йæ уымæн не схуыдтой афтæ, фæлæ быдырау æнæкæрон кæй у, уымæн. Нæй сæрыстырдæр æмæ рæсугъддæр сау цъиу – цæргæс каракусæй! Кара-халк – сау адæм. Ахæм аргъ кодтой ногъайæгтæ сæ адæмы тых æмæ нымæцæн. Карабытыр – сау бæгъатыр. Афтæ хуыйны, нæ кауæмбонды иннæ фарс чи царди, уыцы зæронд дæр. Уыцы ном ныртæккæ тынг стæм у. Дуне куыд ивы, афтæ ивынц нæмттæ дæр.

Мæнмæ гæсгæ, мадзура æмæ æнæууæнк лæг иу мур дæр циндзинад никуы бавзæрста. Цæмæй ма фесæфа, ууыл тох кæнгæйæ ацыд йæ цард. Афтæ зынди, цыма мæнгард лæг цæттæ уыд хинæй дыл разилынмæ. Кæй зæгъын æй хъæуы, уыдæттæ уыдысты рагон цæугæцардгæнæг адæмы миниуджытæ. Фæлæ цард кæд хуыздæр-ærдæм раивта, уæддæр уый афтæмæй баззади.

Æз цардтæн мæ фыды хистæр хомæ æмæ йæ хуыдтон нана, йæ

лæджы та – дада. Карабатырмæ не ‘хсæн уыд, ранæй-рæтты сæнарæй сæрст чи уыд, ахæм донхæрисы уистæй каубыд гæрæн. Кæд нæм суг бирæ уыди, уæддæр нана уарзта пецы сæнар æндзарын. Кауын æмбонды донхæрис уисты ‘хсæн æз зыдтон иу бынат. Уыцы ранæй хорз зынди зæронд Карабатыры кæрт. Самандурæй арæзт мæнгагъуысты кæддæриддæр бастæй лæууыди йæ бæх. Иурæстæджы бæхтæ дарын куынæуал уагътой, уæддæр дзы нæ фæхицæн зæронд. Ласта дзы дон быдырмæ колхозонтæн. Уыдон дæр ыл сæ къух ауыгътой… Иумæ базæронд сты Карабатыр æмæ йæ бæх. Рагон хæлæрттау иумæ æгомыгæй æххæст кодтой сæ куыст.

Мæ бон уыд, адджынæн сысджы чи мерс кодта, уыцы бæхмæ сахатгæйттæ кæсын. Мæ дадайæн дæр уыд хæрæг æмæ уæрдон, фæлæ хæрæджы бæхимæ абарæн куыд ис?! Мæнæн дзы мæ зæрдæ афтæ схъыг ис, æмæ йын йе рагъмæ дæр никуыуал схызтæн. Уый нæ, фæлæ ма-иу ыл сусæгæй ехсæй дæр æрцыдтæн. Стæй-иу уыцы ехсæй æрхауди мæхиуыл дæр.

Бæх-иу уым куынæ разынд, уæддæр сахатгæйтты мæ бон уыд сæ кæртмæ кæсын – куы кæрчытæм, куы та, хæдзары арæзтады рæстæгæй кæрты цы дойнаг дуртæ баззад, уыдонмæ.

Зæронд-иу кæрты куы фæзынд, уæд-иу тарстхуызæй мæ цæстытæ иуварс азылдтон, фæлæ та-иу уайтагъд фæстæмæ ме ‘мбæхсæнæй агудзи кодтон, нæ мæ уыны, уый æнхъæлæй. Æппæтæй тынгдæр-иу фæтарстæн, зæронды рæхойгæ цæстæнгас-иу ме ‘рдæм здæхтæй куы бафиппайдтон, уæд. Хатт-иу йæ маст кæрчытыл акалдта, кæрты къуымты сæ расур-басур кæнгæйæ, куыдзы мыггаг, зæгъгæ-иу сыл дур фехста. Ахæм рæстæджы-иу æз цыппæрвадæй хæдзармæ ныййарц дæн.

Уæвгæдæр куыд тарстæн æз Карабатырæй, фæлæ мæ уæддæр йæхимæ куыд ælвæста. Цы мæм дзы каст афтæ диссаг, мæ сабизонд мын чи фæйлыдта?

Карабатыр мæгуыр царди, фæлæ йын уый тыххæй ничи тæригъæд кодта. Æдзух йæ уæлæ уыд зæронд фæныкхуыз бæмбæджджын æмæ æмпъыстытæ хæлаф, ихсыд сæрак худ æмæ, фыр зæрондæй морæ хуыз чи райста, ахæм кирзæ цырыхъхъытæ. Ацы дзаумæттæ дардта сæрдæй-зымæгæй.

Йæ æртæуатон чысыл хæдзар дæр йæхиау уыд зæронд. Дыууæ ацæргæ къайæ дарддæр ма дзы цардысты йæ фырт æд бинонтæ, идæдзæй чи баззад, йæ уыцы чызг æд сывæллæттæ – æдæппæтæй дæс адæймаджы. Куыд дзы цыдысты, уый диссаг у…

Куыд дзырдтой, афтæмæй ма Карабатыræн уыд иу фырт. Уый йæ бинонтимæ царди хицæнæй, фæрæзджын уыди, фæлæ йæ ныййарджытæн ницæмæй æххуыс кодта. Зæронд лæг иста чысыл пенси, æмæ уымæй цардысты. Хъæубæстæ-иу сæ афтæ дзырдтой: «Мæгуырдзинад – уый иунæгдзинад у». Æвæццæгæн, мадзура æмæ иппæрдæй дæр уымæн цардысты.

Уынджы дæр мадзура уыдис Карабатыр. Арфæ йын-иу чи ракодта, уымæн дæр æнæбары йæ сæрæй акуывтаид. Адæм æй йæ царды бонты ахæмæй базыдтой, æмæ йæм ничиуал мæсты кодта. Никуы цыд Карабатыр хъæуы иумæйаг ныхас – ямагатмæ дæр, цæмæй ногæй исты фехъуса, истæуыл аныхас кæна.

Æз никуы хъуыды кæнын, æмæ Карабатыр нæ къæсæрæй æрбахызт кæнæ нæм кауы сæрты æрбакаст, сыхæгтæн куыд æмбæлы, афтæ. Йæ бинонтæй дæр искæй кæртмæ никуы ничи бахызти. Уый мæнмæ диссаг касти, фæлæ сыл афтæ сахуыр сты адæм.

Фæлæ-иу æз уæддæр бахызтæн Карабатыры кæртмæ. Сæ фаллаг фарс цы сыхæгтæ царди, уыдоны цъайæ дон хастон сæ кæртыл. Нана мæм æдзух хыл кодта, цæмæй кæйдæр кæртмæ ма хизон æмæ-иу уынджы ‘рдыгæй æрбахизон, фæлæ æз зивæг кодтон дзаг бедратимæ дæрдтыл зилынмæ.

Æз æмбæрстон, нана цæуыл тыхст, уый. Афтид бедратимæ кæуыл амбæлай, уымæн уый цыма æнамонды, мæгуырдзинады нысан у. Æз дæр-иу хъахъхъæдтон, зæронды кæрт афтидæй кæд аззайдзæн, уымæ æмæ иу тагъд-тагъд ауадтæн. Уæддæр-иу хатт Карабатырыл хæрхæмбæлд фæдæн сæ кæрты. Æз æгæрыстæмæй мæ ныфс никуы бахастон, цæмæй йын зæгъон «Арувсизбе?»* Афтæмæй-иу фыр адæргæй йæ фæрсты расенк ластон. Ацы ныхæстæ, не ‘гъдаумæ гæсгæ, хистæр адæмæй æз алкæмæн дæр дзырдтон, æрмæст сæ мæ зæронд сыхагæн зæгъынмæ мæ ныфс нæ хастон. Æфсæрмы дзы кодтон, фæлæ, æвæццæгæн, уым аххосджын уыд йæхæдæг дæр.

Куы фестырдæр дæн, уæд мын дон хæссын афтæ зын нал уыдис. Дзаг бедратæ æнцонæн скъæфтон, фæлæ уæддæр мæ ахуыр нæ аивтон – хызтæн Карабатыры кæртыл. Иухатт, зæронды фенгæйæ, мæхи нал баурæдтон æмæ йæм цæугæ-цæуын баппæрстон «Арувсизбе?» Фæлæ уый мæнæрдæм кæсгæ дæр нæ фæкодта. Нæ мын радта дзуапп йæ фырт дæр, æрмæст мæм ракаст. Фæлæ та Карабатыры бинойнаг æрвылхаттау сабырæй дзуапп радта: «Хорз, мæ зæрдæ!».

* Арувсизбе? – Куыд стут?

Кæддæр та, нæ сыхæгты кæртыл куыд æрбацæйхызтæн, афтæ цæхæрадоны суыдтон Карабатыры. Уый ферох каудуар сæхгæнын, афтæмæй губакк кодта картоф. Каудуары гуыпп мæ фæстæ куы фæцыди, уæд фæкастæн æмæ фемдзаст дæн зæронды цыргъ цæстæнгасимæ. Афтæ мæм фæкаст, æмæ йе ‘лхъывд былты ‘хсæнæй рагæппæвонгæй лæууыди судзгæ ælгъыст. Фælæ уый ницы сдзырдта, æрмæст бахудти кæнæ хъыгзæрдæйæ, кæнæ ælгъгæнгæ. Æз атагъд кодтон хæдзармæ.

Æвæццæгæн, мæ хъуыдыкæнынады ахæмæй баззадаид Карабатыр – мадзура, тызмæг цæсгом æмæ цæстæнгасимæ, фælæ уыцы бон… Уый уыди уалдзæджы. Вæййы ахæм уалдзæг, кæцы адæймагæй йæ царды бонты нал ферох вæййы. Мæнæн дæр уыд ахæм уалдзæг…

Арв ærвхуыз ирдæй тæмæнтæ калдта. Дардæй ærттывтой æвзистхуыз хæхты цъуппытæ. Хæстæг дælвæзты ирдæй сзад цъæх кæрдæг. Нæ цæхæрадæтты курага бæлæстæ дидинæг акалдтой. Карабатыры цæхæрадоны дæр цы иунæг курага бæлас уыд, уый йæ тæккæ дидинæгкалгæйæ уыд. Бæласы фарсмæ зындысты, сæ губаччытæ кæмæн нæма сраст сты, ахæм ногтыд картофтæ. Бæласы бын цы зæронд хъæды лыггаг уыд, ууыл ныр арæх бадт æмæ йæхи хуры хъæрммæ тавта зæронд.

Æз цалынмæ уынгмæ лæппутæм ахызтаин, уæдмæ, куыд ахуыр уыдтæн, афтæ уыцырдæм акастæн кауæмбонды хуынкъæй. Сыхаг кæрты цы федтон, уый мæ дисы бафтыдта: сау зæххыл картофы рæнхъыты фарсмæ аргъæутты бæласау æртывта курага бæлас. Йæ цæсгом хуры ‘рдæм зылд, афтæмæй хъæды лыггагыл гомсæрæй бадти зæронд æмæ йæ тар æнцъылд цæсгомыл хъазыди фæлмæн уардихуыз рухс. Йæ ихсыд худ æвæрд уыд йæ уæрджытыл. Мæнмæ афтæ фæкасти, цыма йæ цыбыр æвзистхуыз сæрыхъуынтæй дæр цыдæр рухс цæуы. Йæ цæстытæ уыдысты æхгæд æмæ, куыстæй чи ссау, уыцы мæллæг къухæй даудта йæ цæсгом æмæ йыл æнхъæвзта цыдæр æнахуыр, æхсызгон мидбылхудт, æмæ уыцы мидбылхудтæй дæр цыди цыдæр рухс. Куыд ис уый гæнæн, æмæ адæймаджы цæсгом рухс уадза? Уæвæн ис, æмæ уд райхъал ис, базмæлыд æмæ срухс кодта. Æнæмæнг афтæ уыдаид! Абоны онг дæр афтæ хъуыды кæнын.

Фыццаг хатт ædæрсгæйæ дæргъвæтин рæстæг кастæн зæрондмæ. Уый даудта йæ сæр, йæ цæсгом, стæй-иу йæ урс сæр зæхмæ фæгуыбыр кодта, фælæ йæ мидбылхудт нæ сæфт. Стæй, йæ цæсгомы æнгас æнæ-

аивгæйæ, разылд ме ‘рдæм. Нæ цæстæнгастæ кæрæдзийыл фембæлдысты, фæлæ уый раздæрау тарстхуызæй иуварс нæ азылди – нымдзаст мæм. Æз куыд хъуыды кодтон, афтæмæй уый мæн нæ уыдта, фæлæ мæм уалынмæ куы сдзурид.

– Лæппу! Ардæм рауай, – рæвдаугæ хъæлæсæй мæм сдзырдта зæронд.

Уый мæнæн афтæ æнæнхъæлæджы уыд, æмæ мæ уæрджытæ барызтысты, дзуццæджы æрбадтæн. «Цымæ мæ æцæг уыны?» – ферттывта мæ сæры.

– Мауал æмбæхс, уынын дæ, – ногæй та рæвдаугæ сдзырдта Карабатыр.

Цыма мæ исчи стыр фыдракæнды уæлхъус байфæфта, уыйау фæдæн, цæттæ уыдтæн зæххы скъуыды ныххауынмæ. Мæ зæнгтæ фæдыдагъ сты æмæ бырæгау акодтон нæ кæрты ‘рдæм, æлыгæй быругонды сæрты агæпп кодтон æмæ уынгмæ мæ хæлæрттæм ныйарц дæн. Мæ бæллиц уыд, цы ‘рцыд, уый тагъддæр ферох кæнын.

Æнæхъæн къуыри мæ бон нæ уыд ацы цау ферох кæнын, æмæ раздæрæй ноджы тынгдæр тарстæн зæрондимæ фембæлынæй. Дон хæсгæйæ раздæрау сæ кæртыл нал хызтæн, фæлæ-иу дæрдтыл азылдтæн, йæ цæст мыл ма ‘рхæцайы адæргæйæ. Цыдысты бонтæ, дон раздæрау хæссын хъуыд, ныр та – дыгай бедратæй. Уæззау уыдысты, фæлæ афтæ тагъддæр уыд. Раздæр куыд ахуыр уыдтæн, афтæ та кауы хуынкъæй сыхæгты кæртмæ акастæн. Кæрт уыд афтид. Æз фæныфсхаст дæн. Бедраты уæзæй ныггубыр дæн, афтæмæй ратындзыдтон, цæмæй кæйдæр кæртæй тагъддæр рахизон. Æваст мæнгагъуысты дуар байгом, æмæ дзы рахызт Карабатыр, йæ къухты бæхы хъис хафæн, афтæмæй. Куы мæ федта, уæд бахудти, уæд бæласы бын куыд бахудти, афтæ, æмæ йæ дæндæгтæ хурмæ ферттывтой.

Мæнæн æндæр гæнæн нал уыди, æмæ йæм æфсæрмытæгæнгæ сдзырдтон:

– Арувсизбе?

– Арув*, лæппу, – æнæнхъæлæджы мын рæвдаугæ дзуапп радта зæронд. Стæй мын ацамыдта, æдзух кауы хуынкъæй сусæгæй кæцæй кастæн, уыцы бынатмæ æмæ сдзырдта:

– Дæ къæхтæ дын æз алы хатт дæр уынын.

Æз фæкастæн уыцырдæм. Кауæмбонд нæ хæццæ кодта зæххы онг æмæ

* Арув – дзæбæх стæм.

бынæй уыд зыхъхъыр – раздæр ыл куыд никуы ахъуыды кодтон. Цæмæдæр гæсгæ мæ зæрдæ фæрог æмæ фæрухс ис. Æхсызгонæй сулæфыдтæн æмæ арфæйагæй бакастæн зæронды цæстытæм. Ныр дзы тæрсгæ нал кодтон, йæ цæсгом дæр мæм тæссаг нал каст. Фæкастæн, йæ кæрты цы курага бæлас уыд, уымæ, æмæ мæм афтæ фæкаст, цыма уый дæр уардихуыз рухс уадзы. Стæй та ногæй зæрондмæ бакастæн, æмæ уыцы рухс цыди йæ тар, дымгæхост цæсгомæй, цæстытæй, мидбылхудтæй.

Æндæр мæм ницыуал сдзырдта. Æз нæхимæ ацыдтæн, цыдæр рогдзинад æнкъаргæйæ – мæ бедратæ дæр мæм уæззау нал кастысты.

Æз уарзын дæргъвæтин рæстæг нывгæнджыты куыстытæм кæсын, фæлæ дзы мæ удыл чи сæмбæла, ахæм арæх нæ фенын. Фæлæ хатт кæттагыл кæйдæр цæсгом удæгасы хуызæнæй разыны, раст цыма рухс уадзы, æмæ æз рахатын уыцы зынæрцахсæн, фæлæ бæлвырд фæлгонц. Ахæм вæййы, æвæццæгæн, æцæг аивад. Рухс кæнын мæнæн мæ зæрдыл лæууын кæны уардийы рог фæлгъуыз, уыцы курага бæлас æмæ, йæ быны чи бадти, уыцы зæронды цæсгом.

Нæ зонын, уыцы рухсы, уæвæн ис, æмæ æндæртæ рахатой æндæр фæлгъуыз.

Рагæй нал ис не ‘хсæн зæронд Карабатыр, нал ис йæ кæрт дæр йæ курага бæласимæ æмæ, сысджы адджынæн чи мерс кодта, уыцы бæх. Райрæзт æмæ нырыккон хуыз райста мæ сабибонты хъæу. Фæлæ мæнмæ афтæ кæсы, æмæ æппæт уыдæттæ уыдысты æртын æмæ цыппор нæ, фæлæ мингай азты размæ, ногъайаг быдырты бæхы сæфтæджыты æмæ ехсы æхситт куы хъуысти, уæд. Æз уал ныууадздзынæн мæ зæронды æнусты арфы, уымæн æмæ истори чъынды у. Нæ размæ нын хæссы æрмæстдæр карз тохтæ æмæ адæмы трагеди. Зын у уыцы нывты ‘хсæн фенын иунæг курага бæлас æмæ йæ быны ногъайаг зæронды бадгæ. Æз æй уадзын уым уæды мысинæгтимæ. Уыцы тæссаг æмæ хæрам царды уый уыд хуымæтæг кусæг лæг, цæугæцардгæнæг, æнæууæнк æмæ сæрхызт. Фæлæ-иу уымæн дæр уыд ахæм уысмтæ, йæхи зæххы æмæ хурджын дунейы иу хай куы æнхъæлдта, зæхх æмæ хурыл куы цин кодта æмæ сын йæ сæрæй ныллæг куы куывта. Уыцы миниуджытæ нæ фыдæлтæ ныууагътой махæн.

Уырны мæ, æмæ уым, мин азты размæ дæр кæй уыдис ахæм æмбарынад – хъармдзинад æмæ тавиц…

Уырыссаг æвзагæй ДЖУСОЙТЫ Нинæйы тæлмац

ЧУВАШАГ ÆМБИСÆНДТÆ

✓ Фыдгæнд фаэтоныл цæуы, амонд та – фистæгæй.

✓ Æнæ цъата ссад нæ вæййы.

✓ Хистæрты æнæ бафæрсгæйæ хъуыддаг рæстмæ нæ рауайдзæн.

✓ Адæмы ‘хсæн разындзæн домбайæ домбайдæртæ æмæ зонджынæй зонджындæртæ.

✓ Иу аз уæрцц нард кæны, иннæ аз та – цъæх мæга.

✓ Хæдзары мидæг зылын зæгæл дæр бабæздзæн.

✓ Хъарман бæлас æрыгонæй фæтасын кæнынц.

✓ Худæджы хал кæм схауы, уым æнæ цæссыг дæр нæ уыдзæн.

✓ Афтæ дзырдæуы, цымæ ма фæсмæлæт дæр кæнинæгтæ æртæ бонæн баззайы.

✓ Ус æнæ лæгæй – ефс æнæ дзылар.

✓ Фæстауæрц – æппæтæй хуыздæр.

✓ Къуындзих дæр рæсугъд уыдзæн, чындзау æй куы саразай, уæд.

✓ Дæрдтыл чи цыд, уый амондыл бамбæлд, цæхгæрмæ цæуæг та лæгуын ныцци.

✓ Хаттæн ахæм дзырд схауы, æмæ ‘ргæвдæн кардæй цыргъдæр.

✓ Хъуг сау у, фæлæ йе ‘хсыр та – урс.

✓ Йæ ныййарджытæн кад чи кæны, уымæн йæхицæн дæр кад уыдзæн йæ сывæллæтты ‘рдыгæй.

✓ Мад – табуйаг сыгъдæджытæй, йемæ быцæу кæнын нæ фæтчы.

✓ Æхсæр бæлас куынæ ‘ртасын кæнай, уæд дзы æхсæртæ не ‘ртондзынæ.

✓ Иу къухæй куырм ælхынцъ райхалын дæр фæллойаг у.

✓ Зынджы иу стъæлфæй хъæу басудздзæн, иу фыдгойæ лæг фесæфдзæн.

ЛАШИН

Кæсгон аргъау

Мæ фыдыфыд арæх дзырдта ацы аргъау. Уый та йæ йæхи дадайæ фехъуыста. Цæй кой дзы цæуы, уыдæттæ та мæ фыдыфыдæн йæ фыдыфыд йæхи цæстæй федта.

Æцæг уыдис æви нæ, уый бæлвырд нæ зонын, фæлæ Кæсæгмæ цавæрдæр хан æрбабырста. Æрлæууыдис цæугæдон Баксаны былыл. Тынг тыхджын знаг уыдис, æмæ кæсгæттæ æргомæй йæ ныхмæ рацæуынмæ сæ ныфс нæ бахастой. Хан дæр нæ тагъд кодта хæст райдайынмæ æмæ барвыста кæсгон кънайзмæ йæ минæвæрты.

– Нæ ханы нæ фæнды, цæмæй туг ныккæла, – загътой уыдон. – Фæлтау дыууæ богалы хъæбысæй рахæцæнт – сымахон æмæ махон. Кæд махон фæуæлахиз уа, уæд кæсæг ханæн, цавæр хъалон зæгъа, ахæм фиддзысты. Сымахон куы разына тыхджындæр, уæд хан йе ‘фсадимæ фæстæмæ аздæхдзæн.

Кънайаз ахъуыды кæнынмæ æртæ боны æркуырдта.

Фæдзырдта ныхасмæ зæрæдтæм. Бирæ фахъуыды кодтой куырыхон зæрæдтæ æмæ фæстагмæ ханы ныхасыл сразыйы уынаффæ рахастой. Раздæр Кавказы афтæ арæх уыди: кæй богал-иу рамбылдта, уый æфсад фæуæлахиз.

Хъуыдытæ кæнын райдыдтой, чи рахæца ханы богалимæ æмæ равзæрстой Гуыргъохъы, зæронд Хатуйы фырты.

Фæдзырдтой Гуыргъохъмæ. Æрыгон джигит хиппæлой æмæ сæрхызт уыд.

– Иу домбайæ дæр нæ тæрсын! Мæн мæхицæй ныфс ис, – уыдис йæ дзуапп.

– Кæд нæ тæрсыс, уæд дыууæ боны фæстæ дæхи цæттæ кæн хæцынмæ, – загъта йын кънайаз æмæ арвыста ханмæ йæ минæвæртты, цæмæй йын фехъусын кæной, дыууæ боны фæстæ цæттæ кæй уыдзысты, уый.

Уæд дын уыцы тæккæ изæр кæсгон минæвæрттæ ханы лæууæндоны удаист богътæ куы айхъусиккой.

– Уый, цымæ, чи богъ кæны афтæ? – фарстой кæрæдзийы.

Куыд рабæрæг, афтæмæй ахæм тасæфтауæг богътæ сырд нæ, фæлæ ханы богал кодта – къæдзæхыйас, æнахъинон фыдуынд цæсгомимæ.

Уый рæхыстæй баст уыдис цæджындзмæ, хæрын та йын кодтой æрмæстдæр хом дзидза.

Фехъуыста Гуыргъохъ уыцы хабæрттæ æмæ фæтарст. Фæфæсмон кодта, кънйазы цур йæхицæй кæй æппæлыд, ууыл. Йæ тыхтæй йæ ныфс нал хаста æмæ йæ фыдæн басаст.

Ныхъхъуыды кодта зæронд.

Уыцы рæстæг хæдзармæ бахызт Гуыргъохъы ус Лашин.

– Цæуыл ныхъхъуыды кодтат? Исты фыдбылыз уыл æрцыд?

– Ныхъхъус у, дзæгъæл фæрстытæ ма кæн! – дзуапп ын радта Гуыргъохъ. – Иугæр ныхъхъуыды кодтам, уæд уымæн, æвæццæгæн, ис æфсон.

– Цаваер æфсон ын ис? Чи зоны уын исты æххуыс фæуон.

Ныххудти Гуыргъохъ:

– Уый сылгоймаджы хъуыддаг нæу, – ныхас нæ адæмы хъысмæтыл цæуы. Дæуæн дæ куыст у сывæллæттæм кæсын, хъуццытæ дуцын, хæринаг кæнын.

Фæтæргай Лашин, иу ныхас дæр нал скодта, ацыдис хъуг дуцынмæ.

Зæронд Хатуйы цæмæндæр бахъуыдис кæртмæ рауайын. Йæ чындзы фæстæ рацыд, кæсы, æмæ иу хъуг йæхи дуцын нæ уадзы. Рамæсты Лашин, фелвæста хъуджы йæ иу къухæй æмæ йæ сисы сæрты фехста.

Бадис кодта Хату йæ чындзы тыхыл, бацин кодта, рæвдзгомау фездæхт агъуыстмæ. Йæ сæрмæ диссаджы хъуыды æрцыдис: мæнæ мын мæ фырты чи аирвæзын кæндзæнис, уый!

– Бацамон мын исты, мæ фыд, куыд кæнон? Райсом – хæцæн бон... Знаджы богалыл куынæ фæтых уон, уымæй тæрсын, – мæтгæнгæ дзуры Гуыргъохъ.

– Ма тыхс, мæ фырт, – ныфсытæ йын æвæры Хату. – Цы дын зæгъон, уымæ байхъус. Иу дард хохаг хъæуæй нæм сæмбæлдзæн иу æрыгон кæсгон. Гыццыл лæппу у нырма, фæлæ тынг тыхджын. Æмæ уый абырсдзæн ханы богалы. Райсом раджы уыцы лæппу æрбахæццæ уыдзæн ардæм. Ды йæ мацæмæй фæрс, ацу быдырмæ, тохы бынатмæ. Ханы богал куы фæзына, уæд-иу ды зæгъ: «Гъеныр ай богал у? Нæ мæ фæнды мæ къухтæ чъизи кæнын. Æгæр лæмæгъ у мемæ абаргæйæ. Мæнæ уал мын мæ кæстæр хæларыл фæтых уæд». Æмæ-иу лæппумæ ацамон.

Уыцы рæстæг та хатæнмæ ногæй бахызт Лашин. Зæронд лæг йæ фырты арвыста кæртмæ бæхтæн холлаг ныккæнынмæ. Гуыргъохъ

кæртмæ куы рахызтис, уæд зæронд лæг радзырдта йæ чындзæн, цы фыдбылыз сæм кæсы, уый.

– Ærмæстдæр ды фервæзын кæндзынæ фыдбылызæй мах дæр æмæ нæ адæмы дæр. Ærмæстдæр ды фæтых уыдзынæ ханы богалыл.

– О, – загъта Лашин, – хатын æй, тых мæм кæй ис, уый. Фæлæ æз сылгоймаг дæн, æмæ мæ адæм нæ бауадздзысты...

– Ды скæндзынæ Гуыргъохъы зæронд цухъхъа, дæ худ та дæ тæккæ цæстыты онг æруадздзынæ. Фæндагыл Гуыргъохъмæ мацы сдзур, макæмæн базонын кæн, сылгоймаг кæй дæ, уый, цалынмæ дæм æз нæ бацæуон, уæдмæ...

– Куыд зæгъай, афтæ бакæндзынæн, – ныхас радта Лашин.

Райсомæй раджы райхъал Хату, райхъал Гуыргъохъ дæр. Рахызтысты кæртмæ, æвзонг джигит та сæм уæдмæ æнхъæлмæ каст.

Сбадтис Гуыргъохъ бæхыл æмæ лæппуимæ араст сты хæцæн фæзмæ...

Сæ бацыдмæ фæзы æрæмбырд бирæ адæм.

Ханæн дзы диссаджы гауыз байтыдтой, æмæ йыл бадтис, йæ къæхтæ йæ быны бакодта, афтæмæй. Йæ уæлахизыл дызæрдыг нæ кæнгæйæ, лулæ дымдта.

Ханы богал лæууыдис быдыры астæу æмæ йæ тых æвдыста. Ставд бæлæстæ саста, цыма лыстæг къалиутæ уыдысты, афтæ.

Богæлттæ кæм хъуамæ хæцыдаиккой, уыцы фæзы кæрон уыдис стыр æрх.

Бæхæй хизгæйæ, Гуыргъохъ хъæрæй сдзырдта:

– Гъеныр ай цæй богал у? Мæ къухтæ йыл нæ чизи кæндзынæн. Ægæр лæмæгъ у мемæ хæцынæн. Мæнæ уал мын мæ кæстæр хæларыл фæтых уæд, – ацамыдта æвзонг джигитмæ.

Хан бар радта, æмæ богæлттæ кæрæдзимæ бараст сты. Ханы богал фæлæбурдта йе знагмæ, фæлæ йæ фæфæлдахын йæ бон нæ баци. Лæппу дæр ныххæцыд ханы богалыл, хæрдмæ йæ фелвæста æмæ йæ зæххыл ныццавта, уый фæстæ та йæ æрхы ‘рдæм аласта æмæ йæ былæй асхуыста.

Уæлахизы цины хъæр айхъуыстис кæсгæтты ‘рдыгæй.

Ханæн та йæ бон ныхас скæнын дæр нал уыд, кæй фæхæрд, ууыл сразы.

– Уынын, дæуæн дæ богæлттæ тыхджын сты, – кæддæр-кæддæр сфæрæзта сдзурын хан.

Æмæ дын уалынмæ адæмы астæуæй рахызтис зæронд Хату, бацыд сæхи богалмæ.

– Кæсут ардæм, ханы богалыл фæтых сылгоймаг, мæ фырты бинойнаг! – æмæ йын йæ худ йæ сæрæй систа.

Бæзджын сау дзыккутæ худы бынæй æркалдысты Лашины уæхсчытыл.

Ныр та дисы хъæр айхъуыст адæмы астæу.

– Амондджын адæм сты, ахæм сылгоймæгтæ кæмæ ис, – загъта хан. – Кæд уæ сылгоймæгтæ ахæм тыхджын сты, уæд уагæр уæ нæлгоймæгтæ та цавæр хъаруджын хъуамæ уой? Нæ, ахæм адæмимæ лымæнæй цæрын хъæуы.

Æмæ хан йе ‘фсадимæ ацыдис Кæсæгæй.

Лашин богалы кæцæй асхуыста, уыцы къæдзæх та уæдæй фæстæмæ хонынц Лашины къæдзæх.

ХАН ÆМÆ ЗОНДДЖЫН ЧЫЗГ

Авайраг (солиаг) аргъау

Цард æмæ уыд иу æгъатыр æмæ фыдгуырд хан. Бирæ фыдбылызтæ æмæ мæстытæ æрхаста йæ адæмæн йæ фыдмитæй.

Иухатт куы уыд, уæд хан загъта, цæмæй йын йæ ног бардзырд адæмæн фехъусын кæной.

Фидиуæг ныхъхъæр кодта:

– Цытджын хан скодта йæ бæстæйы цæрджыты номхыгъд æмæ дзы алкæмæ дæр ратдзæн фæйнæ æртæ фарсты. Раст дзуаппытæ чи ратта, уыдоны ауадздзæн сæхимæ æнæ фыдбылызæй, раст дзуаппытæ чи нæ ратта, уыдоны та тынг бафхæрдзæн.

Адæм стыхстысты, мæт канынц, фæлæ цы сæ бон у, радгай цæуынц дзуапп дæттынмæ фыдзæрдæ ханмæ.

Æмæ æрцыд йæ рад иу мæгуыр лæгæн. Уымæн та уыдис иунæг чызг. Æмæ йын йæ чызг афтæ зæгъы:

– Ды хæдзары баззай, æз мæхæдæг ацæудзынæн ханмæ, йæ фæрстытæн дзуапп ратдзынæн.

Мæгуыр лæг фыццаг нæ разы кодта, фæлæ чызг уæддæр йæхи фæнд атардта æмæ ханы галуанмæ араст.

– Ды та ам куыдæй фестадтæ, мæнæ сылгоймаг? – бадис кодта хан.

– О хан! Мæ фыд тынг тыхст рынчын у, æмæ уымæ гæсгæ æрбахастон мæ ныфс йæ бæсты æрбацæуынмæ.

Хан сразы ис æмæ йæ бафарста:

– Цы у æппæты къæрцхъусдæр? Цы у æппæты цырддæр? Цы у æппæты растдæр?

– Æппæты къæрцхъусдæр – хъустæ, æппæты цырддæр – цæстытæ æмæ æппæты растдæр, – уый иууылдæр зонынц – ды куы смæсты вæййыс, уæд уый, нæ хан, – худæнбылæй йын дзуапп радта чызг.

Хан чызджы ауадзын кодта, фæлæ ма йын уый размæ загъта:

– Мах ма дын бафæлвардзыстæм дæ зонд.

Дыккаг бон хан мæгуыр лæджы чызгмæ барвыста дыууæ фæйнæджы, адонæй, дам, хъæуы райст-бавæрды дзаумæттæ бахуыйын.

– Зæгъут ханæн, æз ын сæххæст кæндзынæн йæ бардзырд, фæлæ мæм дзæбæх æндæхтæ нæй. Мæнæ мын ацы дуртæй æндæхтæ скæнæд, – уыцы ныхæстимæ чызг ханы æрвыст лæгмæ радта дыууæ стыр уирагдуры.

Æндæр хатт та хан æрбарвыста чызгмæ фынддæс айчы æмæ бардзырд радта, цæмæй райсоммæ æйчытæй фынддæс карчы рацæуын кæна.

Чызг та ханы æрвыст лæгмæ радта армыдзаг хъæбæрхоры нæмгуытæ æмæ йын афтæ:

– Ацы нæмгуытæ хан байтауæд æмæ райсоммæ йæ тыллæг æрбарвитæд, кæннод йæ кæрчытæ æххормагæй амæлдзысты.

Хан бамбæрста, кæй фæхæрд, æмæ уæдæй фæстæмæ йæ адæмæн фыдæвзарæнтæ нал кодта. Гыццыл фæстæдæр, куыд дзырдтой, афтæмæй хан амард. Чызг та смой кодта сæ хъæуы хуыздæр джигитмæ, æмæ ма абон дæр дзæбæхæй цæрынц.

ФЫНÆЙ ДЖИГИТ

Цæцæйнаг аргъау

Тархъæды рæбын сыгъдæг суадоны цур царди иу мæгуыр зæронд лæг. Уыдис ын иунæг чызг. Алы изæр дæр чызг æд дурын цыди суадонæй дон хæссынмæ. Хæфс æй федта æмæ йæм дзуры адæймаджы хъæлæсæй:

– Ды сæрæн æмæ рæсугъд дæ! Фæлæ смой кæндзынæ фынæй джигитмæ.

Чызг ыл нæ бауууæндыд. «Ау, ахæм джигиттæ дæр вæййы? Дзæгъæлы мæ тæрсын кæны хæфс», – йæхицæн ныфсытæ авæрдта чызг, дон систа æмæ сæ хæдзармæ араст.

Дыккаг бон дæр та ацыд суадонмæ. Æмæ та йын хæфс ногæй дзуры:

– Ды сæрæн æмæ рæсугъд дæ! Фæлæ дæ ракурдзæн фынæй джигит.

Чызг та йыл нæ бауæндыд. «Æрхъуыды кодта йæхицæн цыдæртæ ацы хæфс. Знон мын дзырдта фынæй джигиты тыххæй, абон дæр – афтæ. Æвæцццæгæн ын ницы куыст ис, æмæ мæ мæстæй мары», – йæхицæн та ныфсытæ авæрдта чызг, дон систа æмæ хæдзармæ ацыд.

Æртыккаг изæр дæр та ацыд чызг суадонмæ. Дон дæр нæма систа, афтæмæй та хæфс йæ цуры фестад. Ныккасти чызгмæ йæ хъоппæг цæстытæй æмæ та йæм бадзырдта:

– Ды сæрæн æмæ рæсугъд дæ! Фæлæ уæддæр смой кæндзынæ кæлæнтæгонд фынæй джигитмæ.

Ацы хатт чызг фæтарст. Сæхимæ базгъордта æмæ йæ фыдæн радзырдта хæфсы ныхæстæ.

– Уымæн гæнæн нæй. Кæд искуы ис ахæм джигит, уæддæр æм ды цæмæн хъуамæ смой кæнай? Ардыгæй нæ дарддæр искуыдæм фæцæуын хъæуы, – загъта фыд.

Фыд æмæ чызг бамбырд кодтой сæ муртæ æмæ ацыдысты сабыр, æнæфыдбылыз бынат агурæг. Цæуынц, цæуынц, æмæ тархъæды сæ размæ фæцис галуан, йæ алыварс – бæрзонд сис. Фыд бацыд кулдуармæ, бафæлвæрдта йæ байгом кæныныл, фæлæ дуар мидæгæй æхгæд разынд. Тынг ыл фæцархайдта фыд, фæлæ йын байгом кæнын нæ бакуымдта. Чызг дæр бацыд дуары цурмæ, гыццыл ыл бахæцыд, æмæ дуар байгом. Бацыд чызг галуаны кæртмæ, фæлæ фыдæн нал бантыст: кæрты дуар уайтагъд фæстæмæ ахгæдта. Чызг фæтарсти, архайдта йæ фыдæн дуар байгом кæныныл, фæлæ йын нæ бакуымдта.

Акасти йæ алыварсмæ – бæстыл иу змæлæг нæй. Сфæнд кодта галуанмæ бацæуын. Схызт асинтыл, бацыд иу агъуыстмæ – афтид, иннæмæ, уым дæр – ничи, бацыд æртыккагмæ, æмæ та – афтид. Æрзылди галуаныл. Æмæ æппынфæстаг кæройнаг агъуысты федта адæймаджы. Уыцы адæймаг уыди æрыгон джигит. Хуыссыди сынтæгыл, чызгмæ фынæйы хуызæн фæкаст. Бадзырдта йæм сабыргай, стæй та ногæй хъæрдæрæй, фæлæ уый змæлгæ дæр нæ бакодта. Сбадти чызг бандоныл йæ разы, райста, læппуйы цур цы дымгæгæнæн уыд, уый æмæ дзы фынæй джигитæн дымгæ кæнын райдыдта, цæмæй йын æнцондæр улæфæн уыдаид, уый тыххæй.

Бонтæ цыдысты. Чызг галуанæй никуыдæм цыд, касти фынæй джигитмæ. Дыууæ азы рацыд, галуанмæ куы бацыд, уæдæй. Райдыдта

æртыккаг аз. Уый дæр та кæронмæ куыд фацæйхæццæ кодта, афтæ дын иубон, чызг цы агъуысты бадт, уырдæм бахызт иу æнæзонгæ сылгоймаг. Уый уыди галуаны хицауы фæсдзæуин.

Чызг æм дзуры:

– Дæ хорзæхæй, фынæй джигиты цур-ма абад, æз акæсон, мæ фыд цы фæци, уый базонон.

Фæсдзæуин чызг æнæдзургæйæ райста дымгæгæнæн æмæ æрбадти бандоныл. Чызг рацыди галуанæй, йæ фыды ссардта хъæды. Уый та уым йæхицæн чысыл къæс сарæзта, алыхуызон цыдæр ирхæфсæн дзаумæттæ арæзта хъæдæй фæндаггонтæн æмæ æнхъæлмæ каст, йæ чызг кæд фæзындзæн, уымæ. Кæрæдзийыл фæцинтæ кодтой, фаг фæныхæстæ кодтой, æмæ та чызг ногæй галуанмæ ацыд. Фыд ма йæ фæстæ адзырдта:

– Æнкъард куы кæнай, уæд-иу искæй æрбарвит æмæ дын æз, дзурын чи зоны, ахæм хъазæн чындз æмæ гæппытæгæнаг хъазæн-адæймаг барвитдзынæн. Кæд дæ æххуыс хъæуа, уæд та дын, йæхæдæг чи лыг кæна, ахæм диссаджы кард барвитдзынæн.

Цалынмæ чызг йæ фыдмæ цыд, уæдмæ æртæ азы рацыд. Фынæй джигит райхъал. Кæлæнгæнджытæ йын æртæ азы æмгъуыдмæ скодтой кæлæнтæ, æмæ, цыппæрæм аз куыддæр райдыдта, афтæ сæ кæлæнты тых æрбайсæфт. Йæ цæстытæ байгом кодта æмæ йæ разы уыны фæсдзæуин чызджы, йæ къухы дымгæгæнæн, афтæмæй. Уый та уымæн æрбацыд уыцы бон, æмæ зыдта, æртыккаг азы фæстаг бон кæй у, уый. «Иу сахат йæ уæлхъус алæудзынæн, уæдмæ райхъал уыдзæн æмæ мæ йæ цуры куы фена, уæд, æртæ азы йæм æз кастæн, загъгæ, фенхъæлдзæн», – цинæй мард сылгоймаг, чызг йæ фыды бæрæггæнæг куы ацыд, уæд. Алцы дæр афтæ рауад. Галуаны хицауæн тынг æхсызгон уыд, фæсдзæуин чызг ыл афтæ иузæрдион кæй у, уый. Æмæ йын загъта:

– Ныр æй фæстæмæ ам цыдæриддæр ис, уый у дæу дæр.

Æмæ ма йын ноджы загъта, ракурыны фæнд æй кæй скодта. Чызджы та, хъæдæй куы ‘рбаздæхт, уæд фæсдзæуин скодтой.

Æнцон ын нæ уыд ног фæсдзæуинæн: куыстытæй – йæ хъуырмæ, ноджы ма йæ уымæй уæлдай мæт æмæ маст сæ быны скодтой.

Иухатт, галуаны хицау сахармæ цæуынвæнд куы скодта цыдæртæ æлхæнынмæ, уæд бацыд ног фæсдзæуинмæ æмæ йæ фæрсы:

– Цы дын-иу æрласон сахарæй?

Чызг ын афтæ:

– Сахарæй мæ ницы хъæуы. Фæлæ галуанмæ хæстæг фæндаджы был фендзынæ иу хъæдын хæдзар. Уым цæры иу зæронд лæг, алыхуызон хъазæн дзаумæттæ аразы, æмæ мын дзы æрбахæсс, дзурын чи зоны, ахæм хъазæн чындз, гæппытæгæнаг хъазæн адæймаг æмæ, йæхæдæг чи лыг кæны, ахæм кард.

Джигитæй нæ ферох чызджы курдиат. Изæры фæсдзæуин чызгæн æрбаласта, цы куырдта, уыдæттæ иууылдæр.

Чызг ын бузныг загъта æмæ йæхи агъуыстмæ ацыд. Чысыл фæстæдæр агъуыстæй кæуын райхъуыст. Галуаны хицау сабыргай дуары цурмæ бацыд æмæ хъусы.

Чызг хъазæн чындзы æмæ гæппытæгæнаг хъазæн адæймаджы йæ цуры сбадын кодта æмæ сын райдыдта йæ хабæрттæ кæнын: хæфс ын цытæ загъта, галуанмæ куыд æрбафтыд, ам цытæ ‘рцыд, ныр фæсдзæуин куыд ссис, уыдæттæ. Йæ ныхас куы фæци, уæд фыр диссагæй фæхъæр кодта, йæ хъазæн чындзмæ кæсгæйæ:

– Нæ мын тæригъæд кæныс? Цæуылнæ кæуыс мæ тæригъæдæй?

Хъазæн чындз хъæрæй ныккуыдта.

– Æмæ мын ды нæ тæригъæд кæныс? – бафарста чызг гæппытæгæнаг хъазæн лæджы. – Цæуылнæ сгæпп кæныс бæрзонд, цæмæй æрхауай дурын пъолмæ æмæ ныссæстытæ уай.

Гæппытæгæнаг хъазæн лæг бæрзонд сгæпп кодта, æрхауд æмæ лыстæг згъæлæнтæ ныцци.

– Дæуæн хъыг нæу, мæныл цытæ ‘рцыд, уый? – фæзылд чызг кардмæ. – Цæуылнæ стæхыс хæрдмæ мæ мæстæй, царыл цæуылнæ скъуырыс дæхи, цæмæй фæстæмæ æрхауай æмæ мæ зæрдæйы ныссæдзай?

Стахти кард хæрдмæ чызджы мæстæй, царыл йæхи сцавта æмæ фæстæмæ æрцæйхауд. Фæлæ уæдмæ джигит дуар фегом кодта, чызджы иуварс ассонынмæ фæцарæхст, æмæ кард пъолмæ æрхауд.

– Æз дуары цур лæууыдтæн, алцы дæр фехъуыстон. Ныр базыдтон, æртæ азы мæм чи зылд, уый. Амæй фæстæмæ мæ бинойнаг уыдзынæ.

Чызг азгъордта йæ фыдмæ, галуанмæ йæ ‘рбакодта. Чындзæхсæв скодтой, фынгыл дзырдтой, цы хабæрттæ сыл æрцыд, уыдон æмæ цин кодтой, сæ фыдбылызтæ кæй фесты, ууыл. Фыр цинæй сæ фыдахин фæсдзæуинæн дæр ныххатыр кодтой.

МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ

► ***14 октябры*** Дзæуджыхъæуы байгом Ирон поэзийы театр. Ног театр скæныны хъæппæрис разынд поэт æмæ тæлмацгæнæг Баситы Зæлинæмæ. Баххуыс ын кодта меценат Мæрзойты Тамерлан. Театры аивадон разамонæг сси Цæгат Ирыстоны адæмон артист Цæриаты Валери. Театр суыдзæн сфæлдыстадон фæз æвзонг курдиæттæн – поэттæн, фысджытæн, литературтæн, актертæн.

► ***20 октябры*** Дзæуджыхъæуы центрон чиныгдоны уыд фыссæг æмæ тæлмацгæнæг Хуыгаты Сергейы чингуытæ «Айсет» (уырыссаг æвзагмæ Хуыгаты Ирланы тæлмац) æмæ «Цардысты æмæ уыдысты»-йы презентаци.

► ***21 октябры*** Алагиры чиныгдоны уыд Цæгæраты Максим, Хъайтыхъты Геор æмæ Дарчиты Дауыты мысæн изæр. Æртæйæ дæр райгуырдысты Алагиры районы, куыстой журнал «Мах дуг»-ы æмæ стыр æвæрæн бахастой ирон литературæйы рæзтмæ.

► ***28 октябры*** Дзæуджыхъæуы уыд æппæтадæмон практикон конференци зындгонд ирон фыссæг, æхсæнадон архайæг, рухстауæг Малиты Георгийы райгуырды 140 азы боны фæдыл. Архайдтой дзы уазджытæ Уæрæсейы алы регионтæй, Абхазийæ. Мадзал саразыныл бакуыстой Национ наукон библиотекæ æмæ Патрис Лумумбайы номыл адæмты хæлардзинады университет. 29 октябры та Ирон театры уыд Малиты Георгийы номыл театралон-музыкалон изæр.

► ***30 октябры*** Национ наукон библиотекæйы арæзт æрцыд поэт Хуыбиаты Зауыры чиныг «Цæр мын, Ирыстон!»-ы презентаци.

► ***6 ноябры*** Уæрæсейы адæмты иудзинады фæдыл Дзæуджыхъæуы арæзт æрцыд РЦИ-Аланийы Парламент æмæ Хъæрæсе-Черкесийы адæмон советы (Парламенты) иумæйаг мадзал «Дорогами единства и дружбы». Иудзинады нысаны бындурæн хаст æрцыдысты Хетæгкаты Къоста æмæ Ислам Крымшамхаловы æрдхæрæны хæлардзинад.

► ***19 ноябры*** Ирон литературæйы музейы арæзт æрцыд поэт, прозаик, драматург, литературæиртасæг Дзанайты Иваны (Нигеры) мысæн изæр йæ райгуырды 130 азы бонмæ.

Корректор А. К. КАРГАЕВА
Дизайн, верстка А. А. ГАБИСОВ

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ «МАХ ДУГ»

Главный редактор: ХЕТАГУРОВА Оксана Нодаровна

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору
в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций
по Республике Северная Осетия-Алания.
Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00148 от 9 июня 2017 г.

Учредитель: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций
Республики Северная Осетия-Алания
Адрес учредителя: 362003, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2, офис 202

Порядковый номер выпуска: № 10. 2026 г.
Подписано в печать 19.11.2026 г. Выход в свет: 27.11.2026 г.
Индекс: 732447. Тираж 1200 экз. Заказ № 311. Цена свободная

Формат 60х90 1/16. Бум. офсет. № 80 г./м^2. Вклейка 1 печ. л. мелованная

Гарнитура шрифта Times New Iron
Печать офсетная. Усл. печ. л. 10. Учетно-изд. л. 14, 88

Адрес редакции и издателя: 362008, г. Владикавказ, пр. Коста, 11
E-mail редакции: mahdug@mail.ru; адрес сайта: http://www.mahdug.ru
Тел.: гл. редактор – 25-09-64; шеф-редактор, корректор – 25-09-74;
редакторы прозы, поэзии и критики – 25-20-52; бухгалтерия, компьют. – 25-22-47

Адрес типографии: ОАО «Осетия-Полиграфсервис»
РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати

Редакци авторы хъуыдытимæ алкæд разы нæ вæййы.

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна,
уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

Журналмæ цы къухфыстытæ лæвæрд цæуынц, уыдон редакци рецензи
нæ кæны, стæй сæ автортæн фæстæмæ не здахы.

Рафыссæм ирон журнал «МАХ ДУГ»!

Зынаргъ хæлæрттæ!

Райдыдта 2027 азы фыццаг æмбисæн газеттæ æмæ журналтæ рафыссыны кампани. Ирон æвзаг æмæ литературæйыл æнувыд чи у, ирондзинад йæ зæрдæйы рæбинаг кæмæн у, уыдонæн 2027 азы фыццаг æмбисæн журнал «Мах дуг» сæ бон рафыссын у «Уæрæсейы пост»-ы кæцыфæнды хайады дæр. Нæ индекс: 37247. Аргъ – 818 сомы æмæ 04 капеччы (афæдзы æмбисæн), льготæтимæ – 749 сомы æмæ 22 капеччы.

Журнал асламдæр аргъæй, 500 сомæй (афæдзы æмбисæн), рафыссæн ис редакцийы. Афæдзæн та – 1000 сомæй.

Иу хорз хабар ма! 30 журналы кæнæ фылдæр чи рафысса (республикæйы скъолатæ, районты администрацитæ, æндæр куыстуæттæ), уыдонæн сæ редакци хæццæ кæндзæн лæвар.

Нæ адрис: г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11-æм хæдзар, 2-аг уæладзыг

Редакцийы телефонтæ:
25-09-64, 25-09-74,
8 (962) 743 58 78, 8 (918) 835 33 56



Индекс 73247
12+